# IУАЩХЬЭМАХУЭ


ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ

1958 гъэ лъандэрэ къыдокI

**июль 4 август**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетымрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI



РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР

**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид,
КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
ХьэIупщы МуIэед (жэуапыхь секретарь)



НАЛШЫК
2016

# Псалъэщхьэхэр


**ЖьантIэ**

*ТхакIуэ Нало Ахъмэдхъан къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу*

**Къэжэр Хьэмид.** Куэд зыхузэфIэкIа ... 3
**Нало Ахъмэдхъан.** Нэхущ шу. *Романым щыщ пычыгъуэхэр* ... 12

*УсакIуэ Бицу Анатолэ илъэс 70 ирокъу*

**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.** Дахагъэм и уэрэдус ... 41
**Гъут Iэдэм.** КIуэцIрыкIыбжэ ... 49
**Мыкъуэжь Анатолэ.** УсакIуэ нэс ... 56
Бицу Анатолэ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр ... 60
**Бицу Анатолэ.** *Усэхэр* ... 64

**Прозэ**

**Ахъмэт МуIэед.** Адыгэ амазонкэхэр. *Роман* ... 79

**Усыгъэ**

**Къуныжь ХьэIишэт.** *Усэхэр* ... 113

**Публицистикэ**

**КхъуэIуфэ Хьэчим.** УсакIуэм и пэж пшынэр. *Эссе пэлъытэ* ... 121

**Сабийхэм папщIэ**

**Джэрыджэ Арсен.** Усэхэр ... 159

**Хьэкъун Барэсбий.** Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр ... 166

*ТхакIуэ Нало Ахъмэдхъан къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу*





# КУЭД ЗЫХУЗЭФIЭКIА

Хэку зауэшхуэр екIуэкIыу дунейм къытехьэу щIидзат лIыгъэ яхэлъу ди цIыхухэр бийм зэрыпэувар къэзыгъэлъагъуэ тхыгъэхэр (усэмрэ очеркымрэ къыщежьэу жанр нэхъ пIащэхэм хуэкIуэу). Зауэшхуэрт зытеухуар а илъэсхэми абы и ужькIи ди республикэми, ди къэралми къыщыдэкIа художественнэ тхыгъэхэм я нэхъыбапIэр. Ахэр псори къанэ щымыIэу лIыхъужьыгъэ макъамэкIэ гъэнщIат. Ауэ а макъамэм и IукIэр сыт щыгъуи зэтехуэу щыткъым.

ПсынщIэрыпсалъэ-щхьэфэтегъэжу мыхъуу, гъэхуауэ Хэку зауэшхуэм и пэжыр къэзыIуэтэну зыхузэфIэкIар тхакIуитIщ: КIыщокъуэ Алимрэ Нало Ахьмэдхъанрэ. КIыщокъуэ Алим, «Шум и гъуэгу» зыфIища тхылъым ихуа усэ жьгъырухэмкIэ къыщIидзэри, и трилогие гущIыхьэм («Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Кхъужьыфэ») хуэкIуащ.

Пэжыр хабзэ нэхъыщхьэ хуэхъуащ Нало Ахьмэдхъан и творчествэм. Ар щыболъагъу Ахьмэдхъан и IэдакъэщIэкIхэу зауэшхуэр къызыхэщыжхэми, зауэ нэужь лъэхъэнэм теухуа тхыгъэхэми, илъэсищэ хуэдиз и пэкIэ екIуэкIауэ щыта Урыс-Япон зауэр ди нэгу къыщIэзыгъэхьэж романми.

Нало Ахьмэдхъан куэд зыхузэфIэкIа тхакIуэ гуащIафIэщ.

Абы и тхыгъэхэр «Iуащхьэмахуэ» журналым, газетхэм щIэхщIэхыурэ къытехуащ, тхылъ щхьэхуэуи къыдэкIащ. («Урыху акъужь», 1960; «ГушыIалъэ», 1963; «Лъагъуэхэмрэ гъуэгухэмрэ», 1969; «Рейхста-

гым адыгэбзи тетщ», 1972; «Къэрэгъул зэблэкIыгъуэ», 1972; «Пшэплъ жыжьэхэр», 1984; «Бжьэр къэпщIащ», 1987). Итхам хэплъэжщ, зэхидзыжри, нэхъ къехъулIауэ къилъытэжхэр томищым щызэхуэхьэсауэ («Тхыгъэхэр», 1993–1995) къыдигъэкIыжащ.

Нало Ахьмэдхъан тхэн къызэрыщIидзауэ щытар рассказщ (новеллэщ). ИкIи пцIы хэлъкъым тхакIуэр абы икъукIэ Iэижь зэрыхуэхъуам. Ауэ, жанр кIэщIым и гъунапкъэхэр къезэвэкIыу щыхуежьэм, Налом жанр нэхъ пIащэхэри къигъэIурыщIащ: повестыр, иужькIэ романыр.

Нало Ахьмэдхъан и рассказ хьэлэмэтхэри («Псыхьэ нанэ», «Бжьэр къэпщIащ», «УнэгъащIэ», «Бостей упIышкIуа», н.), и повесть щIэщыгъуэхэри («Къэрэгъул зэблэкIыгъуэ», «Пшэплъ жыжьэхэр»), и роман гъуэзэджэри («Нэхущ шу») ди лъэпкъ прозэм и фIыпIэм хыхьащ.

* * *

Нало Ахьмэдхъан Хьэмырзэ и къуэр Аруан куейм хыхьэ Хьэтуей къуажэм 1921 гъэм августым и 10-м къыщалъхуащ.

Егъэлеищауэ хэмыIэтыкIами, щащIэнрэ щашхынрэ цIыкIуми инми щагъуэт унагъуэт Ахьмэдхъан къызыхэкIар. ТхакIуэм иужькIэ жиIэжащ мыпхуэдэу: «Унагъуэ зэпэщ иIащ ди адэшхуэм; абы хуэфэщэн мылъкуи дэщIыгъужти, псоми лэжьыгъэ пщIантIэм щыдгъуэтт».



Адыгэ унагъуэ тэмэмым сыт щыгъуи щыхуэсакъ хабзэт щхьэж хуэфэщэн гулъытэрэ нэмысрэ хуэщIыным, цIыхур цIыкIу щIыкIэ лэжьыгъэм хуэгъэсэным. ЩIалэ цIыкIум пасэу зыхищIащ къыхуащI гулъытэри, къалэн къыхуагъэувым зэрехъулIэнми хэтащ. «Си сабиигъуэм къыщыщIэдзауэ си адэшхуэ-анэшхуэм, си адэ-анэм гулъытэшхуэ къысхуащIу сыкъагъэтэджащ. Лэжьыгъэми срагъэсащ. Илъэсищ-плIы фIэкIа сымыхъуу, хьэнцэр къысхуэмыIэту, нэхущым сыкъигъэтэджрэ ди адэм шэщыр къызигъэтхъуу щытащ. ТIэкIу сыкъыдэкIуэтея нэужь, илъэситху ныбжьым ситу, ди адэшхуэм чыцIхэр сигъэгъэхъуащ... Лэжьыгъэращ дызыщIапIыкIар» (Н. А.).

Хьэмырзэ адэ ткIийт, и щIалэми жриIэшхуэ щыIэтэкъым. Сабийр псоми щыщIэупщIэ лъэхъэнэм Ахьмэдхъан щитым абы псэлъэгъу нэхъ къыхуэхъур и адэшхуэрт. Жанхъуэт и къуэрылъху цIыкIум зы унафэ гуэр хуищIу тIысыжыртэкъым: адыгэхэм дэтхэнэ лэжьыгъэми пыухыкIауэ къыхуащтэ Iэмэпсымэр иригъэцIыхурт, абы нэхъ Iэрыхуэ узэрыхуэхъуну Iэмалхэр къыхузэIуихырт (белыр зэраIыгъыр, шэмэджыкIыр зэраубыдыр), абы къыдэкIуэуи лъэпкъым ижь лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ IэщIагъэхэм, Iэужьхэм ехьэлIа нэщэнэхэм, хъыбархэм ар щIигъэджыкIырт.

Жанхъуэт, лэжьыгъэ и пIалъэ зэрищIэм хуэдэу, шыпсэ, таурыхъ куэди ищIэрти, жепIэ псори тэмэму къэзыубыд щIалэ жан цIыкIур щIигъэдэIурт. Аращ тхакIуэ Нало Ахьмэдхъан и адыгэбзэ гуакIуэу нобэ тхылъеджэр дэзыхьэхым и къежьапIэр. Адыгэбзэм и IэфIыр абы игъуэу – щысабий дыдэм – къыIэрыхьащ.

Баштекъузэрэ хэгъэзыхьрэ хэмыту, ауэ зэштегъэууэ дэуэршэр хуэдэурэ, Жанхъуэт фIыщэу илъагъу и къуэрылъху цIыкIум Iуэхугъуэ куэдым гу лъригъатэрт: адыгэ хабзэр зищIысым, нэмыс жыхуаIэм,

нэхъыжьым хуащӀ пщӀэм, щӀалэр зэрыщытыпхъэм, захуагъэм, пэжыгъэм, лӀыгъэм, къ. Адэшхуэм и псалъэмакъым щӀэдэӀу сабийм ӀупщӀу абы къыхиубыдыкӀырт, бгъэзэщӀэнкӀэ нэхъ гугъуу щытми, фӀым зэрыщӀэкъупхъэр, пцӀым и Ӏуэхур, япэщӀыкӀэ ар нэхъ тынш хуэдэу къыщыпщыхъум и дежи, емыкӀурэ губгъэнкӀэ зэриухыжыр. Хуэмыхум сыт щыгъуи къылъысыр ауант. Ауэ хуэмыхур лъахэм бийр къыщиужьгъэм и деж зи джатэр зымыгъэбзэфым и закъуэтэкъым. Щхьэхри хуэмыхут. Хуагъэува къалэным къыпэзыкӀухьри хуэмыхут. Хабзэм къыхуигъэфащэр зымыгъэзэщӀэфри хуэмыхут. И адэшхуэм къыжриӀэм шэч къытрихьэжыну зы щхьэусыгъуи зимыӀэ щӀалэ цӀыкӀум къыхуэнэжыр «хуэмыху» зыфӀримыгъэщу, «афэрым, щӀалэфӀ!» – къызэрилэжьынырт.

Жанхъуэт кӀэлъыплъырт и къуэрылъху цӀыкӀум, ӀуэхутхьэбзащӀэ игъэкӀуамэ, къыжраӀэр тэмэму жиӀэжыфу, илъэгъуар зэкӀэлъыкӀуэу къиӀуэтэжыфу иригъасэрт. «ЩӀалэр егъэджэн хуейщ», – жиӀащ абы, щхьэх зымыщӀэ, жепӀэри занщӀэу къэзыпхъуатэ сабий зэчийм хуэарэзыуэ. «...Школым сыкӀуэн и пэкӀэ, ди адэшхуэм и унафэкӀэ, ди адэ шыпхъу нэхъыщӀэм сригъэджащ, хьэрфхэри сцӀыхуу школым сыкӀуащ» (Н. А.).

Ахьмэдхъан къуажэ еджапӀэм щыщӀэса зэманыр икъукӀэ дыджт: щӀалэ цӀыкӀум и нэгу щӀэкӀащ унагъуэхэр колхозу щызэхагъэхьэ (щызэхуахус) илъэсхэри, абы кӀэщӀу къыкӀэлъыкӀуа гъаблэри (1931–1933), щхьэзыфӀэфӀ-зэрегуакӀуэ унафэ гуемыӀум къыпкърыкӀа, хеилъым ириӀа 1937 гъэ гущӀэгъуншэри...

1937 гъэм Ахьмэдхъан, къуажэ еджапӀэр къеухри, абы щыгъуэ Налшык къалэ щыӀа педрабфакым щӀотӀысхьэ. Ауэ, щыхьэрым дэт еджапӀэм зэрыщӀэхуам щыгуфӀыкӀыным и пӀэкӀэ, зыр зым кӀэлъыкӀуэу, гухэщӀ зыбжанэ къытопсыхэ ныбжьыщӀэм: 1937 гъэ мыгъуэжьыр лъапсэрых яхуэхъуат Налохэ, абы здихьат Ахьмэдхъан и адэри, и адэ къуэшхэри, ди тхакӀуэ пажэхэм ящыщ зыуэ щыта Нало Жансэхъуи яхэту, и анэри мыузыншэжу, сабийхэм езыр я нэхъыжьрэ псори зыхуей хуигъэзэну абы къыщыгугъыу, и еджэнри зэпимыгъэуууэ... «Мис абы щыгъуэ гугъуехьыр къызгурыӀуащ», – жиӀэжащ иужькӀэ езы Ахьмэдхъан.

ЩыцӀыкӀу дыдэм къыщыщӀэдзауэ гъэсэныгъэ тэмэм зыгъуэта, гугъуехьрэ зыгъэгупсысэнрэ щӀалэу зи нэгу щӀэкӀа Ахьмэдхъан пасэуи балигъ мэхъу: захуэм и телъхьэу, зишыӀэфу, ауэ пэжым къыщыжу къэувамэ, къаскӀэу къимыкӀуэтыжыну лӀыгъэ хэлъу. Арауи къыщӀэкӀынущ Ахьмэдхъан (и щӀалагъэм емылъытауэ) хуэхьэзыру къыщӀыщӀэкӀар зауэлӀым и къалэн мытыншу абы къыпэплъэм.

Педрабфакыр къиухыу пединститутым щыщӀэтӀысхьа 1941 гъэм Хэку зауэшхуэр къохъейри, Ахьмэдхъан, студент аудиторэм и пӀэкӀэ, зауэм и мафӀэ лыгъейм хобакъуэ.

«Зауэ» жыхуаӀэр къызэрыдгурыӀуэр ди армэм пэлъэщын дунейм темытут. Сыгузавэрт сынэмыс щӀыкӀэ ар иухыну». АрщхьэкӀэ иухакъым. ЗылӀ щигъэвыни абы щигъэври, зылӀ къылъыси хищӀыхьащ. Сентябрь мазэм, биишэр къытелъалъэу къикӀуэт дзэм хэхуэри, абы уӀэгъэ щыхъуащ, мазиткӀи сымаджэщым щӀэлъащ. ИужькӀэ, Новосибирск ягъакӀуэри, «Сибирскэ бригадэ» жыхуаӀэм саперу хэтащ. Зауэми щӀымахуэми щагуэщӀэгъуэ дыдэм (декабрым и 9-м щыщӀэдзауэ мартым и 6 пщӀондэ), ныбафэкӀэ уэсым хэлъу Москва псэемыблэжу бийм

щызыхъума ди зауэлIхэм яхэтащ. Ленинград дэт дзэ-инженернэ училищэм 1942 гъэм ягъакIуэри, 1943 гъэм ар лейтенанту къиухащ.

1943 гъэм и майм Нало Ахьмэдхъан, зауэ IуэхумкIэ щIэныгъэ зригъэгъуэтауэ, фронтым Iуохьэж икIи сапер взводым, иужькIэ ротэм я командиру щытащ, зыхэт дзэр хэщIыныгъэншэу япэкIэ кIуэтэнуми кърагъэкIуэтынуми куэдкIэ зэлъыта и IэщIагъэ псэзэпылъхьэпIэм зауэшхуэр иухыху ткIийуэ бгъэдэтащ. Абы мызэ-мытIэу къыхуихуащ, жэщкIэ фронтым зэпрыкIыурэ, нэмыцэхэр къызэрыкIуэну гъуэгум лагъым щIилъхьэну. Налор яхэтащ Берлин къэзыщтахэм. Майм и 6-м Рейхстагым и етIуанэ къатым тетащ. «КотелоккIэ дгъавэ кашэм щIагъэстыну пхъэм и пIэкIэ щIэтлъхьэр рейхым и канцеляр тхылъымпIэхэрат» (Н. А.).

Дзэм къикIыжу Нало Ахьмэдхъан лъахэм къыщигъэзэжар 1946 гъэрщ.

Зауэшхуэм и мафIэ лыгъэм щыхэта илъэсхэм игъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ къалъытэри, Нало Ахьмэдхъан къратащ дамыгъэ лъапIэхэр: «Хэку зауэм и орден» (тIу), Александр Невскэм и орден, «Вагъуэ Плъыжь» орден, медалхэр (пщыкIутху, зыр Польшэ Народнэ Республикэм ейщ).

Зауэм и зэманым апхуэдиз лIыгъэрэ хахуагъэрэ къэзыгъэлъэгъуа Нало Ахьмэдхъан «Iэмалыншэм зауэлI ищIа къудейуэ» арат. НэгъуэщIт ар къызыхуигъэщIар.



Дзэм къыщикIыжа гъэ дыдэм, лэжьыгъэ хэдэ имыщIу, Ахьмэдхъан я къуажэ щылажьэу щIедзэ, колхозым и тхьэмадэм и къуэдзэу. Ауэ мыгувэу еджакIуэ Налшык макIуэ. 1947 гъэм абы къеух ВКП(б)-м и обкомым щыIа парткурсхэр. АрщхьэкIэ парт лэжьыгъэм ар дихьэхыщэркъым. НэгъуэщIт ар зыщIэхъуэпсыр: «щIэныгъэ къабзэ» зригъэгъуэту ар ныбжьыщIэхэм ябгъэдилъхьэнырт, – абы къыхэкIыуи зауэм и пэкIэ зыщIэтIысхьауэ щыта пединститутым егъэзэжри, 1951 гъэм а еджапIэр къеух.

Хэлъэт зиIэ, вузыр екIуу къэзыуха ди щIалэ жанхэм я щIэныгъэм нэхъри щыхагъэхъуэн, еджапIэ нэхъыщхьэм щрагъэджэн хуэдэу ахэр гъэхьэзырын папщIэ 1952 гъэм пединститутым аспирантурэ къыщызэIуахауэ щытащ. Абы куэд хузэфIэкIащ лъэпкъым къыхэкIа щIэныгъэлIхэр нэхъыбэ хъун и IуэхукIэ. А аспирантурэм япэу щIэтIысхьа адыгэ щIалэхэм яхэтащ Нало Ахьмэдхъан. Аспирантурэр къеух, 1956 гъэм и диссертацэр пхегъэкIри, бзэщIэныгъэм и кандидат мэхъу, абы кIэлъыкIуэуи КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щыIэ кафедрэм и доцент цIэр къыфIащащ.

Ди щIалэгъуалэм щIэныгъэ куу егъэгъуэтыным щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ Iэдэбу, нэмыс яхэлъу гъэса хъуным псэемыблэжу бгъэдэтащ Налор. Дауи, ари мащIэтэкъым зылI и гуащIэу. Ауэ Нало Ахьмэдхъан цIыху нэхъыбэжым къызэрацIыхуар и тхыгъэ купщIафIэхэмкIэщ.

* * *

Нало Ахьмэдхъан и тхыгъэ гуэрым хэт, Хэку зауэшхуэр и кIэм нихьэсу «орденыбгъэу» и унэ къэзыгъэзэжа офицерым колхоз председателым зыхуегъазэри мыпхуэдэу жреIэ: «Сэ мурад быдэ сиIэщ, мы

зауэм псэууэ сыкъелрэ сыкъэкIуэж хъужыкъуэм, си гъащIэр кIыхьми кIэщIми, къулыкъурэ мылъкурэ щхьэкIэ банэ, фыщIэ сыхэмыхьэну, сшхынрэ щыстIэгъэнрэ згъуэтмэ, ди къуажэ, ди пщIантIэ сыдэмыкIыну. Пхуэзлэжьыфын лэжьыгъэ уиIэмэ, къызэт, злэжьынщ».

ФэрыщIыгъэм хуэхамэ, пщIантIэр, къуажэр зыхуэныкъуэ лэжьыгъэ къызэрыгуэкI пэрыувэну хьэзыр мы цIыху зэпIэзэрытыр езы Ахьмэдхъан ещхьыркъабзэщ. КъулыкъушхуэмкъыкIэлъижыхьрэ шэнт лъагэм дэпIэстхъейуэ къэгъуэгурыкIуэхэм зыкIи емыщхь а цIыху Iэдэбыр тхэным къыхуалъхуами ярейт. Абы цIыхум яхуиIуэтэн и гъунэжти, езым и нэгу щIэкIам и пакIэми роман къытепщIыкI хъунут. ИтIани Ахьмэдхъан мыпхуэдэу жиIэу куэдым зэхахащ: «Сэ япэ дыдэ рассказ стхын хуей щIэхъуар сызыхуей псалъэуха лIэужьыгъуэм хуэдэ згъуэтыртэкъыми аращ».

Дауэ ирехъуи, Нало Ахьмэдхъан ди литературэм къызэрыхыхьар япэщIыкIэ фэшхуэ дыди зумыплъын гушыIэ, ауан тхыгъэ цIыкIуфэкIухэмкIэщ. Налом и япэ рассказхэми, ахэр щызэхуэхьэсыжа и япэ тхылъми («Урыху акъужь») абы къыкIэлъыкIуэнур зыхуэдэр ауэкъудеи къыбжаIэфынутэкъым. МыдэкIэ ущыту уриплъэ нэужькIэщ къыщыбгурыIуэнур Ахьмэдхъан ди литературэм щикIуа гъуэгуанэр узэщIа хъун щхьэкIэ абы и япэ лъэбакъуэхэм яIа мыхьэнэр.

Нало Ахьмэдхъан «пщIантIэ» Iуэхурэ «къуажэ» хъыбаркIэ тхэн къыщIидзами, абы и псалъэр нобэ лъэпкъыр зыхуей мылъку хъуащ.

Дауи, тхакIуэм и творчествэм лъабжьэ хуэхъужыр абы и биографиерщ. ТхакIуэр къыщалъхуа зэманым, зыхэхуа къэхъукъащIэхэм, абыхэм езыр зэрехъулIам, къазэрыхущIэкIам куэд елъытащ. Критик гъуэзэджэ Шэвлокъуэ Пётр тэмэму гу зэрылъитащи, «щIалэ дыдэу Хэку зауэшхуэм хэта Ахьмэдхъан игъащIэкIэ щымыгъупщэжыну игу къинащ а зэман гуащIэм ди цIыхухэм зэрахьа лIыхъужьыгъэр, сыт хуэдиз бэлыхьрэ гугъуехьрэ ямыгъэвами, цIыхупсэр зыгъэдахэ гурыщIэ къабзэр, цIыхугъэр яфIэмыкIуэду а зэман гугъур зэрырахьэкIар».

Пэжщ, а зауэр зэриухрэ зэманыфI дэкIащ, абы теухуауи тхылъ куэдыкIей дунейм къытехьащ. Ауэ щыхъукIэ, мыпхуэдэ упщIэхэр къэувыну зыри хуэIуакъым: ярэби, а зауэм щхьэкIэ жаIам зы щIэ гуэр щIыбгъужыфыну пIэрэ? А темэм теухуа тхыгъэр нобэрей цIыхум щIэщыгъуэ ящыхъуну пIэрэ?! Апхуэдэ упщIэхэм я жэуапи къыщыбогъуэт Нало Ахьмэдхъан и деж. «Пшэплъ жыжьэхэр» повесть хьэлэмэтым и «Псалъэпэм» дыщрохьэлIэ мы сатырхэм: «Апхуэдизу... яхуэмыIуэтэщI зауэ хъыбархэм сыт щIэуэ щIыбгъужын? Иджыри къэс цIыхум зэхамыхауэ сыт телъыджэ хужыпIэжын? Си щхьэкIэ сщIэркъым. Ауэ а зауэм зауэу хэта дэтхэнэми хъыбару зэхихам пимыщIу, и гум имыхужу къинауэ «езым и хъыбар» гуэр иIэжщ. Абы зыкъомкIэ и щыхьэтщ мы тхыгъэри. Зауэм хэтахэр, махуэ дэнэ къэна, сыхьэт къэс нэхъ мащIэ мэхъу. А дунейм ехыжахэм ягъафIэу я гум илъа «езым я хъыбар» ягъафIэри ямыIуэтэжауэ здырахьэхыж. Ауэ, ди насыпщи, цIыхум яжриIэну зытемыгушхуар тхылъымпIэм езыку зырызи къахокI. Абыхэм ящыщщ мы тхыгъэр зытхари».

Зауэшхуэм теухуауэ Нало Ахьмэдхъан и къалэмыпэм къыщIэкIа дэтхэнэ рассказри повестри «езым и хъыбар» телъыджэу, ахэр зэры-

щыту къапщтэмэ, «езым я хъыбар» защIэу зэхэлъ тхылъ гъэщIэгъуэну, тхылъ удэзыхьэхыу нобэ къыпщохъу.

Налом и рассказ нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщ зым («Рейхстагым адыгэбзи тетщ») мыпхуэдэу дыкъыщоджэ: «Къалэжь щIалэтанэхэм зауэр къазэрыгурыIуэу щытамрэ Хьэгъундокъуэ Барэ иджы и нэгу щIэкIымрэ зэхуэдэтэкъым: «Ур-р-р-а-а! Еуэ! УпщIатэ! ПIытI! УкI!» – шуудзэ лъэтам бийр ирахужьэри зэхаупщIатэ, токIуэ, къалэр яубыд. Къалэдэсхэр гуфIэу къапожьэр, шу сатырхэр ерагъыу пхыкIыф къудейщ бжьэ къэпщIам хуэдэу зэрызехьэ цIыхум. Хъыджэбзхэм удз гъэгъа къапхъ, фызхэр магъ, сабийхэр шыпщэм къыдопщей – псори мэгуфIэ: цIыхур хуит хъужащ.

Аращ Барэ Къалэжьым зауэр зэрыщициIыхуу щытар.

Зауэм хэт сержант Хьэгъундокъуэм иджы къыгурыIуащ «зауэм зауэр зэрыщымыдахэр».

Нало Ахьмэдхъан и тхыгъэхэм зауэр къызэрыхэщыжыр Къалэжь фIэмыкIа Барэ и Iуэху еплъыкIэр мыхъуу, сержант Хьэгъундокъуэм и нэгу щIэкIым, нэгъуэщIу жыпIэмэ, пэжым тещIыхьауэщ. Зауэм ехьэлIа а пэжыр Нало Ахьмэдхъан жеIэ езыр ди литературэм къызэрыхыхьэ лъандэрэ. Абы и щыхьэту мы зы едзыгъуэри пхурикъунти: «Нэмыцэр мафIэм къеуэу хуежьащ, ди топхэми я Iыхьэ къагъэнэнт – лъэныкъуитIми еуэр ирагъэжьащ, сэлэтитIым яхъумэ щIыунэри абы хиубыдащи, толькъун кхъуафэжьейуэ зэредзэ; пщIыхьэпIэ мамыр зылъагъуу жея сэлэтхэр къызыхэуша гъащIэр гужьеигъуэт; нарым телъахэр къридзыхри лъэгум щылъахэм къахидзэжауэ, псори щIеупскIэр, блыным иреудэкI, унэм щIэта бампIэрымэм гын гъуэзыр хыхьэжащи, бэуапIэ ямыгъуэту цIыхухэр къопс, мапсчэ, мэхъуанэ, щIыбым дунейр щокъутэж; ажалыр мэгъуахъуэ, сапер зызыгъэпщкIуахэм щIым зыхакъузэ. Топышэ къугъ макъыр нэхъ гъунэгъу къэхъуху, щхьэфэцыр дэтэджу поплъэр «арауэ пIэрэ сысейр» – жаIэу, ар зэрыблэкIыу «хьэуэ» щIагъуж... Дапщэ хъуа, сэлэт, «ара» зыфIэпщам и бжыгъэр? Илъэс дапщэ дэкIа нетIэ укъызэрыушрэ иджырэ? Иджыпсту узэпщIыхьа хъыджэбзымрэ а зызэпкъузылIэ щIымрэ дэтхэнэр нэхъыфI?! Укъытримыч ущIэпхъуэжыну, къуэш, щIэпхъуапIэ щыIэкъым, а щIы щIыIэрщ уи псэр иджыкIэ зыхэлъыр. ЗекъузылIэ абы! УмыукIытэ, зыми укъилъагъуркъым – псоми я щхьэр я Iуэхущ... щылъ, пэплъэ!..» *(«Къэрэгъул зэблэкIыгъуэ»)*.

Ди прозэм фIыуэ щыгъуазэ дэтхэнэм и дежкIи гурыIуэгъуэщ Нало Ахьмэдхъан и тхыгъэ нэхъ пIащэхэр (псом хуэмыдэжу «Къэрэгъул зэблэкIыгъуэ», «Пшэплъ жыжьэхэр» повестхэр, «Нэхущ шу» романыр) лIыпIэ зэриувэрэ куэд щIа, Iэзагъышхуи зыбгъэдэлъ тхакIуэм зэриIэдакъэщIэкIыр. Ауэ апхуэдэ зэфIэкIым и щIыбагъ къыдэтыр зы махуэ лэжьыгъэкъым. Абы ухуэзышэ гъуэгур кIыхьщ, икIи дэгъэзеигъуэ зэпыту гугъусыгъущ, щхьэх е къикIуэтыж хэмызагъэу. ТхакIуэ IэщIагъэм и щэхухэр, образнэ къэIуэтэкIэ-къэгъэлъэгъуэкIэм и Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къытригъэзэжурэ Ахьмэдхъан щигъэунэхуар рассказ (новеллэ) жанрым и жыпхъэм емыбакъуэущ. ДокI зэман – а жыпхъэри тхакIуэм къезэвэкI мэхъу. ИкIи, «жанр цIыкIум» и гъунапкъэр имыбгынэу, эпосым и пкъыгъуэ нэхъ пIащэIуэхэм яхуеплъэкIыу щIедзэ. Мис абы и зы щапхъэ: «Сэлэтым елъагъу зыми имылъагъу,

ешэчыр зыми имышэч, щIишэчыр ищIэжмэ, и насыпщ. ЯтIэр, шэдыр, уэсыр и унапIэщ. Iэщэу зэрахьэмкIэ яукIыну къалъыхъуэ. Езыми иукIыну къелъыхъуэ. Къигъуэтын – зыкъримыгъэгъуэтын, иукIын – зримыгъэукIын, – аращ сэлэтым и къалэныр. Ауэ ар къалэнышхуэщ, акъылышхуэщ, лIыгъэшхуэщ! Дэнэ а къалэныр къыздикIыр? Унафэщ, хабзэщ. Хабзэщи, анэм и лъэпагъым къуэр хегъэкIри шынелым кIуэцIешыхьри окопэ шэдым хедзэ, абы щыпсэуну, щызэуэну, щылIэжыну. НысащIэр къыщIенэри щауэщIэр окопэ щIыIэм щодыкъ, и фыз и гупэ хамэ имыгъэгъуэлъыну. Сабий быныр къызэхенэри адэр Iуохьэ зэуапIэм – бынунэр унэIут имыщIыну. Хабзэщ. ЦIыхухэм я унафэщ, я хабзэщ. Псыр ипщэкIэ дэжейркъым, атIэ ищхъэрэкIэ йожэх, аращ хабзэр. Хабзэщ дыгъэр къыкъуэкIрэ къухьэжу, цIыхуми я хабзэщ я хэку, я жылэ, я анэр, я унэр бийм ирамыту яхъумэжу» *(«Лъагъуэхэр. Гъуэгухэр»)*.

Е, псалъэм и хьэтыркIэ, «Джэду ширищ» рассказым Налом щыдегъэцIыху гуауэ куэд зи нэгу щIэкIа цIыхубз. Жылэр плъакIуэ зыхуащIым къыкIэрымыхуу дахэт Нэфруз, и дахагъым хуэфэщэж насып иIэнуи зыри хуэIуатэкъым. Ауэ зэман дыджым и жьапщэ гущIэгъуншэм здихьащ абы и насыпыр, и гъащIэри щысхьыншэу зэхиупIышкIуэри тIупхым дидзэжащ. Игъэвам теплъаджэ ищIа а цIыхубз насыпыншэм къиIуэтэж и хъыбар ткIыбжьыр тхакIуэм иригъэзэгъэфащ напэкIуэцI ныкъуэм, ауэ роман псо къызыхэкIын пкъы щIэлъи абы!

Еджагъэшхуэ Нало Ахьмэдхъан езыр зыщIапIыкIа анэдэлъхубзэм, IуэрыIуатэм, урыс литературэ къулейм дерс щхьэпэ къыхихыу къекIуэкIащ. Дауи, Налом и творчествэр къуэпс куэдкIэ епхащ къыдалъхуа бзэм и зэфIэкIыр нэхъ шэщIауэ щызыхэпщIэ IуэрыIуатэми литературэми. Ауэ урыс литературэм, урыс тхакIуэхэм я гугъу пщIымэ, пцIы хэмылъу, ди тхакIуэм нэхъ и гъунэгъур Чеховырщ. Ар щыболъагъу Ахьмэдхъан художественнэ Iэзагъэ нэс хэлъу итха рассказхэу «Хьэ», «Лъакъуищ», «Гужьгъэжь», «Псэм ежалIэ макъ» зыфIищахэми, нэгъуэщIхэми. Дауи, пэжщ Сокъур Мусэрбий гу зылъитар: «Налом и тхэкIэр... зыгуэрым ебгъэщхьын хъумэ, Чеховырщ япэу гур зыхуэжэр».

Зауэмрэ абы и Iэужь бзаджэмрэ къэзыгъэлъэгъуэж тхыгъэ хьэлэмэт куэд иIэщ Нало Ахьмэдхъан. Абыхэм ящыщу нэхъ гукъинэжу, нэхъ IэкIуэлъакIуэу тха хъуауэ къыщIэкIынущ «Лъагъуэхэр. Гъуэгухэр», «Рейхстагым адыгэбзи тетщ», «Псыхьэ нанэ», «И цIэр къэнащ», «Жэщ ныкъуэ... илъэс тIощI и ныбжьу», «Артисткэ», «Фэеплъ», «Сэлэт шыуанжьей», «Бланэ», «ЛIыхъужьыр щышынэкIэ» рассказхэмрэ новеллэхэмрэ, «Къэрэгъул зэблэкIыгъуэ», «Пшэплъ жыжьэхэр» повестхэр.

* * *

Нало Ахьмэдхъан и зэфIэкIыр нобэ здынэсыр нэхъыфIу уэзыгъэлъагъур «Нэхущ шу» романырщ (1976 гъэм япэ редакцэр, 1990 гъэм зыхэлэжьыхьыжа етIуанэ редакцэр къыдэкIащ). Романыр итхын папщIэ Налом шыIэныгъэшхуэ хэлъу щIиджыкIащ а лъэхъэнэм къыдэкIа тхылъхэмрэ газетхэмрэ къадэкIуэу архивым къыщIиха материал куэди.

Илъэсищэ хуэдиз ипэкIэ, етIощIанэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм, адыгэхэм яIа псэукIэр, адыгэ унагъуэм илъа нэмысымрэ адыгэ хэкум щызекIуэу щыта хабзэмрэ нэIурыту уэзыгъэлъагъуж художественнэ Iэмал гъуэзэджэхэмкIэ къыщыIуэтащ мы тхыгъэм; образ нэхъыщхьэу и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэсыху абы кIуэцIрыкIри адыгэ щIыгум, адыгэ лъахэм и образырщ; адрей псори абы кIэлъокIуэ.

«... Шыр, ущу пщIантIэшхуэр зэпиупщIри, пхъэбгъу пырхъуэ лъагэм ежэлIа нэужь, къэувыIащ. ХьэмкIэшыгур дэпсалъэу «шыгухум» зыкъиукъуэдийри щIакIуэ-бащлъыкъкIэ зэщIэуфа лIы домбей гум къиувыкIащ. Абы хэту, Iэщыр зэрагъэзэгъэжам щIоупщIэ. ЖэмитI къэту къыщищIэм, ткIийуэ щIалэхэм япкъроупщIыхь, унафэ ткIыбжьи яхуещI: «Пщэдджыжь нэху здэщым шы зырыз фышэси къэвмыгъуэту фыкъемыкIуалIэ, ди къуажэ Iэхъуэм хэвмыгъуатэм, хамэ къуажи къэвмыгъанэ, сэ сыминырыбжэкъым, жэмитI зы махуэ кIуэд сщIыуэ!..» ИкIи: «Пырхъуэ пхъэбгъур игъэпсалъэу ирикIуэщ, фоч уам хуэдэу бжэ Iух макъыр къэIури, лIыр унэм щIыхьэжащ. Ар зэралъагъуу, блыным кIэрыт хъыджэбзитIыр хэт щIакIуэ-бащлъыкъымкIэ, хэт тас-къубгъанымкIэ задзащ, фызыр кIуэцIрыкIыбжэмкIэ щIэкIри, лIым зитхьэщIыху къыщIыхьэжащ, я гъунэгъу хъыджэбзымрэ езымрэ зэпаIыгъыу шхын зытет Iэнэ къыщIахьэри, Iэнэр утыкум – зызытхьэщIыжа лIым и пащхьэм – ирагъэувэри езыхэр блыным кIэрыувэжащ».

Романым и япэ едзыгъуэм щыщщ мы пычыгъуэ кIэщIыр. И псалъэр мащIэурэ и гупсысэр уэру тхакIуэм ди нэгу къыщIигъэувэфащ берычэтыр зыдэлъ адыгэ пщIантIэм и теплъэ екIу. Абы пкъы хуэхъужри адыгэ цIыхухъум хуащI Iулыджырщ.

Ауэ лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэмрэ нэмысымрэ – лъэхъэнэм елъытауэ – зэхъуэкIыныгъэ ягъуэт. Зэманым и нэпкъыжьэ IупщIу зытелъ къэхъукъащIэ абрагъуэхэр Урысейм, Урысейм и мызакъуэуи, дуней псом щIэгъэхуэбжьауэ щокIуэкI. Абыхэм я макъ ди лъахэми къоIус, яжь ди цIыхухэми къащIеху...

Капитализмэм, псом хуэмыдэжу империализмэм и нэрыгъ щIызэрыпхъуэ зауэри а къэхъукъащIэ гъуамэхэм ящыщ зыщ. Апхуэдэт етIощIанэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм екIуэкIа урыс-япон зауэри.

А зауэм зыкIи хуейтэкъым урыс лъэпкъыр. Хуэмеиххэр абы хэджэрэзыхьа адыгэ шу гупырщ.

МафIэгукIэ яхуэшэр яшэри щIым и гъунэм цIыхухъур щракIутащ, «фызауэ!» – жаIэри. Яхуэфэщэн Iэщэ-фащи яIыгъкъым, нэхъыщхьэжращи, щIэзауэри ящIэркъым, зэзауэр ялъагъуми...

КIуэдыпIэ ихуа пэтми, адыгэ шухэр зэрыадыгэу къонэж. Абыхэм ящIыгъущ ижь-ижьыж лъандэрэ сабэ къытрамыгъэхьэу ди лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ цIыхугъэр – адыгагъэкIэ зэджэжыр.

Iуэхур лIыгъэм щыхуэкIуэм и дежи адыгэхэр къикIуэтыркъым. КIэрэф Залымджэрий и жэрдэмкIэ япон зауэм абыхэм къыщагъэсэбэп «шэрхъ кIэрахъуэ» жыхуаIэ адыгэ зэуэкIэ Iэмалыр. Японхэр лъэрыщIыкI ящIат а махуэм, текIуэныгъэри ди шухэм я Iэрылъхьэт. Ауэ... сыт и мыхьэнэт шууищэм къагъэлъэгъуа хэлъэтым: минхэр плъэурэ къаукI. Аращ дзэпщ мыкIуэмытэ «барон-баронхэм» я «мэлебгъэрыкIуэкIэм» и уасэр. Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэм къигъэлыба бгырысхэр зэхуотхьэусыхэж:

« – Ди дзэр (урысыдзэр – *Къ. Хь.*) мелуан никъуэ мэхъу, ауэ сыт и пэрмэн бжыгъэм, зыгъэзэуэн яIэкъым. Офицерхэр къэрабгъэкъым, ауэ дзэ зэрызэрашэн картэ къудей яIэкъым.

– Уа уэтыр зи Мыхьэмэт, псынэ зыдэт мо къуажэр ди шууипщIкIэ къэдубыдат, абы дэс япон сэлэт зытхухыр дэтхури. Абы пэгъунэгъу мэз лъапэм щIэса ди пехотэр къакIуэу къуажэм къытхудэтIысхьакъым, «приказ диIэкъым» жари. Дэ абы дыдэсыну дыхущIыхьэтэкъыми дыкъыдэкIыжри, къуажэр японхэм яубыдыжащ. ИужькIэ къаубыдыжын хуей щыхъум, махуэ дапщэкIэ ебгъэрыкIуа ар къахуэмыщтэжу, цIыху дапщи хэкIуэда абы!.. – Апхуэдэ инэрали, апхуэдэ къэрали, апхуэдэ зэуэкIи!..

– Офицер дапщэ щIэлъ фи гугъэрэ ди лазаретым, лажьэ лъэпкъ ямыIэу ныбажэ защIри нышIэгъуэлъхьауэ. Жэщым йофэ, преферанс мэджэгу, жэщыбг пщIондэ мэкъэхьпэри шэджагъуэ хъуху жейуэ зэхэлъхэщ. Напэтехщ мыфIэкIа акъыл здэщымыIэж зауэм ухэтын къудейуэ...»

Мы пычыгъуэм уи нэгу къыщIигъэувэр урыс-япон зауэм и зы теплъэгъуэ цIыкIу къудейкъым – щхьэзыфIэфI Iуэху зехьэкIэм и сэфэт мыхъумыщIэм зэ IуплъэгъуэкIэ уIуигъэплъа хуэдэ мэхъу. Апхуэдэ системэм сытри хозагъэ: Iулъхьэ, дыгъуэ, пцIы... Абы сыт хуэдэ фэсэдыгъэри и благъэщ, сыт хуэдиз фIейри щIехъумэ. Ар щытепщэм Iужажэхэм щаIутIыжщ. Зы псэжьым адрей псэжьыр хуобзэгуфIэ. Псори хъарзынэкIейуэ зэгуроIуэ, зэрощIэ икIи зэрыIыгъщ. Ауэ абыхэм цIыху нэс ялъагъу хъуркъым, абы и макъыр ажалу къащохъу.

Ар дыдэр къыщохъу Нало Ахьмэдхъан и романым. КIэи пэи зимыIэ зауэ мышыур къагъанэу я унэ къэкIуэжыну зыкъаIэт адыгэ шухэм. Бгъэкъуанши хъунутэкъым: илъэс никъуэт я пIалъэри, иухыху хьэлэлу дзэм къулыкъу щащIащ... ИтIани КIэрэфым и мызакъуэу, абы и акъылэгъуу къэувахэри судым Iэрохьэ. «Уэращ бунтыр къызэщIэзыгъэстар» жари, Залымджэрий и судыр укIкIэ ящIэ, нэгъуэщI куэдми илъэс бжыгъэкIэ тутнакъэщыр увыIэпIэ яхуохъу.

А шу насыпыншэхэм я хъыбар гуузыр пкъы хуэхъуами, «Нэхущ шу» романым и лъабжьэр фIыуэ нэхъ куущ, нэхъ жыжьи къыщожьэ. Адыгэхэр лъэпкъыжьщ, куэд я нэгу щIэкIауэ, хьэзаб бжыгъэншэми пхыкIауэ. Сыт хуэдэ лъэпощхьэпо Iумыуами, цIыхуу дунейм зэрытетын хуейр зыми Iэпимыгъэхуфауэ. ФIым хуэлажьэу, и щIэблэри дахэм хуиузэщIу хьэзабхэм пхыкIыф лъэпкъым дуней псом телъыджэ ящыхъу хабзэ къыдогъуэгурыкIуэ. Адыгэ лъэпкъым теухуауэ сыт хуэдиз ятхами, иджыри гъунэ иралъа къудейуэ аращ. Тхыдэр, этнографиер зыубзыху щIэныгъэлIхэми тхакIуэхэми дяпэкIи жаIэнрэ ящIэнрэ гъунэжщ – апхуэдизкIэ духовнэ мылъкушхуэ тхузэрагъэпэщауэ щытащи дяпэ ита ди адэжьхэм. Ар хьэкъыу иджыри зэ уи фIэщ ещI Нало Ахьмэдхъан и «Нэхущ шу» романым.

Литературэм иIэжщ езым и Iэмалхэр. Псалъэм папщIэ, этнограф щIэныгъэлIри тетхыхь мэхъу урыс балыр зыхуэдэм. Ауэ а балым и хьэлэмэтагъыр дигъэлъагъун щхьэкIэ Толстой Лев гъуджэ телъыджащэм дрегъаплъэ: тхакIуэшхуэм абы дрегъэплъ хъыджэбз щIалэ дыдэ, зи щыпэуи ар зи нэгу щIэкI Ростовэ Наташэ и нэмкIэ. А щIыкIэм тету, тхакIуэм жиIэну зыхуейр зы лъэхъэнэ гуэрым ирихьэлIэми къыщымынэу, пыухыкIауэ зы цIыху гуэрми ирипхын хуей мэхъу. Абы и лъэныкъуэкIэ

щыуагъэкъым, «Нэхущ шу» романыр урыс-япон зауэм хэт КIэрэф Залымджэрий теухуащ, жыпIэмэ. Ауэ абдеж укъыщыувыIэжынри тэмэмкъым: икъукIэ бгъуфIэу, зэщIэжьыуэ къулей куэди щызэхэхуэж макъамэ уардэу зыкъызэкъуеух романым.

Ди хэкум и теплъэ пагэр, ди лъэпкъым и тхыдэ пшабэр, ахэр екIуу къызыхэщыж хъыбарыжьхэмрэ уэрэдыжьхэмрэ, блэкIа лIэщIыгъуэм къэсыху адыгэхэм къахьэса хабзэмрэ нэмысымрэ, я псэукIэр, я IэщIагъэ-Iэужьыр (шы зэрагъасэу щыта Iэмал нэгъунэ хэтыжу), адыгэшым и зэфIэкIыр, адыгэшымрэ адыгэлIымрэ зэдахь къалэн мытыншыр, гъащIэм къыщыхъу гуауэми гуапэми (сабийр къыщалъхуам къыщыщIэдзауэ, унэишэ-щауэишэжри хиубыдэу, хьэдагъэм нэс) адыгэр зэрыIущIэр, лъэпкъыр ижь-ижьыж лъандэрэ зыхуэпабгъэ щхьэхуитыныгъэм зи псэр щIэзыт лIыхъужьхэр...

А псоми ятеухуащ романыр. ИкIи ахэр IэкIуэлъакIуэу хэгъэзэгъащ эпикэм и хабзэм тету зызышэщI сюжетым.

Нало Ахьмэдхъан и адыгэбзэри узыIэпишэу дахэщ икIи къулейщ. Налом и адыгэбзэр – адыгэхэм къадэгъуэгурыкIуэ, сытри къызэрыпIуэтэфын бзэщ: псынщIэщ, лантIэщ, шэрыуэщ. Дауи, псынщIэу, лантIэу икIи шэрыуэу художественнэ текстым и бзэр щытын щхьэкIэ авторым и псалъэхэр къулейуэ, зыхуей псалъэ дыдэр а щыхуей дыдэм и деж хьэзыру къиищтэу иIэни хуейщ.



Ди къэбэрдей литературэм зиужьын, ар ефIэкIуэн папщIэ Нало Ахьмэдхъан и «Нэхущ шу» романым мыхьэнэшхуэ иIэщ. Тхыдэм къыпкърыкIа роман ди деж и щыпэу щатхауэ аракъым. Апхуэдэ романхэр диIащ. Ауэ «Нэхущ шу» романыр абыхэм яхуэмыдэ зыщI щхьэусыгъуэ щыIэщ: тхыдэм къыпкърыкIа романхэм ящыщу мыр – пэжыр зи гъуазэу япэ ятха адыгэ романщ. Апхуэдэ тхылъым и мыхьэнэр иджыпсту нэсу къыпхуэмылъытэнкIи хъунущ, ауэ гурыIуэгъуэщ ар ди литературэм и пщэдейм зэрыхуэлажьэр.

**КЪЭЖЭР Хьэмид,**
*усакIуэ, филологие щIэныгъэхэм*
*я кандидат*

## НАЛО Ахьмэдхъан

# НЭХУЩ ШУ

*Романым щыщ пычыгъуэхэр*

Адмирал Алексеевыр текIыу, абы и пIэкIэ генерал Куропаткин Дзэпщ нэхъыщхьэ Маньчжурием щыIэ урысыдзэ псом зэрыхуэхъурэ махуищ щрикъум, октябрым и пщыкIущым, адыгэхэмрэ шэшэнхэмрэ урыс лъэсыдзэ батальоным щIигъу я гъусэу зэуапIэм къыIукIри Урысейм къыхуаунэтIыжащ, къэкIуэжыну. Хабзэ зыхэлъ дзэм апхуэдэ щхьэзыфIэфI Iуэху къыщыхъуныр Iэмал зимыIэ фэбжьышхуэт. Алексеевыр сыткIэ ямыгъэкъуаншэмикI, и жагъуэгъухэм сыт хуэдэ фIей къыкIэрамыцIэльми, апхуэдэ напэтех зэи

къыщыщIатэкъым – полк псом зэрынэхъэс дзэ зэщIэузэда зэуапIэм IукIрэ фронтыр укъауэ къагъанэрэ ежьэжу. Пэж жыпIэну щытым, а фэбжьыр Куропаткин и дзэпщыгъуэ зэман кIэщIым къриубыдэу къызэпэщу наIуэ къэхъужа Iуэхуу плъытэ хъунутэкъым – ар зауэ псом и кIыхьагъкIэ, мазэ псохэми я кIуэцIкIэ зауэ зэкIэлъымыкIуэм къыщIэхъуа Iуэхуу бжын хуейт, ауэ, хэт а къомым егупсысу, щхьэж хуэфащэ хуэзыугуэшыжу зезыгъэлIэлIэнур? ЖаIэнур зыщ: «Адмирал Алексеевыр, сыт хуэдиз имымыхьэнэншагъми, и армэм бунт къыщимыгъэхъуу къикIуэтащ. Мыдрейр икIи къокIуэт, къызэрикIуэтми къыщымынауэ, и дзэри, апхуэдизкIэ хьэулей ищIащи, зэрыгупурэ зэбгроджэдыкIыж, японыдзэм гъуэгур хуит хуащIурэ...»

И плIэ къыдэкIар мащIэу къызыпхиш кителыр иришэхри, гупсэхуу шэнтжьейм итIысхьа нэужь, Куропаткин полковник Шуваловым зыкъыхуигъэзащ:

– Граф лъапIэ, фи полкым ди дзэ псор игъэулъиящ, къэхъуа Iуэхум къикIыр сэ вжесIэн хуейуэ слъытэркъым – ар хэт дежкIи гурыIуэгъуэщ, ауэ бунтыр зи зэранкIэ къэIэта хъуахэр къэгъуэтауэ Военно-полевой судым етын хуейщ. Армэ псом я дежкIэ зэпэзэрылъэу къуаншэхэм я щхьэ пыупщIын хуейщ. Войсковой старшина Фидаровым и гупым ирагъэкIуэкIа следствиер яухауэ щытым, Кузовлевым ирегъэт. Щысхь щыIэ хъунукъым, ар Россием мафIэу щIэнэнущ, икIэщIыпIэкIэ фочышэкIэ мыгъэункIыфIамэ.

– СынодаIуэ, зиусхьэн генерал. Следствиер яухащ, икIэщIыпIэкIэ естынщ прокурорым.

– Фи полкым плъыжькIэ цIэла хъуауэ хэтыр, дапщэ хъууэ щытми – щэ хъурэ щэр, щитI хъурэ щитIыр – гъэтIысауэ, адрейр позицэм Iухуэн хуейщ. А Iуэхуншэ къомыр пщIэншэу бгъашхэу щIыщыбгъэсын къангъэшхэгъуэ яIэу сщIэркъым! Зэ сампIэихьэ щIын хуейщ мы Iэл къомыр. Си псэм хуэдэ граф, нобэ щысхь щыIэ хъужынукъым. Мы зауэр тфIахьэхуауэ Россием уимыхьэж, босяк къомыр аращ зыпэплъэр, зыкъыдадзыну.

– Сащысхьыркъым, зи щIыхьыр ин Алексей Николаевич, ауэ гъэдэIуэгъуейщ...

Полковник Шуваловыр щIигъэкIыжа иужькIэ Куропаткин и дневникым иритхащ:

«Ноябрым и щым... нобэ Билдерлинг и щхьэр течауэ къызэлъэIуащ Георгий ЕплIанэ степень крест къерезгъэтыну сыхуэлъэIуэну, Оку и армэм зэрыпэщIэтыфам щхьэкIэ. ЖесIащ ар зэрысхузэфIэмыкIынур, сыту жыпIэмэ, къикIуэтащи, абы щыгъуэми топ хыфIидзэу. ЛIыгъэшхуэ ухуейщ уи лIыгъэм апхуэдизу тегушхуауэ утепсэлъыхьыжыфыну...»

* * *

Дзэпщым и унафэр нэсу гъэзэщIа хъун папщIэ ялъэкI къагъэнакъым граф Шуваловми, войсковой старшина Фидаровми, прокурор Кузовлевми: псори зэхэту напищэ Iэджэ хъу тхыгъэр псынщIэу хьэзыр ящIри судым иратащ, ноябрым и тхум судми щIидзащ, минрэ щибгъуэрэ плIы гъэм. ЩIидзащ урыс пащтыхьымрэ пащтыхьым

и генералхэмрэ «суд» зыфIащауэ Маньчжурием щрагъэкIуэкIа лIыукI Iуэхум...

Пщэдджыжь кашэр яшхын зэраухыу, ноябрым и тхум, Залымджэрий сымэ судым яшащ. Суд щIапIэр Мукден къалэм дэт чырбыш унэ лъахъшэт, и закъуэу утыкуми изэрыхьауэ иту. Ягъэкъуаншэ лIы пщыкIутIыр зэгъусэу къахури суд унэм щыщ пэш гуэрым щIашащ. Утыкум ит шэнт хужь кIыхьым ирагъэтIысэкIащ, я гупэр адэкIэ къыщыт стIол нэщIым хуэгъэзауэ, стIол щIыбым, блыным, кIэрылъ пащтыхь Николай ЕтIуанэм еплъ-къеплъыжу. Залымджэрийрэ Пашэрэ зэбгъурысу щыст, адрейхэр а тIум ябгъуитIымкIэ къыщысхэт. Залымджэрий тутын щIигъанэри блыным кIэрыт и щыхьэтхэм яхуеплъэкIащ. Езым хуэдэу вахмистру щыта Тамбий Данил, урядникым къыщымынэжу, урядник нэхъыщхьэ ящIати, зыфIимыгъэIуэху хуэдэурэ, и дамэтелъхэм нэбгъузкIэрэ хуеплъэкIыу блыным кIэрытт, вахмистр Федор Хардиновымрэ приказной Жэрыщты ЦIынэрэ я кум дэту. Утыкум ит стIолым и гъунэгъуу войсковой старшина Фидаровыр, есаул Золотарев, есаул Авъ-Менандер, есаул князь Бекович-Черкасскэр шэнт тесу щысхэт мыдрей псоми я щIыб къахуэгъэзарэ, езыхэр зэпсэлъэжу. Бекович-Черкасскэр и гъусэхэм епсалъэ щхьэкIэ, ней-нейурэ и шухэм къахэплъэрт. Абыхэм нэмыщI нэгъуэщI зытхух пэшым щIэтт, зыкъомми тхылъ зэрахьэу къажыхьт, пIащIэу. Абы нэмыщIыжкIэ, ягъэтIысахэр зыхъумэ сэлэтитI, мыжурэ зыфIэлъ фоч яIыгъыу скамейкэ хужьым тесхэм я щIыбым къыдэтщ.



Зы подполковникрэ зы штабс-капитанрэ зэкIэлъхьэужьу къыщIыхьэри стIол кIыхьым и кIапэ зырызым егъэувэлIауэ зэпэщыт стIол цIыкIуитIым етIысылIащ, я гупэ зэхуэгъэзауэ.

– Подполковник Кузовлевыр соцIыху, прокурорым и къуэдзэр, ауэ адрейр, дауи, уэчыл хъунщ, хэту пIэрэ и унэцIэр?

– Ар сэ соцIыхур, князь, уэчыл Семеновырщ. Делэкъым, и бзэри тIасхъэу кIэрыщIакъым, ауэ нобэрей Iуэхум абы зыри къыхуигъэкIыну къыщIэкIынкъым, ауэ сытми зыгуэр жиIэу икIыжыну къысфIощI.

Асыхьэтым залымкIэ къыщIыхьэ генералымрэ абы и ужь ит военнитIымрэ князым къилъэгъуащ. Нышэдибэ лъандэрэ зыпэзыгъэплъа судыр иджы, зэманыр сыхьэтитI хъуным дакъикъипщI фIэкIа имыIэж хъуху, заужьауэ къакIуэу арат.

Бекович-Черкасскэм нэхърэ нэхъыжьи щIэтт а залым, ауэ япэ зыкъэзыщIэжар арати, командэ итащ:

– Фытэдж! Смирррнэ!

Судым хэтхэр стIолым бгъэдыхьэри, генералым ину жиIащ:

– Вольнэ! ФытIыс!

Псори тIысыжащ, тутынхэр хыфIадзэри.

Пащтыхь Николай ЕтIуанэм и сурэтыр я щIыб къыдэту суд щIэн иублащ Мукден дэт Военно-полевой судым. Пащтыхь лъабжьэ дыдэм судым и тхьэмадэ генерал-майор Левашов щIэтIысхьащ. Абы ижьырабгъумкIэ судым хэт, тIощIрэ ещанэ Волынскэ пехотэ полкым и унафэщI, подполковник Солтановскэр къэтIысащ, и сэмэгурабгъумкIэ капитан Скрижинскэр къыщысщ, нэхъ икIэжымкIэ судым и писарь къалэныр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Щербовскэр ягъэтIысащ.

Генерал-майор Левашов судыр зыхэплъэ Iуэхур жиIэри щIигъужащ:

– Адыгэхэм тэрмэшу Гъэжокъуэ Къэнэмэт, шэшэнхэм князь Эльдаровыр яхуоув. Прокурорымрэ уэчылымрэ мыарэзы фхэт тэрмэшхэм щхьэкIэ?

– Сыарэзыщ.

– Сэри къызощтэ.

Писарыр къэтэджри суд зытращIыхьхэм я спискэр генералым и пащхьэм ирилъхьащ. Левашов спискэм къеджэурэ щыIэмрэ къэтымрэ зэхигъэкIащ:

– Приказной Залем-Герей КIэрэфхэ.

– Сэращ.

– Приказной Пашэ Тасмахилов.

– Сэращ.

– Шухэу: Гъуэгузокъуэ Бэрокъуэ.

– Сэращ.

– Шэт Батырбэч.

– Сэращ.

– Нэгъуей Лъостэн.

– Сэращ.

– Къармэ Бэчмырзэ.

– Сэращ.

– Сусаев Асухъан.

– Сэращ.

– Арсамирзаев.

– ЩыIэкъым. ЩхьэзыфIэфIу къекIухь.

– Кадыров Докай.

– Сэращ.

– Гиреев Тайсум.

– Сэращ.

Судыр зэчэнджэщыжри, щыIэм я суд ящIэну, щымыIэм и гугъу зэкIэ ямыщIыну зэгурыIуащ.

Генералыр тэрмэшкIэ адыгэхэм яупщIащ зэрагъэкъуаншэ тхылъыр къаIэрыхьарэ къаIэрымыхьарэ. Адыгэхэм а тхылъыр къазэрыIэрыхьар жаIащ. АрдыдэмкIи шэшэнхэм яупщIри, абыи къаIэрыхьауэ жэуап къатыжащ. Судыр, къуаншагъэ лъэпкъ хэмылъу, захуэм тету иригъэкIуэкIыну гугъу ехь хуэдэт генералыр, мыхьэнэ къызэрымыкI а фарз цIыкIу-цIыкIу къомыр зэрызэфIигъэкI щIыкIэмкIэ, ауэ а псори нэкъыфIэщIт.

Генералыр щыхьэтхэм я спискэм къеджащ:

– Войсковой старшина Фидаров.

– ЩыIэкъым.

– Урядник Алексей Мещеряков.

– ЩыIэкъым.

– Урядник Никита Цегурин.

– ЩыIэкъым.

– Урядник Кочкаров.

– Сэращ.

– Вахмистр Фёдор Хардинов.

– ЩыIэкъым.

– Вахмистр Данил Тамбиев.

– Сэращ.
– Приказной Жерештиев.
– Сэращ.
– Шу Зулъкъэней Абаев.
– Сымаджэщым щIэлъщ. Уз зэрыцIалэ къеузу.
– Есаул князь Бекович-Черкасский.
– Сэращ. Ауэ сэ хъыбар къысIэрыхьакъым, зи щIыхь ин, щыхьэтхэр къэзгъэкIуэну.
– Писарь, къэгъуэтыт графым и рапортыр. Есаул Хан-Алиев!
– Сэращ.
– Есаул Авъ-Менандер?
– Сэращ.
– Мис рапортыр, зи щIыхь ин.
– Мыдэ къащтэ. «Маньчжур армэм и пIалъэ судым деж: Рапорт. Хъыбар фызогъащIэ унафэ зыхуэсщI полкым и шухэм я IуэхумкIэ щыхьэтхэу войсковой старшина Фидаров, есаул Золотарёв, есаул Авъ-Менандер, есаул князь Бекович-Черкасскэр, вахмистр Хардинов Фёдор, старший урядник Тамбий Данил сымэ пщэдджыжь сыхьэтибгъум деж судым кърихьэлIэн зэрыхуеймкIэ... Тэрч-Кубань полкым и командир полковник граф Шувалов...»
– Дэнэ щыIэ-тIэ? Есаул Авъ-Менандер!
– Сэращ. Сэри къысIэрыхьакъым унафэ, щыхьэтхэр къэзгъэкIуэну. Абы къыхэкIкIэ щыхьэтхэр полкым къэнахэщ.
– Зиусхьэн генерал, щыхьэтхэр судым къыщIэмыкIуам щхьэусыгъуэ иIэу солъытэ. А щыхьэтхэм жаIэнур тхауэ Iуэхум дэлъщи, хуей щыхъум, къеджэ хъунущ. Абы щхьэкIэ къэмыгъэнауэ Iуэхум хэплъапхъэу собж, – жиIащ прокурорым.
Генералыр уэчылым дежкIэ плъащ:
– Фэ дауэ феплъырэ абы?
– Прокурорым жиIар тэмэму солъытэ – ухэплъэ хъунущ Iуэхум.
Генералыр и гъуситIым ечэнджэщыжри унафэ ищIащ:
– Щыхьэтхэр суд заседанэм къызэрымыкIуам щхьэусыгъуэ иIэщ, езыхэр Мукден къалэ дэсщ, къагъэлъэгъуахэр Iуэхум хэлъщи, хуей щыхъукIэ, къедджэнщ, Iуэхум хэплъэныр едгъэкIуэкIынщ.
Мыдрей щыхьэтхэр пэш щхьэхуэ щIагъэхьащ. Офицерхэри щхьэхуэу щIагъэхьащ.
Абы иужькIэ генерал-майор Левашов къеджащ зэрагъэкъуаншэ актым:
– «Зэрагъэкъуаншэ акт. Тэрч-Кубань шу полкым и приказнойхэу КIэрэф Залымджэрийрэ Тасмахилов Пашэрэ, шухэу: Гъуэгузокъуэ Бэрокъуэ, Шэт Батырбэч, Нэгъуей Лъостэн, Къармэ Бэчмырзэ, Сусаев Асухъан, Кадыров Докай, Эльжаев Дудухъан, Арсанов БийсултIан, Гиреев Тайсум, Саабулаев Ахъмэтыкъуэ сымэ судым егъэкъуаншэ.
Минрэ щибгъуэрэ плIы гъэм и октябрь мазэм и 13 махуэм бийм пэмыжыжьэу, Маньчжурием щыщ Лапузэ къуажэм дэсу Тэрч-Кубань полкым унафэ къыIэрыхьащ позицэм Iухьэну. Япэ (адыгэ) сотнямрэ етхуанэ (шэшэн) сотнямрэ я шухэм ядакъым уанэ тралъхьэу гупым хыхьэн, адэкIэ къулыкъу ящIэжыну хуэмеижыххэу жаIэри. Начальникхэм сыт ямыщIами, зыри къикIакъым, мыдаIуэхэм зыхуагъэхъеякъым, полкым щIыгъуу зэуапIэм яхуIухьакъым. ИкIэм-икIэжым,

октябрь мазэм и епщыкIущанэ махуэм и жэщым сотнитIыр Лапуза дэкIуэсыкIри Россием кIуэжыну ежьэжащ, МукденкIэ блэкIыу. МахуитI гъуэгу тетауэ ещанэ махуэм къэзакъыдзэкIэ къаувыхьри къррагъэгъэзащ... Нобэ къэсыхункIи я къалэн ягъэзэщIэн ямыдэу щысхэщ. Кавказ шу бригадэм октябрым и тIощIрэ тIу махуэм итха рапорт номер щийрэ пщIейрэ пщыкIузым къызэрыхэщымкIэ, зэуэну зымыдэхэм ящыщщ япэ сотням къыхэкIыу: Гъуэгузокъуэ Бэрокъуэ, ПIэт Батырбэч, Нэгъуей Лъостэн, Къармэ Бэчмырзэ, КIэрэф Залем-Герей, етхуанэ сотням щыщу Сусаев Асухъан, Кадыров Докай, Эльжаев Дудухъан, Арсанов БийсультIан, Гиреев Тайсум, Эльмурзаев Эльмурза, Саабулаев Ахъмэтыкъуэ, Тасмахилов Пашэ.

– Дознание ирагъэкIуэкIам къигъэлъэгъуащ: Шухэу КIэрэф Залем-Герейрэ Арсанов БийсультIанрэ къуаншэу залъытэжын ядакъым. Сусаев Асухъан, Кадыров Докай, Эльжаев Дудухъан, Гиреев Тайсум, Тасмахилов Пашэ, Саабулаев Ахъмэтыкъуэ къуаншэу залъытэжащ къулыкъу ящIэн зэрамыдамкIэ. Мы иужьрейхэм къулыкъу ящIэн ямыдэу зыщIрагъэнауэ щытар, япэрауэ, къулыкъу ящIэну зэраухылIар мазихт, итIанэ, хъыбар къэIуат зиусхьэн пащтыхьым телеграммэ къигъэхьауэ шухэр я унэ яшэжынуи арат. А хъыбархэр зезыхьэхэу щытар КIэрэфымрэ Ваганов зэшхэмрэщ. Кадыровым, Гиреевым, Тасмахиловым зэрыжаIэмкIэ, телеграммэм теухуа хъыбар къезыхьэкIыу щытар етхуанэ сотням и вахмистр Хардиновырщ... Арсановым ищхьэкIэ езыр шым шэсын щIимыдар сымаджэти аращ.

Щыхьэтхэу вахмистр Хардинов Фёдор Васильевич, Тамбий Данил, урядникхэу Качкаров Елисей, Мещерский Алексей, Цегурин Никитэ, приказной Жэрыщты ЦIынэ сымэ, нэгъуэщIхэми къагъэлъэгъуащ япэ сотнямрэ етхуанэ сотнямрэ куэд щIауэ щэху гуэрхэр щызэрахьэу зэрекIуэкIыр... Шухэр арэзытэкъым куэдкIэ. Зауэм кIуэн щамыдэ къэхъуу щыташ, ауэ октябрым и пщыкIущ пщIондэ къэхъуауэ щытакъым псори зэуэ тегъэу.

Щыхьэтхэм къагъэлъэгъуащ уанэ тезымылъхьахэм хэтахэр: Цегуриным къигъэлъэгъуащ Ваганов зэшхэр, Сусаевыр, Арсановыр, Гиреевыр, Тасмахиловыр; Тамбий Данил, Жэрыщты ЦIынэ сымэ, нэгъуэщIхэми къагъэлъэгъуащ: Гъуэгузокъуэр, Шэтыр, Нэгъуейр, Къармэр, КIэрэфыр. Мыхэр псом нэхърэ нэхъ гуащIэу хэтащ Iуэхум къулыкъу ящIэн ямыдэу, псоми хуэмыдэжу КIэрэфыр хэтауэ жаIэ. Тамбий Данил, войсковой старшина Фидаровыр, есаулхэу Золотарёв Степан Афанасьевич, Авъ-Менандер Николай Николаевич, Алиев Магомет-хан, князь Фёдор Николаевич Бекович-Черкасскэр щыхьэт техъуахэщ япэ сотнямрэ етхуанэ сотнямрэ япэми куэдрэ щымыдаIуэ къэхъуу зэрыщытам. Етхуанэ сотням и командир есаул Менандер жеIэ цIыхухэр зыгъэпIейтеяр Тасмахиловыр, Тайсум Гиреевыр, Ваганов нэхъыжьыр арахэу. Псом хуэмыдэжу псори зи лажьэр япэ сотням и шу КIэрэфырщ, а Iуэхум щхьэкIэ мызэ-мытIэу етхуанэ сотням къакIуэу ялъэгъуарщ.

Октябрым и епщыкIущанэ махуэм шухэр мыдаIуэу бунт къыщаIэта щIыпIэр бийм зэрыпэжыжьар верст пщыкIутху къудейщ. Полкыр, Дагъыстан полкым хыхьэу, бийм егъэрыкIуэн хуейт. МыдаIуэхэр игъэдэIуэну икIэщIыпIэкIэ къэсащ полкым и командир флигель-адъютант полковник граф Шуваловыр, войсковой



2 Заказ №506

старшина Фидаровыр, куэдри елIэлIахэщ къахуэмыдаIуэу. Кавказ шу бригадэм и адъютант нэхъыщхьэ подполковник Лапухиныр къакIуэри бригадэм и начальникым и цIэкIэ куэдрэ къайлъэIуащ, арщхьэкIэ абыхэм зыри едэIуэн ядакъым...

Послужной спискэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, приказной Тасмахилов Пашэ Тэрч областым щыпсэу шэшэнхэм ящыщщ, илъэс тIощIрэ пщыкIухрэ мэхъу, мы гъэм мартым и тIощIрэ пщIы лъандэрэ дзэм къулыкъу щещIэ; приказной КIэрэф Залымджэрий адыгэ уэркъщ, Тэрч областым щыщщ, илъэс тIощIрэ пщыкIутхурэ мэхъу, минрэ щибгъуэрэ плIы гъэм и апрель мазэм ищ лъандэрэ дзэм къулыкъу щещIэ; шухэу: Гъуэгузокъуэ Бэрокъуэ, адыгэ уэркъщ, Тэрч областым щыщщ, илъэс тIощIрэ пщыкIутхурэ и ныбжьщ, минрэ щибгъурэ плIы гъэм и апрель лъандэрэ дзэм къулыкъу щещIэ; Шэт Батырбэч, адыгэ лъхукъуэщауэщ, илъэс тIощIрэ пщыкIутхурэ и ныбжьщ, мы гъэм апрелым ищ лъандэрэ дзэм къулыкъу щещIэ; Нэгъуей Лъостэн, адыгэ лъхукъуэщауэщ, Тэрч областым щыщщ, илъэс тIощIрэ тхурэ мэхъу, мы гъэм апрелым ищ лъандэрэ дзэм къулыкъу щещIэ; Сусаев Асухъан, Тэрч областым щыпсэу шэшэнхэм ящыщщ, илъэс плIыщI и ныбжьщ; Кадыров Докай, Тэрч областым щыпсэу шэшэнхэм ящыщщ, илъэс тIощIрэ тхурэ мэхъу; Асанов БийсультIан, Тэрч областым щыпсэу шэшэнхэм ящыщщ, илъэс тIощIрэ пщIырэ мэхъу; Тайсум Гиреев, Тэрч областым щыпсэу шэшэнхэм ящыщщ, илъэс тIощIрэ пщIырэ мэхъу; Саабулаев Ахъмэтыкъуэ, Тэрч областым щыпсэу шэшэнхэм ящыщщ, илъэс тIощIрэ плIырэ и ныбжьщ. Суд зытращIыхь шэшэн псори дзэ къулыкъум щыхыхьар минрэ щибгъуэрэ плIы гъэм мартым и тIощIрэ пщIырщ. Суд зытращIыхь псоми япэм суд къатехуакъым зыми, ещхьыркъабзэу, орденрэ зэрагъэлъапIэ дамыгъэрэ зратауи зыри яхэткъым. Судым и заседанэм сыхьэт пщыкIущрэ дакъикъэ плIыщIрэ пщIым щIидзащ. Суд коллегием нэмыщI заседанэм щIэсащ прокурор къалэныр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ подполковник Кузовлев, уэчыл, штабскапитан Семёновыр, тэрмэшхэу сотник, князь Эльдаровымрэ шу Гъэжокъуэ Къэнэмэтрэ...

ИщхьэмкIэ къыщыIуэтам ипкъ иткIэ ягъэкъуаншэхэр: Тэрч-Кубань шуудзэ полкым щыщ шухэу: 1. Гъуэгузокъуэ Бэрокъуэ, 2. Шэт Батырбэч, 3. Нэгъуей Лъостэн, 4. Къармэ Бэчмырзэ, 5. Сусаев Асухъан, 6. Кадыров Докай, 7. Эльжаев Дудухъан, 8. Арсанов БийсультIан, 9. Тасмахилов Пашэ, 10. Саабулаев Ахъмэтыкъуэ, 11. КIэрэф Залымджэрий. Ахэр, Японым езауэ дзэм хэту, абы зыщыIууа гугъуехьымкIэ мыарэзыуэ, зауэм зэрыщыгугъа фейдэр щамыгъуэтым, езыр-езыру, полкым щыщ нэгъуэщI шухэр ящIыгъуу, зэгурыIуащ начальникхэм я зы унафи ямыгъэзэщIэну къулыкъум ехьэлIауэ, абыкIи унафэщIхэм Iэмал ямыгъуэту (Iэмалыншэ ящIу) къулыкъум зыхрырагъэкIыжыпэну. А мурадыр яIэу, 1904 гъэм, октябрым и 13-м полкым и командирым унафэ ищIар – шым уанэ тралъхьэу полк псом щIыгъуу бийм ебгъэрыкIуэныр – ягъэзэщIэн ядакъым, шым уанэ тралъхьакъым, полкым хыхьакъым. Ахэр яущиину унафэщIхэр сыт хуэдизрэ яужь имытами, зыри къикIакъым, иджыри къыздэсам сыт хуэдэ къулыкъу къалэни ягъэзэщIэн ядэркъым...

Зэрагъэкъуаншэ актыр Мукден къалэм щызэхалъхьащ сыхьэтыр 4-м, 1904 гъэм, ноябрым и 4-м...»

Левашов тхылъым къеджэн иухри и натIэр бэлътокукIэ ирилъэщIэкIыжащ, тэрмэшхэм захуигъазэри яжриIащ:

– Мы дызэджам къикIыр къагурыIуарэ къагурымыIуарэ файупщIыт суд зытращIыхьхэм.

– КъывгурыIуа фызэрагъэкъуаншэр?

– КъыдгурыIуащ.

ИтIанэ генералыр чэзу-чэзуурэ яупщIу хуежьащ.

– Зи суд ящIэ КIэрэф, уэ укъуаншэу зыплъытэжрэ?

– Зыслъытэжыркъым.

– Тасмахилов, укъуаншэу зыплъытэжрэ?

– Хьэуэ.

– АтIэ япэм къыщоупщIам зыплъытэжати укъуаншэу, иджы щхьэ ущIегъуэжа?

– Зэи зыслъытэжакъым сэ сыкъуаншэу. Зэхэзэрыхьауэ итхащ ар зытхам.

– Шэт, уэ зыплъытэжрэ укъуаншэу?

– Зызолъытэж.

– Сусаев, укъуаншэу зыплъытэжрэ?

– Лажьэ сиIэкъым.

– Нэгъуей, укъуаншэу зыплъытэжрэ?

– Сыкъуаншэщ.

– Кадыров, укъуаншэу зыплъытэжрэ?

– Сыкъуаншэкъым.

– Япэм къыщоупщIам зыплъытэжати-тIэ укъуаншэу?

– Сагъэшынэри жызагъэIащ, уаукIынущ жаIэри.

– Къармэ, укъуаншэу зыплъытэжрэ?

– Сыкъуаншэщ. Къысхуагъэгъум, згъэзэкIуэжынщ.

– Эльжаев, уэ укъуаншэу зыплъытэжрэ?

– Хьэуэ.

– Япэм къыщоупщIам укъуаншэу жыпIати-тIэ?

– Урысыбзэт къызэрызэупщIари, къызгурыIуатэкъым.

– Арсанов, уэ-щэ?

– Сызахуэщ.

– Гиреев?

– Лажьэ сиIэкъым.

– Япэм укъуаншэу жыпIати-тIэ?

– ЗыжесIам къыгурыIуакъым сэ жесIар.

– Саабулаев, уэ укъуаншэу зыкъэплъытэжрэ?

– Хьэуэ.

– Япэм зыбумысыжати-тIэ узэрыкъуаншэмкIэ?

– Иджы къызгурыIуэжащ сызэрызахуэр.

Генералыр къыбгъурыситIым ечэнджэщри тэрмэшхэм къажриIащ.

– КъызэрывэупщIхэмкIэ жэуап ефтынуи евмытынуи фыхуитщ.

Левашов суд зытращIыхьхэм псалъэ яриту щIидзащ:

– Гъуэгузокъуэ, къыджыIэ Iуэхур зэрыщытар.

Гъуэгузокъуэм Iуэхур зэрыхъуар жиIэжри тэрмэшым зыхуигъэзащ:

– Мы зэм къысхуагъэгъуну схуелъэIу а инэралым, Къэнэмэт, си тхьэрыIуэщ, адыгэлIыр зэрызауэр езмыгъэлъагъум.

Гъэжокъуэм ар урысыбзэкIэ яжриIэжащ судым.

Апхуэдэурэ Шэт Батырбэчи, Нэгъуей Лъостэни, Къармэ Бэчмырзи жаIэнур жаригъэIэри Левашов Залымджэрии, Тасмахиловми, Сусаевми, Кадыровми, Эльжаевми, Арсановми, Гиреевми, Саабулаевми псалъэ яритакъым.

– Фэ мысэу зыфлъытэжакъыми, псалъэ фиIэкъым, къывэупщIIамэ жэуап ефтынщ. АдэкIэ фи Iуэхур зэхагъэкIынщ. Щыхьэтхэм факъеджэ.

Князыр япэ иту щыхьэтхэр къыщIыхьащ, зырызурэ.

– Есаул Бекович-Черкасский, уи диныр сыту убжрэ?

– Сычыристанщ, зи щIыхь ин.

– КъакIуи жорым утеIэбэурэ тхьэ Iуэ пэж фIэкIа жумыIэну.

Князыр стIолым бгъэдыхьэри жорым и Iэр телъурэ тхьэ иIуащ:

– Тхьэ соIуэ пэж, пэж дыдэ фIэкI судым жезмыIэну!

– ТIысыж, князь.

– Есаул Менандер?

Ари стIолым бгъэдыхьэри жорым и Iэ телъу тхьэ иIуащ:

– Тхьэ соIуэ пэж фIэкI судым жезмыIэну.

Щыхьэт есаул Алиев хан, урядник Кочкаров, вахмистр Тамбийр, приказной Жэрыщтыр муслъымэну къыщIэкIати, къурIэным теIэбэурэ тхьэ ирагъэIуащ.



– Зиусхьэн генерал, сэ Гъуэгузокъуэ Бэрокъуэ лыкIэ къызоубыд, – жиIэри судым яжриIащ Данил.

Уэчыл Семёновым псалъэ къаIихащ:

– Зиусхьэн председатель, вахмистр Тамбиймрэ сэ сыкъызыщхьэщыж КIэрэфымрэ зэбийщ. Абы къыхэкIкIи Тамбийм КIэрэфым щхьэкIэ жиIэр пэжу фымылъытэну сыволъэIу.

– Кавказым зэмыIыхьлыуэ куэд искъым, Тамбиймрэ Гъуэгузокъуэмрэ я Iыхьлыгъэр езы тIуми ящIэжыркъым здынэсыр, Тамбиймрэ КIэрэфымрэ зэрызэбийм щыхьэт иIэкъым, абы къыхэкIкIэ Тамбийм жиIэр а тIуми епхьэлIэ хъуну собж.

Судыр зэчэнджэщри Тамбийм, щыхьэт хъуну ялъытэри, тхьэ ирагъэIуащ.

Чыристанхэм жоркIэ; муслъымэнхэм къурIэнкIэ тхьэ ирагъаIуэри, тэрмэшхэри хэтуи, генералым аргуэру къажриIащ:

– Пэж защIэ фIэкI жыфIэ хъунукъым, пцIы зыупсым тезыр къытохуэ статья абы теухуауэ щыIэмкIэ. ЩыхьэтхэР иджыри фыщIэкIи фи пэшым фыкIуэж, дынывэджэм дызэджэр фыкъэкIуэнщ.

Судым есаул Авъ-Менандер и закъуэщ къыщIанар. Менандер жрагъэIащ Iуэхум хищIыкIыр.

– Адыгэ сотням гуныкъуэгъуэ гуэрхэр зэраIэр япэ зэрыслъагъу лъандэрэ къызгурыIуат, ауэ КIэрэфыр ди сотням нэкIуэрей хъуа иужь, ди сотнями жагъын къащтащ. «ХамэщI щхьэкIэ дозауэ, ди щIыр щIэин мэхъуж!», «Хэт дэ щIы къызыхуэдзэур?», «Пащтыхьым и гъаблэгу идгъэкIыну дилъ догъажэ», «Зэгъусэу дыIувгъэкI мы зауэм» – ахэр жаIэри октябрым и 13-м тхуэшэсакъым, а жэщми ежьэжахэщ. Сыт хуэдизу дымыущиями, ягурыIуакъым...

Есаулым дакъикъипщI-пщыкIутхукIэ жиIар тэрмэшитIым дакъикъэ щырыщ-плIырыплIкIэ жаIэжащ адыгэбзэрэ шэшэныбзэкIэ.

Есаул Авъ-Менандерым Залымджэрий еупщIащ тэрмэшкIэ:

– Уэ адыгэбзэ хьэмэ шэшэныбзэ пщIэр? А бзитIым щыщу дэтхэнэбзэра сэ шэшэнхэр агитацэ сщIыуэ зэрызэхэпхар?

– Уэ шэшэныбзэкIэ яжепIар сэ урысыбзэкIэ къызжаIэжащ.

– ИтIанэ щыхьэтыр уэракъым, – уэ зыри зэхэпхакъым икIи плъэгъуакъым – бзэгу къыпхуэзыхьарщ. Сыт-тIэ уэ щыхьэту укъыщIэкIуар, бзэгу къыпхуэзыхьар къыумыгъакIуэу?

– Уэ зыгуэрым доклад хуэпщIауэ щыта, шухэм яхуэпщIа гурыщхъуэм щхьэкIэ? – прокурорыр йоупщI.

– Графым хуэсщIащ.

Уэчылри йоупщI:

– Мы суд шэнтым тесхэм щыщу хэт пцIыхужрэ агитацэ иригъэкIуэкIыу плъэгъуауэ, сыт хуэдэ агитацэ иригъэкIуэкIари?

– КIэрэфымрэ ТIэсмэхьилымрэщ нэхъ наIуэу яхэтар, адрейхэр псоми ящхьщ.

Генералыр къоупщI:

– НэгъуэщI сыт щIыбгъуну жаIам?

– Псори жыIа хъуа сфIощI.

– Ухуитщ, зиусхьэн есаул, утIысыжыну. Перерыв дакъикъитхукIэ.

Зи суд ящIэхэр зыщIыпIи яшакъым, ауэ Шэтымрэ Къармэмрэ зы сэлэтым щIишри мыгувэу къыщIишэжащ, адрейхэр тутын ефэху.

Дакъикъитхур дэкIри судым щIидзэжащ: генералыр пащтыхьым и лъабжьэм къыщIэтIысхьэжащ, и гъусэхэр бгъурысу, щыхьэтхэр абыхэм я лъабжьэж къыщIэтIысхьэжащ, зи суд ящIэхэр къызэфIэувэжащ – хэплъэным щIадзэжащ.

Подъесаул Хан-Алиев Iуэхум хищIыкIыр жрагъэIащ, шэшэныбзэрэ адыгэбзэкIэ зэрадзэкIыжащ, прокурорыр къеупщIащ. Прокурорыр зэреупщIам щхьэкIэ уэчылми еупщIыну и къалэну къилъытэжри, ари зыри къызэрымыкI гуэркIэ еупщIащ. Адрейм абы хуэфэщэн жэуап тIэкIу пидзыжри а щыхьэтри хуит хъужащ.

ИтIанэ князь Бекович-Черкасскэр къыщIашащ.

– ЖыIэ, князь, Iуэхум хэпщIыкIыр.

– Зи щIыхь ин генерал, пщIэ зыхуэфащэ судхэ, мы Iуэхум хэсщIыкIыр жысIащ сэ си рапортымкIэ. Iуэхур къызэрекIуэкIарщ иджыри къэс зытепсэлъыхьри, сэ абы щIэуэ хэслъхьэжын щыIэ къыщIэкIынкъым – сотням полковникым и унафэр ямыгъэзэщIар пэжщ, зыми емыдаIуэу ежьэжахэри пэжщ. ДэIуэн хуеящ, ар я щыуагъэщ.

– Мы суд зытращIыхьхэр къуаншэу къэплъытэрэ а IуэхумкIэ, князь? – прокурорыр къеупщIащ.

– Мыбдей щытым я закъуэкъым абыкIэ къуаншэр – мыбдей щымыт къуанши щыIэщ абыкIэ – псори къуаншэщ.

– Мыхэр нэхъ къуаншэу къэплъытэрэ, князь, фэ адрейхэм, мыбдей щымытхэм, нэхърэ? – уэчылыр къеупщIащ Бекович-Черкасскэм.

– Хьэуэ, мыр нэхъ къуаншэщ жысIэу зыри схухэгъэбелджылыкIынукъым, сэ сотням срикомандир пэтми, сыту жыпIэмэ, псоми я зэманыр яухауэ, унэм ягъэкIуэжын хуейуэ къалъытэ.

Бекович-Черкасскэм урысыбзэкIэ жиIар Гъэжокъуэ Къэнэмэт адыгэбзэкIэ адыгэхэм яжриIэжащ. Бекович-Черкасскэр зыкъомрэ щытри, судым зыхуигъэзащ:

– Зи щIыхь ин генерал, хуит сыфщIыну сыволъэIу мы тэрмэшым дагъуэ хуэсщIыну. Мыбы тэмэму яжриIэжыркъым сэ жысIар.

КIэрэф Залымджэрий и нэр къижу князым еплъащ: «Дэнэ щищIэрэ абы и тэмэмагъыр?»

– ... Хуит сыфщI урысыбзэкIэ жысIар адыгэхэм адыгэбзэкIэ сэ яжесIэжыну.

– ЖыIэ, князь.

Князь Федор Николаевич Бекович-Черкасскэр мы полкым къызэрыхыхьэрэ иджыри къыздэсым зыми зэхихакъым икIи ищIакъым адыгэбзэкIэ псалъэу, адыгэбзи къыгурыIуэу. «БзэмыIу хъужащ» жаIэрти, адыгэхэр зыхуейр жаIэрт адыгэбзэкIэ, ар зэрыщытым щхьэкIэ къамыгъанэу, езыми жаIэр къызэрыгурыIуэр къаримыгъащIэу, сыт къыхужаIэми ишэчащ. Иджы «бзэмыIур» адыгэбзэкIэ къабзэ дыдэкIэ (апхуэдэу адыгэбзэкIэ мыпсэлъэф куэд яхэтт шухэм) къыщыпсалъэм, къэхъуар иджыри къэс дахэ-дахэу къызыгурымыIуахэр къэщтащ. Хэт сыт хужиIами ягу къэкIыжурэ тIэкIу щIэукIытыхьыжащ, я Iуэху зыIутыр ящыгъупщэжауэ.

Абы иужькIэ князым жиIар шэшэныбзэкIэ шэшэнхэм жраIэжри, щыхьэтыр хуит ящIыжащ.

Залымджэрий игу къэкIыжащ зэрымыщIэкIэ князым зэхригъэха щэхухэм щыщ гуэрхэр, ар судым деж зэрыщыжимыIар гуапэ щыхъури, князыр нэхъ игу ирихьащ.

Абы иужькIэ перерыв гуэр ящIри, дакъикъитху зэрыдэкIыу, судым щIидзэжащ, Бекович-Черкасскэ гуэрым еупщIащ. ИтIанэ есаул Золотарёв, старшина Фидарым еупщIри КIэрэф Залымджэрий псалъэ иратащ.

Махуэ тIощIым щIигъуауэ тутнакъэщым щIэс пэтми, Залымджэрий и теплъэкIэ дэбгъуэн бгъуэтынутэкъым: и шырыкъуитIыр лыдт, и цейр къабзэт, и къэптал пщампIэр зэфIэтт, и жьакIэр къабзэу упсат, и пащIэ фIыцIитIыр дахэу IуэнтIат – джэгу кIуэну зигъэхьэзыра хуэдэ, зэщIэлыдэрт, и нэгуми нэщхъеягъэ лъэпкъ иплъагъуэртэкъым. Воронцовкэ уэрамым тета харчевнэм Шыпш генералым зэрыщепсэлъа макъ гушхуа къабзэмкIэ псэлъэн щIидзащ суд зытращIыхьхэм ящыщу япэу псалъэ зратам.

Адыгэ егъэджакIуэ щIалэм, езым и таучэлкIэ япон зауэм къэкIуам, икIэм мыбы бунт къыщызыIэтауэ ягъэтIысам жиIэнум псори пэплъэрт я тхьэкIумэ тегъэхуауэ.

НетIэ князь Бекович-Черкасскэр адыгэбзэкIэ зэрыпсэлъар цIыхум зэрагъэщIэгъуам ещхьу, иджы урыс щIэныгъэ зиIэ егъэджакIуэр урысыбзэкIэ ирагъэкIуэкI судым адыгэбзэкIэ къыщыпсалъэу зэрыщIидзэу, псори къэуIэбжьащ: «Сыт абы жиIэр?» жаIэури зэщIэупщIэжахэщ.

– Къэнэмэт, уэ яжеIэж зыхуейр, ауэ сэ адыгэбзэкIэ жысIэнущ. Ахэр зыкIи хуейкъым сэ жысIэм, сыт жысIэми, зыри зэрамыхъуэкIыу, къыхуащIа унафэр ягъэзэщIэнущ. Абы я судым зыри къикIыркъым. Сэ зыжесIэр мыр зыгурымыIуэхэрщ, къуаншэу зызылъытэжахэрщ. Дыкъуаншэкъым дэ мыбы суд къыщIыттращIыхьым щхьэкIэ – дэ ди къалэныр духри дыкIуэжыну дежьэжащ.

Айхьай, щыӀэн ар зигу иримыхь! Ауэ дэ дызэрыкӀуэжыр зигу иримыхьым дэнэ кърихха хуитыныгъэ дэ «суд» зыфӀища гуп нэпцӀ гуэр зэхуишэсу тезыр къыттрилъхьэну? Законыншэ жыхуаӀэр аращ – абы къару яӀэщи дэ дыкъуаншэщ. Армыхъум, сыт и Ӏуэхуу къытхэлъ дэ пащтыхьым дигъэзэуэну? Зыри! Дэ дызэуэн ди фӀэфӀу дыкъэкӀуащ мыбы. Абы щыгъуэми дызэрызэуэну пӀалъэр пащтыхьым едухылӀэри. Дэ ди хуитыныгъэр пӀалъэкӀэ, мазихкӀэ, пащтыхьым етщати, а мазихым ди фэм икӀ кърымынэу ирихащ. Иджы мазихыр иухри, хуит дыхъужащи, ди унэ докӀуэж. «Хуиту дунейм щхьэ фытет?» жаӀэри дагъэтӀысауэ «суд» къыттращӀыхь иджы. Пащтыхьым дрипщылӀ-тӀэ дэ? СыткӀэ дрипщылӀми нэгъуэщӀ пщылӀ къыхуэдзэуну дрипщылӀкъым – адыгэр дзэм ямышэну къыдаухылӀа ди хуитыныгъэщ ар дэ. Дэ суд къыщӀыттращӀыхьын къуаншагъэ дбгъэдэлъкъым, судым етын щӀыхуей къуаншагъэ зыщӀэр лъэщыгъэкӀэ дызыубыдауэ гъэр дызыщӀаращ. Адыгэмрэ Урысеймрэ яку зауэ илъ, дэ гъэр дащӀыну? Тезыр зыхуэфащэр къуаншагъэ зылэжьырщ, и Ӏуэху зыхэмылъым зыубыдауэ «суд» тезыщӀыхьырщ: тезыр зыхуэфащэр фэращ, зиусхьэнхэ!

Ауэ фэ тезыр къыфтезылъхьэфын къару иджыпсту къыфпэувакъыми, фыщхьэхуитщ, мыхъум... Фымынэщхъей, си къуэшхэ, сыт къытщымыщӀами, алыхьым и пащхьэ напэ хужькӀэ дызэрихьэжын захуагъэ дбгъэдэлъщ дэ. Мысэр захуэм хуэзыгъэзэн, къытщхьэщыжын къару гуэри къэунэхунщ иужькӀи!..

Залымджэрий жиӀахэр урысыбзэкӀэ зэрадзэкӀыжри, Тамбий Данил къыщӀашащ щыхьэту. Данил и напэ техуэнур здынэсыр зи суд ящӀэ псоми къагурыӀуэрт, шэшэнхэри хэту, псом я тхьэкӀумэри ягъэкӀащ, щӀэуэ сыт къигупсысауэ пӀэрэ, жаӀэу. Залымджэрий и щхьэр къиӀэту еплъыххакъым къыщӀаша щыхьэтым. Апхуэдэр щыхьэт зыщӀ судыр зэрымысудыр гурыӀуэгъуэт, апхуэдэ судым лей зэрихьэну зэримурадыр нэрылъагъут, армыхъум, Залымджэрийрэ Данилрэ зэрызэбийр уэчылым жиӀащ. Бийр щыхьэт зыщӀыр уи бийщ, армыхъум, уи судкъым...

– ЖыӀэ, щыхьэт Тамбий Данил, мы Ӏуэхум хэпщӀыкӀыр, зыри къыумыгъанэу, зыми пцӀыи тумылъхьэу.

Данил зыкъишэщӀри занщӀэу къэуври псэлъэн иригъэжьащ.

– Япэ (адыгэ) сотнямрэ етхуанэ (шэшэн) сотнямрэ куэд щӀауэ псалъэмакъ къаӀэтащ, къулыкъум и ткӀиягъымкӀэ мыарэзыуэ... Октябрым и 13-м и пэкӀи къыщыхъу щыӀащ шухэм зекӀуэ кӀуэн ямыдэу зыкъыщытрагъахуэ, ауэ Ӏэтащхьэхэм зэтрауӀэфӀэжурэ къадэгъуэгурыкӀуащ. Иужь зэманхэм шухэр щӀэх-щӀэхыурэ зэхуэсхэурэ зэрыгъэкӀийуэ жаӀэу щӀадзащ зауэр зэрахуэмыхьыжыр, унэм яутӀыпщыжыну игъуэ зэрыхъуар. Апхуэдэ псэлъакӀуэхэм я псалъэкӀэ къахэщу щытащ адыгэ сотням щыщ КӀэрэф Залымджэрийрэ шэшэн сотням щыщ Тасмахилов Пашэрэ. Залымджэрий сотнитӀми нэсу, зауэмкӀэ мыарэзы шухэр зригъащӀэу, зэдиӀыгъыу щытащ. Сэ згъэӀущыну сыхуежьат мы делэ зэрыгъэхъуа къомыр, ауэ КӀэрэфым сыпэлъэщакъым: социалист гупым я листовкэм итхэм къеджэхэу щӀадзэри, сагъэпсэлъакъым...

Залымджэрий хуэмышэчыжу Данил пидзащ:

– Е гъуэгу мыгъуэм ежьэн, мы алыхьым къитхьэщӀа

адыгэбзэ псалъэхэм къарыкIыр Iупщlу, къабзэу къикIыу адыгэбзэм щхьэ уримыпсалъэрэ, урысыбзэ умыщIэр зэхэбуцIапIэурэ дэри дызэхыумыуцIапIэу?!

Данил Залымджэрий къеплъри, жэуап къримыту, адэкIэ плъэжащ.

Лъымэ къызыщIихьа хьэIуцыдзу, прокурорым и тхьэкIумэр игъэкIри судым хуит зригъэщIащ:

– Ар сыт хуэдэ листовкэ, хэт къеджари?

– Листовкэр сэ слъэгъуакъым, къызэреджэр зэхэсхащ. Къеджар санитар гуэрщ, а зэм фIэкI слъэгъуакъым ар.

Уэчылми хуит зригъэщIащ:

– КIэрэфым иIыгъа а листовкэр, хьэмэ къеджа?

– Слъэгъуакъым иIыгъыуи, къеджэуи, ауэ хуит ищIри къригъэджащ.

– Дэнэ яхьыжа иужькIэ листовкэр.

– СщIэркъым.

– Япэ къыщоупщIам листовкэ гугъу щхьэ умыщIарэт-тIэ.

– Следователым жесIат ар, ауэ итхакъым, ар хуейкъым жиIэри.

Сыт щхьэкIэ емыгугъуами, генералыр листовкэ Iуэхум егугъуакъым, протоколым ирагъэхуакъым листовкэ Iуэху лъэпкъ.

Тамбийр щIагъэкIыжри Залымджэрий еупщIащ прокурорыр:

– Сыт хуэдэ политическэ парт узыпыщIар уэ, КIэрэф?

– Сэ зы политическэ парти сыпыщIакъым, ауэ пэж жызыIэм уемыдаIуэуи упсэу хъунукъым.

– Хэт а пэж жызыIэр?

– Ар хэт жимыIами, фи судым иджы ищIэр пэжкъым – фыхуимыту суд къыттывощIыхь...

Абы иужькIэ Къармэ Бэчмырзэ псалъэ иратащ.

Къармэ Бэчмырзэ псалъэ къыщратам, Iуэхум щымыщ жиIэу щIидзащ:

– Зы пщэдджыжь гуэрым дыгъэ къыщIэкIыгъуэм и деж ди сотняр дежьащ Японым дайзэуэну, хуабжьу лIыхъужьу дайзауэри зы дзэ зэтедукIауэ къэдгъэзэжауэ дыкъыздэкIуэжым, аргуэру японхэм мурад ящIащ дыкъаухъуреихьу дыдаубыдэну. ДыкъызэплъэкIри, зы шуудзэ ди щIыбкIэ къыщытлъэгъуащ. Языныкъуэм жаIащ ахэр китайхэу, языныкъуэм – ди урысхэу, языныкъуэми – японхэу. Арати, дгъазэри, ди командирыр нэрыплъэкIэ плъэри, ахэр зэрыяпонхэр къиицIыхуащ. ИтIанэ; «Шашки вон, в атаку!» – жиIэри дгъазэщ аби, джатэ къихакIэ япон хъунщIакIуэхэм дахэлъэдащ. Ахэр шууищэ хъурти, абы щыщу 13 дукIащ, 12 уIэгъэ тщIащ, адрейхэр яшхэм едгъэпсыхри дыдейхэм къыкIэрытщIащ, езыхэр лъэсу къэтхуащ. Дэ вындым хуэдэу фIыцIэу щIакхъуэ быдэ тшхащ. Зэгуэрым апхуэдэ щIакхъуэ IыхьэкIэ япон кърherзудауэ щытащ. Японым – уэсым хуэдэу хужьт яшхыр, тхъу, фошыгъу яшхырт... Ди щIакхъуэри тIахыртэкъым, езым ейр къайIытхри дэ тшхащ. Абы щыгъуэ фIыуэ зэуащ: Къардэн Дзыдзу, Къущхьэ Баби, Къуэдз Цацэ, ХьэIупщы Мысхьуд. Дамыгъэ куэд кърататщ – крест, медаль, орден. Ауэ нэхъыщхьэр – нэхъыфIу шхэр буфетым дыщIыхьэу зымыдэ пщыхэрщ...

– Куэдщ ар. Ара Iуэхум щыщу жыпIэнур?

– Аращ.

Зыгуэр илажьэу ялъытэри хагъэзыхьакъым. Щыхьэтхэми ягъэкъуаншэхэми апхуэдэу псоми яупщIри, прокурорым псалъэ иратащ.

Прокурорым Iуэхур къызэрекIуэкIар кIэщIу аргуэру зэкъиIуэтэжри щIигъужащ.

– Зыкъомым делафэ зытрагъэуэну хэтщ мы суд зытращIыхьхэм. Ар гурыIуэгъуэщ, Iэ тедзэжыкIэ зымыщIэ шу Iэл гуэрым апхуэдэу зыщищIым деж. Ауэ къекIуркъым егъэджакIуэр апхуэдэ Iэмал щыхуекIуэкIэ. Хэт къыгурымыIуэми, абы къыгуроIуэ гукъыдэж зиIэр зауэм зэрашэ условием итхэр псори. Псалъэм папщIэкIэ, уи фIэщ пщIынкIэ Iэмал иIэкъым щIэныгъэ зиIэ егъэджакIуэ КIэрэфым условием ит пункт етхуанэм емыджэу абы Iэ тридзауэ. А пункт етхуанэм итыр мыращ, федаIуэ: «къулыкъум хыхьэну езэгъыу къалъыта дэтхэнэ зы гукъыдэж зиIэми комиссэм тхьэ яхуеIуэ зауэр зэрекIуэкI зэман псоми къулыкъу дзэм щищIэну, присягэкIэ тхьэ ирагъаIуэ, хуэныкъуэу щытым, улахуэ къакIуэм щыщу илъэс ныкъуэ улахуэ къаIихыну хуиту, иужькIэ къратыну улахуэм хагъэкIыжыну.

А дакъикъэм къыщыщIэдзауэ гукъыдэж зиIэр, къулыкъум щыIэу къалъытэри, ар къызыхэкIа унагъуэм зауэ налогыр щхьэщахыр, гукъыдэж зиIэм унэм къигъэзэжыхукIэ».

«Мазих» жиIэрэ а пунктым, хьэмэ «зауэр иухыху» жиIэрэ? АдэкIэ еянэ пунктым занщIэу щыжеIэ гукъыдэж зиIэр зауэр имыухауэ унэм кIуэж зэрымыхъунур. ФедаIуэт: «8. Гукъыдэж зиIэр и щхьэ IуэхукIэ отпуск, е нэгъуэщIыдзэ кIуэну хуиткъым зауэр екIуэкIыху».

КъывгурыIуа – «зауэр екIуэкIыху», армыхъум «илъэс никъуэ» жиIэркъым мыбы? Абы пэкIуэну тезырми федаIуэ: «9. Щыуагъэрэ мыхъумыщIагъэу бригадэм хэтхэм ящIэм техуэу судрэ тезыру яхьын хуейщ адрей дзэхэм хэтхэм яхьым хуэдиз, абы ещхьуи, законым зэрыжиIэм ещхьу».

Абы иужькIэ хэт егъэджакIуэ КIэрэфым къигъэпцIэну зиужь ихьар? Зыри къыхуэгъэпцIэнукъым – и щхьэм фIэкI. Преступление зыщIахэм тезыри яхьын хуейщ, хабзэм ипкъ иткIэ.

... КIэщIу жыпIэмэ, гуп зэрыгъэхъуауэ къулыкъу къалэныр къызэпаудын мурад яIэу нахуэу восстанэ къызэраIэтар IупщIщ, абы къыхэкIкIи сэ сыщIолъэIу: суд зытращIыхьхэу КIэрэф Залем-Герейрэ Тасмахилов Пашэрэ дзэ къулыкъум хэдзын, дзэм щызэрахьэ цIэр къатехыжын, я щытыкIэм къарит хуитыныгъэ псори къайIыхауэ, фочкIэ укIын.

Адрей суд зытращIыхь псори дзэ къулыкъум хэдзын, дзэм щызэрахьэ цIэр къатехын, я щытыкIэм къарит хуитыныгъэ псори къайIыхауэ каторгэ гъэкIуэн: Сусаевымрэ Арсановымрэ илъэс пщыкIуий зырызкIэ, Гъуэгузокъуэр, Гиреевыр, Шэтыр, Нэгъуейр, Къармэр, Кадыровыр, Эльжаевыр, Саабулаевыр илъэс пщыкIутIпщыкIутIкIэ. Сэ сухащ, зи щIыхь ин судхэ!

– Уэчыл, псалъэр фыфейщ.

Штабс-капитан Семеновыр къэтэджри псалъэу хуежьащ. Прокурорым жиIа псори нэхъ кIэщIурэ къиIуэтэжри, судым елъэIужащ:

– Ауэ, зиусхьэн судхэ, суд зытращIыхь шэнтым тес цIыхухэр ди сэлэт гъэсахэм япэпщI хъунукъым – мыхэр мыгъасэхэщ, нэхъ тэмэму жыпIэм, Iэлхэщ, урысыбзэкIэ псалъэу зы фIэкI яхэткъым, ари тэрмэшыншэу тхуэпсалъэркъым... Сэ фыкъыхузоджэ гущIэгъум, Тхьэмрэ пащтыхьымрэ яхуэфэщэн гущIэгъу сэ сыкъызыщхьэщыж цIыхухэм яхуэфщIу я тезырыр вгъэмэщIэну...

Уэчылым жиIэм зыри къызэримыкIыр Залымджэрий къыгурыIуэри, прокурорым жиIар зэрыприговорыр иджы зыхищIэпащ, уэчылым жиIэми емыдэIуэжу, иужьрей псалъэм егупсысу хуежьащ.

ЛъэныкъуитIми я псалъэр зэфIэкIати, зи суд ящIэхэм иужьрей псалъэр ирату щIадзащ.

Япэу зратар Залымджэрийщ. Сыт жамыIами, прокурорым ищIа приговорым зэхъуэкI зэримыIэр ищIэти, и псалъэми кIыхь зригъэщIакъым. Iэдэбу къэтэджри, урысыбзэ къабзэ дыдэкIэ Залымджэрий и псалъэр щым хъуа залым щызджызджащ:

– Зыри къикIыркъым сыт жызмыIами, ауэ федаIуэ! Япэрауэ, суд къыттефщIыхьыну фэ хуитыныгъэ фиIэкъым – дэ фи пащтыхьым дрисэлэткъым икIи дрипщылIкъым. МазихкIэ зауэ лIыщIэу дыхуIууват урыс пащтыхьми, мазихкIэ дыхуэзауэри хуит дыхъужащ. Фи Iуэху къытхэлъыжкъым. Дэ икIи дысэлэткъым, дымэкъумэшыщIэ мыхъум... Прокурорым зи гугъу ищIа пунктхэми зыри еплъакъым договорым Iэ щытрадзэм, мазихщи мазихщ, жаIэри... Вакъапхъэ хуэдиз фIэкI мыхъу Японыжь цIыкIум драгъэкIуэкI зауэр мазихкIэ зэрызэпашын «щхьэ быдэ» пащтыхь генералхэм яфIэту дэ ди пщIыхьэпIэ къыхэхуакъым. Ауэ езы пащтыхьым ицIыхужт и генералхэри «мазих» къуагъым къуигъэпщкIуауэ къыщIэкIащ «зауэр иухыху» жиIэу...

Генерал Левашов итхыр къигъанэри и щхьэр къиIэтауэ къодаIуэ.

– Вакъапхъэ хуэдиз фIэкI мыхъу хэкум и дзэм пащтыхьыдзэ псор мэл щтауэ къаху. Дэ къалэн тхуэхъуар а къахум щыщ гуп (дивизие, полк) пагъэкIэрэхъукIрэ даубыдэмэ, ар къыдэдгъэкIыжу армэкIэм дитынырщ, текIуэныгъэ къэтхьу дызэуэн и пIэкIэ...

– Уи псалъэр къыпIызохыж, суд зытращIыхь КIэрэф!

Абы емыдаIуэу Залымджэрий жеIэ:

– Дэ ажалым дыщышынэркъым, подполковник, сыту жыпIэмэ, ди ажалри ди хуитыныгъэм и бэнакIуэу увынущи. Ажалым щышынэр фэращ, сэ си ажалым уэ ущошынэ, псори фыщошынэ мыбдей щысхэр, дэ ди хъыбарым куэд къиIэтынущи. Абы фэ факъелынукъым. Фыщышынэ абы жэщи махуи!..

* * *

Генералым тутын щIигъанэурэ жиIащ:

– ИIэ, зиусхьэнхэ, тутын дефэурэ дыхэвгъаплъэ, арыншэми дыгуващ, тхьэм ещIэ щыдухын иджыри. Зыщывмыгъэгъупщэ, зиусхьэнхэ, IупщI щIын хуейщ Iуэхугъуэхэр: япэу, ягъэкъуаншэр

зэрагъэкъуаншэ IуэхумкIэ зэрыкъуаншэр IупщI хъуа; етIуанэу, а къуаншагъэр ягъэкъуаншэм и закъуэ илэжьа, хьэмэ гъусэ иIахэ; ещанэу, къулыкъур къазэрегугъуэкIымрэ зауэм зэрыщыгугъа фейдэ къызэрыхамыхымрэ къыхэкIкIэ начальствэм я унафэ емыдэIуэну зэгурыIуауэ щыта нэхъапэу; еплIанэу, апхуэдэу щытар пэжмэ, мы ягъэкъуаншэм ар япэ игу къэкIарэ адрейхэр къигъэдэIуауэ зэрыщытыр наIуэ хъуа...

Жэщыр сыхьэт пщыкIутIрэ дакъикъэ плIыщIрэ тхум генералым и совещанэр иухри зи суд ящIэхэр залым къыщIашахэщ. Псори зэфIэту, генералыр пащтыхь лъабжьэм къыщIэту, и бгъуитIым и гъуситIыр къыщыту, резолюцэм еджэн щIидзащ:

– РЕЗОЛЮЦЭ

1904 гъ., ноябрым и 5-нэ махуэм, зи щIыхь ин пащтыхьым и унафэкIэ Мукден къалэ дэс Военно-полевой судым, мы къэкIуэнухэр хыхьэу:

Тхьэмадэу: генерал-майор Левашов,

ПIалъэкIэ хыхьэу: 53-нэ Волынский полкым и подполковник Солтановскэмрэ капитан Скрижинскэмрэ, Военно-полевой прокурорым и дэIэпыкъуэгъу подполковник Кузовлев кърихьэлIэу, секретарым и дэIэпыкъуэгъу зиусхьэн Щербаковскэр хэту, Тэрч-Кубань шуудзэ полкым и IуэхущIэ нэхъыщIэхэу, приказнойхэу: 1) КIэрэф Залымджэрий, 2) Тасмахилов Пашэ, шухэу: 3) Гъуэгузокъуэ Бэрокъуэ, 4) Шэт Батырбэч, 5) Нэгъуей Лъостэн, 6) Къармэ Бэчмырзэ, 7) Суаев Асухъан, 8) Кадыров Докай, 9) Эльжаев Дудухъан, 10) Арсанов БийсультIан, 11) Гиреев Тайсум, 12) Саабулаев Ахъмэтыкъуэ сымэ зэрагъэкъуаншэ Iуэхум едэIуа нэужь, ахэр къуаншэу къилъытащ гуп зэрыгъэхъуауэ къулыкъу къалэныр къакъутэн мурад яIэу нахуэу восстанэ къызэраIэтамкIэ, абы къыхэкIкIи...

Судым унафэ ищIащ:

1) Суд зытращIыхьхэу: КIэрэф Залымджэрийрэ Тасмахилов Пашэрэ дзэ къулыкъум хэдзын, дзэм щызэрахьэ цIэр къатехыжын, я щытыкIэм къарит хуитыныгъэ псори къаIыхын, укI телъхьэн (фочкIэ яукIыу);

2) Адрей суд зытращIыхь псори дзэ къулыкъум хэдзын, дзэм щызэрахьэ цIэр къайIыхын, я щытыкIэм къарит хуитыныгъэ псори къатехауэ каторгэ гъэкIуэн: Сусаевымрэ Арсановымрэ илъэс 18 зырызкIэ, Гъуэгузокъуэр, Гиреевыр, Шэтыр, Нэгъуейр, Къармэр, Кадыровыр, Эльжаевыр, Саабулаевыр – илъэс пщыкIутI-пщыкIутIкIэ;

3) Мы приговорым къару игъуэта нэужь, IэщэкIэ зэщIэузэдауэ Японым езауэ къару псоми я командующэ нэхъыщхьэр хэплъэну бгъэдэлъхьэн.

Тхьэмадэр – генерал-майор Левашов,

ПIалъэкIэ хыхьэхэу: подполковник Солтановский,

капитан Скрижинский.

Пащтыхь пащIэ къуацэм и лъабжьэм щIэсхэм фIы къазэрыпымыкIынур Залымджэрий ищIэрт, ауэ, пэж жыпIэнум, зыгуэркIэ я дзэ мышу «укI» къытралъхьэн и гугъакъым, и мыгугъа пэтми, абы игъэгужьейуэ имыщIэн иригъэщIакъым.

– ЩIэфш! Приговорым зэрыщытын хуей формэ игъуэтауэ пщэдей, ноябрым и хым, махуэр сыхьэтищым ирихьэлIэу хьэзыр хъунущи, а пIалъэм ирихьэлIэу псори щыIэн хуейщ.

Судыр сыхьэт пщыкIутIрэ дакъикъэ плIыщIрэ пщыкIутхум яухащ. Гъэрхэр тутнакъэщым яхужащ.

* * *

Залымджэрий камерэм щIагъэхьэжри бжэр къагъэбыдэжащ. ПIэ тIэкIум зэрыIуплъэу и сабиигъуэм къиIукIыу и анэшхуэм и макъ щабэр и тхьэкIумэм къиIуащ:

*«Лэу, лэу, лэу, си щIалэ,*
*Лэу, лэу пщIыркъэ, си щауэ!*
*Iэпхъуамбэ пIащэурэ шэпIащэрыуэ.*
*Зауэми щремыубзэщхъу,*
*Зытехуэри иремыхъуж!*
*Лэу, лэу, лэу, си щIалэ,*
*Лэу, лэу пщIыркъэ, си щауэ!»*



И анэшхуэм и гущэкъу уэрэдым щIэдэIуурэ зигъэукIурийри зимытIэщIу Залымджэрий Iурихащ. Залымджэрий сабий хъужащи, и сабиигъуэм губгъуэм лэжьакIуэ здашэу зэрыщытар и нитIкIэ елъагъуж... И ныбжьыр илъэсиплI-тхум итщ. И адэри, адэ къуэшхэри, адэ шыпхъухэри лажьэрт – Iэнэ ящтэрт. Езым гум щIатIыкIа шитIыр егъэхъу, гуахъуэ къратыркъым. Махуэ псом шитIым къакIэлъыпкIухьыныр сыту зэшыгъуэ!..

... Пщыхьэщхьэм шыр щIащIэжауэ жьэрыутIыпщу гур къыщылъеижыр гухэхъуэшхуэт. И адэм вожжэр иIыгъыу, дунейр зыхуримыкъу шы ныкъуэгъасэхэр хуэмыубыду къэлъэхъуу, унэхуэкIуэу... Уэрэд телъыджэ къыхидзэрт и адэм фийкIэ, фийр нэхъ ин хъуурэ макъым хуэкIуэрт, макъыр ин хъуа иужькIэ, псалъэхэр къыхэувэжырти, уэрэд нэс хъурт. А уэрэдыр гъащIэт, гъащIэм и сурэтт, гъащIэм и шатэ пхъафэт. Хьэфизым ар зэхихым гъащIэр илъагъунут, дэгум ар зэхимыхыу къэнэнутэкъым, бзагуэр къыдемыжьууэ пхуэубыдынутэкъым!.. А уэрэдым Залымджэрий едаIуэрт пщыхьэщхьэ къэс. Апхуэдэу къажэурэ къызэрысар имылъагъуу къуакIэ куу гуэрым щхьэщылъадэрти дыхьэжт, хьэуэ, шитIыр адэм хузэтемыубыдэу гур ирахьэжьэрти лъэтауэ ехт. Насып яIэти, дэжеижыпIэм къыщызэтеувыIэжырт: къуэм къыдэжым шыхэр зэтриубыдэжыфырт и адэм.

Адэм и шитIыр зэтриубыдэжыфырт, ауэ езым зэи и упщIэ пыIэр хуэубыдтэкъым – къуэм дапщэрэ дэлъэдами, апхуэдизрэ и упщIэ пыIэри щхьэрихт. Дапщэрэ пыIэр щхьэрихыхункIи, и адэр къешхыдэрт, «Iущ щхьэ зэ умыхъурэ?» жиIэрти, и уэрэдри абы дыщигъэтырти, къэнэжа гъуэгуанэр уэрэдыншэу къакIуэжт.

... ИджыкIэ езыри балигъ хъуащ, и адэм и уэрэдри хуэм-хуэмурэ щыгъупщэжащ.

Уэрэдыр щыгъупщэжащ, ауэ гъащIэм и лэжьыгъэ гугъуехь зэмыфэгъу къомым къыдэхуэу и закъуэ къэнауэ зыщигъэпсэхукIэ уэрэдыр игу къохьэри, къыхуэмыщIэж пэтми, абы кърриту щыта сабий гуфIэгъуэр гум щощIэж. ИтIанэ уэрэдыр къигупсысыжыну хуожьэри, зэныкъуэкъужурэ бэлыхьышхуэ и фэм докI.

Абы лъандэрэ куэд щIащ, ауэ иджыри къэс дахагъэрэ гуапагъэм и фащэ мыIуатэу и гум илъа уэрэдыр иджы занщIэу и щхьэм къищхьэрыуэжащ: и сабиигъуэр ныжэбэ пщIыхьэпIэу илъагъужри, и адэм и уэрэдым едэIуэжащ, къуакIэм щыдэлъадэм, уэрэдыр ину жиIэу къызэщыуащ...

Судыр зэраухам и хъыбарыр князь Орбелиани деж жьыIуэу нэсащ. ПцIы хэмылъу, куржыпщыр къэгузэващ: «ЯукIынкIэ Iэмал иIэкъым. Абы и кIэм емынэр къррикIуэнкIэ хъунущ. Езыхэр арэзыуэ къэкIуащ зэуэну мазихкIэ... Шуудзэм и зэблэхъу икIэщIыпIэкIэ къэмыгъуэтамэ, Iуэхур зэIохьэ – мазих къуаухылIэу къэкIуа кавказылIхэм пцIы ягу техуэнукъым, зыри и пIэ имыувэуи Iупш хъунукъым шуудзэ псо. Псори зи зэраныр зэуапIэм щыIа делагъэрщ: «Японыр пыIэкIэ идудыну» дызэригугъарщ. Хэт и гугъэнт мазихкIэ делIэлIэну... Щхьэ «мымэкъакъэрэ» иджыри!.. Дипломатхэри дэгъуэщ: Англиемрэ Америкэмрэ къыхамыгъэIэбэн яхузэфIэкIакъым. Сыту хъуми, аргуэру зы гуп къэшэн хуейщ шу езэшахэр зэблахъуну, абы и пэкIэ мы тIур къегъэлын хуейщ емыгъэукIауэ...»

Пщэдджыжьым Орбелиани Куропаткин деж кIуащ. Дзэпщыр и стIолым бгъэдэст, стIолым Iэмбатэу телъ тхылъымпIэхэм хэпэщэщыхьу.

– Фыузыншэну ди гуапэщ, зи щIыхь ин!

– КъыщIыхьэ, князь лъапIэ, тIыс.

Куропаткин и Iэр ишиийри Орбелиани шэнтыр иригъэлъэгъуащ.

– Алексей Николаевич, тIум «укI» тралъхьащ. Ар дауэ?!

– ТIум фIэкI яукIынукъэ?! МащIэщ, мащIэщ, князь лъапIэ, хуабжьу мащIэщ. ПщыкIущри укIын хуеящ. Адрей пехотэ батальонми зы пщыкIущ хэукIыкIын хуейщ хабзэм тегъэувэжын щхьэкIэ.

– Зи щIыхь ин, мазихкIэ зэуэну лIыщIакIуэ къэкIуащ ахэр. Мазихыр икIащ, лIыщIэр езыр-езыру хуит хъужащ, дэ ди Iуэху яхэлъыжкъым абыхэм дгъэзэуэнуи, я суд тщIэнуи, дукIын дэнэ къэна. Мыхъуххэну щытым законым ипкъ иткIэ суд трыращIыхь: законым укI трилъхьэркъым унафэщIхэм емыдэIуэну тIущ зэрызэгурыIуам щхьэкIэ. Абы къихьыр я нэхъыбэ дыдэр илъэсийщ, ауэ зыкIи укI къихьыркъым.

– Зиусхьэн генерал, уэрэ дэрэ законым хэтщIыкIым нэхърэ нэхъыбэ хещIыкI генерал Левашов – абы «укI» щатрилъхьакIэ, статья хуэфэщэни къахуигъуэтагъэнщ.

– Алексей Николаевич лъапIэ, а фоч уэ макъым и джэрпэджэжыр минкIэ нэхъ уэ макъ ину Кавказ къуршхэм щыIунущ. Ар сыткIэ ди сэбэп дэ?.. Сыт жаIэн ар зэхэзых дуней псоми? Абы нэхъей, газетхэм я жьэр пхуэубыдрэ?.. Дауэ къелыну ди щIыхьыр, лажьэ зимыIэ адыгэ егъэджакIуэмрэ шэшэн мэкъумэшыщIэмрэ

къэбубыдрэ букIым?! Хьэмэ адрей илъэс бжыгъэ къомыр дэнэ здэпхьынур?

– Езыхэм я лажьэжщ, князь, дэ лажьэ диIэкъым. Псом япэ лажьэ зиIэр а егъэджакIуэрщ – псоми гущIэгъу яхуэсщIами, егъэджакIуэр бутIыпщ хъунукъым, абы гущIэгъу хуэфащэкъым... НэгъуэщI Iуэху къысхуууиIэкъэ, генерал?..

Генералым и псалъэр Орбелиани пагэ и гум зэпхылъэтри къызэфIэуващ, честь иритри зигъэгусауэ щIэкIыжащ.

* * *

Залымджэрий къызэщыури бжэ щхьэгъубжащхьэм къыдагъэувыкIа дзэху тепщэчитIыр илъэгъуащ, гаолян кашэм бахъэ къыщхьэщихт, щIакхъуэ IыхьитIи бгъэдэлъыжу. Залымджэрий къэзыгъэушар къыгурыIуащ – тутнакъэщ кIэлъыплъакIуэм пщэдджыжьышхэ къихьати аращ къэзыгъэушар. ФIыуэ жея лIыр къызэфIэувэри и Iэпкълъэпкъ лъэщыр зэрылъэлъу зиукъуэдиящ, никIукI-къикIукIри щхьэгъубжащхьэм екIуэлIащ. Щхьэгъубжэ хъарым уафэ ныкъуэ къабзэрэ пщIантIэ зэлъыIухарэ къыдощ. Зэзэмызэ часовойр блокIри щхьэгъубжэр кIыфI къещI, ар блокIри уафэмрэ пщIантIэмрэ къыщIощыж. Камерэ зэвыр кърикIукI-никIукIыу дзэху тепщэчыр къещтэри кIуэрыкIуэм тетурэ ешхри тепщэчыр дапхъэм трегъэувэж, гупсысэурэ:



«Iэрыубыд! КъэувыIи егупсысыт а псалъэ шынагъуэм!.. Шагъдий емылыджым и пщэ кIыхь къуаншэм аркъэн щылъэдащ – Iэрыубыд! ЦIамгуу цIыкIум и лъакъуэр ялъахъэри къытрадзащ... – Iэрыубыд! Зыпылъым дэкIуэну зызыгъэхьэзыра пщащэ делэ цIыкIур щIалэжь гуп ирахужьэри лей ирахащ – Iэрыубыд! И кIэр пIэжьажьэу и анэ щIэф чыцIым быдзыр Iурачащ – ари Iэрыубыд!..»

Залымджэрий и нэгу къыщIоувэж Бытырбыху хьэкIэкхъуэкIэIуэм щилъэгъуа аслъэныр:

«ХьэкIэкхъуэкIэIуэм цIыху нэгузыужьакIуэр изщ, хьэкIэкхъуэкIэ Iэрыубыдхэри гъущIхъарым йобэмпIыхьри щхьэж зэрыхузэфIэкIкIэ и мыгъуагъэ трегъэуж езым и хьэрычэткIэ...»

– А-гъ-гъ-гъ-хьхь! – аслъэныр къэгъуахъуэри псэущхьэу Iуэм итыр игъэкIэзызащ, нэгузыужьакIуэхэри зы мащIэкIэ игъэдийри, я акъылым хуэшыр хэкIыжа нэужь, ар зэрышынагъуэ ауаныр къагурыIуэжащи, аслъэным дежкIэ ягъазэ. Аслъэныр гъуахъуэри тэджауэ лъагэу Iэта и гъущIхъарыIуэр зэхекIухь. ЙокIукI, къокIукI. Хьэуэ, цIыху гупсысэм ещхьу и щхьэр фIэлэлу къиджэдыхыркъым, плацым къыщызыкIухь сэлэту строевой лъэбакъуэ быдэкIэ тоувэ, хъар гъунэм зэрынэсу псынщIэу къеIуантIэри зэрыкIуэ лъэбакъуэ хуабжьымкIэ мыдрей гъунэм нэс къокIуэж, егъэзэжри мэкIуэж, и щхьэр лъагэу Iэтащ – зи хэплъхьэни хэпхыни щымыIэу сэлэтщ, зауэлIщ! Телъыджэщ, зауэлIщ: пхъашэщ, ябгэщ, лъэщщ, Iущщ, пагэщ! Зи щхьэхэр и лъакъуэм къэмыс цIыху зэхэвзэхэжьэм зэ къахэплъэну и щхьэ ирипэсыркъым, и щхьэр итIауэ маплъэ!

Хъуэпсэрынитыр дияуэ маплъэ, и щхьэр мыхъейуэ лъэ бланиплIым гъущIхъар гъунэм нахьэс, къагъэзэж, щхьэр хъейркъым, пщэгурыгъым зреIуэнтIыхьри зэрыщыта щытыкIэр имы-

хъуэжу и пIэм къонэж, нитIри зыхэт пщIыхьэпIэм къыхамыгъэщту ягъаплъэ. А нитIыр зэплъ пщIыхьэпIэр, дауи, дахэщ. Нагъуэ дахэшхуитIым ялъагъу дыгъэ къухьэну епэзэзэхыр, абы ирихьэлIэу къызыфIагъэщIу къыщIэкIынщ пщыхьэщхьэ щIыIэтыIэм шхэну къежьа псэущхьэхэр.

... Мес и щхьэр гъэкIауэ, нысащIэ кIуэкIэ ищIу, щыхьыр гъуейм къыхокI сакъыпэури, хуейм къохьэри, епщэурэ пщтыр ефэ щIыкIафIэу, зиплъыхьурэ хъуэкIуэн ирегъажьэ, тхьэкIумэкIыхьхэри удз цIынэм щызопкIэ, бажэр шэд Iуфэм шэджагъуэнэужь лъандэрэ фейдэншэу щощакIуэ... Езыр, аслъэныр, шэджагъуэ жейм къыхэушыкIауэ, зиукъуэдийщ, гурымри къыр пащIэм къытеуващи мэгъуахъуэ:

– А-гъ-гъ-гъхъхъ!

Щыхьыр гъуейм хэпкIэжауэ мэзыр щхьэрыхьу щIепщыкI, тхьэкIумэкIыхьхэр нэгъуэщIыпIэкIэ мажэ, номинхэр жыгым дэжеижащи кIэзызу мэгъынанэ, цIыхухэр (цIыхухэр!) ныбафэкIэ гъуэлъауэ къолъэIу:

– Уэ дэ ди тхьэу дэ дипщ, гущIэгъу къытхуэщI, ди лъэпкъ укъемыIусэ, ди щхьэфэр лъэгущIыхь пхуэтщIынщ, ди псэм и гугъу умыщI, дэрыншэуи пшхын бгъуэтынщ: мес, мэз бжэныр гуартэу джабэм кIэрытщ, кхъуэ зэрыбин гъунэгъу мэзым къыхэсщ, щыхьыр здэжар плъэгъуащ, зыри умыщIэу ушхэнум, мис ди тыхьри, мыр шхы, ауэ ди гугъу къыумыщI!

ЦIыху бын гъуахъуэу зэхэлъым я тхьэмадэр яхокIуэтыкI, Iэ къещIри мыщэ ныш быным къыхах, лIыжьым бгъэдалъхьэри псори мэбзэхыж. Аслъэным къелъагъу лъакъуитIкIэ къэзыкIухь «номин кIагуэхэри», мэгъуахъуэ:

– А-гъ-гъ-гъхъхъ!

– Уи къару лъэщым и щIыхьым ущIэдэIужыныр сыт хуэдэу макъамэ дахэ! Къырхэр мэдджыздж, мэгъуахъуэ, уэздыгъейхэр хьэуа толъкъуным зэрехуэ, джэрпэджэжым уафэр догъуагъуэ, мэзым щIэс хьэкIэкхъуэкIэр гужьеящи, я щхьэр зэрахьэ! Уи макъым пщIэ иIэн хуейщ ущылъэщкIэ!

– Аслъэныр тIэу-щэ къопкIэри, жьэгъу щыхупIэм къыIуопкIэ, и къару лъэщым тегушхуэныгъэу хэлъым езы дыдэр чэф ищIыжащи, гупсысэху мэпIащIэри жьэгъум къолъэ. Аслъэныр къуршым шабзэшэу къох. Хэт имыгъэунэхунрэт апхуэдэ гухэхъуэ! Иджыщ аслъэным и псынщIагъым и IэфIыр игу щынэсыр – бгъэ фIыцIэхэр шынауэ, щхьэрыхьу зэбгролъэтыкI. Аслъэныр щIым топкIэри, и къару иныр гуапэу IэпкълъэпкъкIэ зыхещIэж – зытехуа щIым шабзэкъуу яшэщIа жыр лъакъуиплIым къагъэлъеижри «номин кIагуэхэм» къыхуащIа тыгъэм хуолъэ, пкIэгъуэ бгъупщI нэхъ хуэмыхъуу, мыщэ хьэдэми нытолъэ, напIэзыпIэми зэпкъреуд. Аслъэным зигъэнщIащ, мыщэлри IэфIт, ауэ ар къэзыхьа «номин кIагуэхэм» я мэ гуащIэр щыуащи, аслъэн пэцыр иреч. Никъуэшхыр хьэIуцыдзхэм къахуегъанэри, цIыхумэм икуда лъагъуэм и щхьэр трех, щхьэукъуэу йожьэж, и гъуэгум къытехутэ бзу хьэгуагуэ нэгъунэ къыфIэлIыкIыурэ, ятемыплъэ щIыкIэ, толъэт. «Хьеуан Iейкъым а кIагуэхэр, ауэ къэвэреиIуэщ, нэплъыснэIусхэщ, итIанэ бамэ бзаджэ къакIэрех мыгъуэ», – жеIэ игукIэ аслъэн зызыгъэнщIауэ псафэ кIуэжым. «Сыт-

уи къэрабгъэ! Бамэ къызыкIэрих я лыр зыми зэрызэримыпэсыр ящIэркъым, тхьэмыщкIэ!..»

Аслъэным и гъэрэщ лъэгур лъэбакъуиплIым еух, къегъэзэжри а плIы гуэрыр къекIуж, аргуэру, аргуэру, «номин кIагуэхэм» къра-пэса лъэбакъуиплIыр нрекIукI-кърекIукI, ауэ и гур и нэм илъагъу къурш, мэзхэм щоджэгу, дыгъэ къухьэгъуэм къэхъей псэущхьэр гу-жьеяуэ зэрехуэ.

– А-гъ-гъ-гъхъхъ!

Аслъэным имылъагъу нэгузыужьакIуэхэр зэуэ къоскIэ, ауэ а макъым я щхьэ куцIым хихуэ хуэшыр псынщIэу хожыж: «Iэрыубыдщ».

– Плъагъурэ, пIытIэ, мыр «аслъэн» жыхуаIэращ.

Елъагъу, ауэ аслъэным ар къилъагъуркъым, аслъэным илъагъур и дуней хуитырщ, зыхуэпабгъэ хуитыныгъэрщ:

– А-гъ-гъ-гъхъхъ!

Хьэуэ, абы и гъуахъуэ макъым «ЦIыхул сшхарэт!» – жиIэу аракъым къикIыр, «Фу, цIыхумэ!» – жи...

Залымджэрий зыри жимыIэу щIакIуэм тесу гупсысэ Пашэ теп-щэчыр хуигъэуващ:

– Шхэ, Пашэ, ныбэ нэщIым гупсысэх уещI.

Щысу тIэкIу щхьэукъуа мыхъум, судым къызэрырашыжрэ мы-жея лIы гупсысэр къызэщыури бжьакъуэ бжэмыш хужь и лъейм къыдихащ. Ар щIакIуэ кIапэм трилъхьэри IэгуитIыр шияуэ къулъ-хуолэ къеджащ:



*Къулъхуу алахьу ахьэд,*
*Алахьу щэмэд,*
*Лэм елид.*
*Уэлэм юлэд,*
*Уэлэм екун лахьу,*
*Куэф уэн Iэхьэд,*
*Iэлахьу ачбэр!*

Залымджэрий къэувыIэри, къулъхуолэ къэзыбж и щыпэлъагъу хуэдэу, еплъурэ едэIуащ, Пашэ къурIэныбзэр къибжын иухыу шхэн щIидза иужькIэ, езым унэ зэвыр къызэхикIухьын иригъэжьэжащ, и нэгу щIэкIыжа аслъэным и къэкIухьыкIэм ещхьу:

«ЦIыху, цIыху! Усыт уэ: алыхьым урищыуагъэ, хьэмэ приро-дэм уриалыхь? Дуней зэрыпхъуэ зауэр щыбгъэту сытым щыгъуэ факъырагъэм ебэнын зауэм щыщIэбдзэнур? Хьэуэ, лъы гъэжэнкIэ уIыхьэншэкъым, псом хуэмыдэжу ди хэкум. ХъунщIакIуэм еукI, езыри яукI, бийм и бийр еукI. Сыт а тIур щIызэбийр? ЛъэпкъитI игъащIэ лъандэрэ зэбийщ, щIызэбийр зыщIэж лъэпкъитIми яхэ-мытыж щхьэкIэ: пасэ зэманым тIу зэфIэнэрэ зым адрейр иукIамэ, яукIам и Iыхьлым и бынхэм зыукIар яукIыжащ, а зыукIыжар яукIыжам и бынхэм яукIыжащ, апхуэдэурэ илъэсищэ бжыгъэкIэ зэ-пыша зэрыукI кIыхьу укъуэдиящ а лъыщIэж Iуэхур. Иджы зэрыукIын хуей щIэхъур цIыху щIыхьырщ, цIыху гъащIэрщ...

ЦIыху гъащIэ! ЦIыху гъащIэр сыт езыр зищIысыр? Укъалъху, уопсэу, уолIэж, ара цIыху гъащIэр? Аращ, ауэ «упсэум» сыт къикIыр, ара гъащIэри? Сэ цIыхуу сыкъигъэщIри зысцIыхужащ, зысцIыхужам

къыщымынэу, дуней псом тетым нэхърэ нэхъыфIу зыслъагъужащ, сызэхъуэпсэжащ. Апхуэдизк Iэ сызэхъуэпсэжащи, а си щIасэм къеIусэм емынэр и унэ ихьащ. Ауэ ар къызэзытам сIихыжынущ, селъэIуми, сеубзэми, Iулъхьэ естми – псори мыхьэнэншэщ, абы ухэзэгъэнукъым, сэ зыстрехыжри зыри симыIэжу сыкъызыхэкIам сыхохьэж – утыкур зэхуэкIуэжащ, гъащIэ жыхуаIэри аращ, фIыцIэшхуитIым: гъунэ зимыIэ «япэ» кIыфIышхуэмрэ кIэ зимыIэ «иужь» фIыцIэшхуэмрэ яку къыдэлыдыкIа нэху къэблэгъуэщ. А абрагъуитIым яку дэт напIэ зэтехыгъуэр хуиту къигъэщIэн хуейщ цIыхум, нэгъуэщI мыхъуми, зы цIыхум адрейм лей иримыхыу. Лейр гъу хъунукъым – цIыхум и лейр игъэгъум, ар цIыху нэскъым. Сыт лейр? Лейщ уи мэжаджэ Iыхьэ нэгъуэщIым птрихым, уи напэ уэ пхуэдэлI къеуэм, лейщ зыгуэрым ухуэлажьэрэ уи пщIэнтIэпсыр абы ишхым, лейщ нэгъуэщI лъэпкъым уи лъэпкъыр лъэщыгъэкIэ иубыду игъэпщылIыну...»

Шхэн зыуха Пашэ и Iэлъхьэм щтэ макъым зэпиудащ Залымджэрий и гупсысэр:

*– Бисмыллахьи рахьманрэхьим,*
*Алъхьэмдуррилахьи*
*Хьэбил хьэламина,*
*Iэрэхьманирэхьим*
*Маличи йомидини,*
*Иячa нахь буду,*
*Уэяча настэхьину,*
*Их ди нэщ щира етIэл,*
*Щирэ атIэл лэзи,*
*Iэнхьэмтэ элепим,*
*Гъэрил махь дуби алехьим*
*Уэлэдалин. Амин.*

Залымджэрий къэувыIэри имыцIыхуж хуэдэу тэлайкIэ Пашэ еплъа иужь, абы ищIэр къыгурыIуэри, езым и гупсысэнми щIидзэжащ.

«... ЦIыхум пщIэ иIэн хуейщ зэрыцIыху къудейм щхьэкIэ, ауэ утхьэмыщкIэу уи щIыхьыр хъумэжыгъуейщ, ауэ къулейуэ, лъэщу, тепщэу куэд къызэтенэркъым и пIэ итыжу, зыкъыфIэмыщIыжу, лей зэрихьэну хуемыжьэуи. Нэхъ гугъужщ лъэпкъ цIыкIум и пщIэрэ и щхьэрэ ихъумэжыну, лъэпкъышхуэм, лъэпкъ тепщэм, захуагъэ IэщIэлъ лъэпкъ цIыкIухэм кIэлъызэрихьэну. Укъаруушхэрэ уцIыкIуу, уи пщIэ пхъумэжыфынур ар насыпышхуэщ! Ар алыхьым уафэм кърыдзыхыркъым – къэзэун хуейщ...»

IэуэлъауэшхуэищIу бжэр Iуахри, гъэритIыр щIыбым щIашащ, мыгувэуи къыщIашэжащ. Парашэр ягъэувыжри зэгъэжа иужь, Залымджэрий гупсысэн щIидзэжащ:

«Къалъхуар мэлIэж, ауэ лъэужь дунейм къытенэн хуейщ, къуэпс щIым щыIэн хуейщ. Сэ си къуэпси къытонэ. Ар къыдэжыжынщ. Къыдэжыжым, си лъэужьым ирикIуэнщ. ИрикIуэн хуейщ, ди адэм IумпIафIэ имыщIу IэщIэкIыу щытым. Абы къигъэдэIуэфу щытым, нэгъуэщI лъагъуэ теувэнщ – зи щхьэ Iуэху зезыхуэ щхьэхуещэу зы щIалэ къыкъуэувэнщ ди адэм... Тхьэм ещIэ ар зэрыкIуэн лъагъуэр. Дауэ хъуми, абыи уахъты иIэщ, ауэ абы и къуэжи дунейм

къытринэн хуейщ. Дауэ хъун къуэпсыншэу, уи лъэужь лъэпкъ дуней псом къытумынэу утекIуэдыкIыжын! Ар емыкIущ, насыпыншагъэм и мызакъуэу. Таукъан и къуэпс дунейм къытелъэдэжу щытым – сэ сыкъыдэжыжауэ дунейм сытетщ. Тхьэм ещIэ а къуэпсым фIащын? «Залымджэрий» фIащыжу щытым, абы щыгъуэ си гъащIэр кIыхь хъуащи, дапщэрэ самыукIми, сахуэукIакъым пащтыхьымрэ пщыхэмрэ...»

Часовойр щхьэгъубжэм къекIуалIэри къыдэплъащ, асыхьэтуи IукIыжащ.

– Сыту пIэрэ зыхуейр, нысащIэ щIэс и гугъэу пIэрэ? – къыхэшхыдыкIащ Пашэ, ауэ адрейм зыри къыщыпимыдзыжым увыIэжащ, ЗалымджэриикI и гупсысэр зы теувыIэпIэ гуэр нигъэсым нэхъ къищтащ, шхыдэ мыхьэнэншэ нэхърэ:

«БлэкIа зэман кIыфI абрагъуэмрэ уи ужькIэ къэкIуэну кIыфI гъунэншэмрэ яку дэхъуэпскIыхь нэху напIэзыпIэщ гъащIэр. А нэхур щынапIэзыпIэкIэ, нэхъ нэхуу зэрыблэным щIэбэнын хуейщ, уи хъуреягъыр игъэнэхурэ уи гъунэгъухэр игъэхуабэу, кIыфI гъунэншитIыр зэкIэщIигъэкIуэтрэ утыкур нэхъ ину игъэнэхуу... Си щхьэкIэ си гъащIэ кIэщIым зытезгъэгусыхьыркъым, ауэ иджыпсту дыдэ мыункIыфIатэмэ, дебэнынт кIыфIым... Минрэ щийрэ хыщIрэ пщыкIублым сыкъызэщIэнам, минрэ щибгъурэ плIы гъэм соункIыфIыж. Гъунэ зимыIэ зэманым елъытауэ, ар напIэзыпIэщ. А напIэзыпIэми ямылей пхуэщIэнукъым, ауэ, бетэмал, нэхъ Iуэхушхуэ Iуэ тхуэщIэн хуеящ, гъащIэм иубыд зэман мащIэр нэхъ ин ищIу. Зэманыр ин зыщIыр а зэманым къыщыхъуа Iуэху инырщ, псалъэм щхьэкIэ, илъэс ныкъуэ хъу революцэр къызэрыгуэкI илъэсипщI, тIощIхэм я пIэ ибгъэувэ хъунущ.

Сыту щымытми, мыращ, зэрыхъур...»

АдэкIэ и гупсысэр макъкIэ жиIэу щIидзащ, Пашэ епсалъэ теплъэ иIэу:

– Зи гъащIэр къызэкуэдэкI щыIэкъым, къызэмэщIэкI нэмыщI. Ажалыр лъагъугъуафIэкъым, ауэ ажалым нэхърэ нэхъ лъагъугъуейщ ер еуэ къыбгурымыIуэжу дунейм укъытенэну, ем щхьэкIэ фIыщ жыпIэу Iэ дэплъэу упсэуну. Абы нэхърэ ажалыр нэхъ дахэщ, зы ажал закъуэщ щыIэри...

Пашэ зригъэдаIуэр имыухыу бжэр къыIуахри сэлэт хъумакIуэр къыщIыхьащ:

– Зывгъэхьэзыр, къыводжэ.

Залымджэрий сыхьэтым еплъри тIу хъуат, судым зэрашэр къищIащ. ЕкIуу зихуапэри, Паши тIэкIу телъэщIыхьыжащ, гъуэгум къыщызылъагъухэм тхьэмыщкIафэ къызрырамыгъэплъыну, шынагъуэм зэкIэлъымыкIуэ ищIаифэ къатемыуэн хуэдэу зызэрагъэпэщащ.

«Насыпыншагъэм деж уи пщIэр хъумэжыгъуейщ, тхьэмыщкIафэ къыптеуэнущ, цIыхур щыщыкIым деж и нэмысыр зэрыхуэмыIыгъыжым ещхьу. ЦIыху нэскIэ узэджэ хъунур насыпыншагъэм цIыхуу къэнэжын зэфIэкIыр алыхьым лъэкIыныгъэу зритаргщ – адрейхэр джэгущ...»

Залымджэрийрэ Пашэрэ зым зыр зэпиплъыхьыжри, я теплъэм темыукIытыхьын хуэдэу къалъытэри, тутнакъэщыбжэм екIуэлIащ.

* * *

Залымджэрийрэ Пашэрэ къыщIашри пщIантIэм дашащ. ПщIантIэм адрей гупыр щызэхэтт. Сэлам зэрахри, уэрамым дашащ.

Жьы къепщэрт, пшагъуэ къихьу, уэрамым военнэрэ китай цIыхурэ щызекIуэрт. Китайхэм бэльто-абэ дыта ящыгъхэт, вакъэ хуабэ ялъыгът. Судым яху гупым цей ящыгът, бгырыпхыншэу, хъурыфэ пыIэ фIыцIэ ящхьэрыгът, хэт лъей зэфIэт, хэт шырыкъу ялъыгът. Залымджэрий и теплъэм зихъуэжатэкъым. Хьэтуей, Бэчыжьхэ я нысашэм, къызэрыщыфам ещхьу, лъэбакъуэ щабэкIэ дахэу бакъуэу, и Iэпкълъэпкъ лъэщыр цей бгырыпхыншэм къеныкъуэкъуу, бгы псыгъуэу, плIабгъуэу, къаплъэн теплъэу япэ иту кIуэрт. Пашэ абы я ужь итт, адрейхэр абы кIэлъыкIуэт. Суд унэм нэсри щIашащ. Дыгъуасэ ещхьуи ягъэтIысащ, пащтыхь сурэтым пэщысу, военнэхэр зожэ, тхылъымпIэ зэрахьэу, часовойхэр жауэ къащхьэщытщ, пащтыхьыр щысым къахоплъэ, щысхэри пащтыхьым и пащIэ къуацитIым йоплъ.

– Судыр къокIуэ, фытэдж! ЗанщIэу!

Дыгъуасэреищ гуэрыр пащтыхьым и пащхьэм къиуващи, пащтыхьым и цIэкIэ адыгэхэмрэ шэшэнхэмрэ я приговорым къоджэ генерал-майор Левашов:

– Приговор. Зи щIыхьыр ин пащтыхьым и унафэкIэ 1904 гъэм, ноябрым и етхуанэ махуэм Маньчжур дзэм и суд Мукден къалэм дэсым, суд тхьэмадэу генерал-майор Левашов иIэу, суд зэIущIэ зэIухакIэ, мыхэр хэсу: пIалъэкIэ хэтхэу 53-нэ лъэсыдзэ Волынскэ полкым и подполковник Солтановскэмрэ капитан Соржинскэмрэ, прокурор къалэныр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ подполковник Кузовлев, абы нэмыщI секретарь къалэныр зыгъэзащIэ зиусхьэн Щебровскэр щIэсу, едэIуащ Тэрч-Кубань шуудзэ полкым и IуэхущIэ нэхъыщIэхэу: приказнойхэу КIэрэф Залымджэрийрэ Тасмахилов Пашэрэ, шухэу: Гъуэгузокъуэ Вэрокъуэ, Шэт Батырбэч, Нэгъуей Лъостэн, Къармэ Бэчмырзэ, Сусаев Асухъан, Кадыров Докай, Эльжаев Дудухъан, Арсанов БийсультIан, Гиреев Тайсум, Саабулаев Ахъмэтыкъуэ сымэ судым щIрата восстанэр къаIэтауэ зэрагъэкъуаншэ Iуэхум.

ТхыгъэкIэ нахуэ къэхъуам къыхощ ягъэкъуаншэхэм теухуауэ мыхэр:

Приказной КIэрэф Залымджэрий, Тэрч областым щыщ адыгэ уэркъхэм къахэкIащ, илъэс 35-рэ мэхъу, 1904 гъэм апрелым и 3-м къулыкъум хыхьащ; приказный Тасмахилов Пашэ, шэшэнщ, Тэрч областым щыщщ, илъэс 36-рэ мэхъу, 1904 гъэм мартым и 30 лъандэрэ къулыкъум хэтщ; шухэу: Гъуэгузокъуэ Бэрокъуэ, Тэрч областым щыщ адыгэ уэркъхэм къахэкIащ, илъэс 35-рэ мэхъу, 1904 гъэм апрелым и 3 лъандэрэ къулыкъум хэтщ; Шэт Батырбэч, адыгэхэм ящыщщ, илъэс 35-рэ мэхъу, 1904 гъэм апрелым и 3 лъандэрэ къулыкъу ещIэ; Нэгъуей Лъостэн, Тэрч областым щыщ адыгэщ, илъэс 25-рэ мэхъу, 1904 гъэм, апрелым и 3 лъандэрэ къулыкъум хэтщ; Къармэ Бэчмырзэ, Тэрч областым щыщ адыгэ уэркъхэм къахэкIащ, илъэс 25-рэ мэхъу, 1904 гъэм и апрель мазэм и 3-нэ махуэ лъандэрэ къулыкъу ещIэ; Сусаев Асухъан, Тэрч областым щыщ шэшэнщ, илъэс 40 мэхъу; Кадыров Докай, Тэрч областым щыщ шэшэнщ; Эльжаев Дудухъан, Тэрч областым щыщ шэшэнщ, илъэс 25-рэ мэхъу; Арсанов БийсультIан, Тэрч областым щыщ шэшэнщ, илъэс

40 мэхъу; Гиреев Тайсум, Тэрч областым щыщ шэшэнщ, илъэс 30 мэхъу; Саабулаев Ахъмэтыкъуэ, Тэрч областым щыщ шэшэнщ, илъэс 24-рэ мэхъу; суд зытращIыхь шэшэн псоми 1904 гъэм апрель мазэм и 30 лъандэрэ къулыкъу ящIэ. Суд зытращIыхьхэм ящыщ зыми зэи япэкIэ суд тращIыхьакъым; зыми орден е нэгъуэщI дамыгъэ иIэкъым.

Iуэхум едэIуа иужь, судым къуаншэу къилъытащ суд зытращIыхьхэу: приказнойхэу КIэрэфымрэ Тасмахиловымрэ, шухэу Гъуэгузокъуэр, Шэтыр, Нэгъуейр, Къармэр, Сусановыр, Кадыровыр, Эльжаевыр, Арсановыр, Гиреевыр, Саабулаевыр. Зауэм хэт дзэм щыщыIэ гугъуехьымкIэ мыарэзыхэу, зауэм зэрыщыгугъа фейдэр къыщыпымыкIым, езыр-езыру, полкым щыщ нэгъуэщI шухэри ящIыгъуу, ахэр зэгурыIуащ начальникхэм я зы унафи ямыгъэзэщIэну, къулыкъум ехьэлIауэ, ар къулыкъум зэрыхагъэкIыжын Iэмалуи къагъэсэбэпыну. А мурадыр яIэу, минрэ щибгъурэ плIы гъэм и октябрь мазэм и пщыкIущ махуэм полкым и командирым унафэ ищIар, шым уанэ тралъхьэу, полк псом хэту бийм ебгъэрыкIуэныр, ягъэзэщIэн ядакъым – шым уанэ тралъхьакъым. Ахэр яущиину унафэщIхэр сыт хуэдизкIэ яужь имытами, зыри къикIакъым, иджыри къыздэсам сыт хуэдэ къулыкъу къалэни ягъэзэщIэн ядэркъым. Абы нэмыщIкIэ, судым къилъытащ приказной КIэрэфым, адрейхэм ящIыгъуу преступление зэрищIам имызакъуэу, судым иджыри ирамыта нэгъуэщI цIыху гуэрхэм ящIыгъуу полкым и шухэм псалъэмакъ щигъэIуауэ, абыхэм преступление яригъэщIэн мурад иIэу, пащтыхьым унафэ къита хуэдэу шухэр яутIыпщыжыну, абы къыхэкIкIи шухэр ягъэкIуэжыну дэуэнхэу хуитыныгъэ яIэ хуэдэу. Адрей суд зытращIыхьхэм ящыщ гуэрхэр мы Iуэхур зэхэзышахэм ящыщу къыщIэгъэща хъуауэ щымыт пэтми, Тасмахиловыр, Сусаевыр, Гъуэгузокъуэр, Арсановыр мы зэгурыIуэныгъэм зэрыхыхьа къудеймкIи адрейхэм щапхъэ яхуэхъуу Iуэхум дэIэпыкъуэгъу хэхъухьауэ къэлъытапхъэщ, сыту жыпIэмэ, абыхэм преступлениер къызэтрагъэувыIэфыну щытащ; суд зытращIыхь адрейхэр япэхэм яужь иту кIуащ, я ныбжьэгъухэм зыкъыкIэрагъэхум яфIэигъуэу; Гъуэгузокъуэм ищIа щIэщхъур зыгъэщабэ Iуэхугъуэу къэлъытэн хуейщ абы къуаншэу суд пащхьэм зэрызыщилъытэжар, Гиреевым, Шэтым, Нэгъуейм, Къармэм, Кадыровым, Эльжаевым, Саабулаевым я псынщIагъэмрэ я жэхьилагъымрэ къыхэкIыу Iуэху щIэщхъум адрейхэм ящIыгъуу хэпщIа зэрыхъуар. Мы Iуэхур зэхьэлIа хъуну преступлениер къэгъуэтын хуей щыхъум деж, судым къелъытэ: суд зытращIыхьхэм къагъэпIейтея апхуэдиз зи инагъ хъу гупышхуэ IэщэкIэ зэщIэузэдам лей зэрахьэнкIэ шынагъуэ щыIа пэтми, лей зэрахьэн дэнэ къэна, а мурадыр яIэххакъым. Апхуэдэу щыт пэтми, езыхэм я мурадыр, къулыкъум емызэгъыр, начальствэм ирагъэгъэзэщIэн щхьэкIэ яхэлъа ерыщагъ къудейм езым шынагъуэ хэлъщ. Абы щIыгъуу, къулыкъум и къалэн нэхъыщхьэ дыдэр къызэрызэпаудар, армэ псом и курыкупсэм хэту бийм ебгъэрыкIуэну зэрамыдар, бийм и гъунэгъу дыдэу щыту, суд зытращIыхьхэм ялэжьам полкым къыщымынэу, атIэ нэхъ жыжьэIуэ нэсу зэгурыIуэныгъэр армэм къыщызэпаудынкIэ хъуну зэрыщытыр суд зытращIыхьхэм ялэжьа фэбжьым и нэхъыщхьэ дыдэу мэув. Судми къелъытэ абы ялэжьар... цIыхуий е нэхъыбэ хъууэ начальствэм пэрыуэну е къулыкъу къалэныр къызэпаудыну восстанэ наIуэ къэзыIэтауэ ябжым

хуэдэу, абы и тезыруи къыпокIуэ бгъэдэлъ псори къытехауэ укI телъхьэпхъэу. Преступление зыщIар командэ псо я ныкъуэ хъумэ, е суд зытращIыхьыр куэд дыдэ хъумэ, законым зэрыжиIэмкIэ, тезыр зытралъхьэр зэхэзышарщ, тезыгъэгушхуарщ, зэщIэгъэстакIуэрщ, нэгъуэщI нэхъ къуаншэхэрщ, ещхьыркъабзэу, начальникхэмрэ къулыкъукIэ нэхъыжьхэмрэщ, ахэр нэхъ къуаншэу щымытахэми. Адрей нэгъуэщIхэм я къуаншагъэм пэкIуэ тезырыр къэзылъытэр судырщ. Суд зытращIыхь КIэрэфымрэ Тасмахиловымрэ я къулыкъуцIэмкIэ адрей суд зытращIыхьхэм нэхърэ нэхъыщхьэу зэрыщытым къыхэкIкIэ я къулыкъумрэ я зэхэщIыкIымрэкIэ зэрынэхъ лъагэр адрейхэм щапхъэ яхуэхъуащ, КIэрэфыр, абы нэмыщIкIэ, Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэу щытащ. Абы къыхэкIкIэ судым хуиту зыкъилъытэжащ... КIэрэфымрэ Тасмахиловымрэ къулыкъум хидзыну, къулыкъуцIэ зэрахьэр яIихыжыну, хуитыныгъэрэ щытыкIэу яIэ псори къатрихыу укIкIэ я суд ищIэну. Абы нэмыщI, Сусаевымрэ Арсановымрэ, шухэм пщIэ зыхуащIу зэрыщытам къыхэкIкIэ, адрейхэм нэхърэ нэхъ яхузэфIэкIыну щытащ щIэщхъур къамыгъэхъуну, апхуэдэу щыт пэтми, езыхэр абы хыхьэри адрейхэри трагъэгушхуащ, щIэщхъу ящIэну. Абы къыхэкIкIэ судым къелъытэ Iуэхум хэта адрейхэм нэхърэ а тIум тезыр нэхъ ткIий яхуэфащэу, икIи ятрелъхьэ хуитыныгъэ щытыкIэу яIэ псори къатрихыу илъэс пщыкIуийкIэ каторгэ лэжьакIуэ Сыбыр игъэкIуэну... Я тезырыр зыгъэщабэ Iуэхугъуэхэр къилъытэри, суд зытращIыхь Гъуэгузокъуэм, пщIэ зыхуащI цIыхухэм щыщу къыщIагъэкIа пэтми, Гиреевым, Шэтым, Нэгъуейм, Къармэм, Кадыровым, Эльжаевым, Саабулаевым сымэ судым ятрилъхьащ дэтхэнэми хуитыныгъэрэ щытыкIэу яIэ псори къатехауэ, илъэс пщыкIутIкIэ каторгэ лэжьакIуэ игъэкIын хуейуэ, 22, 23, 25, 27, 28 улож. о как. уч. к испр. з судым унафэ ищIащ:

1) Суд зытращIыхь, приказнойхэу Залем-Герей КIэрэфымрэ Пашэ Тасмахиловымрэ дзэ къулыкъум хэдзын, дзэцIэу яIэр къатехыжын, хуитыныгъэ щытыкIэу яIэр къайIыхауэ фочкIэ укIын;

2) Суд зытращIыхь шухэу Сусаев Асухъанрэ Арсанов БийсулътIанрэ дзэ къулыкъум хэдзын, цIэуэ дзэм щызэрахьэр къатехын, хуитыныгъэрэ щытыкIэу яIэр къайIыхауэ илъэс пщыкIуийпщыкIуийкIэ каторгэ лэжьакIуэ игъэкIын;

3) суд зытращIыхь шухэу Гъуэгузокъуэ Бэрокъуэ, Гиреев Тайсум, Шэт Батырбэч, Нэгъуей Талъостэн, Къармэ Бэчмырзэ, Кадыров Докай, Эльжаев Дудухъан, Саабулаев Ахъмэтыкъуэ сымэ дзэм хэдзын, цIэуэ дзэм щызэрахьэр къатехын, хуитыныгъэрэ щытыкIэу яIэ псори къайIыхауэ каторгэ лэжьакIуэ илъэс пщыкIутI-пщыкIутIкIэ игъэкIын.

4) мы приговорым хабзэкIэ хуитыныгъэ игъуэта нэужь, лъэсыдзэуи тенджыз къарууи Японым пэщIэт псом я командующэ нэхъыщхьэр хэплъэжыну и пащхьэ илъхьэн.

Тхьэмадэр – генерал-майор Левашов,

секретарыр – Щербовский.

Залымджэрий а псом гупсэхуу едэIуа иужькIэ, «дыгъуасэрей махуэмкIэ приговорыр ятхащ» жиIэри игу къэкIащ.

Генерал-майор Левашов суд зытращIыхьахэр иригъэдаIуэрт сыт зэманым къриубыдэу икIи сыт хуэдэ хабзэм тету тхьэусыхэжынуми.

Залымджэрий и щхьэр къиIэтри Тамбий Данил Iуплъащ, занщIэуи игу къэкIыжащ зэгуэрым зэхихауэ щыта псалъэр: «емыфэемышхэ, дыхьэшхыкIэ зымыщIэ, щIасэ зимыIэм къыуимыщIэфын щымыIэ».

Суд зытращIыхьахэр тутнакъэщым яшэжащ.

Залымджэрий тIысри Хъадижэт письмо хуитхащ.

«Хъадижэт, си псэм хуэдэ, арауэ къыщIэкIынщ зэдэдгъэщIэнур зэрыхъур. Уи щIалэгъуэрэ уи дахэгъуэу закъуэ узэрысщIым щхьэкIэ губгъэн къысхуумыщI – нэгъуэщI Iэмал сиIакъым, нэгъуэщI гъуэгуи згъуэтакъым. Си лъагъуэм сызыхуишар лъэмыж зытемылъ щыхупIэщ, къикIуэтыпIэ иIэжкъым. А щыхупIэм лъэмыж тралъхьэнщ цIыхуми, лъагъуэр гъуэгу ящIынщ дэкъузауэ ягъэпсэухэмрэ ягъэикIэурэ зигу зэщагъэуахэмрэ. Дэ япэ дищащи дыхокIуадэ, – сыт щыгъуи псыпэр щIым зыщIеф – ауэ ди яужь итхэр а щыхупIэм щызэпрыкIкIэ ягу къэкIыжынщ абы дызэрыдэлъыр, зэпрыкIыу дуней дахэ техьэжа иужькIи, псалъэ гуапэкIэ, псалъэ IэфIкIэ ягу дыкъагъэкIыжынщ. ЦIыхум и гуфIэгъуэм деж игу укъэкIыжым, умыпсэужми, упсэущ. Ар си IуэхукIэ. Уэр щхьэкIэ сэ унафэ схуэщIынукъым – уи щхьэ ухуитыжщ: уэ ущIалэщ, удахэщ – ущыс хъуну къыщIэкIынкъым, ущысыпэнуми, ущагъэсынкъым. ЦIыкIухэр зыщумыгъэуж, дэнэ укIуэми, уэ уамыгъуэтыжым, зеиншафэ къатеуэнщ, зеиншэпсэ яхищIэнщи – кIуэдахэщ. Iэмал зэрыбгъуэткIэ зеиншэ зэрымыхъуным яужь ит. Сабийм ятеухуауэ ди адэм къыпхуищI унафэм уедаIуэм, ахэр зеиншэ зэрымыхъун яужь ар итынщ. СамыщIыхужми, Хуцкэ сыщыгъупщэнкъым, ауэ Таукъан сищIэжынкъым, сащумыгъэгъупщэ, нэгъуэщIым къыжраIэ нэхърэ, уэ яжепIэр нэхъ я фIэщ хъунщ. НасыпыншэцIыкIуитI, хьэуэ цIыкIуищ – ещанэм сыкъилъагъуххакъым – тхьэм ещIэ абы я насып зэрыхъун!

Ди адэм сэ хуэстхащ письмо, ауэ ди анэми, си шыпхъухэми, си къуэшхэми сэлам уэ схуехыж, сазэрыхуэарэзыри яжеIэж, ягу сыкъыщыкIкIэ сынэщхъыфIэу фIэкI ягу сыкъамыгъэкIынуи схуайлъэIуж...

Арауэ къыщIэкIынщ сэ мы «дуней» жыхуаIэм си зэман Iыхьэу хэлъыжыр, лъэIу тхылъ гуэри езгъэтхыжащ уэчылым пащтыхьым деж, ауэ абы къикIынIауэ къыщIэкIынкъым: Урысейр революцэм зэщIещтэ, ар ирагъэункIыфIыну дэ тхуэдэ куэд пшэрыхь ящIыну къыщIэкIынщи, дэ дыпшэрыхьщ, ауэ ди лъым революцэм и мафIэр игъэункIыфIынукъым – нэхъри къызэщIигъэнэнущ. А мафIэм пащтыхь тажри а тажым еуфэфэкI IэпэлъапашхэхэрихисхьаиужькIэ, къэунэхуну гъащIэ дахэм си бынхэр хуиту хэшэ, я Iыхьэ зэрыхэлъыр я фIэщ хъуауэ, я унэ кIуэж хуэдэу. ИтIанэ сэ саукIакъым.

«НакIуэ», жаIэу къызэджэху сыухынтэкъым уи письмор, апхуэдизкIэ сыпщIэбэгыу, зыпщызмыгъэнщIауэ дунейм укъытызонэри, ауэ кIэ иIэн хуейщ, сэри кIэ сиIэну сыгугъатэкъым апхуэдэу псынщIэу, уэ укъызогъанэ, ди бынхэр пщIыгъууи, ар си гурыфIыгъуэщ. ИтIанэ, уи бэлътокур мыкIуэдауэ сIыгъщ – ар здызохьри сызэшынкъым, умыгузавэ...

Узыншэу, си псэу дунейм къытезнэхэм я нэхъыщхьэ!

**Залым-Джэрий 7/XI-04 гъ.»**

* * *

Уэчылым итхыж тхьэусыхафэ, Iыхьлыхэмрэ ныбжьэгъухэм яхуитх письмо сытхэм Залымджэрий хэтурэ махуитIи-щыи дэкIащ приговорым къеджэжа иужькIэ.

Ноябрь мазэр махуэ пщыкIубл щыхъум, пщэдджыжьышхэм иужькIэ часовойм бжэр къыIуихри, къэджащ:

– КIэрэф Залем-Герей, уи хьэпшыпыр пIыгъыу къыщIэкI.

Залымджэрий къаскIэри, Пашэ еплъащ, Пашэ къыщылъэтри тIэу-щэ кIэрэхъуащ.

Залымджэрий хуэмурэ тэджри и хьэпшыпыр зэщIикъуащ, щIакIуэм кIуэцIишыхьыжри Iэ сэмэгумкIэ иIыгъыу камерэкум къиуващ:

– Аращ, Пашэ, щIыгум щызгъэщIэнур зэрыхъур. Си ужьыр адыгэпщхэмрэ урыс пащтыхьхэмрэ алыхьым мыгъуэ яхуищI, жэуапыншэу лей зрахым си ужьыр махуэ тхьэм фхуищI, Пашэ! Хэт ищIэрэ, мы хьэщхьэрыIуэхэм уакъел хъужыкъуэм, си бынхэм сэлам схуехыж, сэ сымыгъуэтар насып яхуэхъуну схуехъуэхъуж. Си фызым сэ сымыгъэщIар игъэщIэжыну сызэрыхуэлъаIуэр жеIэж... УаIэщIэмыкI хъужыкъуэм, ди насыпыншагъэ зыщи, а дыздэкIуэм хабзэ гуэр щыIэр пэжым, напэ къабзэкIэ дыщызэхуэзэжынщ. Умыгухэ, Пашэ, лIым нэпс щIигъэкIыркъым.

ЛIитIым IэплIэ зэхуащIыжри Залымджэрий щIэкIащ, Пашэ и нэпсыр щIилъэщIыкIыу къыщIинэри.

СэлэтитIым яку дэту пщIантIэм дашэри гу зэщIэщIам ирагъэтIысхьащ, къэзакъ взвод я ужь иувэжри къалэ уэрамым дашащ. Уэрамым зыхуэзэ псори къэувыIэурэ къеплъу къалэ гъунэ гуэр яшэри ауз Iуфэм къыщыувыIащ. Гъэрыр гум кърашри аузым дашащ. ДыхьэпIэм деж подполковник Кузовлев яхэту сэлэт гуп цIыкIу зэхэтт. ЧасовоитIым гъэрыр абы ирашалIэри къызэрашамкIэ хъыбар ирагъэщIащ, хабзэм тету. Аузыкум ит пхъэшыкъу гъэщIэгъуэным ирашэлIэну унафэ ищIри, Залымджэрий яшэу къагъэувыIа иужь, езыри тIэкIу екIуэталIэри, приговор гуэрым аргуэру къыхуеджэжащ Кузовлевыр:

– «... КIэрэфыр зэрагъэкъуаншэр преступление ищIэну акъылэгъу зэрыхъуа къудейркъым, атIэ судым кърамышэу къэна нэгъуэщI цIыхухэм ящIыгъуу шухэм хъыбарыпцI яхуиIуатэу, пащтыхьым шухэр кIуэжыну хуит ищIыжа хуэдэу яжриIэу ахэр преступление ящIэну къызэрыхуриджам, унэм яутIыпщыжыным щIэбэныну къызэрыхуриджам щхьэкIэщ...»

«... Восстанием цIыхуищэм щIигъу хэтащ...» «... Ягъэкъуаншэхэм зэрахьа къуаншагъэр зэран зыхуэхъуну щытар я полк къудейм зэримызакъуэр, атIэ ар нэхъ куу хъункIэ хъуну зэрыщытам ягъэкъуаншэхэм я Iуэхур нэхъри хьэлъэ къещI, зауэ хабзэр къэкъутэным я нэхъ ткIий дыдэ ещI...»

«... Тэрч-Кубань полкым я IуэхущIэ нэхъыщIэхэм щыщу ягъэкъуаншэ КIэрэф Залымджэрийрэ Тасмахилов Пашэрэ, шухэу: Гъуэгузокъуэ Бэрокъуэ, Шэт Батырбэч, Нэгъуей Лъостэн, Къармэ Бэчмырзэ, Сусаев Асухъан, Кадыров Докай, Эльжаев Дудухъан, Арсанов БийсултIан, Гиреев Тайсум, Саабулаев Ахъмэтыкъуэ сымэ Мукден къалэ зэманкIэ дэс Военно-полевой судым

къуаншэу къилъытащ нахуэу восстание къаIэтауэ къулыкъу зэращIэ къалэныр къакъутэн мурад яIэу...» ... унафи ещI:

«... – Ягъэкъуаншэ приказнойхэу (къэзакъ нэхъыщхьэхэу) КIэрэф Залымджэрийрэ Тасмахилов Пашэрэ я щытыкIэм и хуитыныгъэмрэ зауэм щызэрахьэ цIэмрэ къайIыхын, дзэ къулыкъум хэдзын, укI телъхьэн...»

Кузовлевыр увыIэри натIэм къекIуа пщIэнтIэпсыр бэлътоку хужькIэ ирилъэщIэкIри еджэн щIидзэжащ.

– «... 1904 гъэм, ноябрым и 9-м мы приговорым генерал-адъютант Куропаткиным, Чансамутин къуажэм мыпхуэдэу Iэ щытридзэжащ:

«Согъэбыдэ. ЩIылъэми тенджызми тет къарууэ Японым езауэ дзэ псом япщ нэхъыщхьэ генерал-адъютант Куропаткин. Минрэ щибгъурэ плIы гъэм и ноябрь мазэм и ебгъуанэ махуэ. Чансамутин къуажэ».

Приговорым закон къару игъуэтащ минрэ щибгъурэ плIы гъэм, ноябрь мазэм и ебгъуанэ махуэ лъандэрэ.

Суд тхьэмадэ – генерал-майор Левашов».

– Взводнэ, гъэув къэзакъхэр.

Командэ ятри, епсыхауэ зэхэт къэзакъхэр лъэсу къызэбгъурыуващ, шыхэр шыIыгъхэм къыхуагъанэри. Офицерыр ещанэу къэзакъитI Залымджэрий бгъэдыхьэри пхъэбгъу щыкъым и щIыбкIэ дашэри и щхьэр шыкъум къытрагъэлъхьащ, абы и щIыIуми бжьым хуэдэу пхъэбгъу къытралъхьэжащ. Абы иужькIэ зы къэзакъым иIыгъ IэлъэщI-бэлътокур къыIихри офицерыр Залымджэрий бгъэдэкIуэтащ и нэр щипхэну.

– Хьэуэ, зиусхьэн, сэ сызытеукIытыхьын злэжьакъым, си нэр суфIыцIыну. Фэ щевгъапхэ фи нэр, революцэм блыным фригъэувэлIа иужь!

Офицерым зыри жимыIэу IукIыжри подполковникым доклад хуищIыжащ псори зэрыхьэзырымкIэ.

– ЩIэвдзэ! – ищIащ Кузовлевым унафэ.

Офицерым зигъэкIэрахъуэри и взводым командэ иритащ:

– ФыкъэдаIуэ! Фузэд! Взво-о-од...

Залымджэрий и гуфIакIэм дэIэбэри Хъадижэт и нэ узар зэрилъэщIауэ щыта бэлътокур кърихащ, и напэр ирилъэщIри, Iупэм щынэсым къэзакъ офицерым и командэр иухыжащ:

– ... Пли!

Бэлътокур и Iупэм екъузылIауэ Залымджэрий и нэр щыункIыфIыкIащ.

Дохутыр щIыгъуу Кузовлевыр Залымджэрий и хьэдэм бгъэдыхьэри акт ящIащ, езыми рапорт итхыжащ:

«Армэм и пIалъэ судым деж, Мукден къалэ. Предложение. Ноябрым и тхум Тэрч-Кубань полкым и шухэу КIэрэф Залем-Герейрэ адрей пщыкIузымрэ щхьэкIэ судым ищIа приговорыр гъэзэщIа хъуащ. Подполковник Кузовлев. Ноябрым и пщыкIубл, минрэ щибгъурэ плIы гъэ. Мукден къалэ, 116...»

Хьэдэр щIым щIагъэзэгъэну унафэ ищIри, прокурорыр ежьэжащ. Хьэдэр щIалъхьэну къэзакъитI къигъанэри, офицерым и взводыр иришэжьэжащ.

*УсакІуэ Бицу Анатолэ илъэс 70 ирокъу*





# ДАХАГЪЭМ И УЭРЭДУС

Кулиев Къайсын зэгуэр жиІэгъащ: «И талантыр нэхъ иныху, цІыхум псалъэ гуапэ нэхъыбэ лъос. Абы и цІэр лъагэу Іэтыпхъэщ, дахэкІэ къиІуэн хуейщ, ауэ ар тыншкъым пщІэну». Пэжу, усакІуэфІым утепсэлъыхьыныр Іуэху гугъущ. Гугъуми, сыхуейщ куэд щІауэ фІыуэ сцІыху, си ныбжьэгъу пэж, зи ІэдакъэщІэкІхэм фІыуэ сыщыгъуазэ Бицу Анатолэ папщІэ псалъэ гуапэ жысІэну.

Лъахэм хуэпэж цІыхур сыт щыгъуи лъагъуныгъэ гуащІэкІэ епхащ щалъхуа щІыпІэм. А щалъхуа щІыпІэм деж абы и гум щыхыхьа, Іэпкълъэпкъ псом щыпкърыхьа гурыщІэрщ Хэкум хуищІ лъагъуныгъэшхуэм хэкІыпІэ хуэхъур.

И жылэжь Аушыджэрщ (Дыгъужьыкъуей) Бицум япэ дыдэу щызыхищІар гуащІэдэкІым и къарур, ижькІэрэ вакІуэ пщІэнтІэпс шыугъэр зыщІэзыфа щІылъэ-анэм и ІэфІагъыр. Абдежщ къыщищІар абы гуащІэдэкІым нэхъ къарууфІэ, нэхъ жан, гу хьэлэл узэрищІыр.

Анатолэ пасэу дунейм еплъыкІэ щхьэхуэ хуигъуэтащ. УсакІуэ гуэрым зэрыжиІауэ, «уафэм и хъуаскІэр хьэпцІий пакІэм» хилъагъуэ хъуащ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, и гущІэм усакІуэ къыщыушащ. И гум къыщыхъеящ дунейм и уафэгъуагъуэри и даущ мащІэ дыдэри зэхозыгъэх, плъыфэу щыІэм нэр езыгъэплъ, накъыгъэм къыпих мэ гуакІуэр къыпщІезыгъэхьэ гурыщІэ лъэщ. Бицум тхэн щІидзащ етхуанэ классым щІэсу, ебланэм нэсауэ и япэ усэр газетым къытрадзащ.

Аушыджэр курыт еджапӀэр къиуха нэужь, Анатолэ ди университетым и адыгэ къудамэм щӀотӀысхьэ, етӀуанэ курсым иужькӀэ Горький Максим и цӀэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтым щоджэ. Абы ар нэӀуасэ щыхуохъу усакӀуэ цӀэрыӀуэ Къэшэж Иннэ. Къэшэжыращ Бицум и усэхэр урысыбзэкӀэ зэзыдзэкӀыу щӀэзыдзар. «Ӏуащхьэмахуэ щхьэщыт лэгъупыкъу» псалъащхьэм щӀэту «Дружба народов» журналым 1968 гъэм къытехуа усэ ӀэрамэшхуэмкӀэ Анатолэ союзпсо тхылъеджэм и пащхьэ ихьауэ щытащ. Усэхэр урысыбзэм шэрыуэу иригъэтӀэсат Иннэ. Мы ӀуэхумкӀэ фӀыщӀэшхуэ бгъэдэлът тедзэныр къызэзыгъэпэща, абы псалъэпэ гуапэ хуэзытха КӀыщокъуэ Алим…

ЕплӀанэ курсым щеджэу Анатолэ Налшык къыщыдигъэкӀащ и япэ усэ тхылъыр. Абы фӀищауэ щытащ щӀагъыбзэ зыщӀэлъ цӀэ: «ГуфӀапщӀэ». ЩӀагъыбзэу абы щӀэлърат: «Сымис, хъыбар фызогъащӀэ. ГъащӀэм сыпсэуну, сытхэну къызита насыпым и пщӀэу си гуащӀэдэкӀыр фи пащхьэ изолъхьэ». Ар зэхахащ тхылъеджэхэми. Критикхэми гу лъатащ абы усакӀуэ цӀэр зэрыхуэфащэм. Макъыбэу зэщӀэжьыуэ ди поэзием макъыщӀэ, макъ къабзэ къыхэхъуащ.

Бицу Анатолэ и етӀуанэ тхылъыр, «Зы дакъикъэ» зыфӀищар, усэ фӀыуэ зылъагъухэм яӀэрыхьащ 1971 гъэм.

ТхылъыщӀэр усакӀуэм и Ӏэзагъэм зэрыхэхъуам и гъуджэт. Абы еджахэм гу лъатащ усэхэр зи ӀэдакъэщӀэкӀыр гъащӀэм куу дыдэу зэрыпхыплъыфым, цӀыхум и гуфӀэгъуи гурыгъуи езым ей дыдэм хуэдэу зэрызыхищӀэм.

1971 гъэм Литературэ институтыр къеухри, Аушыджэр щыщ щӀалэм Налшык къегъэзэж. ИкӀи абы къыщыщӀэдзауэ илъэс 42-кӀэ щылэжьащ «Эльбрус» тхылъ тедзапӀэм. ЯпэщӀыкӀэ художественнэ литературэмкӀэ къудамэм и редактору, итӀанэ абы и унафэщӀу, иужьрей илъэсхэм – тхылъ тедзапӀэм и редактор нэхъыщхьэу. ӀэнатӀэ гугъу зыпэрытахэм къадэкӀуэу, жылагъуэ къалэнхэри игъэзащӀэу Бицур къекӀуэкӀащ. Псалъэм папщӀэ, абы лэжьыгъэ пыухыкӀа хуищӀащ и ӀуэхущӀапӀэр зыхиубыдэу щыта Налшык къалэм и Ленин районым – партым и райкомым хэту, райсоветым и цӀыхубэ депутату. Илъэс зыбжанэкӀэ Анатолэ хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакӀуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм, республикэм Къэрал саугъэтхэмкӀэ щыӀэ комиссэм. Литературэм зигури зи псэри итхьэкъуа усакӀуэм и творчествэм зиужь зэпытщ. 1974 гъэм, и япэ тхылъитӀым я фӀагъыр къалъытэри, ар хагъэхьэ СССР-м и ТхакӀуэхэм я союзым. Абы къыщыщӀэдзауи, зым и ужь зыр иту жыхуаӀэм хуэдэу, зым нэхърэ адрейр нэхъ купщӀафӀэу дунейм къытохьэ Бицум и тхылъыщӀэхэр: «Фэеплъ», «Псалъэ бдыдэ», «Гуэл щхъуантӀэ», «Балъкъэр пшыналъэ», «Усыгъэхэр», «Псэм и дуней», «КӀуэцӀрыкӀыбжэ; «Стремление», «Человек и небо», «Сквозь сердце», «Мотив», «От весны до весны» жыхуиӀэхэр. Ахэр къыщыдокӀ Налшыкрэ Москварэ, тхылъ щхьэхуэхэм псалъэпэ хуатх Тхьэгъэзит Зубер, Сокъур Мусэрбий, КӀыщокъуэ Алим, ХьэфӀыцӀэ Мухьэмэд сымэ. Иджыблагъэ Налшык «Эльбрус» тхылъ

тедзапӀэм къыщыдэкӀащ и тхыгъэ нэхъыфӀхэр щызэхуэхьэса «Къосыр уэс» зыфӀищар.

Анатолэ жыджэру хэтщ республикэм и литературнэ гъащӀэм. Мызэ-мытӀэу ар кӀуащ Винницэ, Ригэ, Липецк, Ростов, Москва щекӀуэкӀа зэӀущӀэхэм, ТхакӀуэхэм я съезд зыбжанэм лӀыкӀуэу щыӀащ, Москва, Ереван щызэхэта, поэзием и Союзпсо фестивалхэм дипломант щыхъуащ. Бицур Къэбэрдей-Балъкъэр комсомолым и саугъэтым и лауреатщ, ар КъБР-м щэнхабзэмкӀэ щӀыхь зиӀэ и лэжьакӀуэщ. Ди литературэм хуищӀа хэлъхьэныгъэр къалъытэри, иджыблагъэ абы къыфӀащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цӀыхубэ усакӀуэ» цӀэ лъапӀэр.

АдэкӀэ абы зэчийуэ бгъэдэлъым, и дуней еплъыкӀэм, и зэхэщӀыкӀым, и хъэтӀыр зыхуэдэм я гугъу пщӀымэ, и гупсысэхэр здынэсыр жыпӀэмэ – а псори къыхощ усакӀуэм и къалэмыпэм къыщӀэкӀа тхыгъэхэм.

«И ӀэщӀагъэм хуеджэнымкӀэ Бицу Анатолэ я гъусэщ тхэкӀэм и жьантӀэм пэгъунэгъу хъуа нобэрей ди усакӀуэ мыкуэд дыдэхэм. Абы Ӏэзагъэ «гъущэм» зриту псалъэ гъэщӀэрэщӀэн фӀэфӀкъым, бухъарыр дэгъуэми, игъэпщкӀур фагъуэнкӀэ мэхъу жыхуиӀэу. УсакӀуэр дэзыхьэхыр гукъэкӀ ищӀар гупсысэ куум хуишэнырщ, Ӏуэхугъуэ къищтам лъабжьэ езыт фащэхэр къигъуэтынырщ, и мурадыр щызу къиӀуэтэнырщ», – итхыгъащ критик цӀэрыӀуэ Сокъур Мусэрбий.

*Щабэу жесӀэу уэрэд*
*Сэ сытетщи си щӀылъэм,*
*Щэхуу сиӀэщ мурад –*
*КъысщӀэныну зы псалъэ.*

Апхуэдэу къыгуроӀуэ адыгэ усакӀуэм и къалэн нэхъыщхьэр. Ар зэрыгугъури ещӀэ. «Усэ зытхыр ихьыжынущ усэм» щӀыжиӀэри аращ. Ауэ тхэныр насыпу къелъытэри, абы и псэр етащ.

Бицум иубзыхуакӀэщ и гъащӀэ гъуэгуанэр. Уи Ӏэгъуапэ уишхыкӀыжу, уи ныбэ изу дунейм и зы бжьыхьэкӀапэ укӀэщӀэскӀэ зэфӀэкӀыркъым, ар икӀи гъащӀэкъым, гугъуехь умылъагъуу, дэхуэхам удэмыӀэпыкъуу, хутыкъуам гъуазэ ухуэмыхъужу, кӀэщӀу жыпӀэмэ, гъащӀэм и ӀэфӀри и дыджри цӀыхухэм ядумыгуэшу щытмэ, псэ къабзэ уиӀэу умыпсэумэ.

*Гупсысэу сэ сиӀэр*
*мычэму – цӀыхупсэрщ.*
*Псэ къабзэу щытыныр*
*сыт нэхъри нэхъ Ӏуэхущ.*
*Дэушэу бзу дахэ*
*пщэдджыжькӀэ бзэрабзэм,*
*ДэхыщӀэу*
*гъэгъам Ӏэпыхуа уэсэпс ткӀуэпсым*
*Мыгуапэм уи гъащӀэр –*
*уи гъащӀэр мынэху.*

Дунейм тралъхуа дэтхэнэ зыри апхуэдэ псэукӀэм хуреджэ Анатолэ. АбыкӀэ гъэбелджыла мэхъу езы усакӀуэм и гуращэ

дахэр, къехъулIэну зыщIэхъуэпсыр, къигъащIэм уасэу хуигъэувыжыр. Аращ абы и дэтхэнэ зы дакъикъэри IуэхукIэ гъэнщIауэ щIрихьэкIыр, псом нэхърэ нэхъ лъапIэу зэманыр къыщIилъытэр.

Бицур жумарту хуоусэ гъащIэм, псэ хьэлэлкIэ абы егъэлъапIэ дунейр зи Iэпэм дэщIэращIэ цIыху гуащIафIэр, уэрэдым я нэхъ дахэр абы хуеIэт лэжьыгъэм, лъагъуныгъэ къабзэм. Ауэ Анатолэ хужыпIэ хъункъым нэщхъеягъуэм, – залымыгъэм и щIыб яхуигъэзауэ, ар имылъагъуу, дахагъэ къудейм хуэусэу. Пасэрейм зэрыжиIащи, «гуауэри гуфIэгъуэри зэлъэпагъщ», къэхъуу щытмэ нэщхъеягъуэ, абы щыгъуэми усакIуэр мэлъыхъуэ ар къызэригъэлъэгъуэн псалъэ, мэлъыхъуэ нэхъ ерыщу псалъэхэм хэщыпыхьу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, гуауэр нэхъ къэIуэтэгъуейщи.

Бицум фIыуэ къыгуроIуэ гъащIэм и зэхэлъыкIэр, мурадым я нэхъыфIхэр и гуращэу ар добакъуэ зэманым, псалъэм я нэхъ IэфIымрэ гупсысэм я нэхъ дахэмрэ хуиIэту. Сыт щыгъуи щIэуэ зыгуэр зэрыжиIэным, ар щIэщыгъуэу къызэриIуэтэным хущIэкъу усакIуэм хузэфIокI езым и шыфэлIыфэ иIэжу ди тхакIуэ пажэхэм ябгъурышэсэн.

ГурыIуэгъуэщ, ущыусакIуэкIэ, набдзэгубдзаплъэм и мызакъуэу, жыжьаплъэуи ущытын зэрыхуейр. Нобэрей Iуащхьэм дэкIуеяуэ пщэдейрей къуршым и нэгу иплъэн хуейуэ гъащIэм къегъэув. Ар зэманым и бэкъуэкIэщ. Дыгъуасэр нобэм теувапIэ хуэхъуащ, пщэдейр къигъэIэгъуэн папщIэ. Абы къыхэкIкIэ зэманым къалэн къытщещI нобэм пхыплъауэ пщэдейр къэлъагъун хуейуэ. Аращ Бицум хэкум хуэгъэзауэ щIитхыр:

*Уи блэкIа жыжьэм си гур ирохъыжьэ,*
*Уи къэкIуэн дахэм си псэр ныхуопхъэр.*
*А тIур сэ нобэ быдэу схуэзэпыщIэм –*
*Арщ щызлэжьауэ щIым схулъэкIыу хъуар.*

Абы и закъуэкъым усакIуэм къалэну ихьыр. Ар сакъыу и плъырын хуейщ мамырыгъэм, и уэчылын хуейщ захуагъэм, я телъхьэн хуейщ псэукIэщIэм щIэбэнхэм.

*ЗыщIыпIэ уафэр къыщыгъуагъуэм –*
*УсакIуэм и гур къыхоскIыкI.*
*ТетыхукIэ мы дунейм шынагъуэ –*
*ЦIыхупсэм ар темыплъэкъукI.*

Уи нэкIэ плъэгъуам хуэдэ щыIэкъым. Бицу Анатолэ и дуней еплъыкIэм зиужьыным, и гупсысэм зиукъуэдииным сэбэп хуэхъуащ ар Тырку щIыналъэм зэрыщыIар. Абы и нэгу щыщIэкIар, тхьэмыщкIагъэу цIыхухэм ядилъэгъуар и гум худэмыгъахуэу и усэхэм къаIуэтащ.

*Сэ сызэплъыр иджы гуапэу*
*Уи деж хьэпшып щызэблаххэркъым, –*
*Уи беижь дыщэм иблахэркъым,*
*ПлIэкIэ дуней псор зезыхьэхэу,*
*ГущIэгъулыуэ, псэм къыдыхьэхэу,*
*ЛэжьэкIуэбэрщ – хьэлъэзехьэхэрщ,*

*Хьэлъэзехьэхэрщ,*
*Хьэлъэзехьэхэрщ...*

УсакIуэм щхьэусыгъуэншэу гу лъитакъым абы: а хьэлъэзехьэхэрщ ЩоджэнцIыкIу Алий дежкIэ хамэщIым анэ Iэ щабэу щыщытар. Абы къыхэкIкIэ Бицум къыфIощI зи Iэр пхъашэ лэжьакIуэбэм иджыпсту хьэлъэ щызэблах кхъухь тедзапIэр и нэIуасэу, фIы дыдэу ицIыху хуэдэу. Къулыкъури, нэмысри, напэри, щIыхьри ахъшэкIэ щызэблагъэкI, псори щащэ, къыщащэху къэралым, мэжджыт лъагэхэмрэ дыщэкIэ зэщIэбла къулеижьхэмкIэ хущIэуфэнукъым гугъуехьакIуэм ятелъ къулейсызыгъэр.

Бицум къызэриIуэтэжымкIэ, зы псалъэ закъуэщ ар а щIыналъэм зышар, икIи а псалъэ закъуэм и щIыIагъымрэ и дыджагъымрэщ хамэщIым триухуа усэхэм лъабжьэ яхуэхъуар.

*«Хэхэс» псалъэ жагъуэм къикIри*
*ЗыхэсщIарэ згъэву псэкIэ*
*ЕсхьэкIащ жэщ куэд иужькIи,*
*Нэпсхэр усэм зыщIафыху.*
*Иджы уи гугъу сщIыуэ щытмэ,*
*Тырку щIыналъэ,*
*ЩIэсщIыр уощIэ:*
*Си къуэш Iэджэу нобэ щIэтхэрщ*
*Си нэгу,*
*ЯлъэщIу я нэпс.*
*Псалъэ закъуэ жысIэм куэдри*
*Сэ слъэгъуащ и щIыб къыдэтыр.*
*КъызжъэдэмыкI сэ ар дапщэщи,*
*Си псэр хэмыту мафIэс...*

Бицум и творчествэм увыпIэ хэха щеубыд Хэку зауэшхуэм теухуа темэм. УсакIуэр дунейм къыщытехьар а лъэхъэнэ хьэлъэм иужь зэманырами, абы и сабий лъакъуэ пцIанэхэр хэуващ зауэ гуащIэм и яжьэ мыупщIыIужам, абы къыщIихьащ гынымэмрэ Iугъуэмэмрэ, илъэгъуащ, зауэ гъуэзыр щхьэщыкIами, зэхэуIухьауэ гуIэж щIылъэр. УсакIуэ хъуну сабийм а псор и гум ежэлIащ, ар яIуплъащ имытхъугъуэу зи щхьэ тхъуа, фызабэу къэна анэхэм, адэ-анэ IэфIагъ зыхэзымыщIа сабий зеиншэхэм, Iуплъащ зи къуэ закъуэр къэкIуэжынкIэ нобэми гугъэ лIыжь тхьэмыщкIэм, гъащIэр зи щIэщыгъуэ сабиинэхэр тедиящ къэзымыгъэзэжахэм я фэеплъу зэбгъурыту щIым «къыщыхэтэджыкIа» мывэ сынхэм.

«Зауэм и ужьыр хьэдагъэщ». Хэку зауэшхуэм и зэманым мыпсэуами, къулейсызыгъэрэ нэщхъеягъуэу къэнар гущIыхьэ зыщыхъуа щIалэм лъэкIыркъым усакIуэ макъкIэ а псом пэмыджэжын. Зауэм хэта нэхъыжьым абы мыпхуэдэу зыхуегъазэ:

*Слъэгъуакъым сэ а мафIэр. Ауэ нобэ*
*Сытопсэлъыхьыр – къызумыт нэмыплъ:*
*ЗыщIам уи Iэпкълъэпкъ псор уэ уз тIысыпIэ*
*Ящыщ шэ гуэр сфIощI сэри си бгъэм хэлъ...*

Дауэ къигъэлъэгъуэжыфыну, сыткIэ иIуэтэфыну усакIуэм зауэ зэманым ди цIыхухэм зэрахьа лIыхъужьыгъэр? Абы егъэпIейтей Бицур. Ар гунэмысщ сыткIи, игъуэтыркъым лIыхъужьхэм яхуэфэщэн псалъэ, ауэ итIани мэныкъуакъуэ псэр, мэгупсысэ щхьэр, къалэмыр мэлъащэ щIэмычэу. УсакIуэнэм къыфIощI пщэдджыжь уэсэпсри уэшх ткIуэпсри фызабэу щIым къытенам я нэпсу, жыг къэс и лъабжьэм сэлэт хьэдэ щIэлъу, икIи дыгъэм зыхуэзыший къудамэхэр абыхэм я гукъуэпсу, къуршыжьу щIым тетхэр лIыхъужь кIуэдахэм фэеплъ сыну яхуэжауэ.

Мы сатырхэм я купщIэр Бицум и поэзием и гупсэу жыпIэ хъунущ:

*Къызоплъыхь сэ фэбжькIэ гъэнщIа мы ди щIылъэр.*
*Нобэм и нэщэнэу дэнкIи щызолъагъу:*
*Итщ и пащхьэм анэр блыным сурэт фIэлъым –*
*Сурэтыр нэщхъыфIэщ, анэр гукIэ магъ.*

Хэкум папщIэ зи гъащIэ зытахэм я цIэр зэи цIыхум щыгъупщапхъэкъым, анэхэм ягу телъ уIэгъэ мыкIыжхэм хуэхьэфизын хуейкъым, щыIэ хъунукъым зауэ – абы дыкъыхуреджэ усакIуэм. Зи гугъу ищI Iуэхугъуэр IупщIу нэгум къыщIигъэувэфу гъэпсащ абы и усэр. Аращ ар кууэ гум щIыхыхьэр, дыщIигъэпIейтейр. Гур мыпIейтейуэ, щхьэфэцыр мытэджу укъеджэфыркъым зауэм теухуа усэхэу «Гупсысэ», «Си къуэш», «Нэф», «Анэм и гур», «Сурэт», «Ди гъунэгъуу а лIыжьыр псэуат» жыхуиIэхэм, «Фэеплъ» поэмэ кIэщIым, нэгъуэщIхэми. Лей хъуну къыщIэкIынкъым усэ зытIум я гугъу тщIымэ.



«Нэф». Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр дищI къыщихьам сэлэтыр тэджащ Iэщэ къищтэри, щхьэмыгъазэу зауэурэ, абы дунейр къытеункIыфIащ...

*Бийр хисхъэжащ*
*Езым зэщIищIа мафIэм.*
*ЩIэрыщIэу ди щIым*
*Дыгъэр къипсэжащ.*
*Ауэ къэнащ*
*И махуэ псори кIыфIу –*
*Нэфу а зауэм*
*Сэлэт къикIыжам...*

*Уо, сыту гуфIэу*
*Iуплъэжынт ар нобэ*
*Зэгуэр мафIэсым*
*Щихъума дунейм!*
*... КъекIухьыр нэфым*
*БашкIэ Iэбэрабэу,*
*ФIэкIуэда нитIыр*
*Къилъыхъуэж нэхъей.*

«Ди гъунэгъуу а лIыжьыр псэуат...». Зауэм хэкIуэда и къуэ закъуэр унэ къэс Iухьэу къуажэм къыщелъыхъуэж и щхьэм сэкъат игъуэтауэ а зауэ дыдэм къикIыжа лIыжьым.

*И къуэ закъуэр лIыжьым имыIэжт –*
*Хъыбарыншэу хэкIуэдат ар зауэм.*
*Арат дадэм, и щхьэм къищхьэрыуэуэ,*
*КъыщIикIухьыр унащхьэчэзууэ*
*Къуажэр, лъаIуэу: «Си къуэр къызэфтыж...»*
*... Ехыжащ дунейм ар и гур някъуэу.*
*Сэ а лIыжьым нобэми сопщIыхь:*
*ЩIы щIагъ кIыфIым къыщилъыхъуэу и къуэр*
*СфIощI иджыри хэту ар бэлыхь.*

Бицур къэхъукъащIэ псоми – блэкIами, нобэреймi, пщэдей къэкIуэнуми – хуэнабдзэгубдзаплъэщ, абы зэхех дунейм къыщыIу дэтхэнэ зы Iэуэлъауэри – я нэхъ цIыкIу дыдэм къыщыщIэдзауэ хы адрыщIым щагъэуэ атом бомбэм и макъым нэсу.

Критик Нало Заур дахэу зэрыжиIащи, усакIуэм и гур антенэу щIылъэм теухуащ, аращ ар щIэгузавэр цIыху гъащIэм и пщэдейм щхьэкIэ...

Анэм темытхыхьа усакIуэ къэгъуэтыгъуейщ, усакIуэ къэс иIэжщ езым и «краскэ», анэм и сурэт ирищIу. Гугъущ анэм гъащIэм щикъалэныр, абы и щхьэфэр быным лъэгущIыхь зэрахуищIыр, гу щабагъэрэ псэ IэфIагъыу бгъэдэлъыр щIэщыгъуэу, зыми емыщхьу къэпIуэтэну. Гугъуми, абы ущыщтэ хъунукъым, арыншамэ, пщIэншэщ къалэм щIэпIыгъыр.

Зы усэкъым, уситIкъым Бицум анэм хуитхар. Абы и гур ирогъу анэр жьы зэрыхъум, и щхьэцхэр хужьу тхъуурэ, и нэкIухэр зэлъэу кIуэтэхукIи и къарур зэрыкIуэщIым:

*СотIысэх уи гъащIэм сегупсысуи,*
*Хъуам уи теплъэ къызетыр гухэщI.*
*Зэрешам уэ апхуэдизу уи псэр*
*Си зэрану куэд хэлъу къысфIощI...*
*Схупыщэну махуэ сщIам уи гъащIэм,*
*Мы си гъащIэр пхуэсщIынт щхьэузыхь...*

ПхужыIэнкъым анэ гъащIэм Бицур куууэ имыгъэгупсысауэ, арыншамэ мы щапхъэ къэтхьам хуэдэ абы и къалэмыпэ къыщIэкIынтэкъым.

«Телеграммэ» псалъащхьэм щIэт поэмэ кIэщIри зытеухуар анэрщ. УсакIуэр тотхыхь «анэр сымаджэщ» жаIэу хъыбар кърагъэщIа нэужь и гур зыхуэжа псом, Мэзкуу щыхьэрым къилъэтыкIыжу и анэ пIэ лъапэм псынщIэу къызэрысыжым. Ар йогупсыс дэтхэнэ зыми анэ зэриIэм икIи анэу щыIэм фIылъагъуныгъэу яхуиIэр нехьэкI-къехьэкI хэмылъу мы лъэIумкIэ къегъэлъагъуэ:

*Сэ щызиIэр зы лъэIущ мы дунейм:*
*Някъуэ мыхъуу зы жэщ я жей кIапэ,*
*(Ягъэвар ирикъуни хьэзабу!)*
*Анэу щыIэр IэфIу ирежей!..*

УсакIуэм анэр ирегъэщхь жьэгу мафIэм, – хуабагърэ гуапагъэу абы пыщIа псори анэм деж щелъагъу.

Сыт щыIэн анэм и гум нэхърэ нэхъ гу пцIанэ, нэхъ гу махэ? Ауэ сыт щыIэн анэм и гум нэхърэ нэхъ куэд зыгъэв, зышэч?

*Уо, анэ, уи гур гъэбыдэ,*
*Фызабэ нобэ ухъуащ!*
*– Уо, анэ, уи гур гъэбыдэ,*
*Биишэм уи къуэр ихьащ!*
*Анэми игу игъэбыдэурэ,*
*И щхьэр хужьыбзэу тхъуащ.*
*Анэми игу игъэбыдэурэ*
*И гур пIащIабзэ хъуащ.*
*– Уо, анэ, уи гур гъэбыдэ,*
*ГуфIэгъуэр хьэщIэу къэкIуащ.*

АбыкIэ Бицум къеIуатэ гуIэгъуэм и жьыбгъэм игъэхыщIэми, гуфIэгъуэр дыгъэпс гуапэу лъэIэсми анэ гу пцIанэм кууэ зэрызыхищIэр, дапщэщи фIым хуэплъэу, гугъэу абы и гъащIэр зэрихьыр... «Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ, и пащхьэм, псынщIэу нэси, сыну щыж!» – аращ анэм теухуа усэхэмкIэ Анатолэ къыджиIэр.

ФIылъагъуныгъэр дунейр зэтезыIыгъэ къарущ. Арауэ къыщIэкIынщ Анатолэ и творчествэм а тематикэм утыкуфI щIыщиубыдри. Темытхыхьа щымыIэми, усакIуэ псоми «ягъэныщкIуурэ» IэфI къыщIэмынэжауэ къыпфIэщIынкIэ хъунуми, а темэр къыгуэпх пэтми, зыхэмыщIщ. Нэхъыщхьэр – «екIуэлIапIэ» къыхуэгъуэтынырщ. АбыкIи Бицур лъэрымыхьу пхужыIэнкъым. Гукъинэжщ, щIэщыгъуэщ абы и гухэлъ усэхэр. ФэрыщIыгъэ зыхэмылъ гурыщIэ къабзэм и щапхъэкъэ мы сатырхэр:

*Къосыр уэс...*
*Къыстосэ ар си закъуэу,*
*Уэ нэгъуэщIым*
*Иджы удэщIыгъущ.*
*Фыхэт хъунщ мы уэсым*
*Фи щIэщыгъуэу...*
*Уэ къыщесыр уэсыр*
*ФIыуэ плъагъут.*

*Къосыр уэс...*
*Уэ си гум укъэкIауэ*
*Гурыгъу мафIэ щэхум*
*Си бгъэр ес.*
*Сэ уизгъэхужынут сигу*
*Куэд щIауэ,*
*Сэ уизгъэхужынут си гум,*
*Ауэ,*
*Къосыр уэс...*
*Къос пIащэу, щабэу уэс...*

Ар лирикэ щыпкъэщ. Мы сатырхэр зи ІэдакъэщІэкІ цІыхум усакІуэ цІэр къыбгъэдэпхыфынкъым.

Урыс усакІуэ цІэрыІуэ Коваленков Александр Бицум папщІэ жиІэгъащ: «Бицу Анатолэ псалъэ дахэ зэІущэкъым. Ар тотхыхь езыр фІыуэ зыщыгъуазэ Іуэхугъуэм, аращ ар сыт щыгъуи щІэгурыІуэгъуэр, щІэІупщІыр». Долматовский Евгений мыпхуэдэу итхащ: «Бицур гъащІэм хуэнэжанщ. Абы и лирикэм гъунэжу ущрохьэлІэ узыгъэпІейтей, гукъинэж зэгъэпщэныгъэхэм. Къалэн зыщищІыж Іуэхугъуэхэм поэзием и дамыгъэ ятелъщ, къызэрыгуэкІщ».

УсакІуэм бзэ дахэ зэрыІурылъым, ар абы Іэзэу зэригъэшэрыуэм теухуауэ щапхъэ лей къыщІэтхьын щыІэу къыщІэкІынкъым. Бицум зэи гупсысэр илъахъэркъым, гупсэхуу къыдеІуэтылІэ жиІэну зыхуейр.

УсакІуэм теухуа мы тхыгъэр ныкъуэ хъунт, Анатолэ и Іэпэр зыубыду поэзие гъуэгум «тезыгъэува» КІыщокъуэ Алим, Сокъур Мусэрбий, Мысачэ Пётр, Тхьэгъэзит Зубер сымэ я цІэ къыдмыІуамэ. Псом хуэмыдэу, езы Бицум зэрыжиІэщи, КІыщокъуэ Алим и дежщ ар щеджар, и творчествэр псыхьа щыхъуар. Абы и дежщ къыщежьэр Анатолэ литературэм щрихьэжьа гъуэгуанэ гугъур. Нобэ зэрынэрылъагъущи, угъурлыуэ ехьэжьа хъуащ ар. Мы тхыгъэм и кІэухыу сыхуейт зы щапхъэ къэсхьыжыну Анатолэ и усэхэм ящыщу:

*Игъэлъ уигу быдэу уи къежьапІэхэр.*
*Ауэ уи гупэкІи гъуэгу пхыш!*
*Псым къегъуэтыж езым и жапІэхэр,*
*Нэсыху тенджызми емызэш.*

Си гуапэщ Бицум и «жапІэ» къызэригъуэтыжар.

**ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд,**
*Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ*
*щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ*

# КІУЭЦІРЫКІЫБЖЭ

«Псалъэр бгъэувмэ, вым хуэдэщ», — жеІэ псалъэжьым.

Пасэ зэманхэм щыгъуэ апхуэдэ дыдэу щыташ, — псалъэм лъэкІыр вым я нэхъ лъэщым и гуащІэми къимыхьу: джэгуакІуэм и псалъэм езы пщышхуэ дыдэхэр фІэлІыкІырт, уэрэдусым и пщІэр лъагэт, тхакІуэ-усакІуэхэм я Іэдакъэ къыщІэкІыр, Агънокъуэ Лашэ и псалъэкІэ жыпІэмэ, ерыскъым палъытырт.

ЦІыхур псэ зыІут псоми ящхьэ зыщІыр бзэ зэрыІурылъращ. Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, мы дунеижьыр къызэригъэщІрэ хэт и цІэр тхыдэм фІы щІэнкІэ къыхэнами, хэт цІыхубэр къигъапцІэу я нэхъ ІейкІэ игъэщхьэрыуами, дэтхэнэми Іэмал нэхъыщхьэу къигъэсэбэпар псалъэрщ. Нобэ — е зэманым зыдригъэкІуу зихъуэжа,



4 Заказ №506

хьэмэрэ нэгъуэщI щхьэусыгъуэ гуэрхэм къыхэкIа — сытми, эстетикэм и хабзэ нэгъэсакIэ зэщIэузэда псалъэр зи Iэпэгъухэм я жыIэр цIыхум я фIэщ мыхъужу къэнащ. Псалъэ пэжыр хьэрэм ящIыным нэсащ пцIым зигу зэщигъэуахэм. Абы къыхэкIыу, шынагъуэ щыIэ хъуащ обществэ псом фэбжь тезыдзэн мыгъуагъэ гуэр къэхъункIэ. Абы и щыхьэткъэ, псалъэм папщIэ, иджырей балигъхэм я нэхъыбэм сериал купщIэншэ еплъын фIэкIа эстетикэ Iуэху зэрызэрамыхуэжыр, щIалэгъуалэм анэдэлъхубзэ тхылъым нэхърэ дискотекэр нэхъ къащтэ зэрыхъуар, лъэпкъым и гугъапIэу диIэ ныбжьыщIэ цIыкIухэми анэдэлъхубзэм и IэфIыр зэраIэщIэкIыр. Пэжщ, «сабыншыку оперэ» жыхуаIэм уи щхьэр гугъу иригъэхыркъым, махуэм улэжьамэ, ущIэжеикIыну хъарзынэщ. Дискотекэри, дауи, Iей зэфэзэщкъым, ари къызэзыгъэпэщымрэ зэрызэрагъэпэщымрэ елъытащ, ауэ апхуэдэ къудейкIэ щIэблэр узэщIа хъуну зи гугъэхэр Iейуэ щоуэ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ щапхъэхэр къыпхуэхьынущ ди литературэмрэ искусствэмрэ ехьэлIауи. Къапщтэмэ, иужь зэманым тхылъ тыкуэнхэм щIэз хъуащ усэ мылъхуэсхэр зэрыт тхылъ гъэщIэрэщIахэр, уэрэд купщIэншэхэм эфирыр яубыдащ. Ахэр литературэ нэсым зэрекIуалIэр нартыху фомрэ бжьэ фомрэ зэрызэхущытым хуэдизщ. ЗэхэщIыкI тэмэм зымыгъуэта цIыхухэр, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр, абы егъэщхьэрыуэ, бжьэхэм губгъуэ гъэгъам кърахa фом и IэфIыр игъащIэм зымыгъэунэхуахэр фо IэрыщIкIэ къызэрагъапцIэм хуэдэу.

ПрозэмкIэ зыкъэбгъазэми, нэм занщIэу къыщIоуэ цIэрыIуэ хъуным хуэнэхъуейуэ мазэ-мазитIым кърыубыдэу тхылъ пIащэ къыщIезыгъэдз «романистхэр». ГъэщIэгъуэныращи, тхакIуэ-усакIуэ Iэзэ зэрыхъун талант Алыхьым къаримытами, я Iуэхур зэрыдагъэкIыным ахэр хуабжьу хуэIэзэхэщ, я тхылъхэри, Толстой Лев и Iэдакъэ къыщIэкIам хуэдэу, къытрагъадзэ, ТхакIуэхэм я союзым зэрыхыхьэн гъуэгуи тыншу къагъуэт, ныкъуэцIалэныкъуэтхьэщIу дунейм къытраутIыпщхьа я «тхыгъэ лъапIэхэм» лъэтеувэ Iэта иращIэкIри, езы КIыщокъуэ Алим зэхимыха щытхъупсхэр зылъагъэсыф. НэхъыкIэжыращи, гъащIэм зэщхьэщиударэ ерэ фIырэ зэхэзымыщIыкIыж цIыху цIыкIуми ар апхуэдэ дыдэу къафIощI. А псори щыпэкIу утыкум анэдэлъхубзэм и IэфIыр зыIурылъ тхакIуэ-усакIуэхэм лъэувыпIэ къащылъысыжыркъым. КIэщIу жыпIэмэ, зыхузэфIэкIым бжьыпэр еубыдри, езыр зыхуеймкIэ еIуантIэ, ар иужькIэ лъэпкъым къызэрыщIэкIуэжынур зыкIи къримыдзэу.

А псори псыдзэ къиуам и гущIыIу телъ тхъурымбэ фIейщи, псыр зэгуэр жэбзэжынщ. Зи пщIэр ехуэха лъэпкъ тхакIуэ-усакIуэхэм къалэн нэхъыщхьэу нобэ я пащхьэ къиувэр етIощIанэ лIэщIыгъуэм мыIейуэ зызыужьауэ щыта адыгэ литературэми, анэдэлъхубзэми, лъэпкъым и щэнхабзэ дахэми яхуэфэщэн увыпIэ егъэгъуэтыжынырщ. Тхьэм и фIыщIэкIэ, ахэр зыхузэфIэкIынухэр щыIэщ, я бгъэр кърагъэкIыу утыку куэдрэ къимыувэми, жьантIакIуэу щымытми. Абыхэм ящыщ зыуэ си щхьэкIэ къызолъытэ адыгэ

усыгъэр фIыуэ зылъагъухэм куэд щIауэ яцIыху Бицу Анатолэ. Апхуэдэу щIыжысIэм и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ абы 2008 гъэм къыдигъэкIа, «КIуэцIрыкIыбжэ» зыфIища тхылъыр. Мыр къызэрыдэкIрэ зэманыфI дэкIами, критикэм хуэфащэ гулъытэ зыхуащIахэм ящыщкъым, модэ къежьам тету, езы авторми лъэтеувэ хуищIын Iуэху лъэпкъ зэрихуакъым. Абы щыгъуэми, мы тхылъым утепсэлъыхьыну къелэжь.

Пэжыр жысIэнщи, тхылъыр къызэрызэIуих «Шулъагъуэ» усэр и образхэмкIи, макъэ ритмикэмкIи нэмыгъэсауэ къысщыхъури, зымащIэщ иIэжар зэрытхылъу а зым и фэр есплъыным. Арщхьэкlэ абы къыкIэлъокIуэ тхылъ псом фIэщыгъэцIэ хуэхъуа... «КIуэцIрыкIыбжэ» усэр. — Ар зэи ямыгъэбыдэ, сыт щыгъуи хэти игъуэт щхьэегъэзыпIэм ухуэзышэ бжэщ. Абы и къуагъым фIыгъуэ къуэлъми, къуэмылъыххэIами къэщIэгъуафIэщ, зыри щагъэпщкIуркъым. Зыгуэр къуэлърэ — цIыху кIуапIэ хъунущ, гъащIэм и зы Iыхьэу щытынущ, къуэмылърэ — абы щыгъуэм хуеин щыIэкъым. Апхуэдэу къелъытэ Бицум и усакIуэ пщIантIэри. Абы игури кIуэцIрыкIыбжэщ.

*КIуэцIрыкIыбжэр сфIэIейкъым —*
*КъысхуокIуэ хьэщIэу хэт хуейми... , —*

етх усакIуэм. Зэ еплъыгъуэкIэ, дауи, ар фIыщ, — куэд къыпхуэкIуэныр, куэдым уалъытэныр, куэдым укъалъагъуныр. ФIыт ар, дауи, къыпхуэкIуэ псоми я хьэлъэр уэ псэкIэ зэбгъэзэхуэн хуэмеятэмэ, уэ къуахьэлIэ гурыгъухэр езыр-езырурэ зэфIэкIыжу щытатэмэ, арщхьэкIэ, зи гур хэти хузэIуха усакIуэм хэт и хьэлъэри и псэм къытощIэ:

*Ауэ къызет зы гукъеуэ —*
*СеукIыр сэ жьы зэпеуэм...*

ГъащIэм и хабзэр аращ — гу пцIанэу дунейм утетмэ, хэт и узыфэри уэри къофыкI. Апхуэдэу щыхъукIэ, усакIуэмрэ абы зи Iуэху къезыхьэлIэхэмрэ я зэхуаку зыри дэмытыжу зэхошыпсыхьри, езы усакIуэми и гукъеуэхэр тхылъеджэм хуеIуатэ, и гущIэм къыщыкъуалъэ псори усэбзэкIэ кърекIут.

Илъэс тIощIым нэблэгъащи, ди поэзиер политикэм и Iуэхутхьэбзащlэщ: абы зэм щхьэтечауэ усакIуэм куэд зыхимыщIыкI социальнэ Iуэхугъуэ гуэрхэр бэракъыу еIэт, зэми, политикэм зыпыIуидз къыфIэщIыжу, щхьэзакъуэ гухэлъым тоусыхь. ТIум щыгъуэми абы гъащIэ зыхэтыр зэгъуэкI ещI, гъащIэм и пэжыр ирегъэкIуэтэкIри, псалъэ лъабжьэншэкIэ тхылъеджэр къыдихьэхыну хуожьэ. Ауэ ар зэ къохъулIэнщ, тIэу къохъулIэнщ, ебгъэлеймэ, уи псалъэри уэри уаIэщIэужэгъуэнущ.

Бицум и тхылъым зыфI хэлъмэ, ар мышынэу, укIытэ нэпцIым зыдримыгъэхьэхыу абы гурылъ къабзэр къызэриIуатэращ. УсакIуэм игу щIогъу зи фэм бэлыхь дэлъ дэтхэнэ цIыху къызэрыгуэкIми, догуфIэ фIы къызэхъулIэ дэтхэнэ зыми. Апхуэдэу жытIэ щхьэкIэ,

гуфІэгъуэм деж хэти и гум уэрэдыр къреш, дамэгъу пэжрэ псалъэ гуапэрэ нэхъ хуэныкъуэр мыгъуагъэ къызыщыщІаращ. Арауэ къыщІэкІынущ Бицум и тхылъми нэщхъеягъэр нэхъ щІебэкІари. Абы и щапхъэу къэпхьын мы тхылъым мымащІэу итщ: «МелыІычитІ», «ХьэрэкъуакІэ дыхьэжа щІалэгъуэм...», «И хьэлакъым си гум зэи...», усэхэр, нэгъуэщІхэри. «Сыт щІэзмылъагъужыр сэ гуфІэгъуэ? Пшагъуэр щхьэ си гъуэгу къытрихьа?» — псалъэхэр авторым и щхьэ хужиІэжауэ къыпщыхъуми, ди зэман хьэлъэм ар дыдэр зи щхьэ хужызыІэжын, ахэр езыхэм я гъыбзафэу зылъытэнур гъунэжщ. АбыкІэ зым и гуфІэгъуэр адрейми и гуфІэгъуэ мэхъу, зым и гукъеуэм адрейм игури къресыкІ. Лирикэр жылагъуэ псом и щэнхабзэм щыщ зы Іыхьэ щыхъур апхуэдэхэрауэ къыщІэкІынщ. Абы къыдокІуэ щхьэзакъуэм деж къыщызэтемыувыІэ, цІыхубэм зэдай, зыгъэпІейтей Іуэхухэр:

*Сэ куэдрэ согупсысыр*
*Си гур хэщІу:*
*Ди нобэм,*
*Тлъагъуу ди нэкІэ, цІыхупсэр*
*Ахъшэ жыгъейуэ ещІ щыкъуей!..*

Жылэр щыІэпхъуэм гуащэрэ пэт къаз еху, жаІэ. Зэманыр щышынагъуэм деж лирикри жылагъуэм и дэгызэ хъун хуейщ. А жылагъуэм и узыфэм уи гур кърисыкІыу лъэпкъ псом хэкІыпІэ къыхуэплъыхъуэу щытын хуейщи, ар фІы дыдэу къызыгурыІуэ усакІуэм мыпхуэдэу етх:



*Зыплъыхьыт, шынэхъыщІэ,*
*Уи нэр жанщ,*
*КІуэдыжыркъэ адыгэхэр,*
*Арати...*
*ЦІыхухъухэр*
*ПщІантэхъумэу къэнэжащ,*
*ЦІыхубзхэр щыІэщ «зекІуэ» —*
*Эмиратхэм.*

Дунейр, зэрыщымытауэ, зэблэдза хъуащ — лъабжьэу щытар щхьэкІэ хъури, щхьэкІэр лъабжьэ ящІри щІым хасэжащ. Зэгуэр зекІуэ ежьэрэ жылэ псор зыхэпсэукІын фІыгъуэ къезыхьэлІэу щыта лІыхъужьхэм я лІэужьыр «пщІантІэхъумэщ», КъуэкІыпІэм къикІа хьэщІэри, КъухьэпІэмкІэ къикІа зекІуэлІри дахагъкІэ къэзыхьэхуу тхыдэм ихуахэм къащІэтэджа иджырей «Іэдиихухэр» бэзэрым тетщ, я Іэщхьэлъащхьэр дэхьеярэ, кхъухь джабэм ещхь я бгы задэхэм цы ІэлъэщІ Іув къепхэкІауэ, дыщэ идэрэ дэнлъэчрэ щІыным хуэІэкІуэлъакІуэу щытын хуея Іэпхъуамбэхэр пхъашэ хъури уфІыцІыжарэ, зэм нащэ фІэІум хэлъу, зэм бжьын цІынэмрэ къуэнтхъурей псыфымрэ хэкІуадэу. ЛІым и къалэныр фызым и пщэм къыдэхуэу лІыр фызыпхъэ щыхъум деж фІы щыІэкъым: ди лъэпкъ дахэм пасэ зэманым фІыщІэрэ щытхъурэ зэригъуэтахэр хокІуэдэж:

*Гупсысэт, шынэхъыщIэ,*
*Уи щхьэр нэхущ.*
*Адыгэм Iуэху иIэжкъым,*
*Мылъку нэмыщIкIэ.*
*Нэмыс абы хуищIыжкъым*
*ЛIыжь жьакIэху,*
*ЩIэгъужкъым абы нобэ игу*
*ТхьэмыщкIэм...*

Зым хуэгъэза хуэдэу усакIуэм игъэпсыр и купщIэкIэ лъэпкъпсо проблемэм екIуэлIэж псалъэщ. Мыбдежым Бицум и тхылъым, ауэ сытми усэ гуп щызэхуэхьэса хуэдэу мыхъуу, атIэ гупсысэ курыххэм я плъыфэ зэмыщхь зэпыщIахэм я къызэкIэлъыкIуэкIэр къыхощ: лирикэм и хабзэм тету, авторым япэщIыкIэ щхьэзакъуэ проблематикэр япэ кърегъэщри, итIанэ абы жылагъуэ Iуэхухэр фIы дыдэу ирегъэзэгъыж — зэм зыр тIэкIу япэ иригъэувэу, зэми адрейр тригъакIуэу. Тхылъым и зы Iыхьэр еух аргуэру гухэлъ гъэнэхуамкIэ. Адэ и кIэухымкIэ щыIэ усэхэр япэрейхэм яхэлъа гупсысэмкIэ псыхьауэ ди деж къэсри, дэр дыдэм ди гурыгъухэр къыщыIуэтам хуэдэу псэм дохьэ.

Абыхэмрэ япэ итхэмрэ Iунэ быдэкIэ зэта зыщIу уситI итщ тхылъым: «ИгъащIэкIэ щакIуэкIэ уеджэ мыхъун...», «ЩIичащ фоч кIакхъур...» жыхуиIэхэр. ЕтIуанэр усакIуэм илъэс куэд ипэкIэ итхауэ щытми, ар сыт щыгъуи псэм ежалIэ псалъэкIэ узэдащ:

*ЩэIуащ бжэн цIыкIур,*
*И псэр щитым...*
*ЛIым «щакIуэ нэсу»*
*Зибжыжащ.*
*Ауэ бжэн лIам*
*И нэкугъуитIым*
*ЛIыукI сурэту*
*Ар къинащ.*

(Мы усэм сэ куэдкIэ си япэ гу лъитауэ щытащ Iустаз лъапIэу диIа Сокъур Мусэрбий).

Мыбдежым поэзиер къыщIэнахуэр усэр ди зэманым нэхъ къафIэIуэху хъуа экологием зэрытеухуаракъым, атIэ гулъытэ зыхуэфащэу усэм къыхэщыр дызэсэжа щхьэхуэфIынымрэ нэгъуэщIым и псэм тетлъхьэ хьэзабымрэ дэ тхуэмыпшыныжын гуэныхь зэрытхуэхъужым авторым гу зэрылъыдигъатэращ.

Абы и ужькIэ усакIуэм философие дахэмрэ гухэлърэ зи лъабжьэ усэ гуп къызэкIэлъегъакIуэри, тхылъ псом и нэхъ курыхыу авторым и гурыщIэхэр зыкIи щIимыхъумэу къыщигъэнэхуа Iыхьэм дыхуешэ. Ар и щхьэ кърикIуа лажьэм къыхэкIа усэхэращ, а усэхэр хуэгъэзащ дунеягъэкIэ авторыр зыIумыщIэжыну и щхьэгъусэм. Укъызэрыгумэщlар къэбгъэнэхуэныр адыгэлIым дежкIэ тыншкъым, нэхъ гугъужщ щхьэгъусэм узэрыхуэгумэщIар псалъэкIэ хэIущIыIу пщIынир. Пэжщ, а темэм гулъытэ хуащIыгъащ езы

Агънокъуэ Лаши, ПащIэ Бэчмырзи, ХьэхъупащIэ Амырхъани, арщхьэкIэ, нобэр къыздэсым щхьэгъусэ темэр адыгэ усакIуэм дежкIэ шы мыгъасэм хуэдэу къэгъэIурыщIэгъуейуэ къонэ.

ЯпэкIэ къэкIуа къомымкIэ дыхуимыгъэхьэзыру, мы усэ циклымкIэ усакIуэм тхылъыр къызэIуихауэ щытыгъатэмэ, ар апхуэдэу гум емыхуэбылIэнкIэ хъунт. ЖысIэну сыхуейкъым авторым и гущIагъщIэлъ нэхъ лъапIэхэр укIытэу тхылъым и кум хигъэпщкIуауэ. Мыр нэхъ зэщхьыр — нэхъ курыхыу щыт усыгъэхэр адрей абы хуэфэщэжхэмкIэ екIуу къэгъэтIылъыхьауэ аращ, налкъут цIыкIу зэщIэпщIыпщIэхэм адрей нэхъ кIанэшхуэр къызэраухъуреихьым хуэдэу. Абыхэм нэхъыщхьэр яхэкIуадэркъым, атIэ нэхъ IупщIу къахощ. Сыщыуэу гуэныхь ин къэсхьынкIи сошынэ, итIанэми жызмыIэу хъунукъым — сэ къызэрысфIэщIымкIэ, мы тхылъыр, Бицум и тхылъ псоми я нэхъыфI зыр, щIитхар «Си гъащIэр зырикIт, уэ ухэмытам» зыфIища циклыращ. Мыбдежым щызэхуэхьэсыжащ илъэс иримыкъу ипэкIэ итхари, илъэс щэщI, нэхъыбэж ипэкIэ итхахэри. Ауэ ахэр телъыджэу зокIу, я кум бэуэгъуэ дэмыту зы жэщ-махуэм къриубыдэу яусам хуэдэу. Абы щыгъуэми, ар апхуэдизу гурыщIэ щэхущи, усакIуэм ахэр, и дзыхь къыдигъэзу, дэ къыдигъэлъагъу щхьэкIэ, мыр къехъулIати, мыдрейр нэхъ фагъуэ хъуати, жытIэу критикэ тщIыныр къысхуегъэзэгъыркъым, сытошыныхь «алгебрэкIэ гармониер» къэспщытэу сыхуежьэмэ, авторым къыдбгъэдилъхьэ гухэлъхэм я телъыджагъыр кIуэсэну. Ахэр икIи усэщ — поэзием и хабзэм тету гъэпсащи, ауэ ахэр икIи гупсысэ щэхухэщ — гурыгъу иным къыпкърыкIащи. Зы щапхъэ закъуэ къэсхьынщ, езы Анатолэ циклым псалъащхьэ хуищIари хэту:

*Телъакъым уи цIэр махуэ къэс си Iупэ —*
*Апхуэдэр си щхьэ къысхуемыгъэзэгът.*
*КъысхуегъэкIуакъым мыпхуэди си напэ —*
*Уи Iэблэр сэ уэрамхэм щызмыIыгът...*
*ИтIани сэ уэ сызэрыпхущытыр*
*Гухэлъ уэрэдкIэ куэдрэ къэсIуэтащ.*
*ЖызоIэ нобэ, зыкIи сымыукIытэу:*
*«Си гъащIэр зырикIт, уэ ухэмытам!»*

Сыт хужыпIэ хъун иджыри мы усэ гупым? Ахэр псэмрэ гумрэ яку къыдэзышар мы дунейуэ зэ закъуэ фIэкIа къытлъымысынум щызекIуэ фIыгъуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ. А фIыгъуэр зымыгъэунэхуу дунейм ехыжар мыпсэуххам пэлъыти, ущыуэнкъым. Ауэ, ар игъэунэху къудейм къыщымынэу, псэкIэ фIыуэ илъэгъуам гъащIэр дэзыхьа дэтхэнэри тIуащIэу насыпыфIэщ, и гъащIэм гууз хэтауэ щытми.

Зи гугъу сщIа циклым къыкIэлъыкIуэу нэгъуэщI зы итщ тхылъым. Ар зытеухуар усакIуэм псэлъэгъу ищIахэмрэ ищIынкIэ зыщIэхъуэпсхэмрэщ. Хэт атIэ абы и «псэлъэгъухэр»? Лъэпкъым и набдзэхэу, Андемыркъан хуэдэ лIыхъужьхэращ, Темыркъан Юрэ, КIыщокъуэ Алим, Бэрбэч ХьэтIутIэ, Лъостэн Владимир, Сокъур Мусэрбий, БжэIумых Хьид сымэ хуэдэ уардэхэращ, Къэшэж

Иннэ, Бещтокъуэ Хьэбас, Елгъэр Кашиф сымэ хуэдэ усакIуэхэращ, адрейхэри абыхэм ядекIун защIэщ. Бицум ахэр е щытхъупскIэ игъэлъапIэу, е тхьэпэлъытэу ибжауэ къыхихыу аракъым, атIэ мо и псэм къехуэбылIэ цIыхухэм я теплъэмрэ щэнымрэ и нэгу къыщIигъэувэурэ, езым и поэтическэ фантазием зригъэIэту аращ.

Си гугъэщ икъукIэ къезэгъыу тхылъым и кIэухым балладэхэр зэритыр. Ахэр япэм къыдэкIа тхылъхэм зырыз-тIурытIурэ ярытащ, иджы зыуэ щыплъагъукIэ, наIуэ къохъу Бицу Анатолэ адыгэ балладэ жанрым хуищIа хэлъхьэныгъэм фIагъыу хэлъри, уигу зыхуэмызэгъэн гуэрхэри. Ауэ, дызытепсэлъыхь тхылъым и курых усэхэр апхуэдизкIэ гущIэм къыщежьауэ гъэпсащи, лажьэ гуэрхэм я гугъу сщIыну сыхуейкъым. Мыбы и фIагъхэр щыхьэт тохъуэ зи ныбжькIэ илъэс хыщIым щхьэдэха усакIуэм иджыри дэ дигъэгъэщIэгъуэн куэд къызэрызыкъуихыфынум.

**ГЪУТ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*
*2010*

# УСАКIУЭ НЭС

ЕтIощIанэ лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм адыгэ литературэм къыхыхьащ зэфIэкI зиIэ усакIуэ гупыфI. Абыхэм ящыщщ 60 гъэм и кIэуххэм адыгэ усыгъэм и уафэгум къыщыхъуэпскIа Бицу Анатолэ. А хъуэпскIым къигъэнэхуа уафэ джабэм иджы иболъагъуэ Бицум и псэм и нуркIэ зэщIигъэна, нобэми зэщIэплъа дыгъэ гуащIафIэ.

«Ар зэкъуэхуауэ мыусакIуэу къыпхуэубыдынутэкъым», – хужаIэгъащ урыс усакIуэшхуэ гуэрым. А псалъэхэр сыт и лъэныкъуэкIи – и тхыгъэкIи, и дуней тетыкIэкIи, и хьэл-щэнкIи, и нэгу зэхэлъыкIэкIи епхьэлIэ хъунущ Бицум. Апхуэдэу щIыщытми щхьэусыгъуэ иIэщ: дэтхэнэ усакIуэ нэсми хуэдэу, ар псэкIэщ зэрыпсэур, абы зэрегъэзахуэ дуней псор. УсакIуэм и пщэ къыдэхуэ къалэнышхуэм теухуауэ езы Бицум пасэу итхауэ щытащ мы сатырхэр:

*УсакIуэр и плъыр сакъщ цIыху гъащIэм,*
*НэгъуэщIым ар сэ схуемыгъэщхь.*
*Щхьэщыубгъуауэ щIым игу пIащIэр*
*Абы и гъащIэ мащIэр ехь.*

*Зы махуэ и псэм псэху имыщIэ,*
*Зы жэщ имыIэ Iэфlу жей.*
*Сыт хуэдэ къуакIи нэкIэ къищу,*
*Ар зыхуэплъырыр щIы хъурейрщ...*

*... Зэгуэр къытепщхьэм, жэщ мазэншэу,*
*Е-блащхъуэр щIылъэм, зищIу щэху –*
*Еуэнщ усакIуэр игу-тхьэгъушым,*
*ЩIым цIыхуу тетыр къэушыху!*



УсакIуэм и дежкIэ щыIэкъым щхьэ закъуэ насып. Абы и насыпыр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ щIым цIыхуу тетым, бэм я насыпым.

«ЦIыху мелуанхэм я гуауэр згъэвыну къысхуиухащ, лIэщIыгъуэ минхэм я хьэлъэм мы си плIэр къысфIиухуащ», – жиIэгъащ усакIуэ гуэрым. А гуауэмрэ а хьэлъэмрэщ Бицуми псэхугъуэ къезымытыр. Языныкъуэ «хьэрш» усакIуэхэм ещхьу, ар иужь иткъым уафэ къатиблым и щIыIукIэ усэ «жылэ» щытрисэну. Абы и дежкIэ нэхъыщхьэр дызытет щIырщ, цIыхурщ, цIыхупсэрщ, мы щIым щызэхуэмыхъухэр псалъэм и къарукIэ зэхуэгъэхъунырщ.

УсакIуэхэр лIэужьыгъуитIу егуэш: усакIуэ нэпцIхэмрэ усакIуэ нэсхэмрэ. Япэхэр, поэзием хэлъын хуей мафIэр я тхыгъэм хэмылъ пэтми, щхьэхуещагъэм и Iэмал псори къагъэсэбэпурэ, яхуэмыфащэ лъагапIэм яфIыдокI. АрщхьэкIэ пIалъэкIэщ зэрытетыфыр. «ЦIыхухэ, сэ фэ сывиусакIуэщ», – жаIэу къекIиех щхьэкIэ, апхуэдэхэр цIыхухэм къърадзэркъым, «утцIыхуркъым», жари йожьэж. Абдеж критик мылъхуэсым къигупсыса «усакIуэшхуэр», а бгы щыгум жьыIурыхьэгъуэ щимыгъуэтыж мэхъури, къуэладжэм докIуэдэж.

УсакIуэ нэсхэр аракъым. Ахэр цIыхугум къошхыдыкI, цIыхум и гуауэми и гуфIэгъуэми поджэж, я псэм и мафIэкIэ цIыхупсэр ягъэхуабэ. А мафIэм езы къызыбгъэдэкIыр исми, абы и бзийхэр гуапэщ

зезыгъэухэм дежкӀэ. А гуапагъэм лъагъуныгъэшхуэ къегъэщӀ. Апхуэдэ усакӀуэрщ бэм ягъэлъапӀэр. Апхуэдэр езы цӀыхухэм яӀэтри, Поэзием и Ӏуащхьэ щыгум трагъэувэ, игъащӀэ псокӀэ тетыну. Акъыл жанрэ гурыщӀэ куукӀэ, псэ къабзэрэ гу пцӀанэкӀэ, нэхъыщхьэращи, зэчиигъэкӀэ Тхьэр зыхуэупса закъуэтӀакъуэрщ апхуэдэ насып зыгъэунэхуфыр. А закъуэтӀакъуэм, шэч хэмылъу, ящыщщ усакӀуэ Бицу Анатолэ.

ЦӀыхум акъылкӀэ къыгуроӀуэ гъащӀэм и хабзэ пхэнжхэр тыншу зэрыпхуэмыхъуэжынур. ЦӀыхупсэр абы арэзы техъуэфыркъыми, псысэ къегупсыс. Псэ хейхэм я хеиж усакӀуэми иӀэжщ езым и дуней, дахагъэу щыӀэмкӀэ гъэнщӀауэ. Мы дызытет дуней нэмыщӀысар и гум къыщрихьэкӀ дуней телъыджэм ещхь ищӀынырщ дэтхэнэ усакӀуэ нэсми и хъуэпсапӀэр. Аращ Бицури зыщӀэхъуэпсыр.

Си тхыгъэ кӀэщӀыр сухыну сыхуейт зэгуэрым Бицу Анатолэ хуэзгъэфэщауэ щыта мы усэмкӀэ:

*ИӀэжщ усакӀуэм и дуней,*
*Хуэсакъыу псэкӀэ кърихьэкӀыу.*
*Дахагъ мыкӀуэщӀкӀэ ар къулейщ,*
*Пэжыгъэрщ гъуаззу къыдекӀуэкӀыр.*

*Абы гулъ хужьхэр къыщотӀэпӀ,*
*Абы жыг хужьхэр къыщогъагъэ.*
*Насып псынэпсыр къизыгъахъуэ*
*ЦӀыхупсэ хейхэр щыӀэдэбщ.*

*ИӀэжщ усакӀуэм и дуней,*
*Жэщ къэскӀэ пщӀыхьу илъагъужу.*
*И гугъэм хуэхъурэ ар пкӀэлъей,*
*Уэрэд пщэдджыжьым хуиусыжу.*

*Зэгуэр усакӀуэм и дунейм*
*Ещхь хъууэ щытмэ ди цӀыху гъащӀэр, –*
*Арщ къехъулӀауи и гуращэр –*
*НэгъуэщӀ насыпи ар хуэмей!*

**МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ,**
*«Ӏуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ, усакӀуэ*



КIыщокъуэ Алимрэ Бицу Анатолэрэ. ПсыкIэху. 1984.





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* тхакIуэ, журналист ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, урыс усакIуэ цIэрыIуэ Ляпин Игорь, Бицу Анатолэ сымэ. 1984.



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* усакIуэхэу Бицу Анатолэ, Гъубжокъуэ Лиуан, КIэщт Мухьэз сымэ. 1980.





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* тхакIуэ Журт Биберд, Олимп джэгухэм я чемпион Брумель Валерий, Бицу Анатолэ сымэ. 1981.

# Бицу Анатолэ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

Бицум и усэхэм фIагъыу яхэлъщ ахэр къуэпсыбэкIэ лъахэм зэрыпыщIар, и лъэхъэнэгъухэм я гурылъ-гурыщIэхэр акъыл жанкIэ къипхъуатэурэ, ахэр гурыщIэ инкIэ зэщIиузэдэжурэ щIэджыкIакIуэхэм гурыхьу зэрабгъэдилъхьэжыфыр.

**КIЫЩОКЪУЭ Алим,**
*Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь,*
*КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ*

* * *

Бицу Анатолэ псалъэ дахэ зэIущэкъым, ар тотхыхь езыр фIыуэ зыщыгъуазэ Iуэхугъуэхэм, и псэкIэ зыхищIахэм, аращ сыт щыгъуи щIэгурыIуэгъуэр, щIэщыгъуэу щIыщытыр.

**КОВАЛЕНКОВ Александр,**
*усакIуэ, критик*

* * *

Бицур гъащIэм хуэнэжанщ. Абы и лирикэм гъунэжу ущрохьэлIэ узыгъэпIейтей, гукъинэж къыпщыхъу зэгъэпщэныгъэхэм. Абы и дэтхэнэ усэми поэзием и дамыгъэ ятелъщ.

**ДОЛМАТОВСКИЙ Евгений,**
*усакIуэ*

* * *

Литературэм къалэм къыхуэзыщтэ дэтхэнэми цIыхухэм я ущиякIуэ цIэр зыфIищыжу аращ. Апхуэдэ борш зи пщэ дэзылъхьэжым щхьэзыфIэфI «хуитыныгъэр» IэщIыб ещIри, цIыхубэ утыкум къохьэ лъэныкъуэ псомкIи зэпэплъыхьыгъуафIэу. Аращ «сызыхуей-сызыхуэфIым» и пIэкIэ «цIыхубэр зыхуейзыхуэныкъуэр» усакIуэр зэрыпсэу хабзэу щIэувыр, и IэщIагъэм мыувыIэу щIегупсысыр… Бицум Iэзагъэ «гъущэм» зриту псалъэ гъэщIэрэщIэн фIэфIкъым… УсакIуэр дэзыхьэхыр гукъэкI ищIар гупсысэ куум хуишэнырщ, Iуэхугъуэ къищтам лъабжьэ езыт фащэхэр къигъуэтынырщ, и мурадыр щызу къиIуэтэнырщ.

**СОКЪУР Мусэрбий,**
*критик*

* * *

Бицу Анатолэ и творчествэм псом япэу гу зылъозыгъатэу хэлъщ абы езым и дуней еплъыкIэ, и гупсысэкIэ, и образ гъэпсыкIэ, зыми емыщхь и хъэтI зэриIэжыр. Сыт хуэдэ Iуэхугъуэми трыретхыхь – Хэкум, мамырыгъэм, зауэ блэкIам, лъагъуныгъэм – абы дапщэри къегъуэтыф гупсысэщIэхэр, псалъэ шэрыуэхэр, ахэр тхылъеджэхэм я гум дыхьэн, къишхыдыкIын хуэдэу.

**ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер,**
*КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ*

* * *

Иджырей адыгэ поэзием езым и увыпIэ щхьэхуэ щеубыд Бицу Анатолэ. Ар дунейр псэкIэ зыхэзыщIэ, зыгъэщIэращIэ художникщ – романтик-лирикщ.

**ЭФЕНДИЕВЭ Тамарэ,**
*критик, КъБКъУ-м и профессор*

* * *

Бицур ящыщщ ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, КIуащ БетIал сымэ адыгэ поэзием щыпхаша гъуэгуанэм ирикIуэхэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, зэхэщIыкIыгъуэу, гупсысэ Iущхэр щIэлъу, псалъэ IуэнтIа-шэнтIахэр хэмыту тхэ усакIуэхэм. Анатолэ и усэхэм укъыщеджэкIэ, Iэмал имыIэу гу лъыботэ абы и лирическэ лIыхъужьыр зэрыгупцIанэм, зэрыгумащIэм, зэрыпсэ къабзэм, зэрыцIыху пэжым.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ*

* * *

ЩIалэщIэ дыдэу и япэ тхылъыр къыдигъэкIри (1969), адыгэ литературэм къыхыхьат зи дуней еплъыкIэ, зи усэ гъэпсыкIэ, зи дамыгъэ зиIэж усакIуэ гъуэзэджэ Бицу Анатолэ. Абы щыхьэт техъуэрт усакIуэм и дэтхэнэ тхылъыщIэри, къихьэху, къыдихьэх тхылъеджэхэми я бжыгъэм хэхъуэ зэпытт.

Бицу Анатолэ къыдигъэкIа тхылъхэм хуэфащэ пщIэ щагъуэтащ Налшыки Мэзкууи. Абы и творчествэм мызэ-мытIэу гуапэу тепсэлъыхьащ ди усакIуэ, тхакIуэ нэхъ пажэ дыдэхэр. Анатолэ хужаIа, хуатха псори зыхуэкIуэжыр зы Iуэхугъуэ нэхъыщхьэщ: адыгэ усыгъэм и гъуэгум фIыкIэ пызыщэ, дунейм и къэхъукъащIэхэр, цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэр екIуу къэзыIуэтэф, зи усэбзэ, гупсысэкIэ зиIэж, зи зэфIэкIыр, Iэзагъэр зэпымыууэ ефIакIуэ усакIуэ дызэриIэрщ.

**ЕЛГЪЭР Кашиф,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*

* * *

Къэбэрдей усыгъэм зи псалъэ щыжызыIэфа усакIуэщ Бицу Анатолэ. Зыми хэгъуащэркъым абы и усэмрэ и псалъэмрэ – ахэр зи гущIэм къиIукIар зэры-Бицум занщIэу гу лъыботэ. Куэдым къехъулIэркъым ар, куэдым я натIэм кърихтхэркъым апхуэдэ насып. Апхуэдэ насыпкIэ къэхъугъэр зыхуэупса усакIуэхэм ящыщщ Анатолэ. Сэ ар яхызобжэ Къэбэрдей усыгъэм и гъуэгур зыгъэбжьыфIэ усакIуэ цIэрыIуэхэм.

**СОЗАЕВ Ахъмэт,**
*КъБР-ми КъШР-ми я цIыхубэ усакIуэ*

* * *

Ди адыгэ поэзием Бицу Анатолэ увыпIэшхуэ щеубыд. УтемыукIытыхьу пхужыIэнущ мы иужьрей илъэс тIощIым ди поэзием и шу пашэхэм ящыщ зы мыхъуу, атIэ нэхъыфIхэм ящыщу Бицу Анатолэ зэрыщытыр.

Бицум и усэхэм яхэлъ гуапагъэр, хуабагъэр дапщэщи сакъыу къигъэсэбэпу зытетхыхь Iуэхугъуэхэм къыхощ, абы къыхэкIыуи усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр ауэ сытми итха тхыгъэкъым, атIэ ар абы и гупсысэ кууухэм къапкърыкIащ.

УсакIуэ Бицу Анатолэ и поэзиер зэрыдахэм хуэдэу, езыри и хьэлкIэ, и цIыху щIыкIэкIэ дахэщ. ЖыпIэ хъунущ усакIуэмрэ абы и творчествэмрэ зы къупхъэм къызэрикIар.

**ХЬЭХЪУПАЩIЭ Хьэжбэчыр,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, музыковед*

* * *

Зыкъом щIащ ди литературэм къызэрыхыхьэрэ усакIуэ Бицу Анатолэ и лирическэ лIыхъужьыр, гу щабэ зыкIуэцIылъыр, ауэ, хуей хъумэ, зи «гущхьэр къачэу» гъащIэм дэтхэнэ и зы бийми пэувыфыр. Ар загъэлъэгъуэн нэхъ дерс ямыIэу иужьрей илъэсхэм ди литературэм щиувыкIахэм къахокIуэтри, гъэщIэгъуэну икIи куэду къызэкIуэцIокI, дунейм и гурыгъу-гурыщIэхэм гу пцIанэкIэ йоIусэ. Гуауэмрэ гуфIэгъуэмрэ я зэхуаку иIэ жьы дэхупIэ тIэкIум ирибауэ мы сатырхэм къаIуатэ гъащIэм и пэжыпIэр зи курых гупсысэ: «Уо, анэ, уи гур гъэбыдэ, гуфIэгъуэ хьэщIэу къэкIуащ!». УсакIуэр мэшынэ и нэгу щIэкIа гуауэхэм зи гур «пIащIабзэ» ящIа анэм къыхуэкIуа гуфIэгъуэр хуэмыхьыжынкIэ...

Бицум итха нэгъуэщI зы усэм нэхъ лъэщыжу къыщеIэт мы темэм епха гупсысэхэр. Зауэм хэкIуэда и къуэм и сурэт блыным фIэлъым еплъу щыт анэм щIыгъуу гуауэр зыпэмылъэща гъащIэ къуэпсхэри усакIуэм ди нэгу къыщIегъэувэф.

Бицур гъащIэм нэ жанкIэ хоплъэ, и тхыгъэхэм темэ куэд къыщеIэт, дэтхэнэри езым и бгъэдыхьэкIэ иIэжу кууuэ зэпкърех, и гупсысэхэр усэбзэ дахэкIэ тхылъеджэм хуеIуатэ, зыхуиIуатэми ахэр къабыл ещI. Гум дохьэ усакIуэм и лирическэ лIыхъужьыр – псэ къабзэр, гу пцIанэр.

**АЦКЪАН Руслан,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ*

* * *

Бицу Анатолэ и гуащIэр къбэрдей усыгъэм и лъагапIэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытым шэч къытрахьэркъым ди литературэм иужьрей илъэсхэм къикIуа гъуэгуанэр зыдж щIэныгъэлIхэм. Абыхэм къызэрахутащи, къэбэрдей усыгъэм и гуащIэр къебл зэпытурэ зыщиужь лъэхъэнэщ дэ дызэрытыр.

А лъэхъэнэм и кIуэцIкIэ я макъыр зэрыубыдащ, я къалэмыпэм усыгъэ хьэлэмэт куэд къыщIэкIащ усакIуэ гуащIафIэ гупышхуэм. Абыхэм къахэжаныкIхэм ящыщщ Бицу Анатолэ.

СыткIэ хьэлэмэт Бицу Анатолэ и усэр, сыт и шыфэлIыфэ абы – аращ зытеухуар Багъ Борис ипхъу Иринэ и кандидат диссер-

тацэр. Абы кууэ щызэпкърыхащ усакIуэм и Iэдакъэ къыщэкIа усыгъэхэм я нэхъыбапIэр, къыщыгъэлъэгъуащ Бицум и усэм и хэхъуапIэхэмрэ абы зэрызиужьа гъуэгуанэхэм я унэтIыпIэхэмрэ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид,**
*тхакIуэ, критик*

* * *

ЦIыху къэс мы дунейм, гъащIэ къыхуиухам езым и IэнатIэ, къалэн пыухыкIа щиIэжщ. Нэхъыщхьэри а къалэныр, IэнатIэр зыхуэдэр аракъым, атIэ а уи IэнатIэм псэ къабзэкIэ, гу хьэлэлкIэ узэрыбгъэдэт щIыкIэрщ, уи къалэныр къызэрыбгурыIуэжымрэ зэрыбгъэзащIэмрэщ.

Зи къалэныр фIыуэ къызыгурыIуэж икIи псэ къабзэкIэ, гу хьэлэлкIэ абы бгъэдэт усакIуэщ Бицу Анатолэ.

Бзэм и къарур – аращ усакIуэм и къарури зыхэлъыр. Аращ Анатолэ и анэдэлъхубзэм лъагъуныгъэ лей щIыхуиIэри. Бицум и усэхэм, уеблэмэ ди адыгэ усыгъэм и лъагъуныгъэ лирикэм я фIыпIэхэм ящыщу къэплъытэ хъунущ «Къосыр уэс» усэр. Мы тхыгъэм щIэлъ гурыщIэр утепсэлъыхькIэ е ар къэпIуэтэжкIэ къыпхуэгъэнэIуэнукъым. А усэр зыхэпщIэн щхьэкIэ, укъеджэн хуейщ. Ар дэтхэнэ зы усэфIми хэлъын хуей хьэлщ. Лъагъуныгъэ къабзэм, лъагъуныгъэ дахэм и къару, гурыщIэ псори псэм къыщызыгъэуш усэщ мыр. Аращ уеджэ пэтми зыщумыгъэнщIу къыщIытебгъэзэжыр.

Сэ Бицу Анатолэ и тхыгъэхэр къызэрысщыхъур ныбжьэгъум и илъэс хыщIым ирихьэлIэу хуэстха мы усэ цIыкIум щыжысIэфауэ си гугъэжщ:

### ГЪАЩIЭ ТХЫЛЪ

Ди гъащIэ тхылъым дрегъаджэ,
Деущий, тхуобзафIэ, тхуожумарт.
Дыкъытощыжри абы гъуджэу,
Дегъэлъагъужыр ди сурэт.

Дегъэлъагъужыр ди сурэтыр,
Химылъхьэу теплъэм плъыфэ лей.
Ди махуэ псори и зэхуэдэу
Етхыж, хэмыту нэфI е ней.

Уи гъащIэ тхылъым сриплъэжу,
НапэкIуэцI хыщI зэзгъэдзэкIам
ПымыкIрэ сигу, къытезгъэзэжу,
Сэ усэфI Iэджи къизджыкIащ.

Пхурехъу а тхылъыр абрагъуэ,
Хуэщхьэпэу лъэпкъым махуэ къэс.
ЦIыху лъагъуныгъэр игъэбагъуэу,
Иджыри куэдрэ уэс кърырес.

**УЭРЭЗЕЙ Афлик,**
*усакIуэ*

*Усэхэр* БИЦУ Анатолэ

* * *

Сэ къэзгъэкIыркъым мэш,
КъыщIэзмыш щIым щIыдагъэ.
Мывэ блын сымыгъэж... —
Ахэр си мыIэщIагъэ.

Ауэ псэкIэ си къуэшщ
Зи Iуэху дахэу бгъэдэтыр.
ДэнкIи щIэуэ щахутэм
Сэ къызат гукъыдэж.

ГъащIэр сытми хуэIущщ —
Узыхуейр пхуещI IэнатIэ.
Сэ хуэусэм сащыщщ
Дуней хуит дызытетым.

Сэ хуэусэм сахэтщ
Пщэдей махуэ къэкIуэнум,
Захуэр ем тезгъэкIуэну
Бзэ къарукIэ сыхэтщ.

Сыт лэжьыгъи уэ лэжь —
ФIыщ пщIэр цIыхум хуэщхьэпэм.
Дунейм теткъым нэхъ лъапIэ
Къэбгъэнэным лъэужь.

Согъэныкъуэ си жей —
Нызогъэс си Iуэху Iыхьэ.
ФIыщIэ лъэпкъ сыхуэмей,
Къэзмылъыхъуэ сэ щIыхьи.

Щабэу жесIэу уэрэд
Сэ сытетщи си щIылъэм,

Щэхуу сиIэщ мурад —
КъысщIэныну зы псалъэ.

* * *

УсакIуэр —
И плъыр сакъщ цIыху гъащIэм.
НэгъуэщIым ар сэ схуемыгъэщхь.
Щхьэщыубгъуауэ щIым игу пIащIэр
Абы и гъащIэ мащIэр ехь.

Зы махуэ и псэм псэху имыщIэ,
Зы жэщ имыIэ IэфIу жей.
Сыт хуэдэ къуакIи
НэкIэ къищу,
Ар зыхуэплъырыр щIы хъурейрщ.

ЗыщIыпIэ уафэр къыщыгъуагъуэм —
УсакIуэм и гур къыхоскIыкI.
ТетыхукIэ мы дунейм шынагъуэ —
ЦIыхупсэм ар
ТемыплъэкъукI.

... Зэгуэр къытепщхьэм,
жэщ мазэншэу,
Е-блащхъуэр щIылъэм,
ЗищIу щэху —
Еуэнщ усакIуэр игу-тхьэгъушым,
ЩIым цIыхуу тетыр къэушыху!

## КIУЭЦIРЫКIЫБЖЭ

ДэнэкIи хуейр къыщыдыхьэу,
ДэнэкIи хуейр щыдэкIыжу,
Iумыту зы куэбжи бжыхьи,
Си пщIантIэр — кIуэцIрыкIыбжэщ...



5 Заказ №506

Къызэмыупщ1у сэ зыкIи,
Къыдыхьэу гуауи гуфIэгъуи,
Ар зэIухащи сыт щыгъуи,
Мы сигури — кIуэцIрыкIыбжэщ...

КIуэцIрыкIыбжэр сфIэIейкъым —
Къысхуок1уэ хьэщIэу хэт хуейми.
Ауэ къызет зы гукъеуэ —
СеукIыр сэ жьы зэпеуэм.

## СИ АНЭДЭЛЪХУБЗЭ

*ХьэфIыцIэ Мухьэмэд хуэзгъэфащэу*

Си анэдэлъхубзэу си псэ,
Си анэдэлъхубзэу си нэ,
Щхьэ ущымыIужрэ къабзэу
Нобэ уэ адыгэ унэ?

Си анэдэлъхубзэу дахэ,
Си анэдэлъхубзэу пагэ,
Зэгуэр ди адэжьхэр уэрти
Дуней псом зэрыхэтыр!

Си анэдэлъхубзэу гуапэ,
Си анэдэлъхубзэу гуащIэ,
Уи бын пэжхэр щIым гуп-гупу
Щызэбгридзакъэ гъащIэм.

МащIэр хъурэ гуащIэмащIэ?
МащIэр хэкIуэдэжрэ занщIэу?
Си анэдэлъхубзэу щыпкъэ,
Уэ ущхьэщыхьакъым нэпкъым!

Си анэдэлъхубзэу нахуэ,
Си анэдэлъхубзэу хахуэ,
Зы шу закъуэу щытми, нартыр
Пэувыфти и дзэм чынтым!

Си анэдэлъхубзэу уардэ,
Си анэдэлъхубзэу быдэ,
КIуэщIыр пэжмэ уэ уи лIыгъэр,
Ар дэращ зи хуэмыхугъэр.

Си анэдэлъхубзэу си псэ,
Си анэдэлъхубзэу си нэ,
Щхьэ ущымыIужрэ къабзэу
Нобэ уэ адыгэ унэ?

И тхылъ тIэкIухэр пхуэхъуу мащэ,
Уехыжауэ дунейм къищIэм,
Си анэдэлъхубзэу хъыжьэ,
ТхакIуэр уэ уи сын мывэжькъэ!

Ямыпсыхьу къэна куэпкъырщ
Сосрыкъуэ иIар лIапIэу.
Си анэдэлъхубзэу лъапIэ,
Уэ улIэжмэ –
ЛIэжащ лъэпкъыр!

## СУРЭТ

Куэд щIащ зауэ мафIэр зэрыужьыхыжрэ,
Ауэ сахуэ фIыцIэр ноби ди щIым телъщ...
Мес, щIэрыщIэу нанэ блыным къыфIехыжри,
Нэпсыр щIилъэщIыкIыу, сурэт гуэрым йоплъ.

А сурэтыр нанэм хуехь и Iупэм, и нэм,
И псэм химыхынур щIекъуззэ и бгъэгу.
КъогуфIыкI сурэтым щIалэ щхьэц баринэр –
Пасэу, ар къигъанэу, техьар зауэ гъуэгу.

А зы сурэт закъуэрщ къытенар дунейми
И фэеплъу и къуэ зауэм хэкIуэдам –
Аращ зэплъыр анэр дыгъэр къыщIэкIами,
Аращ зэплъыр анэр жэщхэр хэкIуэтам...

Къызоплъыхь сэ фэбжькIэ гъэнщIа мы ди щIылъэр,
Нобэм и нэщэнэу дэнкIи щызолъагъу:
Итщ и пащхьэм анэр блыным сурэт фIэлъым —
Сурэтыр нэщхъыфIэщ, анэр гукIэ магъ.

* * *

Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,
Ухэтми дэпым —
Уэ зэщIэувыIыкI.
Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,
Ажалу щытми къожьэр —
КъызэплъэкI.

Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,
Сэр някъуэкъихмэ сампIэм —
Ар илъхьэж.
Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,
Шэ бутIыпщар,
ЛъэщIыхьи, къэубыдыж...

МафIэс, къурш лъалъэ,
Дунейр зыхьэж псыдзэ... —
ЩымыIэ, сянэ, сэ сызыубыдын,
Щызэхэсхам къыбжьэдэкIауэ си цIэ.
Ар схулъэкIынщ сэ,
Сэ — уэ сурибынщ!

Ауэ сыкъыщожалIэм щтэIэщтаблэу,
Дапщэщи хуэдэу,
КъызжеIэ къудей:
«Сигу укъэкIауэ арат тIэкIу, си щIалэ...» —
ГуфIэгъуэм си псэр хэткIухьынщ абдей.

Хьэуэ, семыжьэ, Iей —
Тхьэм имыухкIэ
Къэхъуну яужь дыдэу сыщебджэж!
ИтIани къытезгъазэу жызоIэж:

Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ —
И пащхьэ, псынщIэу нэси,
Сыну жы.

* * *

Мы гъащIэм и Iущагъыр хьэлэмэтщ.
Уегъэхьыр
Умыужэгъуу и зы махуэ.
Сыт хуэдэ ныбжьым уитми къыпхуегъуэт
Iуэху мин,
Уи щIыгу щыпщIэн хуейуэ къыптехуэу.

И щыгуу цIыху насыпым, дауи, щытщ
УкIуэныр,
Ажал къоджэр зэхыумыхыу!
Аракъэ кIэншэм пщIа уи мурад дахэр:
Езым сын хуащIыжынкIэ хъуну сэхыр
ЕIущIри
Лыжь жьакIэхур пщIантIэм дэтщ!

* * *

ЩIы фIыцIэм
Уафэ хужьыр къыщхьэщытщ.
Мыгугъэу тетыфынукъым щIым
ЦIыхур.
Арауэ пIэрэ цIыхур-тIэ
КъыщIалъхур
ЩIыгулъу фIыцIэ
Нэ кугъуитIым щIыгъуу,
И нитIым щIэлъу
Уафэ хужь бзыгъитI?

ЩIым тетщи цIыхур —
Уафэрщ иIэр плъапIэу.
Къэзылъхуа щIылъэр
Абы и псэм пещI.

Ауэ зылъэмыIэсу щыIэр
Iэбэм,
КъыIуидзэр и нэм,
ИIэтам и напIэр,
Уэгу хужьырщи —
Абы пIейтей псэр фIещI.

Мес,
Щос ар нобэ кхъухькIэ
Уэгу адрыщIым.
Мес, къыщекIухьыр кIуауэ
Мазэ щыгу...
ИтIани
Вагъуэ лыдхэм нащхьэ къащIу
Елъагъури —
ЦIыхум псэху дунейм щимыщIэ:
Къелъыхъуэ
Вагъуэ жыжьэхэм я гъуэгу...



ИмыIэ
Зэи кIэ цIыхум и гугъэм.
Уэгу щIэншэр абы и гум
Пхуигъэхун?
Къытехуэу цIыхур
Хъуми нобэ лIэн:
ЩIыгулъу фIыцIэ
Нэ кугъуитIым щIыгъуу
И нитIым щIэлъу
ЩIылъэ фIыу илъагъум
Уафэ бзыгъитIи
Абы здыщIихьэнщ!

## УИ ХАЛАТЫР

*Людэ и фэеплъу*

Ар зыщIыпIэ къуэлъат —
Щыгъынтыжым хэхуакъым.
ЗигъэпщкIуауэ арат?
Зыми и плIэ ихуакъым.

Тедзэжауэ ету,
ФIэдзэжауэ фIэдзапIэм,
Ар ящIыгъущ иджыпсту
Си щыгъынхэу нэхъ лъапIэм.

Щыгъын шкафыр кудащ.
Iусхыху и бжэр, сигу хохъуэ:
Уи халатыр къыдощ,
Си кIэстумхэм защихъуэу.

Ар дэлъынущ абы,
Си щыгъынхэр злэжьэхукIэ.
Ар дэлъынущ абы,
ЗаришэкIыу къэсщэхухэм.

Ар зыщIыпIэ къуэлъат —
Щыгъынтыжым хэхуакъым.
ЗигъэпщкIуауэ арат! —
Зыми и плIэ ихуакъым.

КъысфIагъэщIу упсэу,
СиIэщ куэд уи сурэту.
Ауэ уи фэеплъ псом
Я нэхъ лъапIэщ халатыр.

Абы уи пкъыр къыпхощ,
КъыкIэрех абы уи мэ,
Уэ ущIэс къысфIегъэщI
Ди лэгъунэм, жэщ хъуамэ.

Абы ар къегъэнэху,
Абы сэ сегъэхуабэ...
Зи псэр сэркIэ мыпсэху,
Уэ къощI ноби си гуапэ.

## КЪУЭ

Сыкъэтауэ куэдрэ,
СокIуэлIэж си унэ.

Зы сыхьэт дэкIыжмэ —
Насыпым сыхэсщ:
Къыспежьэнущ си къуэр,
И гъусэу и анэм...
Согупсысыр дауэ
Хъунуми зыхуэсщI.

Япэхэми хуэдэу
Къажэу зыкъызидзтэм,
Сэ абы гумащIэу
IэплIэ-ба хуэсщIынт.
Ауэ пыгуфIыкIыу
Iэ ижьыр къызиту:
«Къеблэгъэж!» — къызжиIэм,
Сыт итIанэ сщIэн?

СщIэнкъым зыри, сщIын фIэкI
КъызжиIар си гуапэ, —
Зигъэбалигъыну,
Iэдэбыну хэтщ!
Сэри си щхьэгъусэм,
Абдеж сызиплъапIэм,
Аркъудейщ жесIэну:
«Iуэхухэр дауэ щыт?»

... КъыщоувыIэр папщэу
МафIэгур вокзалым.
Псом япэ, сыпIащIэу,
Вагоным сыкъокI.
Жыжьэу сыкъелъагъури,
КъыщIопхъуэр си щIалэр,
«Месыр папэ!» — кIийуэ,
Къимыгъанэу лъэкI.

«Сабий цIыкIущ иджыри», —
ЖысIэу сэ согуфIэ.
ЗэкIэ си дамащхьэм
Къэсщ ар зэрыхъуар.

Хъунущ ар иджыри
ЩIэскъузэ си бгъэгум,
Хъунущ и щхьэ фIыцIэм
Теслъхьэ си щхьэ тхъуар!

* * *

Зэгуэр зэIыхьэу щытмэ
Си Iуэху —
Къысхуагъэзэнщ
Я щIыб зыкъомым,
СощIэ.
ЖаIэнщ абыхэм
Ягу зэгъауэ: «Уэху,
Ихьынщ иджы
Абы и махуэр жэщу».

ЩымыIэ хъун
ЗимыIэ жагъуэгъу щэху.
Абыхэм я гур
Хъун зытебгъэзагъэ?
Сэ сохь си гъащIэ Iыхьэр
Махуэу бзыгъэу —
Зэгуэр зэIымыхьэн хуэдэу
Си Iуэху.



* * *

Зыплъыхьыт, шынэхъыщIэ,
Уи нэр жанщ.
КIуэдыжыркъэ адыгэхэр,
Арати...
ЩIыхухъухэр
ПщIантIэхъумэу къэнэжащ,
Щыхубзхэм я псэр
Пигъэхуащ бэзэрым.

Гупсысэт, шынэхъыщIэ,
Мы къэхъуар

Дядэжьхэм
Къыхэхуакъым я пщIыхьэпIэ!
Зи щIыхьыр нэхъри пIэтын
Уи гугъа
Уи лъэпкъыр уэ
Ихуакъэ укIытапIэ!

Уи лIыгъэр, шынэхъыщIэ,
Къызыкъуэх.
Уи псалъэр жанщ,
Уэ пхулъэкIынущ Iэджэ.
Уи щIэблэгъу Iущхэр
КъэщIи акъылэгъу,
ЗыкъищIэжыным
Адыгэр къыхуевджэ.

Къезыгъэлыну щыIэр
Ем дунейр
Дахагъэрамэ —
И гъэрщ абы уи псэр.
Яхэпщэ ар
Сабий къыдэкIуэтейм,
КъызыгурыIуэу хъуам
Дахагъэм и бзэр.

Мы щIым щызекIуэр Iэщэу
Зым щымыщ,
Псалъэ шэрыуэм, Iущым
Елъытауэ.
Гупсысэр уэ
Шабзэкъум хуэдэу шэщI,
УтIыпщ уи псалъэр
Шабзэшэ лъэтауэ.

Шабзэшэхэр
Трехуэ зэбгъэпщам,
ИращI уIэгъэ
Я гур — я тIасхъапIэр...

Уэ, шынэхъыщIэ,
ЩIэ сэ схуэмыщIар –
Адыгэу зы псэ
Нумыгъэс щыхупIэм!

## ДАУЭ НЭХУ УКЪЕКIА?

*Нало Ахьмэдхъан деж*

«Дауэ нэху укъекIа?» –
Ар сэламу къысфIэщIырт,
ЖаIэ хабзэу фIэкIа
НэгъуэщI къикIыу сымыщIэт.

«Дауэ нэху фыкъекIа?» –
КъытщIоупщIэ нэхъыжьыр.
«Мыхэр ди фэм дэкIащ», –
СхужымыIэ нэхъыщIэм.

Ауэ фIыуэ сощIэж
Згъэва псор сэ а жэщым.
Си сабийм зимыщIэжт,
НэкIэ слъагъуурэ жэщIырт.

И псэм еджэу плъыржьэрт,
СимыIэжт зы гугъапIэ.
Си псэр Iэджэми жэрт,
Зэтезмылъхьэт си напIэ.

Си гум щэхуурэ къэкIт:
«Я нэхъ гуауэр къысщыщIым,
Сыт слъэкIын абы фIэкI –
Сыкъеджэнщ си нэхъыжьым».

Гузэвэгъуэр токIуэт,
ЗыкъещIэжыр си щIалэм.
Лыгъэр сэ къыстокIуэж,
ЖызмыIэж зы тезгъалэу...

«Дауэ нэху укъекIа?» —
Си нэхъыжь къысщIоупщIэ.
ЩыIэ, абы фIэкIа.
КъикIыр зыщIэ а упщIэм?
*Пицундэ, 1980*

## ХЬЭФIЫЦIЭ МУХЬЭМЭД ДЕЖ

Зыгуэрхэм дэ фIы дыдэу дыкъалъагъур,
Къэдмылэжьа щытхъу инхэр къытлъагъэс.
Щыпхыдагъэшри щIыгум бгъуфIэу лъагъуэ,
Вагъуэ щылыдхэм уафэм дынагъэс.

Егъэлеяуэ дифI зыIэтхэм ещхьу,
Ди Iейр тхуэзыгъэбатэри мэхъу куэд.
Абыхэм жаIэм тепщIыхьмэ, дыхущхьэу
Дохь гъащIэр, пщIэншэу зэман догъэкIуэд.



Дащыщкъым щытхъум зи щхьэр игъэуназэм,
Дащыщкъым жагъуэгъу псалъэм дэгулэзым,
Яжынур дишхэм тщIэжу дытетщ гъуэгу,
Ижэгъухэр къыщIэмыплъэми ди нэгу,
Къытхуеуэу, гуфIэу, ди ныбжьэгъухэр Iэгу.

* * *

Уэ нэгъуэщIым
КъыбопхъэнкI и пщIантIэ,
Уэ нэгъуэщIым
Зохьэ и Iэлъын —
Укъыспэплъэ нэхърэ
Пщэдей пщIондэ,
Нэхъ къэпщтащи
Нобэ уиIэм лIы.

КъыслъоIэс щIэх-щIэхыу
Уи хъыбархэр —
Зэрыкъуажэу

Хъуащ уи тIасхъэщIэх:
УкъимыщIу жаIэр
ЛIым хъымпIар уэ,
ЖаIэр хъуауэ
Фадэм ар дихьэх.

Къыфхэхъуащи, жаIэр,
Сабий дыгъэ —
ГурыфIыгъуэу уиIэр
Уэ а зырщ...
Мырщ сэ жысIэр:
Нобэ уисщ унагъуи —
Сэ уи Iуэхур фIыну
Сыарэзыщ.

Сыарэзыщ, сыхуейщ
Дахэн зи гъащIэр,
Зи мурадми
Ухъун лъэIэсын.
СыпIуплъэну, уеблэмэ,
СопIащIэ
ГуфIэу тесу уи Iэблэм
Уи бын.

Сэ уэсхынущ уэ сэлам,
Услъагъумэ,
Гуапэу сыниплъэнурэ
Уи нэгу.
Ауэ жыпIэу
Уи Iуэхур мыщIагъуэу
Укъемыуэ етIуанэу
Сигу.

* * *

Къосыр уэс...
Къос жыыбгъэм кърихьэкIыу,
ПIащэу, щабэу...

ЩIылъэ псор еуфэбгъу.
Сэ уэращ,
Уэ зырщ сигу нобэ къэкIыр –
Уэ къыщесыр уэсыр
ФIыуэ плъагъут.

Къосыр уэс...
Къыстосэ ар си закъуэу.
Уэ нэгъуэщIым
Иджы удэщIыгъущ.
Фыхэт хъунщ мы уэсым
Фи щIэщыгъуэу...
Уэ къыщесыр уэсыр
ФIыуэ плъагъут.

Къосыр уэс...
Уэ си гум укъэкIауэ
Гурыгъу мафIэ щэхум
Си бгъэр ес.
Сэ уизгъэхужынут сигу
Куэд щIауэ,
Сэ уизгъэхужынут си гум,
Ауэ,
Къосыр уэс...
Къос пIащэу, щабэу уэс...



Ахъмэт МуІэед

# Адыгэ амазонкэхэр

## Роман



Дадыхут абы и цІэр, «удз гъэгъа хужь» жиІэу къикІыу. Пэж дыдэу, и цІэм екІужу хужьыбзэт езыри: и щІыфи, и щхьэц Іуви. И набдзитІым я фэгъу и нэбжьыц кІыхь гъуафэхэм напэхум жьауэ тращІэрт. УзыІэпишэу, дахагъэу щыІэр бгъэдэлът абы.

Балъкъ Іуфэм Іут КІунэ и быдапІэм къыдэкІа амазонкэ гупышхуэм – Аттикэр зэтезыкъутахэм ящыщ зым – и дзэпщт Дадыху. Алыдж хэкум нэса къудейуэ, кхъухьхэм къыщитІысыкІым щыгъуэ Хурсанэ гу лъитат мы гупыр, адрейхэм емыщхьу, Іэуэлъауи псалъэ лей гуэри хэмыту, тыншу зэрызэгурыІуэм. Сыт хуэдэ къалэн я пщэ къыдэмыхуэми, Іэзэу, ІэкІуэлъакІуэу зэфІагъэкІырт абыхэм. Нэрылъагъут мыхэр я ІэщакІуагъ къудеймкІэ къызэрыхамыхар, атІэ гупсысэф защІэу зэрызэхэтыр.

«ГъэщІэгъуэнщ, сыту пІэрэ абы къикІыр? – егупсысырт Хурсанэ. – КІунэ и быдапІэр адрейхэм къащхьэщыкІырт абы щыгъэува хабзэхэм я гущІэгъуншагъэмкІэ. Дэтхэнэ зы амазонкэм дежкІи тезырышхуэт а быдапІэм уагъэкІуэныр, апхуэдэ къыщыхъури зэзэмызэтэкъым. Хабзэ нэхъ ткІий дыдэр – ар амазонкэ анэм и быныр ипІыжыну зэрыхуимытырт. Абы и лъэныкъуэкІэ зыгуэрым гурыщхъуэ хуащІамэ, анэмрэ пхъумрэ псынщІэу зэкІэщІачырт, тІум яз нэгъуэщІ быдапІэ ягъэІэпхъуэрти. Ар къызыхэкІри анэ зыхэщІэр зыгъэунэхуа цІыхубзыр зэуакІуэ нэс мыхъужынкІэ шынагъэ зэраІэрт».

КІунэ и быдапІэм щызекІуэ хабзэхэр апхуэдизкІэ ткІийти, уеблэмэ хъыбарзехьэ ІуэхутхьэбзащІэхэми, абы нэху къыщекІын ямыдэу, жэщ къатехъуами уэлбанэшхуэ къэхъуами, я щхьэр къыдахырти къежьэжхэрт.

«Дауэ-тІэ апхуэдэ быдапІэм сыткІи зэгурыІуэ шу гупышхуэ къызэрыдэкІар? – егупсысырт Хурсанэ. – Шэч хэмылъу, зыгуэр щыІэщ мыхэр быдэу зэрипхыу... БыдапІэм и унафэщІ уд нэ-

*КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ, 2-нэ, 3-нэ номерхэм итщ.*

хъыжьхэм хуаIэ лъагъумыхъуныгъэр араузэ пIэрэ е мурад щэху гуэр яIэ?.. ГъэщIэгъуэнщ, сыту пIэрэ мыбыхэм я щхьэм илъыр? Дауэ щымытми, якIэлъыплъын хуейщ. Мыхэр апхуэдизкIэ псэлъэгъуейщ, зэкIуэцIылъщи, уеблэмэ зыгъэпсэхугъуэ кIэщIхэм дежи, зыхащIэIауэ къыпхуэмыщIэну, щэху дыдэущ зэрызэпсалъэр. Деплъынщ, дыпсэумэ, адэкIэ зэрыхъум. МызэкIэ си нэIэ ятезгъэкIынкъым.

Ауэ Аттикэм и къалащхьэм щебгъэрыкIуэм щыгъуэ, Хурсанэ Iэмал иIэжакъым, мурад зэрищIам хуэдэу, Дадыху и дзэм и нэIэ тригъэтыну. Абы и гупсысэр къанэ щымыIэу иубыдат алыджхэм зэрахьэ лIыгъэм. Я Iэщэ-фащэкIи, я IэщакIуагъэкIи, я зэфIэкIкIи амазонкэхэм къапэмыхъу алыджхэм, я хэкур яхъумэжу, ерыщу, къикIуэт ямыIэу я псэр ятырт. Амазонкэхэм я сэшхуэ лантIэм мин бжыгъэкIэ зыкъэрагъэукIыу, алыджхэр икIуэтырт, ауэ я пщы гуащэ Антеипхъу къатын ядэртэкъым. Мыдрейхэми Iэзэу икIи гущIэгъуншэу ягъэзащIэрт я пщэ къралъхьа къалэныр. ЯгъэзащIэрт, сыту жыпIэмэ илъэс мин бжыгъэкIэ амазонкэ къэралыгъуэм ихъума и щэхухэри я нэхъыжьхэм я гугъуехьри абыхэм я дежкIэ уасэ зимыIэти.

Псори зэфIэкIыу, амазонкэ кхъуххэм алыдж хы Iуфэр къыщабгынам, Хурсанэ гу лъитащ Дадыху и гупым, зэрызехьэрэ Iэрпхъуэррэ хэмылъу, мылъкуу зыIэрагъэхьар кхъухьышхуэм зэрырагъэзэгъам. Хурсанэ кхъухь тедзапIэм IукIуэтри уващ, адрейхэм япэплъэу. А кхъухьитхур, Италиеми Бжэн хытIыгуми «зыри щафIэмыкIуэду», бэIутIэIуншэу Пропонтидэм нэсат, быдэу зэрызэкъуэтым къищынэмыщIа, зыкIи адрейхэм къахэмыщу. Ауэ Босфор и деж щекIуэкIа зэхэуэ кIэщIым и ужькIэ, жэщым къытрихьа пшагъуэр къагъэсэбэпри, кхъухьитхум загъэбзэхащ. ЯпэщIыкIэ Хурсанэ и гугъащ кхъухьхэм я уэздыгъэхэр пшагъуэм уимыгъэлъагъуу, иужькIэ къэгузавэри кхъухь псынщIэрызекIуэхэр лъыхъуакIуэ иригъэжьащ. Ауэ абыхэми къагъэзэжащ, кхъухьитхум я лъэужь лъэпкъ къахуэмыгъуэтауэ. Мис абдежщ Хурсанэ къыщыгурыIуар: Дадыху и дзэр щIэпхъуэжат! Куэд щIауэ а мурадыр яубзыхущ, сакъыу, Iэзэу зыхуагъэхьэзырри загъэбзэхат.

Хурсанэ игу къэкIыжащ Дадыху и теплъэр, мащIэу ефыгъуэу икIи гухэхъуэ къриту. Телъыджащэр зыт: цIыху щиблым щIигъу дзэм апхуэдэ Iуэхур зэфIигъэкIыфат, зы бзэгузехьи, хэшэн и щIасэу зы Iужажи къахэмыкIыу! Хурсанэ гу зылъитахэмрэ и гупсысэхэмрэ Дахэзилэ щыхуиIуатэм, зэныбжьэгъу гуащитIым траухуащ кхъухь бзэхахэр къамылъыхъуэну, атIэ Дадыху ирихьэжьа Iуэхур махуэ хуэхъуну тхьэхэм хуелъэIуну.

А зэманым ирихьэлIэу кхъухьитхур зэкIэлъхьэужьу ищхъэрэкIэ ехырт, ипщэкIэ къриху жьы лъэщри хьэнцэхэм яхузэфIэкIри къамыгъанэIауэ къагъэсэбэпу. Дадыху ищIэрт: зыри къакIэлъыпхъэрынутэкъым. А зэрыкIуэ псынщIагъэм кIэрамыгъэхуу, абыхэм КIэрч и дэкIыпIэ зэвыр къызэранэкIащ. Апхуэдэурэ зы тхьэмахуэкIэ Меотидэ гуэлым пхысыкIа нэужь, Тэн абы къыщыхэлъадэ щIыпIэм деж нэсахэщ. ТэнкIэ драгъэзейри, зы гъэшыпIэ деж хъурзэхэр щрадзыхащ. Кхъухьхэр яунэщIу хьэпшыпхэр лъэныкъуэ ирагъэза нэужь езы кхъухьхэр гъуанэу пхраудри псым щIрагъэлъэфащ, пшахъуэ зэрыз къэпхэмкIэ ягъэхьэлъэурэ.

Апхуэдэурэ амазонкэхэр къыщыхутащ скиф Iэпхъуэшапхъуэхэм я тафэ хуитышхуэм. ЕкIэпцIэ мэзышхуэ къыщыкI уэх къагъуэтри, абдеж увыIэпIэ щащIащ, пщыIэхэр щагъэуващ. Дадыху фIыуэ ищIэрт амазонкэхэр лъыхъуакIуэ къежьэми, ягу къэкIыу, мы щIыпIэмкIэ къызэрымыкIуэнур. Пхъэрыр зрикIуэн лъэужь езыхэми къагъэнатэкъым иджыри къэсыхункIэ.

УвыIэпIэ ягъуэтати, щIыпIэр къызэхаплъыхьу щIадзащ. Удзымэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ гъэнщIа губгъуэ гъунэншэм адэкIимыдэкIи ущрихьэлIэрт Iэщыхъуэхэм къагъэна уэтэр тIысыпIэжьхэм. ИгъащIэм зыхамыщIа хуитыныгъэр я щIэщыгъуэт хъыджэбзхэм. Сыт щыгъуи зыгуэр къызыкIэлъыплъурэ есахэм, зэплъэкIыжхэурэ, хуэм-хуэмурэ я щхьэхэр къаIэтыжырт, я псэхэр хуит хъужырт. ПщыхьэщхьэкIэрэ уэрэдхэр, дыхьэшх макъхэр кIуэ пэтми нэхъ къэIурт, псом хуэмыдэу щакIуэ е бдзэжьеящэ хьэлъафIэу къыщикIыжкIэ. КъыщитIысыкIа щIыпIэм хьэкIэкхъуэкIэр щыпэрыхьэтт. Зы махуэ гуэрым щакIуэ дэкIа хъыджэбз гупыр шы Iэл зырыз тесу къыщыкIуэжам, псори, пщыIэхэм къыщIэжауэ, дунейр яхуримыкъуу гуфIэрт. Амазонкэхэм къыжаIэжащ шыхэр къазэрыIэрыхьа щIыкIэр: ахэр къыхахуат псэупIэ хэха зимыIэ губгъуэрысхэм я шы гуартэм. Абыхэм я щытыкIэр зылъагъу Дадыху жеIэ: «Пасэу щIэвдзащ гуфIэн. Губгъуэрысхэм ар къытхуагъэгъунукъым. Абыхэм я дежкIэ гугъукъым шы тIощIым щIигъум я лъэужьыр къахуныр».

– Губгъуэрысхэмрэ дэрэ дызэрызэзэуэнур шэчыншэщ, – жеIэ Дадыху, псори зэхуешэсри. – ФщIэжыркъэ пасэу дызэрызэгурыIуауэ щытар? Дэ дыхэхэсщ икIи апхуэдизуи куэд дыхъуркъым, дыкъызыхыхьахэм пагэу дахущытын хуэдэу. Дызэресагъэжьу, ди джатэр дгъэдалъэрэ гуIэрэ щыгъуэрэ фIэкIа цIыхухэм къахуэдмыхьу дыпсэуну зыми къытхуидэнукъым. Ди хуитыныгъэми мыхьэнэ лъэпкъ иIэкъым, апхуэдэ хьэл тхэлъынумэ. Дэ зедгъэсэн хуейщ дызыIущIэ псоми фIырэ гуапагъэкIэ дапегъуэкIыу. Нобэ щыщIэдзауэ си унафэр мыращ: фи псэм къемыIэм Iэщэ къыхуивмых! Дэ мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэкIэ къэдлэжьын хуейщ тафэтесхэм я дзыхьрэ я пщIэрэ. Адрей цIыхухэми хуэдэу, дэри бынунагъуэ дгъуэтыпхъэщ. ДяпэкIэ дэ дукIыжынукъым ди къуэхэр. Дэ иджы дыамазонкэжкъым, атIэ дыадыгэ цIыхубзхэщ! Алыдж гъуаплъэ афэу, щэкIыу, джатэу, зызэрагъэщIэращIэ хьэпшыпу зыкъом къыздэтщтэу, фи шы лъэужьым дрикIуэн хуейщ, пхъэру къакIуэм дазэрыгурыIуэжыным дыхуэхьэзыру. А псом ящIыIужкIэ, дэ абыхэм я деж шы щищ къыщытщэхун хуейщ, мы губгъуэм дыщыпсэуну дыхуеймэ.

Амазонкэхэм псынщIэу загъэхьэзырри, цIыхуищэ нэс зэрыгъэхъуауэ, ежьащ, шы къахуахэм я лъэужьым тету. Я хэщIапIэм фIыуэ пэIэщIэ хъуауэ, къалъагъу шу щэ ныкъуэ хуэдиз псынщIэу къахуэблагъэу. Шухэр, зы шабзэ дзыгъуэкIэ къапэжыжьэу, къызэтеувыIэщ, шыхэм зрагъэгъазэри, зэрызэуэным зыхуагъэхьэзыращ. КIуэрыкIуэм тету я гупэр шыпхэмкIэ ягъэзащ, езыхэм нэхърэ нэхъыбэ  бийм икIуэтурэ къахэуэурэ, зауэ губгъуэр ябгынэфын хуэдэу.

Дадыху и Iэр иIэтри, и гъусэхэр къызэтригъэувыIащ. Езыр, и закъуэу япэ ищри, ежьащ, губгъуэрысхэм захуигъэIэгъуэу еп-



6 Заказ №506

сэлъэну. Ауэ Дадыху кIуэтэхукIэ шу гупри икIуэту щилъагъум, нэхъ псынщIэ зищIащ, и гъусэхэм япэщIэкIуэту. Шухэми нэхъ псынщIэжу икIуэту щIадзати, Дадыху и хъыджэбзхэми жэрыгъэ защIащ, я гуащэр и закъуэу бийхэм къахуэмынэн щхьэкIэ. Губгъуэрысхэм шууиплI къахэжу лъэныкъуэ зырызкIэ зыщрачым, Дадыху къыгурыIуащ дэIэпыкъуэгъу къраджэну ахэр зэрыщIэпхъуар. Езыхэм иджы къахуэнэжыр е бийм ебгъэрыкIуэнырт, е къикIуэтынырт. Шухэр хуейтэкъым абыхэм къепсэлъэну, икIи зыгуэркIэ амазонкэхэр къебгъэрыкIуэ хъумэ, ахэр къызэуэкIыурэ щIэпхъуэжынут. Ар къызыгурыIуа Дадыху къигъазэри и гъусэхэр кърришэжьэжащ, я хэщIапIэм къишэжу...

Хъыджэбзхэр къэсыжри я хэщIапIэр ягъэбыдэу щIадзащ. Плъырхэр ихъуреягъкIэ зэбграгъэувыкIащ, езыхэми я Iэщэ-фащэхэр зыхуей хуагъазэу щIадзащ. Жэщыр мамыру екIуэкIащ, ауэ я хэщIапIэм пэIэщIэу ягъэува плъырхэм ящыщ зы пщэдджыжьым шууэ къытелъэдэжри хъыбар къихьащ, шу щищым щIигъу къазэрыхуэблагъэмкIэ, псори щIалэ пIащэ защIэрэ зытесхэри шы лъэрызехьэхэу.

Дадыху унафэ ищIщ, хъыджэбзхэр гуп-гупурэ зэбгрыжри увыпIэ щхьэхуэхэм гъэпщкIуауэ щыуващ. Шы тIощIрэ щырэ яIэти, абыхэм хъыджэбз зырыз игъэшэсри, Дадыху, езыр я пашэу, япежьащ шу къахуэжэхэм. Хъыджэбзхэм я деж къэсыным зы лъэбакъуэ щэ никъуэ хуэдиз иIэжу, шухэр къызэтеувыIащ. Я пашэр къахэкIуэтри къэуващ, зигъэнэщхъыдзэу.

Абы я бзэкIэ зыгуэр жиIащ, ауэ амазонкэхэм я дамэхэр драшейурэ, я щхьэхэр ящIурэ наIуэ щащIащ зыри къазэрыгурымыIуэр. Апхуэдэу щыхъум, пашэм зыбгъэдишащ и гъусэхэм ящыщ зы. Абыи нэгъуэщIыбзэ гуэркIэ зыгуэрхэр жиIащ. Ари къащыгурымыIуэм, езы Дадыху къэпсэлъащ. Иджы зи дамэхэр дэзышейр цIыхухъу шухэр арат. КъэкIуахэм я пашэм, губжьауэ, кIийуэ щIидзащ, и Iэпэхэр амазонкэхэр зытес шыхэм яхуишийурэ. Ар гурыIуэгъуэти, Дадыху Iэ ищIри, шы уасэ тыгъэхэр яхьри пашэм и пащхьэм иралъхьащ. Ауэ ар абыхэм емыплъыххэу, губжьауэ и пасэрей жэз джатэжьыр къыщигъэдалъэм, амазонкэхэр ауанышщIу зэщIэдыхьэшхащ.

Пашэм ищIэрт тыгъэхэр зыщIыпIи зэрымыкIуэжынур, ауэ къапэувахэм я афэ телъыджэхэмрэ апхуэдэ гъэрхэмрэ куэдкIэ зэрынэхъ лъапIэр нэхъыфIыжу къыгурыIуэрти, и дзэр къариуштащ. Зэуэ зрачри, шу щищыр зэдилъащ, хывыфэ гъэтэджамрэ упщIэ Iувымрэ къыхэщIыкIа афэхэр – гъуаплъэмрэ жэзымрэ къыхэуIукIа шэхъумэ щIыIу цIырхъхэмкIэ гъэбыдахэр – ящыгъыу. Шу тIощIрэ щыр зэуэ зэдилъу къапежьауэ щалъагъум, губгъуэрысхэр къэшынэжат, ауэ гупитIыр зэжьэхэуакIэт. ЗэрызэIууэххэу, губгъуэрысхэр яшхэм уэру къелъэлъэхыу щIидзащ. Зи псэр IукIа шухэр зэбгрыжыну щыхуежьэм, абыхэм къаIэта зэрыхьзэрийри амазонкэхэм IэкIуэлъакIуэу къагъэсэбэпащ…

Шууищэ хуэдиз яIэщIэкIыу губгъуэм щилъэдэжым, щIы щIагъым къыщIэувыкIам хуэдэу, я бгъумкIэ шабзауэ гуп къыщызэрыкъуэхри, щIэпхъуэжахэм я зэхуэдитIыр ирагъэтIылъэхащ, зы шы закъуи ямыуIэу. Ауэ а щIэпхъуэжахэм зы щIалэ Iэрыхуэ къахэкIщ, и аркъэныр къидзщ, зы шабзауэ хъыджэбз хиудри, ар кIэрыщIауэ здилъэфу щIэпхъуэжащ. Амазонкэхэм а зырат яфIэкIуэдар, уIэгъэ

мыхьэнэншэ зытелъхэм я гугъу умыщIмэ. А зауэм шы щитIым нэс, уанэхэри зэрателъу, къуентхъыу къащыIэрыхьат амазонкэхэм. ЗэуапIэм кIэлъыплъыну къагъэна плъакIуэхэм иужькIэ жаIэжащ, щIэпхъуэжахэм, я ужьыр зыху щамылъагъум, я уIэгъэхэмрэ хьэдэхэмрэ яштэжыну къызэрагъэзэжар. А зэуапIэм деж губгъуэрысу миным щIигъу щызэхуэсат, ауэ ахэр тегушхуакъым бийм аргуэру теуэну.

Пщыхьэщхьэм губгъуэрысхэм я нэхъыжьхэр Доуджи хъан и шэтырышхуэм къекIуэлIащ. И ныбжьыр хэкIуэтами, Доуджи хъан иджыри къарууфIэт, щхьэпэлъагэрэ къупщхьэшхуэу лIы Iэчлъэчт. Ар щыму едаIуэрт зэхэуэм и хъыбарыр, къыкъым хуэдэу, зэпигъэукъыщIидзэжурэ къэзыIуэтэжым. Къэхъуар жызыIэжам и псалъэр иухати, шэтырым щIэсхэр, тегушхуэу зыгуэр жызыIэн къахэмыкIыу, я щхьэр ехьэхауэ ежьэрт Доуджи хъан жиIэнум. Хуэмурэ зыкъиIэтри, хъаныр щIэупщIащ:

– Куэдрэ екIуэкIа зауэр?

– Зы мэлыфэ телъэфыгъуэ хуэдизкIэ! – пIащIэу жэуап къитащ къэхъуахэр къэзыIуэтэжам, кIыхьлIыхь зищIу Доуджи хъан къимыгъэгубжьын щхьэкIэ.

– А зэман кIэщIым къриубыдэу цIыхубз тIощIым си мэл пщIырыпщI фIабзащ! – къэгъуэхъуащ лIыжь абрагъуэр, губжьыпауэ. – Мэлхэ! Мы дунейм теткъым фэ фызыхуеи ффIэхьэлэмэти, фи мэлхэм фIэкIа! Псори къызэрывбжри аращ. Дапщэрэ вжесIа щIалэгъуалэр IэщакIуэным хуевгъэсэну? Мис иджы пщIырыпщIурэ фыфIагъэж, мэлым хуэдэу! Ахэр зэуэну хуейтэкъым, къытхуагъэлъэгъуат шыхэм хуащIа уасэри. А тыгъэхэр дэ иджыпсту дызыхуей дыдэт! Ауэ фэ, зауэлI мыхьэнэншэхэ, фи къарум фыщыгугъыжри, абы фелъэпэуащ! Ахэр зэуэну хуеятэмэ, я гъуэгум къащыхуэзэу хъуар фIагъэжынут, зэрылъэпкъыуи дызэтраукIэфынут! Ахэр цIыху къызэрыгуэкIкъым, ахэр амазонкэщ! Дунейм теткъым абыхэм япэуву ятекIуэфа! Бзэуэ ящIэмкIэ къывэлъэIуащ, мамыру Iуэхур зэфIэкIмэ яфIэкъабылу. Ауэ фэ къивдзакъым абыхэм я лъэIур, Iуэхум къыхэфлъытакъым ахэр нэхъыбэ зэрыхъури. Фхуэфащэр къывашIащ! Сэ къызэрызгурыIуамкIэ, амазонкэхэр щитхущихым зэрыщIигъушхуэ щыIэу къыщIэкIынукъым.

МащIэу гупсыса нэужь, ижьырабгъумкIэ зигъазэри жиIащ:

– Гурий! Нэхъ щIалэ лъэрызехьэ гуп къыхэх, фэ нэхъ ятету, нэхъ акъылыфIэхэу, я бжыгъэкIэ амазонкэхэм хуэдиз хъууи, фыкIуэ абыхэм я деж. Япэмыжыжьэу фыщытIыси, мащIи-куэда гужьгъэжь лъэпкъ фызэримыIэр захевгъэщIэ. Фэ фатемыуэ, ауэ езыхэр къыфтеуэмэ, фыкъыщIэпхъуэж, иужькIэ, теужхэмэ, аргуэру гъунэгъу захуэфщIыж. Апхуэдэ щIыкIэкIэ абыхэм ягурывгъэIуэ фи гум Iей зэримылъыр, ныбжьэгъугъэ фызэрылъыхъуэр. Псом я щхьэжу фи къалэныр зэгурыIуэныгъэ ефщIылIэнырщ, ар сытым теухуами: зауэ Iуэхуми, сатуми, лъагъуныгъэми. Тыгъэхэр яхуэфщI: ар шыми, мэлми, жэмми, шэтырми хъунущ. Зыми фыщымысхь, сыту жыпIэмэ апхуэдэ зэгурыIуэныгъэм дэ Iэмал имыIэу дыхуейщи. Ефтынухэр лъэпкъхэм я нэхъыжьхэм къайIыфх, къывэзымыт къахэкIмэ, къызжефIэ. Сэ езым ар гъэру естынщ амазонкэхэм.

ЛIыжь пхъашэм, и пащIэкIэ щIэгуфIыкIри, адэкIэ пищащ:

– Иджыри зэ къытызогъэзэжри вжызоIэ: ахэр, шэч хэмылъу, амазонкэхэщ, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIэ мыбы къэсами. Абы я къакIуэм къытхуихьынкIэ хъунущ е ди лъэпкъым и кIуэдыр, е и фейдэр. Фыхэди къыхэфх фызыхуейр. Мы Iуэхум акъылыфIэу дыбгъэдыхьэмэ, амазонкэхэм илъэсищэ бжыгъэкIэ дыкъахъумэнущ, ди лъэпкъри къызэтенэнущ. Гурий, мыри зыщумыгъэгъупщэ: фукIам и хьэдэр цIыхубзхэм евгъэгъэпскIи щыгъахэри щевгъэтIэгъэж. И пщIэр фIэту яхуэфхьыжи, зейм ялъагъуу вгъэтIылъыж. КIуэ, Гурий, сыпщогугъ уи пщэ ислъхьа къалэныр губзыгъэу бгъэзэщIэну. Уэ уи щытыкIэм куэдкIэ елъытауэ щытынущ нобэрей ди махуэри ди лъэпкъым и къэкIуэнури.

Доуджи хъан псоми унафэ яхуищIащ, Гурий къигъэув лъэIухэм «хьэуэ» лъэпкъ къыхамыгъэкIыну.

Дадыхуи а пщыхьэщхьэм хасэ зэхуишэсат. Зэхэуэ блэкIам и гугъу ящIыжырти, ягу къэкIыжащ губгъуэрысхэм далъэгъуа щытыкIэ мыхъумыщIэр. Амазонкэхэм ар зэрагъэщIэгъуэнур ящIэртэкъым. КъызыхэкIауэ къалъытэри абыхэм я делагъэрт, я нэпсеягъэрт. Псори арэзы зытехъуэр зыт: а зэхэуэм губгъуэрысхэм акъыл гуэр къыхахынщи, я гъунэгъущIэхэр дяпэкIэ тегушхуэгъуафIэ ящIынкъым. Дадыху къыжиIащ нэхъ гугъэфIхэр уэзыгъэщI псалъэхэр:

– А гупым я пашэу щытар акъыл псынщIэ зиIэхэм, нэпсеиным зи нэр къыщипхъуэу зи гупсысэкIэр зэщхьэщихуа щхьэпсхэм ящыщу къыщIэкIынти, абы хуэфэщэн уаси игъуэтащ. Ар япэ дыдэу хэдгъэщIахэм ящыщщ. Иджы адрейхэр хущIэкъун хуейщ мамыру дызэрызэгурыIуэным. Ахэри я унэ нэсыжрэ зыщIэгупсысыжмэ, шы тIощIым уасэу хуэдгъэзар ялъагъумэ, дэ зэуэн IуэхукIэ дазэрыпемыжьари пщIэ яхуэтщIыну дызэрыхэтари къагурыIуэжыну си гугъэщ. Абы нэмыщIкIэ, ди шу тIощIым яхузэфIэкIар зылъэгъуахэми яIэщ дяпэкIэ нэхъ щIэгупсысэн, зэныбжьэгъугъэр нэхъ къыщIыхахын щхьэусыгъуэ. Ди бгъэ гъэсахэм я хъыбар зэхамыхамэ, скифхэр иджыри къыттеуэнкIэ хъунущ, бжы зыIыгъ шуудзэшхуэ зэхуашэсу. Уд фызыжь Къазий, шу зауэм и Iэмалхэм дыхуезыгъэджам, жиIэжу зэхэсхат, скифхэм къэжэр дзэшхуэр къаруушнэ дыдэ зэращIар, зэ закъуи зызэрамыпщыту. Скифхэр здикIуэтым, зыпхыкI губгъуэхэм лыгъэ ирадзырт, псыхэм щхъухь хакIутэрт, мэжэщIалIагъэм биймхэр ирагъэхьын мурадкIэ. Апхуэдэурэ мазэ бжыгъэкIэ губгъуэм къыщрашэкIырт я бийр, езыхэм зы цIыху закъуи яфIэмыкIуэду. Мыхэр мы губгъуэ гъунэншэм и бынхэщ. Я щIыпIэм и пIалъэ фIыуэ зэращIэм къыхэкIыу, бий тынш хъунухэкъыми, егъэлеяуэ датемыгушхуэмэ нэхъыфIщ. Дигу ирихьа, псым хытIыгу теплъэ зрита щIы кIапэр икIэщIыпIэкIэ дгъэбыдэу, ар ди хэщIапIэ дымыщIу хъунукъым. Ди кхъухьхэм ящыщу зы, нэхъ чэнжыпIэм хэлъыр, къэтIэтыжу дгъэкъэбзэжами зэрантэкъым. Хэт ищIэрэ, мыгувэу дыхуэныкъуэнкIи хъунщ.

Дадыху зэрыщыгугъауэ, скифхэр зыщIэгупсысыжауэ къыщIэкIащ. Абыхэм я зыщIыкIэхэм иджы гужыгъэжь зэрахэмылъыжыр наIуэт. ЕтIуанэ махуэм къалъэгъуащ лIыжь защIэу щэм нэс, нып фIыцIэ яIыгъыу, къазэрыхуэкIуэр. Тыншу плъагъуу благъэ зыкъащIщ, шэтыр хужь ягъэувщ, я щхьэр ехьэхарэ щыму шэтырым тIэкIурэ бгъэдэтри, ягъазэри тафэм ихьэжащ. ЦIыхубзхэр шэты-

рым щыбгъэдыхьэм ялъагъу: щызэхэуахэм щыгъуэ аркъэн ирадзу ялъэфа я шыпхъум и хьэдэр, гъэпскIыжауэ, и афэри щыгъыжу, и Iэщэ-фащэри кIэрылъыжу, удз гъэгъа дахэхэмкIэ гъэщIэрэщIа алэрыбгъу хъурейм телъу шэтыр хужьым щIэлъщ. «КъызэрыщIэкIымкIэ, гупсысэфу, япэкIи плъэфу унафэщI хъарзынэ яIэщ скифхэм», – мэгуфIэ Дадыху.

Амазонкэм и хьэдэр щIалъхьэри Iуащхьи мыинышэу хутращIыхьыжащ. Абы и лъабжьэм къыщанащ шэтыр хужьри удз гъэгъари. Дадыху и псэр тыншыжат. Скифхэм амазонкэхэм къыкIэлъызэрахьа гуапагъэм къигъэлъагъуэрт абыхэм ныбжьэгъугъэр нэхъ къызэращтэр. Арми, я хэщIапIэр ягъэбыдэу щIадзащ. Псом япэу, Тэн и псыхъуэжьым къигъэщIа хытIыгум Iэпхъуэхэри, къахухьу щIадзащ. Гугъутэкъым мыбдеж быдапIэ щыбухуэну, лъэныкъуищымкIи псыхъуэ куум къиухъуреихьу, къэнэжа лъэныкъуэмкIи псышхуэм пызыщIэж псыежэх мащIи блэжу щытти. ШууитI зэтет хуэдиз и лъагагъыу псым декIуэкI нэпкъым бжыхь быдэ тращIыхьащ. Аттикэм къраша шылэ щэкIхэм щыщ ягъэлъалъэри, хъыфI къыхащIыкIащ. Тэн и псыкIэм бдзэжьей куэд хэст, мыдрей псы жапIэжьми къазрэ бабыщрэ щыкуэдт, псыхъуэ мэзхэм пшэрыхьри, къундузри, бажэри, дзыдзэри, зыми Iуимыгъэщтауэ, щIэзт. Мы щIыпIэм ерыскъыншэ ущыхъунутэкъым, тафэшхуэм уимыхьэми. Махуэ зытIущ дэкIри, япэмыжыжьэу къыщылъ хытIыгу нэхъ цIыкIум скиф щIалэ гупышхуэ къытетIысхьащ. Плъыр щыIа хъыджэбзхэм а хъыбарыр Дадыху хуаIуэтэжащ, зым жиIэр адрейм Iэпиудыжу.

– Зэ фыбэяут, сэ сыщыгъуазэщ псоми! – жиIащ я къалэгуащэм.

– Зы щIалэ пIащэ къекIу слъэгъуащ, и шыр псы иригъафэу псыхъуэм дэту. Ярэби, дапщэ хъууэ пIэрэ а щIалэхэр я бжыгъэкIэ? – щIоупщIэ нэгъуэщI зы, цIыплъ къэхъуауэ.

– Дэ дызэрыхъу дыдэм хуэдиз мэхъу икIи, фи фIэщ фщIы, зы щIали яхэткъым мытеплъафIэу, – къыпогуфIыкI Дадыху.

– Дэнэ деж дэ къанжэ унэ щыдухуэнур? – щIоупщIэ КулэкIэ зэджэ амазонкэр, жыгым кIэрыгъэщIауэ здэщытым и бгы псыгъуэр иIуантIэрэ и шхужь дэгъуэр къигъэтIейуэ. – Абы дэ щIыпIэ гуэри хухэтхакъым.

– Уий! Умыделэт иджы уэ цIыкIур! Лъагъуныгъэр хуейкъым щIыпIэ хэха гуэри. Абы и дэIэпыкъуэгъущ тхьэхэм къагъэщIа псори. А Iуэхум папщIэ къэбгъэсэбэп мыхъун щыIэкъым: пхъэри, мывэри, пшахъуэри, уеблэмэ псыри. Мис иджыпстуи а жыгым узэрыкIэрыт щIыкIэми дагъуэ лъэпкъ иIэкъым, лъагъуныгъэ Iуэху зепхуэнумэ. Зыри щIэпхъуэжын щыIэкъым.

– Хьэуэ тхьэ! Сэ зы тIэкIукIэ схъуэжынт! – жеIэ Кулэ, нэхъри и тхыр хишрэ и нэхэр щIригъэлъафэурэ.

Мыбдеж къекIуэлIауэ щызэхэтхэр хэщэтыкIри зэщIэщымэжащ. Псори егупсысырт Дадыху жиIахэм икIи ягукIэ арэзы техъуэрт абы и псалъэхэм.

ЗытэлайкIэ щыму зэхэта нэужь, хъыджэбзхэм зэуэ зрачри, зэрыгъэкIийуэ щIэпхъуащ, зыгъэпскIыпIэ ящIа псы Iуфэм хуэжэу. Мы псыхъуэжьым къыдэна псыр икIи нэхъ хуабэт, икIи нэхъ къабзэт псыежэхым нэхърэ. Жэрыжэм тету ящыгъхэр зыщадзри псым хэлъэдащи, мэдыхьэшххэр, псыр зэраутхыжурэ зэрогъэкIий. Зэ-

рызехьэ ин къаIэтащи, адрей псы IуфэмкIэ къыщыт щIалэхэми зэхах. Ахэр псы Iуфэ ныджэм къытеуварэ я жьэр Iурыхуауэ къаплъэу щалъагъум, хъыджэбзхэр псым къыхэжыжри, адэ-мыдэкIэ щызэбгрыдза я щыгъынхэр къапхъуэтэжу щIадзащ, я щIыбагъыр щIалэхэм къахуэгъэзауэ. Адрей псы IуфэмкIэ къиIукIащ хэщэтыкI макъ...

Жыжьэу къыщыту абыхэм якIэлъыплъ Дадыху мэгуфIэ и шыпхъухэм щхьэкIэ.

– Мис иджы, губгъуэрыс Iэлхэ, си аркъэным фыкъихутащ, а аркъэным и кIапэри си аркъэнкIэшым и уанэ къуапэм быдэу щыгъэлъэдащ, – жиIащ абы, и гур зэгъауэ.

ЕтIуанэ махуэм Дадыху гу лъитащ скифхэм хэщIапIэ ящIа тафэ цIыкIумрэ хъыджэбзхэм я быдапIэмрэ зэзыпх лъагъуэщIэм… Ар гуапэ щыхъуащ. «Мы псы цIыкIум лъэс лъэмыж телъхьэн хуейщ, – егупсысащ Дадыху. – Хэт ищIэрэ, сэри сигу ирихьын гуэр къахэкIынкIи хъунщ мыбыхэм. Сэ илъэс тIощIрэ хы къудейщ сызэрыхъур».

Тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу, псы цIыкIум къытехутащ зи сэххэр IэкIуэлъакIуэу тхыпхъэхэмкIэ гъэщIэрэщIа пхъэ лъэмыж. Куэд дэкIатэкъым лъагъуэри, сабэр къилъэлъу, щаубам. Ауэ Дадыху а лъагъуэм техьэну хунэмыс щIыкIэ, езым и деж къэкIуащ, иныжь щыпкъэу, илъэс щэщI зи ныбжь Гурий нэ фIыцIэр...

Иджыри зы тхьэмахуэ дэкIри, зыри зыщIыпIи мыкIуэж хъуащ: зэхыхьэжауэ псори зэдэпсэурт, сыту жыпIэмэ ихъуреягъкIэ къыщылъ хытIыгу цIыкIухэм темыхуэжу тетт щIалэхэм саугъэту къахуа Iэщхэр.

Скифхэм, сыт хуэдизу зрамыгъэлIэлIами, «хьэтыбзэ къиин бзаджэр» яхузэгъэщIакъым, ауэ цIыхубзхэм ящыщ куэдым, Дадыхуи абы яхэту, скифхэм я бзэр зрагъэщIащ, жаIэну зыхуейр тыншу къыбгурагъэIуэфу. ЯпэщIыкIэ Дадыху иригузэващ скиф щауэхэм я узыншагъэм зэрыщымыгъуазэм. Ауэ, якIэлъыплъ зэпытурэ, къыгурыIуащ щIалэхэр, узытешыныхьын щымыIэу, узыншэ защIэу къызэрыхахар. Нэрылъагъут ахэр къыхэзыхар амазонкэ лэгъунакIуэ къыхэхыкIэм зэрыщыгъуазэр. Дадыху мурад ещI, мы щIыпIэм щыткIийуэ ягъэхъыбар щIымахуэр къимыхьэ щIыкIэ, скифхэм я тхьэмадэм зыхуигъэзэну – унафэ игъуэтын хуейуэ Iуэху щыIэт.

Тхьэмадэм и деж ягъэкIуа Гурий къэсыжащ, хъыбаруи къихьащ Доуджи хъан амазонкэхэр псори и гуапэу зэрыригъэблагъэмкIэ, игъэхьэщIэнуи зэрыхьэзырымкIэ.

ЗэраухылIа махуэм Дадыху гъуджэм хуэдэу лыду гъэцIууа афэхэр зыщыгъ, нэхъ шыфI дыдэхэм тес цIыхубзищэ гъусэ ещIри, зэIущIапIэу къыхаха щIыпIэмкIэ еунэтI. Хъыджэбзхэм тыгъэ лъапIэ куэд къыздащтат: алыдж жэз афэхэр, тажхэр, Iэщэхэр, шылэрэ шухьэуэ щэкIыфI куэд, дыщэхэкIхэр, дэтхэнэ хьэпшып лIэужьыгъуэри щэм нэсу, псори Аттикэм къращахэм къыхахауэ. Ауэ абыхэм зы хьэпшыпи хэлътэкъым амазонкэхэм я къэралыгъуэм щащIауэ, езы Доуджи хъан хуахь дыщэ тажымрэ афэ зэфIэтымрэ къищынэмыщIа.

Скифхэм тафэшхуэ ягъэхьэзырат, амазонкэ щибл еблагъэми техуэну, алэрыбгъухэр яубгъури щхьэнтэхэри трагъэтIысхьэжат, кIыхьу яубгъуа чэтэн пIащIэхэм телът лы гъэвахэр, гъэжьахэр, лэкъумхэр, шышэм къыщIахуа фадэхэр зэрыт фэндхэр, псы зэрыт кумбыгъэшхуэхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр, губгъуэ мэракIуэхэр. А

Iэнэ къулейм пэмыжыжьэу ягъэуват Доуджи хъан и шэтырышхуэр. Абы и щIыбагъымкIэ щыплъагъурт мэзышхуэм хуэдэу зэхэт упщIэ шэтырхэр, абдеж цIыхуу щызэхэтри, зэ еплъыгъуэкIэ, минитху хуэдиз хъунт.

ЦIыхухэр зэлъыIукIуэтурэ ящIа зэхуакумкIэ хьэщIэхэр, Гурий и ужьым иту, Доуджи хъан и шэтырым хуокIуэ. Абдеж щызэхэтхэм я нэгум йоплъэри Дадыху къелъагъу цIыху къызэрыгуэкIым къыхуэмылъагъун. Мыбыхэм я нэгум куэд къищырт. Хьэрэмыгъэ лъэпкъ зигу къэмыкI сабий плъэкIэт нэхъыбэм яIэр, ялъагъур зэрафIэтелъыджэр къапщIэу. Языныкъуэхэр, хъуэпсэнэгущи, я нэр къихуу йоплъ амазонкэхэм я Iэщэ-фащэ лъапIэ зэщIэлыдэм. ЦIыхухъу ныбжьыщIэхэм яхыболъагъуэ я жьэр Iурыхуауэ амазонкэ дахэкIейхэм еплъхэр. ЦIыхубзхэм яхэплъагъуэрт лъагъумыхъуныгъэшхуэ зи нэгум къищхэри, зыщыгуфIыкIыр зымыщIэж хъыджэбз щIалэ дыдэхэри.

«Мыбыхэм яхэту къыщIэкIынщ зилI е зи дэлъху тIэщIэукIахэри, е зи щIасэхэр амазонкэхэм къахыхьэжахэри. Анэхэр мыпхуэдэ зэIущIэхэм кIуэуэ къыщIэкIынкъым, е къекIуэлIагъэнкъым, нэмыплъ къызэрыдатым къыхэкIкIэ», – йогупсыс Дадыху.

Абыхэм къищынэмыщIа, Дадыху гу лъитащ езыхэм я деж къагъэкIуа щIалэ пкъыфIэхэм хуэдэ куэд зэхуэсахэм зэрахэмытым. КъызэрыщIэкIымкIэ, мы лъэпкъ цIыкIум дежкIэ хэщIыныгъэшхуэт а щIалэ щиблыр.

Шэтырышхуэм и щIыхьэпIэм деж зылI зэщIэтхъуа абрагъуэ щытт, и нэ фIыцIитIымкIэ Дадыху гуапэу къеплъу. Дадыхуи и нэр къытримыгъэкIыу еплъырт Доуджи хъан. ТIуми фIыуэ къагурыIуэрт нэхэм щIалъагъуэр пщIэрэ нэмысу зэрыщытыр, къагурыIуэрт сыт хуэдэ гупсысэ щхьэж иIэми. ИужькIэ Гурий дежкIэ зигъазэри хъаным жиIащ:

– НтIэ, си къуэ, нысэу къысхухэпхам сызэрыIуплъэу си щхьэр лъагэу слъагъужащ, сынасыпыфIэуи зыслъытэжащ! – а псалъэхэр жиIэурэ бакъуэри Дадыху IэплIэ хуищIащ, и шэтырыбжэри хузэIуихащ.

– КъакIуэ, сипхъу цIыкIу, къыщIыхьэ, уи унэ укIуэжауэ ущIыхьэж хуэдэу! Лъапэ махуэ къытхуэпхьауэ къыщIрекI! – Дадыху шэтырым зэрыщIэбакъуэу, цIыхубз щхьэпэлъагэ дахэ дыдэ, илъэс щэ ныкъуэ и ныбжьыну, къыпожьэри гуапэу IэплIэ къыхуещI. – Пхъу къысхуэхъуи, сэри анэ насыпыфIэу зыслъытэжынщ. Сэ си цIэр Таирэщ, Гурий срианэщ.

Мыбдеж зыгуэр къэхъуащ, езы Дадыху дыди къыгурымыIуэжу. А цIыхубзым и IэплIэм ар къикIыжыну хуейтэкъым, хуейтэкъым гуапагъэрэ IэфIагъыу зыхищIахэр зэуэ игъэкIуэдыжыну. КъыкIэлъыкIуэ дакъикъэм сыт-тIэ псоми къалъэгъуар? Анэм зрикъузылIауэ зэщыджэу магъ жырым хуэдэу псыхьа, къэмылэнджэж амазонкэ гуащэ ябгэр. Мы иужьрей мазэхэм псэзэпылъхьэпIэ куэдым ихуа Дадыху и кIэм нэсу къыгурыIуэртэкъым зыхищIэхэр зищIысыр. Апхуэдэ гущIэгъум щыIууэм, е нэпскIэ къыщиуда, хьэмэрэ псэ зыIут псори зыхуэныкъуэ анэ хуабагъэу игъащIэм зыхимыщIам и гуащIагъэм хуэмыхьэзыр и гур, IэфIагъэр хуэмыхьу, къэдзыха? Е псори хузэхыхьэжа Дадыху?..

Дадыху и гур фIы хуэзыщIыжыну хэт Таирэ, пщащэм и плIэм Iэ дилъэурэ, езыри къэгъащ. Шэтырым щIэт псоми я нэпс къекIуащ, Доуджи хъани зиущэхуауэ и нэпсыр Iэ щIыбкIэ щIилъэщIыкIащ. Хъаным псом япэ зызэтреубыдэжри къопсалъэ:

– Ирикъунщ, Iэгъу! Щывгъэтыж, мы шэтыр лъэгур шэдыпс фымыщI щIыкIэ!

Дадыху хуэм-хуэмурэ теужу зыкъыщищIэжым, Доуджи-хъан зыхуегъазэ:

– Си адэ! Дэ псалъэмакъ къытщIэлъщ, ди Iуэхухэм теухуауэ. Иужьрей зэманым мызэ-мытIэу щыхьэт дызытехъуа уи акъылыфIагъэм сыщогугъ иджыри.

Я закъуэу къыщынэм, щыри етIысэхащ, шылэ алэрыбгъум телъ щхьэнтэхэм хэтIысхьэу. ИужькIэ къыщIыхьа Гурий бжэщхьэIум деж щытт, зыри жимыIэу абыхэм якIэлъыплъу.

– СынызволъэIу, къывгурыIуэну, – жеIэ Дадыху. – Дэ мыбы иджыри лъэ быдэкIэ дыщыувакъым, фи щIалэхэмрэ ди хъыджэбзхэмрэ я пIэщхьагъ зэрапхыну зэгурыIуа щхьэкIэ. Фи къуэмрэ сэри дызэгурыIуащ абыкIэ. Ауэ сэ сыхуейкъым, мы фи унэм сыщIэсу…

– Уи унэ ущIэсыжщ, си хъыджэбз! – къопсалъэ хъаныр.

– Мы унэм щызгъэIуну сыхуейкъым гугъэ нэпцIрэ зи пэжыпIэр мынахуэ псалъэрэ. Iуэхур зытетыр мыращ: дэ ди гупыр дзэм щэхуу къыхэкIуэсыкIыу къыщIэпхъуэжа амазонкэхэщ...

Дадыху къиIуэтэжащ Аттикэм зекIуэ зэрыкIуахэри, Тесей дэщIыгъуу щIэпхъуэжа Антеипхъу зэраукIари, мы щIыпIэм къызэрыщыхута щIыкIэри.

– Дэ дыхуейщ адрей цIыхубзхэм хуэдэу унагъуэрэ щхьэгъусэрэ диIэну, бын дгъуэтыр тпIыжыну, – жиIэрт абы. – Пэжщ, унагъуэ Iуэхухэм, сабий пIыным дэ хэтщIыкIышхуэ щыIэкъым, фи бзэри ди бзэм техуэркъым. А псом ящIыIужкIэ, дэ фи лъэпкъым щыщ тIэщIэукIащ, фи хъыджэбз зи ишэгъуэхэми щауэ щиблым щIигъу къаIэщIэдгъэкIащ. А псор мыхьэнэншэу, ущIытепсэлъыхьын щымыIэу къызыщыдгъэхъу хъунукъым, абыхэм дызыхуэмей Iуэху гуэрхэр кърикIуэнкIэ хъунущи. Сэ абыхэм сатепсэлъыхьыну къыстохьэлъэ, ауэ шэч къытесхьэркъым уэ сыкъызэрыбгурыIуэм. Иджы хьэгъуэлIыгъуэ щиблыр зэкIэлъыкIуэу едгъэкIуэкIмэ, абы и хъыбарыр жыжьэ Iунущ. Тхьэхэр къыддэIэпыкъунщи, а хъыбарыр амазонкэ къэралыгъуэм нэсынкъым. Арыншамэ... Си дежкIэ хьэлъэщ абы унафэ тесщIыхьыныр. Ар къызыхэкIри уи гъунэгъу цIыхурэ уи Iыхьлырэ мы гъащIэ гущIэгъуншэм ущиIэныр зэрылъапIэр япэ дыдэу иджы зэрызыхэсщIаргщ, къызэрызгурыIуаргщ. Сэ куэдрэ псэзэпылъхьэпIэ сихуащ, адэмрэ анэмрэ я IэплIэм и хуабагъымрэ IэфIагъымрэ зыхэзмыщIауэ... – Дадыху и псалъэр зэпоу, и гур къызэфIонэри.

– Си хъыджэбз цIыкIу, уэ хьэлэмэтыщэу псынщIэу ди бзэр зэбгъэщIэфащ, ауэ псалъэу щыIэм я нэхъ гурыIуэгъуэт уи нитIым къаIуатэр, – Доуджи хъан хэтщ ар игъэгушхуэну. – Уи нэпсри налкъут щыгъэм нэхърэ нэхъ лъапIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ар махуэ къэс кърақIут нэпсхэм ящыщкъыми, атIэ куэдрэ гугъу ехьа гумрэ псэмрэ къагъэщIащи.

– Аращи, фи лъэпкъым дахэсу дыпсэу щIэмыхъун щхьэусыгъуэшхуэхэр диIэщ, – пещэ Дадыху. – Ар фи лъэпкъым дежкIи

шынагъэ зыпылъщ. Аращи, си гуапэ хъунт сэ жысIэр къысхуэвгъэдахэрэ къыздэфIыгъамэ. ДымыIэтыщэу хьэгъуэлIыгъуэхэр зэфIэдгъэкIа нэужь си мурадщ унагъуэщIэхэр есшажьэу, ищхъэрэмрэ къуэкIыпIэмрэ щызэпылъым деж къыщылъ мэзылъэ щIыпIэ щIыIэхэм дыIэпхъуэну. Ди хъыбари, ди хэщIапIи сыт щыгъуи щыгъуазэу щытынущ нэхъыжь хасэр, адэ-анэхэм я деж чэзууэ щыхьэщIэнущ унэгъащIэхэу зытIущ. НэгъуэщI лъэпкъхэм ящыщ къыфтеуэмэ, ди лъэныкъуэмкIэ фыникIуэтынщ, пасэу хъыбарегъащIэхэр нэвутIыпщынщи. Дэ къытпэувыфын бий фэ фиIэн хуейкъым, езы амазонкэ къэралыгъуэм къищынэмыщIа. Абыхэми тхьэхэм дыщахъумэнщ.

– Сэ лъэIуу пхузиIэр зы закъуэщ, си хъыджэбз цIыкIу: Гурийрэ уэрэ фи напэлъагъу дыщывмыгъащIэ, щIэх-щIэхыурэ фыкъэкIуэж! – жиIащ Доуджи-хъан.

– Фэ фэщхь къуэрылъху цIыкIу нэхъыбэIуэкIэ фыкъытхуэупсэ! – дыщIегъуж Таирэ.

ПлIыри зэгъусэу шэтырым къыщIэкIыу цIыхухэм я пащхьэм къыщиувам къалъэгъуащ: Дадыху и афэм и щIыIум шылэ бостей хужь телъщ, и афэ бгырыпхымкIэ къузыжауэ, и дыщэ тажым шылэхъар IэлъэщI къытеубгъуащ, зэрынысащIэм и щыхьэту...

ЗэрызэгурыIуам тету, хьэгъуэлIыгъуэ щиблыр зэрызэфIагъэкIыу, Дадыхурэ Гурийрэ унэгъащIэ щиблыр ирашэжьащ. Япэ уэсыр къытримылъхьэ щIыкIэ абыхэм увыIэпIэ тэмэм зрагъэгъуэтащ, упсэун папщIэ узыхуеину псори пэрыхьэту здэщыIэ щIыпIэ хуэзэхэри. Мис апхуэдэу къыщIидзащ гуащэхэр щытепщэ Шэрэмэт къэралыгъуэм и тхыдэ хьэлэмэтыщэр*.

* * *

Дахэзилэрэ Хурсанэрэ махуищ гъуэгу зэпачщ, Галис (Щхьэлыпс) псыр хым щыхэхуэжым деж щызэхуэзэжри, я дзэхэри зэгуагъэхьэжащ. Хьэтхэмрэ хурытхэмрэ я шуудзэ къагухьауэ къадызекIуэхэри мыбдеж щаутIыпщыжащ, саугъэтыфIхэр иратщ, IэфIу зы жэщ ягъусэжхэри. Махуэ ныкъуэ нэхъыбэ трамыгъэкIуадэу, жыджэру кхъухьхэм итIысхьэжри, хым техьэжахэщ.

Хьэнцэхэр ягъэIэрыхуэу ахэр кIуэрт, псы Iуфэр яIыгъыу, тенджызымрэ Урартэ къэралыгъуэмрэ я зэхуаку зэвым амазонкэхэр даубыдэн мурадкIэ Пропонтидэр зыбгынэу мыбыкIэ къэзыунэтIа фракий кхъухьхэм пэплъэу. Хурсанэрэ Дахэзилэрэ кхъухьхэр къапщытэри, гу лъатащ цIыху лей куэд, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIауэ, амазонкэхэм зыхагъэпшэхъуауэ зэрагъусэм. Езы амазонкэхэр мин плIыщIым зэрынэхьэсырт, хьэнцэлIхэри минихым нэблагъэти, кхъухьхэм куэдыIуэ зэрисым тешыныхьхэрт.

Апхуэдэ Iуэху блэкIхэм унафэ тращIыхьын папщIэ, япэ ит кхъухьым уд хасэшхуэр щызэхуэсырт, Дахэзилэ я пашэу. Куэдрэ зэныкъуэкъуащ хасэм хэтхэр, зэгурымыIуэу. ИужькIэ унафэ къащтащ тенджыз Iуфэм есылIэнхэу, икIи, хэт хуейми, абдеж щаутIыпщыжыну. Ауэ псори зэуэ хуит ящIыжынутэкъым, атIэ тIэкIу-тIэкIуурэт, IухьэгъуитI-щыкIэт. А унафэр къазэрыгурыIуар удхэм псори псым ирагъэтхьэлэн е псы Iуфэм деж щызатраукIэн

* *Еплъ: Геродот. Тхыдэр, еплIанэ тхылъ. – Мельпоменэ. Нап. 110-116.*

хуейуэт. Пэж дыдэу, абыхэм я мурадт щхьэхуитыныгъэр къыхэзыхахэр хытIыгу нэщI гуэрым трашэу мафIэ щIадзэу трагъэсхьэну. Ауэ хасэ нэужьым Хурсанэрэ Дахэзилэрэ зэчэнджэщыжри, апхуэдиз цIыху лажьэншэр зэтрамыукIэну мурад ящIащ.

Зы хьэнцэлI щIалэ пIащэ гуэрымрэ зы амазонкэ ныбжьыщIэрэ гухэлъ зэрызэхуащIам Хурсанэ гу лъитати, жэщым щэхуу тIури езым и пэшым кърригъэшащ. ДауткIэ зэджэ щIалэ Iэчлъэчым хьэтхурытыбзэр ищIэрти, Хурсанэ йоупщI: «Шхынрэ псырэ щхьэкIэ ущымылIэну хытIыгу гуэр мы щIыпIэм щыIэу умыщIэу пIэрэ?» – жери. Даут жэуап къет: езыр пщылIти, хьэнцэлIхэр щаIыгъ кхъухьым и лъабжьэ къатым щIэса фIэкIа илъэгъуа щIагъуэ щыIэкъым, ауэ куэд зилъэгъуа, мы псы Iуфэхэми, мы Iэшэлъашэм хытIыгуу щыIэми фIыуэ щыгъуазэ хьэнцэлI яхэтщ кхъухьым ис хылIхэм.

– Фи гъащIэр фхуэсхъумэну мурад зэрысщIамкIэ сэ шэсыпIэ соувэ, – жеIэ Хурсанэ. – А зи гугъу пщIы цIыхум уи дзыхь ебгъэз хъуну пIэрэ?

– Уэ дэр папщIэ блэжьыну зи ужь уитыр дэ фIыуэ къыдгуроIуэ, икIи, уи зэран къыхэдмыгъэкIын папщIэ, ди псэр пытыху ди жьэр зэтедмыхыну укъыдогъэгугъэ, Хурсанэ гуащэ! – жеIэ Даут.

– АтIэ, зы цIыхупси темыплъэу, къысхуэфшэ а хылIыр.

Куэд дэмыкIыу Хурсанэ и пащхьэм къоувэ зи нэ лъэныкъуэр имысыж, зи плIэ пцIанэр цыбэу зэщIэкIэжа, илъэс плIыщIым щIигъуа лIы къамылыфэ. Зыри жимыIэу абы Хурсанэ щхьэщэ къыхуищIри, хьэтхэм я бзэкIэ къабзэу къэпсэлъащ:

– Сэ лъэпкъкIэ сыассурщ, ауэ хьэтхэм куэдрэ сахэсащи, фи бзэр фIыуэ сощIэ. КъызэрызэджэР Гъэсурщ. Зэхэсхахэмрэ слъагъумрэ зэхэслъхьэжащи, къысщохъу ди гъащIэм тегузэвыхь щыIэу икIи дыкърригъэлыну ар хуейуэ. Ар апхуэдэу щытыр пэжмэ, сэ уи пащхьэ нислъхьэфынущ абы теухуауэ сиIэ гупсысэхэр.

– СынодаIуэ, Гъэсур, жыIэ!

– Сэ илъэс куэдкIэ сытетащ мы хым, финикий хылI хъунщIакIуэхэм сратхьэмадэу. Зэгуэрым нэгъуэщI финикий кхъухь зыбжанэ къыткIэлъыщIэпхъуащ. Ахэр зэрыс кхъухьхэр дыдейм нэхърэ нэхъ псынщIэрызекIуэт, ярылъ хьэлъэхэри нэхъ машIэт. Дэ къару димыIэжу дешат, уIэгъэ куэди тхэтти, абыхэм дакъыIэщIэкIыфыртэкъым, кIуэ пэтми нэхъ тпэгъунэгъу къэхъу зэпытурэ дахурт. ГурыIуэгъуэт, зы махуэ никъуи дэмыкIыу, дыкъаухъуреихьу дызэрызэтраукIэнур. Абдеж ди гъусэхэм ящыщ зы финикий лIыжь гуэрым и Iэр ешийри дегъэлъагъу зы хытIыгу цIыкIу, чыцэ защIэу зэщIэкIэжауэ. А лIыжьым «мыбыкIэ» жыхуиIэмкIэ дыкIуэурэ, псым и чэнжыпIэм дытетIысхьащ. Кхъухь хэнам дыкъикIщ, лIыжьым жиIэм дедаIуэурэ хытIыгум дытелъадэри къыр мывэшхуэхэм, жыгхэм я къуагъхэм зыкъуэдгъэпщкIуащ. Финикий кхъухьхэм хытIыгу цIыкIум и хъуреягъыр мыпIащIэурэ къаплъыхьащ. ДикIынкIэ Iэмал лъэпкъ зимыIэ кIуэдыпIэм дихуауэ къалъытэри, ди кхъухь хэнам пэмыжыжьэу ахэр зэхэуващ, псырэ шхыну диIэр духыу зыттыным пэплъэу. Узэфэ хъун псыи, пшхы хъун гуэри хытIыгу цIыкIум щыIэтэкъым, шындырхъуохэм, блэхэм, бзу цIыкIу гуэрхэм къищынэмыщIа. НэгъуэщIу жыпIэмэ, шхын гъэтIылъыгъэ уимыIэмэ, мыбы сыхьэт зыбжанэкIи ущыпсэуфынутэкъым. Дыкъэгузавэри, псыкъуий къэттIу щIэддзащ, ауэ ари узэфэ мыхъун псы

шыугъэу къыщIэкIащ. Мыпхуэдэ жыхьэнмэм зи зэранкIэ дыкъыхэхута финикий лIыжьым унафэ къытхуищIащ ди къарур тхъумэн папщIэ дыгъуэлъу дыжеину. Абы къыджиIащ жэщ ныкъуэм псыр ижэщIыкIыу щIидзэмэ, щIышхуэм нэсу пшахъуэ ныджэ къыщIэщыну, абыкIи хы Iуфэ мэзышхуэу псэущхьэ куэд зыщIэсым тыншу дынэсыфыну. Пэж дыдэу, пщыхьэщхьэхуегъэзэкI щыхъум ирихьэлIэу псым екIуэтэхыу щIидзащ, хытIыгу дызытесри нэхъ ин хъууэ хуежьащ, адэ хы Iуфэм нэсу псы лъащIэр къыщIэщащ, шыгукIэ укъыщызэдэжэ хъуну. Жэщ ныкъуэм ирихьэлIэу дэ тыншу дыкъыщIэхутащ жэнэтым ещхь мэз дахэм. Абы пшэрыхьхэри, псынэ къабзэ щIыIэтыIэхэри, пхъэщхьэмыщхьэ IэфIхэри щыкуэдт. А зи гугъу сщIы хытIыгу цIыкIур мис, фи пащхьэм къилъщ. Дыкъызэрелын Iуэху зефхуэмэ, мы хытIыгум дыкъытевнэ. Дэ дызыхуейр куэд хъуркъым: ахъшэ тIэкIу, уимыIэнкIэ Iэмалыншэу щыт Iэмэпсымэхэр, хуитынығъэ, лъагъуныгъэ… ПщэдджыжьыпэмхытIыгу чыцэм лыгъэ еддзынщ, мэзым дызэрыIэпхъуэр кхъухьым исхэм Iугъуэм къыхамылъагъукIын хуэдэу. Фи кхъухьхэр хытIыгум пэIэщIэу хы хуитым щывгъэувын хуейщ.

– Сыт апхуэдизрэ хьэтхэм я деж ущIыщыIар? – щIоупщIэ Хурсанэ. – Ди бзэ гугъур апхуэдэу пIурылъын папщIэ е узэрыцIыкIурэ хьэтхэм уахэтын хуейщ, е илъэс тIощIырыпщIкIэ уегугъуу ар зэбгъэщIэн хуейщ.

– Ар хъыбар кIыхьщ, ауэ ущыщIэупщIэкIэ, щхьэусыгъуэншэу къыщIэкIынкъыми, бжесIэнщ, си дежкIэ ар сыт хуэдизу мыхьэлъэми. Пэж дыдэу, сэ сыкъыщалъхуар хьэт жылагъуэщ. Нил псыкIэм пэмыжыжьэу, Гизэ тафэм тет пирамидэ инхэм пэгъунэгъуу щыст а жылэр. НэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIам дежкIэ фи бзэр зэрыгугъум пцIы хэлъкъым, ауэ ассурхэр абыхэм яхыубжэныр щыуагъэщ. Фэ ассурхэм фахэтакъыми, фыщыгъуазэу къыщIэкIынкъым ди бзэхэр зэрызэщхьым. БзитIми псалъэ куэд зэдайуэ зэрыхэтым и мызакъуэу, ди лъэпкъитIыр зэзыпх нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэди щыIэщ. Псалъэм папщIэ, сэ бзитIми сахуэшэрыуэ щхьэкIэ, сэр дыдэми схузэхэгъэкIынукъым ди таурыхъ, хъыбар, шыпсэ куэдыр зейр ассурэ хьэтрэ. Шэч хэмылъу, е ди лъэпкъхэр зэгъунэгъуу куэдрэ псэуащ, е ахэр зы къэралыгъуэм зэдыхэту къэгъуэгурыкIуащ. Иужьрей зэманым, унафэщI бзаджащIэхэм я зэранкIэ, лъэпкъитIым я зэхуаку зэгурымыIуэныгъэ куэд къыдэхъуами, хьэтхэмрэ ассурхэмрэ я гум зэхуилъ пщIэр зыкIи яхуэгъэужьыхакъым, ди лъабжьэр зыти. Дэтхэнэ ассурми ещIэ хьэтхэм хуэдэу ныбжьэгъу пэж къыпхуэхъуфын мы дунейм зэрытемытыр.

Си адэ-анэр пасэу дунейм ехыжу си закъуэ дыдэу унэм сыкъыщыщIэнэм, хьэтхэм я хьэблэ хабзэм и фIыгъэкIэ псэууэ сыкъэнащ, сызыхуей сыхуэмыныкъуэуи пIа сыхъуащ. Хьэт хабзэмкIэ, зеиншэу къэнар тэмэму пIынымкIэ хьэблэм дэс псоми жэуаплыныгъэ яхьырт. Хьэблэм чэзууэрэ сагъашхэрт, нэхъ IыхьэфIхэр, езыхэм ямышхыу, сэ къызату. Я сабийхэм зы фэилъхьэгъуэ хуадыртэкъым, япэщIыкIэ сэ схуамыдауэ, зы гъунэгъуи жеину гъуэлъыжыртэкъым, сэ пщыхьэщхьэшхэ сышхарэ-сымышхарэ зримыгъэщIауэ. Гъатхэр къэсмэ, си хадэр хьэблэм схуавэрти къыздыхасэжырт, хьэблэ фызхэм си унэ цIыкIур схузэрахьэрт, гъэмахуэм хадэр къыздапщIэрт, бжьыхьэм, къыздэIэпыкъухэурэ, гъавэр къесхьэлIэжырт.

Ди жылэм дэсхэм лэжьыгъэ нэхъыщхьэу яIэр пирамидэпсыр хъумэнырт.

– Сыт хуэдэ пирамидэпс зи гугъу пщIыр? – егъэщIагъуэ Хурсанэ.

– Зэрыщытыр мыращ: пирамидэхэм яхъумэрт узэфэ хъун псы къабзэ. Ахэр фирхьэунхэм я фэеплъ сыну фIэкIа куэдым ящIэркъым, ауэ ар апхуэдэ дыдэукъым зэрыщытыр, пирамидэ къэс ар зыухуа фирхьэуным и цIэ зэрихьэ икIи ар абы фэеплъ хуэхъуа пэтми. Абыхэм нэгъуэщI мыхьэнэи яIащ. ЗэрытщIэщи, пирамидэхэр зэхэтщ мелуан бжыгъэ хъу ятIэху тыкъыр инхэу. Нил псыр къыщиуам деж, пирамидэхэм щIолъадэ, абы щыгъуэми псыр хуэм дыдэурэщ къызэрыдэкIуейр, зэману махуищэ щихь щыIэу, апхуэдэ дыдэуи хуэмурэ йотIысэхыж. А зэманым къриубыдэу ятIэхухэм псыр куэду зыщIаф, иужькIэ, Нил етIысэхыжа нэужь, языжа фIэкIа умыщIэну, пирамидэхэм псыр къащIожыж къабзабзэу. Апхуэдэ гъатхэр блэкIыу, уэгъу къэхъуа нэужь, зэфэн псы къабзэ ямыгъуэту цIыхухэр гугъу йохь. Iэмалыншагъэм къыхэкIыу, ирафын хуей мэхъу псыежэх фIейр е псыкъуийхэм кърах псы шыугъэр. Ар узыншагъэмкIэ зэранщ. Абы къыхэкIыу, ахэр хуопабгъэ къыкIэлъыкIуэ псы къиугъуэр къэсыхункIэ зэпымыууэ пирамидэхэм къыщIэжыж псы къабзэ щIыIэм. А псыр IэфI дыдэщ, уз куэди егъэхъуж. Псалъэм папщIэ, абы ефэ цIыхум и къупщхьэри и дзэхэри гъущIым хуэдэу быдэ мэхъу, и щIалэгъуэр нэхъ хуегъэкIыхь, гумкIи сэбэпышхуэщ, щхьэцри иригъэкIыркъым. А псыр, къалэ Iэтащхьэхэм я унафэкIэ, яхъумэ, ягъэкъабзэ, кхъуэщынышхуэхэм иракIэри, куэдрэ зэрызэмыкIуэкIым и фIыгъэкIэ, Мысырым и щIыналъэ псыншэхэм махъшэ чырэхэмкIэ яшэри щащэ. АбыкIэ къалэжьымрэ щIым къытрахымрэ жылэдэсхэр мыIейуэ иропсэуф, лIэщIыгъуэ куэд хъуауэ.



Си ныбжьыр илъэс тIощI щрикъум, хьэблэр зэхуэсри мурад ящIащ фыз къызагъэшэну. Си ныбжь ит щIалэхэр нэхъыжьхэм къызагъэупщIащ, сызэгуэкIуа пшащэ сиIэрэ симыIэрэ зрагъэщIэну. Сэ хьэщыкъ сызыщIа хъыджэбз сиIэтэкъыми, нэхъыжьхэм унафэ къысхуащIащ, си адэжь хэку сыкIуэу, абы си лъэпкъэгъуу нысащIэ къисшу сыкъэкIуэжыну, си адэ лъапсэм ассур унагъуэу сыкъинэжын щхьэкIэ. Сыт хуэдизрэ сыкъэтми, си лъапсэр схузэрахьэну, схукIэлъыплъыну сыкъагъэгугъащ. Хьэблэм мылъку зэхэдзэ схуащIщ, щыгъын тэмэмкIэ сыкъахуапэщ, сэ сиIэ тIэкIури хэлъу, уасэу стынури схурагъэкъури, шы-уанэ зэтелъ сагъэшэсащ. Апхуэдэу зыкъызэрысщIагъэкъуам дамэ къыстригъэкIауэ гъуэгу сытехьэрт. Зэрыжылэу срагъэжьащ, къызэхъуэхъуу, джэгу схуащIауэ. Абыхэм зыт мыгуфIэу яхэтыр – ар Етэчт, ди гъунэгъуфI Ахуэмгъуэт пелуаным и къуэрат. Щыгъуэ хуэдэ, абы и нэ къуэлэн пIащэхэр нэщхъейт. Етэчрэ сэрэ дызэныбжьэгъу къудейтэкъым, сэ ар си къуэшут къызэрыслъытэр. Дэ, фэеплъу, ди сэхэр зэтхъуэжри, адэкIэ тIуми зыри тхужымыIэж щыхъум, сэ уанэгум зиздзэри сыкъыдэлъэтащ жылэм.

Ауэ, си унэхъугъуэти, сызрихьэлIэжар сыхьэт мыгъуэу къыщIэкIащ: ассурхэм еуэ-еIэкIэ загъэхьэзырырт Вавилоным теуэну. А зауэм къыщахъунщIэну зыщыгугъ мылъкум си лъэпкъэгъухэм я нэр къыщипхъуат. Хамэ мылъкушхуэ зралъэфэлIэну, хамэлъ

ягъэжэну ягъуэта Iэмалым ассурхэм я акъылыр зэIигъэхьат. Си къэшэн Iуэхуми зыри къикIакъым. МэкъумэшыщIэ щIалэм дэкIуэу, хамэ хэку Iэпхъуэн зы пщащи згъуэтакъым. Зи ишэгъуэ хъыджэбзу Ассурым исыр зыщIэхъуэпсыр шууищэ, шу мин зи IэмыщIэ илъ дзэпщым и щхьэгъусэ хъуууэ, и лIым зауэм къыхиха мылъкум хэсу, тхъэжу псэуну арат. ПщIыхьэпIэу ялъагъурт, хамэм къытраха щIапIэшхуэм щыгуащэу. Дыщэмрэ данэмрэ хэсу, гъэрхэр, унэIутхэр яхузэблэжу я гъащIэр яхьыну арат я плъапIэр. Хьэтхэм къысхалъхьауэ схэлъ гущIэгъури, пэжым и телъхьэу щытынри мыбы щалъытэрт укIытэгъуэ гуэру, цIыхухъум хуэмыфащэу.

Пэжыр жыпIэмэ, сэри сыщIалэIуэти, тэмэму къызгурыIуэртэкъым си нэгу щIэкI псори. Сэ фIы дыдэу сощIэж, си адэм, хэкум и бампIэр къыщытеуэ дыкъикъэхэм деж, ассурхэм ехьэлIа псори фIэлъапIэу уафэгум нэс иIэту зэрыщытар. Абы къыхэкIыу, сэ къэзгъэзэжу си адэр зыщIэхъуэпсахэр зэзгъэхъулIа нэужьи, си акъылыр уэм щыхуарзэ мыхъумэ, щIылъэм къысхуехыжыртэкъым. Къэзгъуэтыжа си благъэхэм я чэнджэщкIэ, сэ сыхыхьащ Тикульти-Никурты пащтыхьым и дзэм. Къулыкъум сыхэзагъэри, илъэсих нэужьым шууищэм я дзэпщ сащIащ. ПщIэ къысхуащI, дзэпщышхуэхэр жысIэм къедаIуэ хъуащ. Ауэ а илъэсихым сэри нэхъ балигъ сащIащ. ЩIалэгъуэм и гъуэз нэщыпхъуэр пщэдджыжь пшагъуэу бзэхыжри, си хьэтыгур къэушыжащ. Куэд дэмыкIыу гу лъыстащ дзэпщхэр нэгъуэщI зыгуэру къысхущыт зэрыхъуам. Дзыхь къысхуамыщIу къызэрыскIэлъыплъхэр зыхэсщIэрт. Сэ къызгурыIуащ си Ассурым къытеуэн Iуэху Вавилоным зэрызэримыхуэр, сэри афIэкIа цIыху сукIынуи, я мылъку къатесхынуи сызэрыхуэмейр. Дзэм сыхэтыну къызэхьэлъэкI хъуащ. Сэ сигу ирихьыртэкъым ассурхэм я гъунэгъухэр бэлыхь зэрыхадзэр. Гъунапкъэхэр зыхъумэхэм ятеуэрт, гущIэгъуншэу зэтраукIэрти, иужькIэ хъыбар нэпцI я унафэщIхэм къыхуахьыжырт: «Дэ нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэ ди гъунэгъухэр зэкъуэхуауэ къыттелъадэри зауэ къыдащIылIат, ауэ дыкъэмыдзыхэу зэкъуэту дапэщIэувэри текIуэнығъэр къэтхьащ. Куэдрэ тшэчыну мыбыхэм къыткIэлъызэрахьэ хьэкIэкхъуэкIагъэр?» – жаIэрти. Дзэпщхэми фIы дыдэу къагурыIуэрт а псори зэрымыпэжыр, ауэ абыхэм жаIэр езыхэри зыхуей защIэти, даIыгъырт.

Мурад быдэ сщIащ, хьэтхэм деж згъэзэжу, щIым селэжьу, пирамидэпсыр схъумэу си унэ цIыкIум сыщыпсэужыну, си ныбжьэгъу Етэч и шыпхъури алъандэрэ къыдэкIуэтея хъунщи, ар къэсшэну икIи Ассурым кIуэ гъуэгуми афIэкIа сытемыхьэжыну. АрщхьэкIэ тхьэхэм яухатэкъым а си мурадхэр къызэхъулIэну…

Зэгуэрым, нэхущ вагъуэр къыщыщIэкIым ирихьэлIэу, си гъусэхэм сыкъагъэуш. «Тпэмыжыжьэу бий шу тIощI щиувыкIауэ нэху къекIащи, датеуэнущ», – жаIэ абыхэм. Дызытеуэнухэр хэтми сыщIэмыупщIэу, жейбащхъуэу садошэс. Нэхулъэм зыкъыщызэкIэщIитхъ дыдэм дэ, шу щитI дызэрынэхьэсу, абыхэм датоуэ. Дызытеуахэр гужьеякъым, атIэ ерыщу къытпэуври къытхэуэу щIадзащ, хэщIыныгъэ куэд къыдату. ХъыбарегъащIэу зы шу зэраутIыпщам гу лъыттащ. Нэху мыщ щIыкIэ зэтедукIащ бий гупыр, занщIэуи, зы шу гъусэ сщIыри, дыкIэлъыщIэпхъуащ хъыбарегъащIэ яутIыпщам, дылъэщIыхьэну дызэрыщыгугъ щымыIэми. Ар Iуащхьэм къуэлъадэри, дымылъагъуж хъуащ. Iуащхьэ къуагъыр

къигъэсэбэпу, лъэныкъуэкӀэ зричу тӀэщӀэкӀынкӀэ шынагъэ щыӀэти, дэри, Ӏуащхьэм и хъуреягъым дыкъежэкӀын ди мураду, лъэныкъуэ зырызкӀэ дыщӀэпхъуащ. Ӏуащхьэм сыкъыщежэкӀым къэслъэгъуащ дызыкӀэлъыпхъэрамрэ си шу гъусэмрэ зэхуэгъэзауэ зыр адрейм еплъу зэрызэпэщытым. КъызэрыщӀэкӀамкӀэ, хьэтыр, ди мурадыр къищӀауэ, щӀэпхъуэжын Ӏуэху лъэпкъи зэримыхуэу, абдеж къыщыдэжьэу арат. Абы зэуэзэпсэу зыкъызэкъуихри си гъусэм къеуащ, и тажи, и щхьи зэхуэдитӀу зэгуигъэхуу. Абы и ужькӀэ хьэт зауэлӀым и шабзэр къигъэӀэгъуэри си дежкӀэ зыкъигъэзащ. Гъунэгъу сыхуэхъуу шум сыщыӀуплъэм, си пӀэм сижыхьащ. Ар къуэш пэлъытэу гъащӀэм щызиӀэ Етэчт! Сэ сщӀэххакъым зэтедукӀэхэр зэрыхьэтыр. Сызыхэхуа Ӏуэхур апхуэдизкӀэ къыстехьэлъати, зы псалъи къысхудэмышейуэ сыщытт, си нэпситӀыр къелъэлъэхыу.

Абы шабзэ ӀэщӀэлът, шабзэши къыхуэнати, тыншу сиукӀыфынут. Куэдрэ сыщытащ зызмыгъэхъейуэ, себгъэрыкӀуэнуи сыпэщӀэувэнуи сыхуэмейуэ. «Къауи сукӀ, Етэч, аращ си дежкӀи, уи дежкӀи нэхъыфӀыр!» жиӀэрт си гум. Ауэ ар къауэркъым, атӀэ къызоплъри щытщ, и шабзэр ирихьэхыжауэ. Апхуэдэ щӀыкӀэкӀэ абы къигъэлъагъуэрт сызэригъэикӀэр. ИкӀэм-икӀэжым, Етэч и нэм сыщӀэплъэну сыщытегушхуэм, сэ къызолъагъу ар и гуфӀакӀэм зэрыдэӀэбар, зыгуэри къызэрыдихар. Шым уанэбгъу зыхуищӀауэ къоӀэбыхри, и гуфӀакӀэм къыдихар хеӀу щӀыӀубым къритхъуа фӀэкӀа умыщӀэну зэтелъ щӀым. МыпӀащӀэурэ зегъазэри, и къалэн гуауэр – къыдэзэуа и ныбжьэгъухэр зэрыщымыӀэжымкӀэ я нэхъыжьхэм хъыбар егъэщӀэныр – игъэзэщӀэну йожьэж, къемыплъэкӀыу.

Сэ хуэмурэ сокӀуатэри, солъагъу: щӀыӀубым къритхъуауэ къысфӀэщӀар шывей ӀэшкӀэт, сэкъу тӀыгум нэс хэӀуауэ абы хэтт ди зэкъуэшыныгъэм и щыхьэту Етэч естауэ щыта сэр. Мы дунеишхуэм темыхуэж цӀыхухэм ящыщу зы псэ къыскъуэмыту зеиншэ дыдэ сызэрыхъуари, мы гъащӀэм и гущӀэгъуншагъэри абдежщ япэ дыдэу щызыхэсщӀар...

А щӀыпӀэм деж зыкъыщызгъазэри, Мысырми, Ассурми, хьэт лъахэми нэхъ псынщӀэу япэӀэщӀэ сыхъумэ нэхъ къасщтэу, финикийхэмрэ лидийхэмрэ здыӀус тенджыз ӀуфэмкӀэ сунэтӀащ, абыкӀэ хьэти ассури щызмылъагъункӀэ сыгугъэу. Илъэс куэдкӀэ сыхъунщӀэу хищым сытетащ, алыджхэм гъэру саубыду, я хьэнцэм срапхыху. Фэ Аттикэм зекӀуэ фыкъемыжьамэ, схуэфащэри арати, хьэжьым хуэдэу сепхауэ сылӀэжынут.

Мис иджы хьэтхэм я щӀыхуэшхуэ стелъым щыщу зы мащӀэ нэхъ мыхъуми спшыныжыныр сфӀэнасыпышхуэщи, икъукӀэ си гуапэт зыгуэркӀэ сэбэп сыфхуэхъуфамэ.

Хурсанэ щыму щӀэдэӀуащ Гъэсур и гъащӀэ гугъум и хъыбарым. ИужькӀэ быдэу жиӀащ:

– Хъунщ, уэ жыхуэпӀэ дыдэм хуэдэу тщӀынщ псори, ауэ мы зыр зыщумыгъэгъупщэ: ди мурадым зы пси щыгъуазэ пщӀы хъунукъым, хытӀыгум фынэсыхункӀэ! Иджы ущӀэкӀыж хъунущ.

* * *

Кхъухьхэм ярысхэр гузэвгъуэм зэщӀиубыдарэ зэщӀэщымауэ екӀуэкӀащ етӀуанэ махуэр. ХьэнцэлӀхэм зыхащӀэрт куэд зэрыра-

мыгъэхьыжынур, удхэм псэууэ зыри къызэрамыгъэнэнур. Куэд дэмыкIыу хьэнцэлIхэр лей щыхъунут амазонкэ къэралыгъуэм, лейуэ къыщIрагъэдзу зэтрагъэсхьэну мурад зыхуащIа кхъухьхэми хуэдэу. Амазонкэдзэр лъэсут зэрыкIуэжынури, хьэнцэлIхэм къехьэкIнехьэкI хэмылъу жаIэрт я иужьрей дакъикъэхэр къызэрыблагъэр.

ХьэнцэлIхэм зыри къафIэмыIуэхужу, гукъыдэжыншэу ауэ сытми псыр зэрыщIатхъум нэщхъейуэ кIэлъыплъырт амазонкэ ныбжьыщIэхэр. Шэджагъуэм ирихьэлIэу хъумакIуэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ щыхъум, амазонкэхэм, абыкIэ зэрымыарэзыр къагъэлъагъуэу, ину къыжаIащ ягу ирихьа хьэнцэлIхэм зы жэщкIэ ягъусэну зэрыхуейхэр. ПщыхьэщхьэхуэкIуэ хъуауэ ахэр нэсащ чыцэ IувкIэ зэщIэкIэжа хытIыгу цIыкIум. Дахэзилэ «Си ужьым фыкъиувэ!» жиIэу унафэ ищIщ, кхъухьхэм хытIыгур хъурейуэ къасыхьри, хытIыгу къуагъ жьыпэум Iуву щызэхэувэжащ. ХьэнцэлIхэр зэрепха гъущI кIапсэхэм я макъ къэIуащ. Хуит зэрыхъужам къигъэгушхуа хьэнцэлIхэм псым зыхадзэри сыхьэт хуэдизкIэ хэсахэщ, загъэпскIыу. Абыхэм я гъусэну хуит ящIа амазонкэхэри, я щыгъын лейхэр зыщадзри, псым хэлъащ, иужькIэ тIурытI зэрыгъэхъури чыцэ Iувым зыхагъэпщкIуащ. Абыхэм къыздащтат щIакIуэрэ зэкIуэцIышыхьа гуэрхэмрэ – я щIасэхэм иужь дыдэу IэфI гуэрхэр ирагъэшхыну арагъэнт.

Жэщыбгым псори зэгъэжа нэужь Дахэзилэ уэздыгъэр игъэупIэрапIэурэ кхъухьхэм унафэ яхуищIри, ахэр хытIыгум къыбгъэдишащ, псыр етIысэх хъумэ, пшахъуэм темынэн щхьэкIэ.

... Нэхущым амазонкэхэм хьэргъэшыргъэшхуэ къаIэтащ. Зы хьэнцэлI гъэри, жэщым абыхэм ядэщIыгъуа зы амазонки хытIыгум трагъуэтэжакъым. ХьэнцэлIхэр зэрыщIэпхъуэжар гурыIуэгъуэ пщызыщIын лъэужь гуэри къэнатэкъым. Ар гъэщIэгъуэн зыщыхъуа удхэр Дахэзилэ и кхъухьым псынщIэу щызэхуэсри зыр зым игъэкъуэншэжу куэдрэ шхыдахэщ, ауэ пыухыкIауэ зы унафэ гуэри къамыщтэу зэщыIеижхэри зэбгрыкIыжащ. ХэщIыныгъэу ягъуэтар махуэм къапщытэжри, къэуIэбжьахэщ: я къэралыгъуэм фIэкIуэдат амазонкэ IэщакIуэу минитIым нэсрэ Iэщэ-фащэу, Iэмэпсымэу, щэкIхэкIыу щхьэж къыздищтэфым хуэдизрэ.

«Амазонкэхэри цIыхущ, цIыхум хуэдэуи псэуну хуейхэщ! – къэхъуар и гуапэ зэрыхъуар наIуэу Хурсанэ мэгупсысэ. – Абыхэм я пхъэ къикIащ. Ауэ зэгуэр Дахэзилэрэ сэрэ ахэр къытхуэзэ хъумэ, дауэ пIэрэ зыкъызэрытхуащIынур? Си ныбжьэгъумрэ сэрэ ди фIыгъэкIэ щхьэхуит зэрыхъуар абыхэм ящIэркъым, ди делагъэр къагъэсэбэпу щIэпхъуэжауэ ябж. Дэгъуэщ, щрет апхуэдэу! НаIуэу ди телъхьэу, махуаем къыддэщIынкIэ дыщыгугъ хъуну амазонкэ минитху дутIыпщащ щхьэхуиту. Иджы мис, докIуэж, амазонкэ хэкум делэ щIыкIэу дыхуеIэу, дызыIущIэнури къытпэплъэри дымыщIэу...»

Апхуэдэ гупсысэ дыдэхэм хэтт Дахэзили, ауэ гупсысэу щысыну зэманышхуэ зэримыIэр ищIэжырти, унафэ ищIащ хытIыгум гъунэгъуу есылIэу мафIэ лыгъэ ирадзыну. Амазонкэ зытхух кхъуафэжьейм къикIауэ, мафIэ яIыгъыу чыцэхэм щыхуэкIуэм, ассур нэ лъэныкъуэр чэфыжьыпкъэ кIуэкIэу зеуалэу чыцэм къыхокIри къабгъэдохьэ. Гъэсур зыгуэрым къызэригъэпIейтеяр наIуэт. Кхъухь кIапэм здытетым, Дахэзилэ маплъэри къелъагъу Хурсанэ Гъэсур и Iэблэр иубыду кхъуафэжьейм зэрыригуари, ахэр гуащэм и кхъу-

хьым къызэрыбгъэдыхьари. Гъэсур кхъухьым къызэрибэкъукIыу, хасащхьэм хэт удхэм яубыд, псом япэ езыхэр пкърыупщIыхьын мурадкIэ. Ауэ абыхэм Гъэсур зыри къыпахакъым. «Си щIакIуэм зы амазонкэ къысхутегъуэлъхьакъым, сыт хуэдизрэ саймылъэIуами, лъэкIыныгъэрэ Iэзагъэу схэлъхэм я гугъу дапщэрэ яхуэзмыщIами. А гуауэм зыкъезгъэлын си гугъэу алыдж шагъыру зы кхъуэщынышхуэ из исфащ. Ефэн щызухари сызэрыукIуриижа щIыкIэри сщIэжыркъым. ГущIэгъу къысхуэфщIи, сытевмыгъэлIыхьу сытефш мы хытIыгум!» – лъаIуэрт Гъэсур. Удхэр хьэзырт я губжьыр Гъэсур тракъутэну, ауэ Хурсанэ и нэхэм зэ фIэкIа щIэмыплъэу Дахэзилэ къыгурыIуащ Гъэсур ефа къудейкIэ хытIыгум къызэрытемынари абы зыгуэр игу зэрилъри. Удхэм я губжьым Гъэсур IэщIишри, Дахэзилэ ар езым и деж ишащ.

ИкIэм-икIэжым, хьэнцэлI нэ закъуэр яIэщIэгъупщыкI хуэдэу хъуущ, хытIыгур ягъэсыну яужь щихьэм, Гъэсур Хурсанэ гъунэгъу зыкъыхуищIри къеIущэщащ:

– ХытIыгум пщIэншэу мафIэ щIумыгъадзэ, арыншами абы щыпсэужIакъым. ИкIи сынолъэIу: «Укъызэмыпсэлъауэ фемыжьэж!»

Ассур нэ закъуэм ар къыщыжриIэм, Хурсанэ гу лъитащ зы амазонкэ фызыжь гуэрым, къакIэщIэдэIухьын и гугъэу, гъунэгъу закъызэрыхуищIам. Хурсанэ, ар лъэныкъуэ иригъэзын мурадкIэ, занщIэу зы амазонкэ ныбжьыщIэ зыбгъэдишэри унафэ хуищIащ:

– КIуэи, мы фадафэжьым иджыри шагъыр тIэкIу къыхуэхь, и чэфыр теужыхукIи зы пэш щхьэхуэ щIэубыди щIэгъэс. Сэ си мурадщ Гъэсур иджыри зэ сыпкърыупщIыхьыну.

Дыгъэ гуащIэм зыщахъумэу, кхъухьым и пэш цIыкIухэм псоми зыщIагъэпщкIуа нэужь, Хурсанэ Iэмал игъуэтащ Гъэсур епсэлъылIэну.

ХьэнцэлI лIыжьым къыжреIэ, хытIыгум тет Iуащхьэм и щыгум жэщу щыдэкIуеям щыгъуэ, амазонкэхэм къакIэлъыкIуауэ зэхэт кхъухьхэр къызэрилъэгъуар, икIи, мызэкIэ гъунэгъу зыкъыхуамыщIми, къатеуэн мурад абыхэм зэраIэр.

– Мылъкурэ дыщэу фшэм и хъыбарым фи ужьым кърищащ хищми хъунщIакIуэу тетыр. Иджы мы хы плIанэпэ фызыдэтым фыдэкIыфынукъым, зауэ фыхэмыхуэу. ДэнэкIэ вгъазэми, фи япэ къиувэфынущ ахэр. Фи мылъкум къещэхэр фэ нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэщ, хы хъунщIэным икъукIэ хуэIэзэ защIэхэу. Сэ ар фIыуэ къызгурыIуащ я зекIуэкIэ къудеймкIэ. Абыхэм куэд къыващIэфынущ. Ахэр фэ къыфхуэгъэпцIэнукъым, сэ ныжэбэ зы Iэмал къэзгупсысащи, ар къэвмыгъэсэбэпмэ.

– Уэ уцIыху щхьэхуитт, Гъэсур, сыт-тIэ ущIыщIэмыпхъуэжар? – игъэщIагъуэу щIоупщIэ Хурсанэ. – Дэ нобэр къыздэсым зыри къытпэлъэщакъым, дызыщышыни дыкъыщIикIуэти дунейм теткъым!

– Сэ сыкъыщIэнар фIыкIэ къыспегъуэкIам сегуэпэкIыжын гугъэ сиIэщи аркъудейщ, нэгъуэщIкъым! Пэжщ, IэщакIуагъэкIэ фэ къыфпэлъэщын мы щIышхуэм щызекIуэркъым, ауэ фэ фиIэкъым кхъухьыбэр зезышэфын дзэпщ Iэзэ, апхуэдэ хыщIыIу хьэкIэкхъуэкIэхэм япэувыфыну. Ахэр фи кхъухьхэм къизэрыгуэу сэрэ уэщкIэ къывэзэуэнукъым, фыкъаухъуреихьынурэ шабзэкIэ къыфхэуэурэ фызэтраукIэнущ, фи зы шэм шипщI къыпадзурэ, е фи кхъухь-

хэм мафIэ щIадзэнурэ фызэтрагъэсхьэнущ. Ахэр хъунщIакIуэ лъыифхэщ, ахъумэ лIыгъэ ягъэлъэгъуэным хуэпабгъэ зауэлI IэщакIуэхэкъым.

– КъызэрыщIэкIымкIэ, укъыддэIэпыкъуну къэбгъэзэжауэ аращ...

– Пэж дыдэщ, си гуащэ! Сэ сощIэ абыхэм фазэрытекIуэн Iэмал. Ар вжезмыIэу фезгъэукIмэ, хьэтхэм я деж щыстелъ щIыхуэм аргуэру къыхэхъуэнущ! Иджыпсту абыхэм я тIасхъэщIэххэр кхъуафэжьей псынщIэ исy, хы Iуфэ мэзым и жьауэм зыщIагъапщкIуэурэ, плъэIуакIуэ-дэIуакIуэ къызэрыкIуэм шэч хэлъкъым. Сэ сынωволъэIу мызэкIэ абыхэм я гугъу фымыщIыну, атIэ набдзэгубдзаплъэу факIэлъыплъыну. Жэщым псыр етIысэхыжа нэужь мыбдеж тафэшхуэ къызэрыщыщIэщым хъунщIакIуэхэр зэрыщымыгъуазэм шэч къытесхьэркъым. Абы къыхэкIыу, фэ фи кхъухьхэр иджыпсту здэщытым деж къыщывнэн хуейщ, фымыгъэхъейуэ. Апхуэдэу фщIымэ, хъунщIакIуэхэр, фи адрыщI хытIыгу къуагъым зыкъуагъэпщкIуэн я гугъэу, щэхуу хы IуфэмкIэ къыщекIуэкIкIэ, а тафэм тенэнущ, зыщIыпIэкIи мыкIуэжыфу, я кхъухьхэр лъэныкъуабэ хъунурэ, зыщыпхъумэнуи укъиукIынуи къыпхуэмыгъэсэбэпыжу, джабэкIэ пшахъуэм телъу къэнэнущ. Абы нэмыщIкIэ, кIыфI дыдэ мыхъу щIыкIэ, хытIыгум къыщыкI чыцэхэр пывупщIурэ зэтефлъхьэ, абыхэмкIэ хъунщIакIуэхэм я кхъухьхэм жэщым мафIэ щIэвдзэн хуэдэу. Фэ фIыуэ фыкъыIукIуэт, шабзэшэхэр къыфлъэмыIэсын хуэдэу. Абы щхьэкIэ чыцэ пхырхэр кIэрыщIэн хуейщ дэ дызэрыкIэрапхауэ щыта гъущI кIапсэхэм. Апхуэдэ кIапсэхэр гъунэжу ярылъщ фи кхъухьхэм.

– Ярэби, Гъэсур, хъунщIакIуэхэм яхэмыту пIэрэ уэ пхуэдэу а псоми фIыуэ щыгъуазэ хылI? – щIэупщIащ Хурсанэ.

– Абы щхьэкIэ умыгузавэми хъунущ. Мы щIыпIэр дэзыгъэлъэгъуа финикий лIыжьыр зыхэта ди гупым щыщу зыри псэужкъым, псори хым хэкIуэдащ. А щIыпIэмкIэ щыблэсыкIым, Аттикэм и кхъухьым сэ зырат абы щыгъуэ къищтар. Абы къыщыщIэдзауи есхьэкIащ пщылI гъащIэ хьэлъэр, тхьэхэм фэ сыфIуигъэщIэху.

* * *

Хурсанэ и лъэIукIэ, уд хасэр псынщIэу зэхуэсащ. Куэдрэ зэныкъуэкъуащ ахэр, амазонкэ минитIыр зэрафIэкIуэдам нэмыщI, иджыри зы щыуагъэ гуэр яIэщIэкIынкIэ шынэу. Ауэ иджы зы унафэ пыухыкIа ямыщIынкIэ Iэмал иIэтэкъыми, темыгушхуащэми, нэгъуэщI хэкIыпIэ щамыгъуэтыжым, Хурсанэ арэзы дэхъуахэщ. Хасэм хэт уд пщыкIутIри унафэм тепсэлъыхьын хуейуэ хабзэти, псоми зыгуэрхэр жаIащ, Хурсанэ и псалъэхэр даIыгъми дамыIыгъми къыпхуэмыщIэу. ПыухыкIауэ зыгуэрми къытеувыIакъым, иужькIэ жэуап ямыхьыжын щхьэкIэ. Хасэ хабзэм ипкъ иткIэ, нэхъыжьхэм унафэ къащтэн и пэ къиихуэу, нэхъыщIэ дыдэми псалъэ етын хуейти, илъэс пщыкIутху фIэкIа мыхъу Адисэ зыхуагъэзащ.

Адисэ, псоми къалъагъун хуэдэу, утыкум къиуващ. Абы бгъэдэлът удихьэхыу узэплъын дахагъэ: и дыщэ тажым къыщIэщ щхьэцыгъуэ кIыхьыр, афэ лыдыр хуэфIу зыщыгъ ипкъ лантIэр, и лъакъуэ кIыхь зэкIужхэр, нурыр къызыщIих и нэ пIащэ щхъуафэхэр. ЦIыхухъухэр дэнэ къэна, уеблэмэ куэд зи нэгу щIэкIа фызыжьхэри,



7 Заказ №506



я нэр къытрамыхыфу, еплъырт амазонкэ ныбжьыщIэм, дахагъэу абы бгъэдэлъыр гъэщIэгъуэн ящыхъуауэ. Нэхъыжьхэм ящыщ зым мыпхуэдэу жеIэ:

– Тобэ ярэби! Сэри сыцIыхубзщ, дахэгъуи сиIащ, зи дахэгъуэ цIыхубз куэди слъэгъуащ, ауэ тхьэшхуэр теплъэкIэ мыпхуэдизу зыхуэупса бзылъхугъэ срихьэлIакъым! Пу, уэ Iейр!

Адисэ нэхъыжьхэм фIыщIэ зэрахуищIыр къигъэлъагъуэу и щхьэр яхуегъэщхъри жеIэ:

– Мы хасэм хэтхэм сранэхъыщIэу псалъэ къызэрыслъывгъэсам папщIэ фIыщIэшхуэ фхузощI! – кърigъэжьащ Адисэ и макъ жыгъыру гуакIуэмкIэ. – Фэ фызыщымыгъуазэрэ къывгурымыIуэрэ сэ вжесIэфынкъым, арми, ди нэхъыжьхэми хуэдэу, мы сэ жысIэхэм зы псалъи хэткъым жэуап иризмыхьыфыну. Мыпхуэдэу тщIымэ нэхъ сфIэтэмэмщ: хасэм хэт дэтхэнэ зыми къехьэкI-нехьэкI хэмылъу жрыреIэ адэкIэ тщIэн хуейм теухуауэ ассур хьэнцэлIым къытхуигъэувахэм арэзы техъуэрэ темыхъуэрэ. Хуит сыкъэфщIмэ, нэхъ гурыIуэгъуэу жысIэнт. Сэ сызэреплъымкIэ, дэ тщыщ зыкъомым къагурыIуэркъым тхьэмыщкIагъэшхуэ къызэрыкIынкIэ хъуну шынагъэ къызэрытпэплъэр. Джатэрэ бжыкIэ къытпэуву къыдэзэуэну зигъэхьэзырыркъым ди биййм, ахэр зыхуейр дыкъаухъуреихьу мафIаер къытщIадзэу псы гущIыIум дытрагъэсхьэну аращ. Мыхэр хы дыгъужьхэщ! Абыхэм япэдгъэувыну дэ зыри диIэкъым! Дэ кхъухь зехуэкIэ тщIэ къудейуэ аращ, армыхъумэ зыри хэтщIыкIыркъым хыщIыIу зэуэкIэм, абы дыхурагъэджакъым, дыхуагъэсакъым. Сэ къызгуроIуэ дэ тщыщ куэдым, мы дызэрыхуа щытыкIэ гугъур къагъэсэбэпу, ди щыуагъэ псомкIи Дахэзилэрэ Хурсанэрэ ягъэкъуэншэну зэрыхэтыр, уеблэмэ, иджыкIэ а тIум я гугъу ямыщIыфми, дызэрекIуэлIэжу, ахэр зэрагъэкIуэдын Iэмал къагъуэтыну зэрыхьэзырхэр. Ауэ абыхэм апхуэдэ зэман къахуихуэнукъым, сыту жыпIэмэ мы щIыпIэм псэууэ зыри дикIыжынукъыми. Дэ тщыщу зыри нэсыжыфынукъым ди хэку! Абы къыхэкIыу, дэтхэнэ зыми е «нтIэ», е «хьэуэ» жиIэн хуейщ.

Удхэр зэщIэщымауэ здэщысым, Дахэзилэ къотэджри жеIэ:

– Пасэрейм жиIащ: «Фэ зытетым, гу кIуэцIылъщ». Дэ тхужымыIэм, дызытемыгушхуэфым мы ныбжьыщIэ цIыкIур хуиту тепсэлъыхьыфащ, ар утыку кърилъхьэфащ. Иджы сэ сыхуейт, къэхъу псомкIи жэуапыр сэ схьыуэ, унафэ сщIыну хуитыныгъэ къызэфтыну.

Удхэр щэхуу гуфIэрт, езыхэр зыкIи щIамыгъэкъуэншэжын хэкIыпIэ къагъуэтауэ къалъытэу. Хурсанэ къыхелъхьэ Дахэзилэ зыщIэлъэIуа Iуэхур дэIыгъын хуейуэ, икIи езым и Iэр япэу еIэт. Абы и ужькIэ – Адисэ. Апхуэдэурэ хасэм хэтхэм я нэхъыбапIэр Дахэзилэ и телъхьэ щыхъум, адрей къэнахэми хуей-хуэмейурэ я Iэр яIэт.

– Захуагъэкъым сэ дэтхэнэ зыми фи гъащIэм унафэ зэрытесщIыхьыр. Псом хуэмыдэу сыкъэзылъагъу мыхъухэмрэ си унафэхэм лъахъэ изылъхьэну хэтхэмрэ я гъащIэм. Апхуэдэ лъэкIыныгъэ сызэриIэм сэ сыщыгуфIыкIыркъым, сыту жыпIэмэ, быдапIэм дгъэзэжмэ, фэ фщыщу мащэ къысхуэзытIыну зызыгъэхьэзырахэр хэт сымэми къысхуэщIэркъыми. Сэ сыщыгъуазэщ Хурсанэрэ сэрэ ди дзэ зешэкIэр яуб фIэкIа, зы унафэ тэмэм дымыщIыфауэ

зыгъэIухэр зэрыщыIэм, иджыри къыздэсым зэхэуэхэм текIуэныгъэ къыщытхь защIэу дыкъызекIуа пэтми. Сэ фIыуэ сощIэж: дэракъым Антеипхъу зыукIари Тесейрэ абырэ псым щIезыгъэлъэфари. Ауэ мис абыкIи дэ тIур дагъэкъуэншэнущ, икIи, дгъэзэжмэ, фэ фыгуфIэжу фи Iэр фIэтынущ, сэ сытрагъэкIын папщIэ. Ныжэбэ щIэпхъуэжа амазонкэхэри дэ тIум ди зэраныгъэу зэрывгъэуври сощIэ. Ахэр фэ фигу къэвгъэкIыжынущ, ди къэралыгъуэм и хасащхьэр зэхуэса нэужь. Къызэвгъэза дзыхьым сримыгуфIэми, хасэм хуэсщI пщIэм и хьэтыркIэ, «сыхуейкъым» жысIэу сикIуэтыжын слъэкIынукъым.

Дахэзилэ и щхьэр лъагэу иIэтри ину къэпсэлъащ:

– Уд хасащхьэм къызигъэза дзыхьым сытету, сэ, къанжэм ипхъу Дахэзилэ, унафэ сощI: иджыпсту щыщIэдзауэ ди хэку дихьэжыху, ди зекIуэм и унафэ псори езым нэхъ фIэтэмэмым хуэдэу ищIыну зы амазонкэ гуэрым и пщэ изолъхьэ. Ауэ абы ищI унафэмкIэ сэри жэуаплыныгъэ схьыну сыхьэзырщ...

Дзэпщ гуащэм и дамыгъэ налкъутналмэс орденыр Дахэзилэ и бгъэм къыхехри IитIкIэ иIыгъыу къожьэ. Псоми Хурсанэ дежкIэ загъэзат, ауэ абыхэм зэрагугъам хуэдэу хъуакъым. Дахэзилэ, Хурсанэ блокIри, а орденыр Адисэ и бгъэм хелъхьэ! Удхэр губжьауэ зэщIэкIэзызат, ауэ зы псалъи жамыIэу зызэтраIыгъащ...

Дахэзилэрэ Хурсанэрэ я зэхуакум дэту Адисэ кхъухь гущIыIум къыщытрашам, амазонкэхэр, гуфIэгъуэшхуэм зэщIищтауэ, «Афэрым! Афэрым, Адисэ!» – жаIэу зэрыгъэкIиящ. Дахэзилэ къыгурыIуэжащ, зекIуэ къызэрежьэрэ къэмыхъуауэ, нобэ текIуэныгъэшхуэ къызэрихьар. Хурсани и плъэкIэм арат къигъэлъагъуэр. ЗэныбжьэгъуитIым яку дэт Адисэ абыхэм я щхьэхэр зрехьэлIэри, тIуми зэхахын хуэдэу мэIущащэ:

– Сэ сыщыгъуазэщ фэ тIум зы псалъи зэжевмыIэу, зым и гупсысэм адрейр къызэреджэфым. Ауэ фщIэну сыхуейщ: сэри сыкъоджэф фи гупсысэ щэхухэм икIи акъылэгъу сывдохъу.

– Дэгъуэщ! Иджы щыри тыншу дызэгурыIуэнщ! – е жиIа, е тхьэгурымагъуэ щIыкIэу ягуригъэIуа Хурсанэ? Сытми, хъыджэбзхэр зэщIэдыхьэшхащ.

Адисэ нэгъуэщI быдапIэ къыщыхъуами, Дахэзилэрэ Хурсанэрэ ар куэд щIауэ яцIыхурт, хъыджэбзым и цIэр амазонкэ къэралыгъуэм фIыкIэ щыIуати. ЗекIуэ къызэрежьэрэ ахэр кIэлъыплъырт Адисэ, и дахагъэмрэ и IэщакIуагъэмрэ ягъэщIагъуэу. «И дахагъэм хуэдизщ и Iущагъри!» – жаIэрт абы щхьэкIэ. Гъатхэ кIуам Уд Iуащхьэ щекIуэкIа къызэдэжэми гъэщIэгъуэн щыдалъэгъуат абы. Илъэс пщыкIутIкIэ зэпымычу бжьыпэр зыIыгъа Гуащэней нэхърэ нэхъ жэру къыщIэкIат Адисэ. Ар псом япэ ищауэ здэжэм, зыхищIащ къару лъэпкъ къызыхуэмынэжа Гуащэней лъэпэрапэу зэрыджэлар. ЗанщIэу къигъазэри, дэIэпыкъуурэ ар къигъэтэджыжащ. Адисэ и ужьым ита амазонкэхэр къытежауэ щилъагъум, Гуащэней жиIащ:

– Жэ псынщIэу, си пщащэ цIыкIу! Сэ къэзжынур къэзжащ...

Адисэ зэуэ зричщ, япэ ищахэм ялъэщIыхьэжри ятежыжащ.

Зэрылъакъуэ псынщIэм и мызакъуэу, абы и уэкIэри нэр зытемыпыIэт, къыпэщIэхуэ бийм зэплъэкIыпIэ иримыту. Арат, гушыIэ, джэгу хуэдэурэ, Пропонтидэ деж щызэхаубла зауэм щIакIуэ псыфыр къыщыгъэсэбэпыныр къыхэзылъхьари.

Мазэ бжыгъэкІэ пщащэм кІэлъыплъа нэужь Дахэзилэрэ Хурсанэрэ къащІащ Адисэ, адрей амазонкэхэм хуэмыдэу, и хьэлкІи, и гупсысэкІэкІи нэгъуэщІ зыгуэру зэрыщытыр, и псэри зэрынэхъ къабзэр. Сыт хуэдиз бзаджагъэрэ Іэзагъэрэ трамыгъэкІуэдами, амазонкэ гъэсакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ гъэр яхуэмыщІауэ, уэгум ит бгъащхъуэм хуэдэу хъыжьэт икІи щхьэхуитт Адисэ тхьэІухудым и акъылыр.

Япэрей зекІуэхэм я дзэ гуащэу щыта Ипполити сыткІи и дзыхь иригъэзырт Адисэ. ЗекІуэ здэщыІэм, зыІущІэ лъэпкъхэм я щІыналъэмкІэ гъуэгу пхашынумэ, шы Іус е шхын зэмылІэужьыгъуэ гуэрхэр къахъуэжынумэ, Ипполитэ лІыкІуэу игъакІуэр Адисэт. Ар зылъэгъуауэ, абы и теплъэм, и макъ гуакІуэм чэф имыщІа, зи щхьэр имыгъэунэза цІыхухъу щыІэтэкъым. Адисэ къатекІуэу ябгъэдэкІыжа нэужьи, иджыри зыкъомрэ я акъылыр зэтемыувэжу къанэрт ахэр.

Зэгуэрым, зекІуэ ежьэн и пэ къихуэу, и гуащІэгъуэу лІыгъуэфызыгъуэ Іуэхур кхъухьым щекІуэкІыу, Дахэзилэрэ Хурсанэрэ гу лъатащ Адисэ абыхэм зэрахэмытым. Хуэму къызэхикІухьу, ар тетт кхъухь гущІыІум. ХьэнцэлІхэри нэгъуэщІ пщылІхэри абы зэрыкІэрымыхъыжьэр хьэлэмэтт. Дахэзилэ, Адисэ зэгупсысыр къыхуэмыщІэу, зигъэгушыІэурэ жиІащ: «Еплъыт, сыт хуэдэ щІалэ мыхэр! Щхьэ зыхэбгъэкІыжрэ, зыгуэр къахыумыхыу?»

– Сэ япэу зыбгъэдэзгъэхьэну цІыхухъур си щхьэгъусэрщ, – къыжриІэри къыпыгуфІыкІыурэ блэкІащ Адисэ.

А пІалъэхэм и ужькІэ Дахэзилэ зыкъыщыхъужащ къалэ утыкум пцІанабзэу ит хуэдэу. «Ди тхьэхэ! – егъэщІагъуэ абы. – Мы хъыджэбз цІыкІум сызэгупсысхэр къещІэф. Мыр ящыщкъым жиІэм къикІыр зымыщІэжхэм. Апхуэдизу зи дзыхь къызэзыгъэзыр гузавэркъым зэригугъэм хуэдэу сыкъыщІэмыкІынкІэ. Зы заул дэкІыу, Дахэзилэ Хурсанэ псори щыжриІэжым, абы и фІэщу жиІащ: «Адисэ къищІагъэнщ дызэгупсысхэр икІи пэплъэу къыщІэкІынщ дэ зэныбжьэгъуитІым абы ди дзыхь щедгъэзынум».

Илъэс куэдкІэ дзэпщу щыта фІэкІа умыщІэну, тегушхуэныгъэрэ акъылрэ хэлъу унафэ ищІырт Адисэ. Бийхэм нэхъ япэжыжьэ, плъэкІи къамылъагъуну хытІыгу лъэныкъуэмкІэ амазонкэ гупышхуэ еутІыпщ, къуацэ щыпаупщІыну. Абыхэм къуацэхэр пхырпхыру зэтралъхьэри хьэнцэлІхэр зэрыкІэрыпхауэ щыта гъущІ кІапсэхэмкІэ быдэу зэкІуэцІапхэжащ. Пхырхэр, зыр адрейм кІэрыщІауэ, щрагъэтІылъыкІащ псы Іуфэ пшахъуалэм. ИужькІэ ахэр яшэщІащ, бгыпэм къыщыщІэдзауэ кхъухьхэм нэсу. Куэд мыщІэу, апхуэдэ пхыру тхущІ хуэдиз щыгъэпщкІуа хъуащ хъурейуэ зэхэуvауэ зэхэт кхъухьхэм я щІыбагъкІэ. Дзэр ежьэрт, зэ жэщ хъууэ, псыр етІысэхыным. Пшапэр зэрызэхэуэу, хъунщІакІуэ кхъухьхэм, я уэздыгъэхэр гъэункІыфІауэ, гуп-гупурэ хытІыгу къуагъым къыщызэхэувэу щІадзащ, къызэдежьэу амазонкэхэм къазэрытеуэнум зыхуагъэхьэзыру. Ауэ куэд мыщІэу къалъагъу псыр чэнж зэрыхъуар, я кхъухьхэри я пІэ зэримыкІыфыр. Амазонкэ кхъухьышхуихым зрачри бий кхъухьыбэм хуэкІуэу щІадзащ, къуацэ пхыр зэпхахэр якІэрыщІауэ. Абыхэм бий кхъухьхэр къаувыхьащ, шабзэшэ къатемыхуэн хуэдэу жыжьэу ІукІуэтауэ. ХъунщІакІуэхэм я кхъухьхэм я хъуреягъкІэ хуэм-хуэмурэ щызэхуэкІуэу щІедзэ пхыр зэкІэрыщІахэм я кІапэхэр. КІыфІыгъэм хэту къахуэкІуэ

пхыр фIыцIэжьхэр хъунщIакIуэхэм къащыхъуащ мы дунейм узыщримыхьэлIэ псэущхьэ шынагъуэжь гуэрхэу. Псоми ящIэрт амазонкэхэм удыгъэ зэрахэлъыр. Абы теухуа хъыбарыр псоми зэлъащIысат Пропонтидэ деж щекIуэкIа зэхэуэм и ужькIэ. Зи псэр IукIа хъунщIакIуэхэм дэнэ лъэныкъуэкIи яутIыпщу щIадзащ мафIэ къызыпих шабзэшэхэр, абыкIи нэхъ хуабжьыжу зэщIагъэстащ пхырхэр. ХъунщIакIуэ кхъухьхэр зэуэ къызэщIэнащ, жэщ кIыфIыр махуэ шэджагъуэм хуэдэу къагъэнэхуу. ХъунщIакIуэхэм къагурыIуэжащ езыхэм мафIэ зэрызыщIадзэжар икIи, ар ягъэункIыфIыжын мурадкIэ, кхъухьыбгъумкIэ зрагъэлэлэхыурэ псы кърагъахъуэу щIадзащ, амазонкэхэм я шабзэшэр къалъэIэсынкIэ зэрыхъунури къафIэмыIуэхужу. МафIэм ис я кхъухьхэр ябгынауэ, хъунщIакIуэхэр жэрт, пшахъуэ ныджэ кIыхьым тету, псы Iуфэ мэзым хэлъадэу зыкърагъэлын фIэкIа Iэмали гугъапIи ямыIэжу. Ауэ мыбдеж зыри зыщымыгугъа Iуэху къэхъуащ. Псы Iуфэ мэзым къыхэжри ныджэм къытеуващ кIуэсауэ щыта амазонкэ минитIыр. Абыхэм я шабзэшэхэм зы хылI хъунщIакIуи яIэщIэкIакъым. Бийр зэтраукIа нэужь амазонкэ кIуэсахэр сатыру иувыкIщ, я тажхэр щхьэрахщ, я шыпхъухэм фIыщIэ зэрыхуащIыр къагъэлъагъуэу я мэIухэм щэрыщэ зэдэууэ теуэри, мэзым хэлъэдэжахэщ.

Ар ягу темыхуэу, текIуэныгъэм къигъэгушхуарэ нурыр къызыщхьэщихыу кхъухь гущIыIум тет Адисэ къыбгъэдэлъэдащ хасащхьэм хэт уд пщыкIутIри, икIи зэрыгъэкIийуэ щIадзащ, амазонкэ кIуэсахэр къэубыдыжауэ абы я унафэр уд хасащхьэм и IэмыщIэ илъхьэн хуейуэ яукъуэдийуэ.

Адисэ абыхэм я дежкIэ зыкъыщигъазэм, удхэм заущэхужащ.

– Хэт мыбдеж щызеуэу унафэ сэзымыгъэщIыр? – и набдзэ ижьыр дригъэуейри ткIийуэ щIэупщIащ Адисэ. – Иджыри зы псалъэ къывжьэдэкIыжмэ, псори Iэпхлъэпх фезгъэщIынщи хым фыхезгъэдзэнщ. ФикI си пащхьэм, афIэкIа зызвмыгъэлъагъуу!

– ИугъащIэ ди Адисэ гуащэ! – къыхэкIиикIащ амазонкэхэм ящыщ гуэр.

Кхъухьыбэм амазонкэу исыр а псалъэхэм къызэщIаIэтэри, я макъ къызэрихькIэ къызэдокIий:

– Афэрым, Адисэ! ИугъащIэ Адисэ!

* * *

Нэхущым деж амазонкэ кхъухьыбэр и гъуэгу теувэжащ, кхъухь нэкъуэсхэмрэ хылI хъунщIакIуэ гъэрхэмрэ амазонкэ щIэпхъуэжахэм къыхуагъанэри.

Кхъухьхэм ящыщ зым хы хъунщIакIуэ гуп ису щилъагъум, Дахэзилэ Адисэ йоупщI ахэр къыздикIамкIэ.

– Ахэр Гъэсур нэзакъуэм и пщылIхэрщ. Дынэсыжмэ, абы и мурадщ сэ естыну къэзгъэгугъа кхъухьищэм хуэкIуэн гуп зэригъэпэщыну. Мы гъэрхэм я пщэ ирилъхьэнущ хьэнцэлI къалэныр, – жэуап къитащ Адисэ.

Хурсанэрэ Дахэзилэрэ унафэщI къалэныр ящхьэщыкIати, я кхъухь пэшым щIэт пIэ щабэхэм хуиту зыщагъэпсэхуу илът, ягъэхъа псом егупсысыжу.

– Уэ къыбгурыIуэрэ дэ щыуагъэшхуэ зэрытIэщIэкIар? – зыхуигъэзащ Хурсанэ и ныбжьэгъум. – Акъылэгъу къытхуэхъухэр дутIыпщри, адрейхэр бий кIэуфIыцI зыхуэтщIащ. А щытыкIэ гугъум псэууэ дыкъызэрикIар согъэщIэгъуэж. Адисэ псынщIэу икIи пэжу псоми унафэ трищIыхьащ! Абы дэри амазонкэ къэралыгъуэри куэдкIэ дыщыгугъ хъунущ. Ди гъусэхэр зэкъуэту абы и ужьым иригъэувэфынущ! И дахагъэкIи и акъылкIи тхьэ гуащэщ!

– Хэт фызытепсэлъыхьыр? Сэрмырауэ пIэрэ? – Адисэ къыщIобакъуэри, я кум зыкъыдегъахуэ. – Сэ сыхэт-тIэ, фэ фызэреплъымкIэ?

– Хэт ар зыщIэр?! – къэдыхьэшхащ нэхъыжьхэр. – ЦIыхур къэпцIыхуну ухуеймэ, уи унафэщI щIы, жаIэ.

– ЖыфIэт, сыкъэмыгубжь щIыкIэ! Армыхъумэ, си зы псалъэ фIэкIа хэзмылъхьэу, фIэ тIум я зыр аргуэру гуащэу фыкъыщIезгъэдзыфынущ!

– Хьэуэ, хьэуэ! Абы дэ зыкIи дыхуейкъым! – зэныбжьэгъуитIым жаIа нэужь, щыри зыжьэу зэщIодыхьэшхэ.

– Дэ дыбэлэрыгъ хъунукъым, – и фIэщу жеIэ Адисэ. – ГушыIэ хэмылъу вжесIэнщи, тхьэ фэ тIум зыкъом зэхэвгъэзэрыхьамэ! Фэ футIыпщащ щхьэхуитыныгъэр фIыуэ зылъагъуу, нэхъ дызыщыгугъ хъунухэр, иджы адрей къэнахэр фщIыгъуу вгъэзэжыным фыхуэмыпIащIэ. Е уду хъуар псым езгъэтхьэлэну хуит сыкъэфщI, е дызэгъусэу хэкIыпIэ гуэр къэдвгъэгъуэт. Ди къэралыгъуэм и къэкIуэнум теухуауэ диIэ гупсысэхэр зэтохуэ, ауэ дэ дымащIэщ. ЗыгуэркIэ шэч къытхуащIмэ, абыхэм дакъелынукъым. КъыткъуэувэнуI, IэщэкIэ дыкъахъумэну хьэзыру, дэ щым шу мин пщIырыпщI нэхъыбэ дгъуэтынукъым. Ауэ амазонкэ къэралыгъуэр къытпэувыфынущ минищрэ щэ ныкъуэрэ хъууэ. Сыт тщIэнур?

– Куэдрэ думыгъэшынэу, уэ сэ слъагъум зыгуэр къэбгупсысащи, къыджеIэ. Жыгъэмрэ гугъуехьымрэ ирагъэша ди щхьэхэм къикхьэркъым зэрызытхъумэжын зы Iэмали, – жеIэ Дахэзилэ.

– Пэжщ, сэ сощIэ тщIэн хуейр, ауэ сэ ар схузэфIэкIынукъым икIи сыхуейкъым! ЗыхузэфIэкIынур фэращи, фыхуейуи слъагъуркъым.

Хурсанэрэ Дахэзилэрэ къыщылъэтри Адисэ щхьэщыуващ:

– Пэжуи? – зыжьэу къажьэдэхуащ тIуми.

– Пэжу! Ар сэ схуэщIэнукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ япэу къызбгъэдыхьэну щауэр силIу щытыну сыхуейщи. Абы къыхэкIыу, сэ сылъхуэ хъунукъым! Фэращ лъхуэфынур! Дэ дынэмысыж щIыкIэ Iэмал имыIэу сабий дыхуейщ, хъулъхугъэхэуи бзылъхугъэхэуи. Кхъухьхэр къэсплъыхьати, зы амазонкэ уэндэгъуи щызгъуэтакъым. Дэ сабий дыхуейщ, къыткъуэувэн цIыху мин щэщIрэ хырэ унэм тшэжыфын хуэдэу. Мис абы щыгъуэ къэсынущ ди къэралыгъуэ уахътыншэу жыхуаIэм и кIуэдыжыгъуэр! Мис абдеж ди лъэныкъуэ хъунущ амазонкэу мин тIощIрэ тхурэ, абы иджыри хэлъхьэ нарт минищэ бжыгъэхэр! Апхуэдэ къару дгъуэтмэ, сэ лIы сыдэкIуэну згъэIунущ, икIи нартхэр IэщакIуагъэрэ шуеигъэкIэ зэпезгъэуэнущ. Ауэ иджыпстукIэ нэхъыщхьэр амазонкэхэр анэгум, анэпсэм къыхуэгъэушыжынырщ, абы къыхэкIыуи къысхуэвгъуэт зы амазонкэ лъэщыджэ! Мыхъуххэмэ, италийхэм я деж вгъэзэж, абы къыщывгъуэтыну къыщIэкIынщ зи лъхуэгъуэ нэса гуэр.

Зэныбжьэгъухэр хэплъэу куэдрэ щысащ. ПщыхьэщхьэхуэкIуэу ахэр кхъухь гущIыIум здытетым, Гъэсур къабгъэдохьэри псалъэ жиIэну кьолъаIуэ.

– Сондэджэрыжьым сыт иджыри къыспыпхыну уи мурадыр? – макъ гуакIуэкIэ щIоупщIэ Адисэ, зэрыгушыIэр и гуфIэкIэм хэплъагъуэу.

– Зыри, зыри! – къэуIэбжьауэ къопсалъэ Гъэсур. – ХъунщIакIуэу зи гъащIэр зыхьа Гъэсур лIыжьыр Адисэ тхьэпэлъытэм елъэIуфыну а къритым нэхърэ нэхъыбэкIэ? Уэ уи хьэлэлагъыр гъунапкъэншэщ.

– Хъунщ иджы! Къэгъанэ псэлъэныр! Уи щытхъухэмкIэ сыкъэбгъэгубжьынурэ, уэстыну укъызэрызгъэгугъам щыщу и ныкъуэри къыплъысыжынукъым.

Гъэсур, къэгузавэри, псынщIэрыпсалъэу жиIащ:

– Гуащэу щыIэм я лейуэ Адисэ! Сэ иджы зыри сыхуэныкъуэжкъым, ауэ сынолъэIу, мыпхуэдиз кхъухь лъапсейхэр афIэкIа умыгъэс! Уи гъэр Гъэсур фейдэшхуэ къищIу ахэр ихъуэжыфынущ, къыщIихари, хэщI щымыIэу, къыпхуихыжу.

– Уэ хьилэшым, иджыри уримыкъуауэ, зыгуэрхэр къэбулъэпхъэщыну ухэти! Апхуэдэу щыщыткIэ сэ сату бдызощI: зы цIыхубз уэндэгъу  къысхуэбгъуэтыхукIэ, абы пэкIуэу кхъухьищ уэстынущ, уэ езым узэрыхуейуэ къыхозгъэхыжурэ.

Гъэсур, зэхихар зэригъэщIэгъуэнур къыхуэмыщIэу, и жьэр Iурыхуауэ Адисэ къоплъри щытщ. ИужькIэ жеIэ:

– Сэ симыIэ щыIэкъым, ауэ цIыхубз уэндэгъу сиIэкъым, фэращ ахэр зиIэр, кхъухьищыр щыгъэтауэ, кхъухьих я уасэу!

Мыбдеж, абы и IэфракIэр Хурсанэ быдэу щикъузым, лIыжьыр къыхэкIиикIри зиущэхужащ. Гъэсур псынщIэу щIалъэфащ кхъухь тхьэмадэм и пэшым икIи унафэ къыхуащIащ ищIэ псори къыжиIэну. Апхуэдэу щыхъум, Гъэсур къажриIащ кхъухьым и лъабжьэ къатым щIэт алыдж кIыщым зи лъхуэгъуэ нэса амазонкэ цIыхубз дэгъуитI зыщагъэпщкIуауэ зэрыщIэсыр. Зэрыуэндэгъур абыхэм къыщащIар зекIуэ къежьа нэужькIэти, щIэпхъуэжххэм яхыхьэну дзыхь ящIакъым, сабий яIэщIэлъу губгъуэм къинэнкIэ шынэхэри. Иджы ящIэнур ямыщIэу магъри щысхэщ.

– Ди псалъэмакъыр зы цIыхупсэ зэхыумыгъэхыу бзыщI! Кхъухьихри бжы иджы ууейуэ!

– Абыхэм я сабийхэр фукIыу, сэ си жьыщхьэ гуэныхь къэзвгъэхьынкъым, пэжкъэ? – гузавэу щIоупщIэ Гъэсур.

– Умыгузавэ, уащхъуэ мыващхъуэ кIанэ, дымыукIыну! – къегъэгугъэ Дахэзилэ.

Гъэсур, насыпышхуэ къеуэлIати, и Iупэхэр зэтемыхьэжу гуфIэу щIокIыж. ЗытэлайкIэ щыса нэужь, Адисэ жеIэ:

– Сэ сызэреплъымкIэ, мы псы Iуфэм деж увыIэпIэ щыщIауэ зы мазэ хуэдизкIэ зыщыIэжьэн хуейщ. ДыщэкIуэнщ, бдзэжьей къэдубыдынщ. Кхъухьхэм ярыт кIыщхэр щыдгъэувыну щIыпIэхэри дубзыхунщ. УвыIэпIэ тщIынум кхъухьхэр гъунэгъуу екIуэлIэфу, псы дызэфэни къыщыщIэжу щытыпхъэщ. Абы къищынэмыщIауэ, гъудэбадзэхэр щымащIэу щытын папщIэ акъужь къыщепщэ зэпытмэ нэхъыфIщ. Ди амазонкэхэм къалэжьащ тIэкIу загъэпсэхуну, щэкIуэну, бдзэжьей ещэну, я узыншагъэмкIи щхьэпэщ хы Iуфэ псы хуабэм хэсынри. МазитIым щIигъуауэ псым дытетщи, амазон-

кэ уэндэгъухэм, кхъухьым зэридзэурэ къару къахуэмынэжауэ, я щхьэр зэрахьэ. ДыкъэувыIэу зедмыгъэгъэпсэхумэ, езыхэми я ныбэ илъ сабийхэми я узыншагъэм зэран дыхуэхъункIэ хъунущ. ТIэкIу дыгувэми ягъэ кIынкъым, къытхуэзэшауэ декIуэлIэжмэ, нэхъ гуапэу къытпежьэнхэщ!

Дахэзилэрэ Хурсанэрэ ягъэщIагъуэ а хъыджэбз цIыкIум и акъылыфIагъэмрэ тегушхуэныгъэу хэлъымрэ. Адисэ фIыуэ къыгурыIуэрт, зэман кIэщIкIэ нэхъ мыхъуми, амазонкэ анэр и сабийм дэщIыгъумэ, абы и хьэлым зэрызихъуэжынур, икIи я къэралыгъуэм илъэс бжыгъэкIэ зыщIипIыкIа хабзэхэри къызэрыфIэмыIуэхужынур. Абы тэмэму иубзыхуат псори: амазонкэхэм зэман яритырт я сабийхэм якIэлъыплъыну, ядэджэгуну. Апхуэдэу ящIмэ, минищэ хъу амазонкэ IэщакIуэхэр, шэч хэмылъу, я телъхьэу къэувынущ!

Езыхэм хуэдэ дыдэ нэхъыбэу дунейм къытрагъэхьэн зэрыхуейр апхуэдизкIэ ткIийуэ амазонкэ къэралыгъуэм щыгъэувати, псори гум нэхъ щежалIэ щIалэгъуэ ныбжьым ит хъыджэбз цIыкIухэм сабий къызэралъху щIыкIэр ирагъэлъагъун дэнэ къэна, а Iуэхур псэущхьэхэм я деж зэрыщекIуэкIми ахэр ирагъэплъыртэкъым. Ауэ абы щхьэкIи къанэртэкъым анагъэм и IэфIагъыр зыхащIэныр. Абы къыхэкIыу, амазонкэхэр хущIэкъурт анэ хъуа цIыхубзыр и сабийм зэрытрамыгъэплъэным, къалъхуар хъуми бзыми къррамыгъэщIэным. Абыхэм ящIэн хуейтэкъым гу щабагъэри гущIэгъури зищIысыр. Ауэ амазонкэхэм къахэкIырт а хабзэ гущIэгъуншэр зигу ирихьхэри: апхуэдэхэм, зыуи къащымыхъуу, сабийр къагъанэрти езыхэр щхьэхуиту ежьэжхэрт. Сыт щыгъуи щыIауэ икIи щыIэнуи къыщIэкIынщ анэ зыхэщIэм хуэхей цIыхубзхэр.

ЦIыхум и гупсысэр, и акъылыр уздыхуеймкIэ зыунэтIыф Iэмал зэхуэмыдэхэр къагъэсэбэпкIэрэ, амазонкэхэм я къарур зауэ Iуэхумрэ лъагъуныгъэ щхьэхуитымрэ къызэрыщрагъэсэбэпыным хущIэкъухэрт. Бын зыгъуэта амазонкэ анэр ауи егупсысыххэртэкъым «си быныр дауэ хъууэ пIэрэ?» жиIэу. Арат къызыхэкIри амазонкэ псори, ахэр сыт хуэдэ ныбжьым имытми, я шыпхъуу, къанжэм ипхъухэу къалъытэныр.

Абы къищынэмыщIа, амазонкэ къэралыгъуэм щэнхабзэр къазэрыщыгурыIуэр умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал зимыIэт. Щытхъу зыхуаIэтри, ягъэлъапIэри, я щIэблэр зыщIапIыкIри я хабзэ ткIийхэм тетынымрэ гущIэгъуншагъэмрэт. Гу щабагъэри, бзэIэфIыгъэри, лъагъуныгъэри, гущIэгъулыуэ щытынри къалъытэрт щIэныгъэншагъэмрэ мыгъэсэныгъэмрэ я нэщэнэу, лIыгъэншагъэрэ къэрабгъагъэрэ къэзыгъэлъагъуэхэу. Тхыдэм къыхощыж апхуэдэ зэхэтыкIэ зиIа къалэ-къэралыгъуэхэр зэрыщыIар. Ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъ е узыншагъэшхуэ зимыIэ сабийхэмрэ зи щхьэ Iуэху зезымыхуэжыфу жьы дыдэ хъуахэмрэ ахэр тыншу пыкIыфырт. Жьы хъуахэр тажьджэм ирагъэтIысхьэрти бгым щадзыжырт. Спартэ, Рим къэралыгъуэхэм сабийхэр щызэхадзу щытащ, я узыншагъэ елъытакIэ. Хьэтхэми японхэми яIащ апхуэдэ хабзэ.

Дунейм къызэрытехьэххэу щIадзэрти, амазонкэхэм я фIэщ ящIырт езыхэр адрей цIыху мыхьэнэншэхэм ящымыщу, атIэ тхьэхэм я нэфI зыщыхуауэ, зыхуэупсауэ, къызэрымыгуэкIыу щытхэу. Езым къыхуэдэ дунейм темыту езыгъэгугъэж, и щхьэр лъагэу езы-

гъэлъагъуж апхуэдэ гъащIэр хъумэным и псэр зэуэ щIитыфын хуэдэу гъэсэн хуейт хъыджэбз цIыкIур. Амазонкэхэм хьэкъыу япхыкIат я лъэпкъыр ефIэкIуэн папщIэ куэд къалъхун, абы и ужькIи нэхъ псынщIэу зызыужьын сабий узыншэхэр къыхэхын зэрыхуейр. Амазонкэр къэгъэхъун хуейт и гур утIыпщауэ, зэманыгъуэрэ узыншагъэрэ иIэхукIэ, цIыху укIынымрэ езым хуэдэ нэхъыбэу дунейм къытегъэхьэнымрэ фIэкIа нэгъуэщI зыми и Iуэху зэримыхуэу.

Апхуэдиз къару зыбгъэдэлъ къэралыгъуэр, зэ уэгъуэкIэ кIэ игъуэту, зэрыпхуэмыкъутэнур ящIэ пэтми, зэныбжьэгъухэм я фIэщ хъурт амазонкэхэм я гум гугъэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ я жылэ щыхэпсэныр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуу зэрыщытыр. Мы амазонкэ къэралыгъуэр хамэ къарукIэ, ар сыт хуэдизу къаруушхуэу щымытми, зэхэкъута хъунутэкъым, мыр зауэм къарууншэ ищIыртэкъым, нэхъри нэхъ игъэлъэщ, игъэкъулей фIэкIа. Амазонкэ къэралыгъуэр зыхьыжыфыну мафIэсым, езым ику дыдэм зы хъуаскIэкIэ щызэщIэсту, лыгъэшхуэу зидзын хуейт. Адисэ къигупсысар зы хъуаскIэтэкъым, атIэ дэп жьэражьэт, амазонкэхэм я гум зэрылъэIэсу къызэщIэнэну хьэзыру.

Дахэзилэ ищIа унафэр щажриIэм, амазонкэхэм гуфIэгъуэшхуэ къаIэтащ. Адисэ къыхуащI пщIэр нэхъ лъагэж хъуащ: я узыншагъэм, я гугъуехьым гулъытэ хуэзыщI гуащэ иджыт абыхэм щагъуэтар. Псом хуэмыдэу гуфIэр уэндэгъухэрат, сыту жыпIэмэ, хым иджыри мазэкIэ тетмэ, толъкъун зедзэм я фэм дихыну гугъуехьыр ящIэжырти.

Зы тхьэмахуэм къуацэ пщыIэ къалэ яухуащ, тхьэмахуитI дэкIыжри, хъуэж-щэжышхуэ щекIуэкI утыку ин къэунэхуащ, Iэгъуэблагъэм щыпсэу лъэпкъхэр къекIуалIэу. Амазонкэ кхъухьхэм хъугъуэфIыгъуэ куэд ярылът, мыбдеж щыпхъуэжу, хьер къебгъэщI хъуну.

Зи лъхуэгъуэ нэса амазонкэхэм Адисэ хъумакIуэ щэхухэр яхухихри, нэ лей ятемыплъэн хуэдэу, пщыIэхэм щIигъэтIысхьэжащ. Япэ лъхуэн щIэзыдзам дэIэпыкъун папщIэ кърадджащ а Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI цIыхубз нэхъыжьхэр. А гупым къаIэта зэрызехьэшхуэр зэуэ увыIэри, псори зэщIэщымащ, сабий гъы макъ къызэрыIуххэу. Ар щIалэт, пIащэ цIыкIурэ узыншэ дыдэу. Сабийм Пэрыт фIащащ. Псоми къызэралъытэмкIэ, ар амазонкэхэм ямыукIыжу псэууэ къагъанэ япэ щIалэ цIыкIут. Я къэралыгъуэм и хабзэм тету, «ар псынщIэу укIын хуейщ» жиIэу зы амазонки къэувыфакъым. Пэрыт сабиифI дыдэу къыщIэкIащ, гъущэпсыщэмэ, быдз ефэнкIэ ирикъуамэ, жеину фIэкIа нэгъуэщI зыри хуэмейуэ.

Дунейм сыт тетми ящыгъупщэжауэ, амазонкэхэр гуп-гупурэ кIуэрт сабийм деж, я гур хэхъуэу еплъын, бгъэдэсын, едэхэщIэн, дэджэгун, и анэр зэрыхущытым кIэлъыплъын папщIэ. И Iэ цIыкIухэр игъэпIэжьажьэу ар быдз щефэкIэ, зэщымыукIытэжхэу, амазонкэхэм я нэпсыр къафIежэхырт. Сабийм еIусэну, ар IэкIэ иIыгъыну дзыхь зыхуащI зырызхэр, насыпышхуэ къызэуэлIам хуэдэу, гуфIэхэрт. Сабийм деж лъагъунлъагъу щыIахэр нэгъуэщI зыгуэр хъуауэ къыпщыхъурт. Апхуэдэ насыпышхуэ зрагъэгъуэтын папщIэ гъащIэр зэратыфынур езыхэми ябзыщIыртэкъым.

Куэд дэмыкIыу етIуанэ щIалэ цIыкIури дунейм къытохьэ. Иджы псоми, Пэрыт цIыкIум кIэлъыплъурэ Iуэхум хуэIэкIуэлъакIуэ хъуа-

ти, сабий пIыным и пIалъэ ящIэу забжыжу, зым жиIэр адрейм имыдэу, зэкIэлъагъэпIащIэу чэнджэщ иратырт анэ хъуа амазонкэм, сабийр зэриIыгъын хуейм къыщцыщIэдзауэ «ар къыдэкIуэтеймэ, сыт хъуну пIэрэ?» упщIэ узыпэмыплъам деж щиухыжу.

«Сэ япэу слъагъуу, зэхэсхыу арат амазонкэхэм, зыр адрейм щымыукIытэжу, гумащIагъэрэ щабагъэрэ къызэрагъэлъагъуэр, нэпс зэрыщIагъэкIыр, я нэгу щIэкIыр я гум зэрыхыхьар къозыгъащIэ бзэIэфIыгъэр», – иужькIэ яжриIэжынущ Хурсанэ и ныбжьэгъухэм.

ПщыхьэщхьэкIэрэ ахэр щIэх-щIэхыурэ зэхуэсти щысхэт, я гъащIэ гугъум, гущIэгъуншагъэшхуэу тхьэхэм къытралъхьам, дэтхэнэ зы цIыхуми хуэдэу псэуну хуитыныгъэ зэрамыIэм щэхуу тепсэлъыхьхэу. ЗэупщIыжхэрт: «Сыт дэ мыпхуэдэ тхьэшхуэ нэлатыр ттелъу, унагъуэ гуащэу, анэ насыпыфIэу, зылI и щхьэгъусэу псэуным дыхуэхейуэ, цIыху укIыныр, псэ гъэныныр ди натIэу дыкъыщIигъэщIар?» – жаIэрти.

Амазонкэхэм жаIэхэр зэхэзых, я Iуэхухэр зи нэгу щIэкI Адисэ гуфIэрт. Абы и ныбжьэгъухэм яжриIэрт иджыри мы щIыпIэм зыщыIэжьэн зэрыхуейр, амазонкэ къэс, зырызэ нэхъ мыхъуми, сабийхэр яIыгъыну хунэсын хуэдэу. «Сабийхэр яIыгъын дэнэ къэна, ауи еIусэн мэшынэ абыхэм я нэхъыбэр, зэщIокIэзызэ, гъунэгъу зэрахуэхъуу, – жиIэрт абы. – Сабийхэр тIэкIу къэжэпхъэрэ къэгуфIэу, агъэ-быгъэ гуэрхэр къажьэдэкIыу щIадзэмэ, дежьэж хъунущ».

Езы Адисэ политикэ Iуэху зэрихуэрт, нэхъ лъэкIыныгъэ зиIэ хьэтхэм яхуеблагъэрт, Урартэм кIуэурэ хурытхэм яхуэзэрт. Апхуэдиз дахагъэ зыбгъэдэлъ цIыхубзыр, сыт щыгъуи хуэдэу, гуапэу къагъэхьэщIэрт, цIыхухъухэр къызэрыдихьэхыфыр езыми къигъэсэбэпыфырти, дэни тепщэ щыхъурт, акъылэгъу псори къищIыфырт. ЯгуригъаIуэрт мы хэкужьым ди лъэпкъэгъухэр гугъу зэрыщехыр, къарууншэ дыдэу щыта лъэпкъ куэдым я щхьэр къаIэту зэрыхуежьар, КавказымкIэ Iэпхъуэжу зэкъуэувэжын хуейуэ зэманым къызэригъэувыр. ЯжриIэрт апхуэдэ щIы къулейрэ щIыпIэ узыншэрэ дунейм зэрытемытыр, я щIалэхэр плIабгъуэрэ Iэчлъэчхэу, я бзылъхугъэхэр набдзэ зытелъхэм я нэхъ дахэу зэрыщытыр, я псыежэххэр зэрыIэфIыр, абыхэм бдзэжьей куэду зэрыхэсыр, я мэзышхуэхэм хьэкIэкхъуэкIэр зэрыщIэзыр, жэщым уэшх хуабэр зытешхэ, махуэм дыгъэпсым къигъэхуабэ я щIым гъавэр зэрыщыбэвыр, я жыгхэм, къудамэхэм яхуэмыIэту, пхъэщхьэмыщхьэ бэгъуа къазэрыпыкIэр, я хьэуа къабзэр жьэдэпшэмэ, псынэпс щIыIэ уефэм хуэдэу зэрызыхэпщIэр.

Ауэ зыри къикIакъым Адисэ и псалъэхэм. Абы къыщIэдэIухэр шынэу къыщIэкIынт Адисэ езым и унафэм псори щIигъэувэнкIэ, пщылIыпIэ иригъэувэнкIэ. Иджыпсту дзэпщу щыт щхьэкIэ, ар, дауэ мыхъуми, амазонкэ гуащэщ, икIи, и хэку нэсыжмэ, хэт ищIэрэ, абы къыпэхъун щымыIэнкIэ хъунщ. Мы хъыджэбз цIыкIум сытри лъэкIынущ, IэщакIуэу минищэ IэщIэлъмэ.

Езы Адиси фIы дыдэу къыгурыIуэрт хьэтхэмрэ хурытхэмрэ иджыпсту зыкIи къызэрыпхудэмыхьэхынур, ауэ а зэIущIэхэм сэбэпынагъ гуэр къахьын папщIэ псоми зэхуэдэу мырат яжриIэр:

– Тхьэхэм солъэIу ди лъэпкъыр дяпэкIи къихъумэну. Ауэ зэвгъащIэ, фи щIэблэми ефIуэкI: махуае фыщихуэм, фригъуэзэну ди Iуащхьэмахуэ фиIэщи, фынызэрыкIуэжын лъагъуэ ныпхыфш!

А псалъэхэр яжриIэурэ къалэ псори къызэхижыхьа нэужь Адисэ зриташ щэкIуэнымрэ бдзэжьей ещэнымрэ...

* * *

Дунейм къызэрытехъуэрэ амазонкэ хабзэм тет Алътуд къыгурыIуэртэкъым Афинэ деж щекIуэкIа зэзауэм лъандэрэ и шыпхъухэм гужьгъэжь къыхуаIэ щIэхъуар. Псоми фIыуэ къалъагъуу щыта Алътуд а дакъикъэм къыщыщIэдзауэ нэмыплъ кърат хъуат, уеблэмэ ныбжьэгъуу иIэм я щIыбагъ къыхуагъэзат.

«Ар дауэ? Апхуэдэ епцIыжакIуэр псэууэ къэдгъэнэнумэ, мыбы нэс дыкъэкIуауэ, мыпхуэдэ псэзэпылъхьэпIэм дыщIыхэтыр сыт, ди IэщакIуэ нэхъыфIхэр дгъэкIуэду?!» – егупсысырт ар. Нэхъыбэрэ егупсысыхукIи, жэуапу къыхуэгъуэтыр зыт: аргуэру епцIыжахэу арaщ я къэралыгъуэм. АбыкIи къуаншагъэ зыбгъэдэлъыр Хурсанэрэ Дахэзилэрэт?! А тIуращ мы щIэпхъуэжахэри мы жыIэмыдаIуэхэри зи Iэужьыр. Алътуд гущыкIыгъуэу, напэтехыу къилъытэрт Хурсанэ зэуэзэпсэу къищтауэ щыта унафэр: Антеипхъу и щхьэ уасэу къыхуагъэлъэгъуа мылъкушхуэр къыIахыныр.

«Хьэуэ! Ар уасэ хуэхъунутэкъым епцIыжакIуэм! Абы и уасэр сэ къыпысхар арaщ! – губжьыжу егупсысырт ар. – Псом хуэмыдэжу си пIэм сыкъизышыр дзэ гуащэ фIащу щагъэкIыпа Адисэ хъыджэбзыжь цIыкIурщ. Уд нэхъыжьхэм апхуэдэу захузэкIэщIишыну хуитыныгъэ къезытыр хэт а Iейм?! Пэжщ, щытыкIэ гугъум дыкърищащ абы, и щхьэ закъуэкIэ унафэ ищIыну хуит ящIри. Ауэ абы зыми хуитыныгъэ къритакъым уд хасащхьэм и пащхьэ апхуэдэу зигъэпагэу итыну. И пэр дригъэзеину, хасэм хэт нэхъыжьхэм къахуепсэлъыхыну зыри игъэхъакъым абы иджыри!»

Алътуд къыгурыIуэрт дзэ гуащэм и псалъэхэм шэч къатепхьэ зэрымыхъунур, арами псэкIэ зыхищIэрт бжьыпэр зыубыда амазонкищым ягу фIы зэримылъыр, абы щыхьэт техъуэ гуэрхэр имыIэ пэтми.

«Мис аргуэру кхъухьитху бзэхащ, – егупсысырт Алътуд. – Зы амазонкэ кIуэсэжати, дыкIэлъежьэри, абы и зэранкIэ куэд тфIэкIуэдащ. Ахэр щIэпхъуэжауэ щытмэ, мы дунеишхуэр къызэдгъэдзэкIами, къэдгъуэту дымыукIыжу хъунукъым. Ауэ гъуэщамэ-щэ?! Абы щыгъуэм, ядэIэпыкъупхъэщ. Ауэ дэнэ ахэр здэбгъэкIуэнур? Зэуэнщ-зэуэнщи, я хэку ягъэзэжынщ. Псы гъуэгуми, щIылъэ гъуэгуми ахэр щыIущIэн хуейкъым къапэувыфынрэ къапэлъэщынрэ. Гъуэгугъэлъагъуэхэр къагъуэтынщи, зрихьэлIэ мэз Iувхэри къэралыдзэ лъэщхэри къафIэмыIуэхуу, я сэшхуэхэмкIэ лъагъуэ пхращIыкIыурэ щIылъэ защIэкIэ нэкIуэжынхэщ. Дунейм теткъым амазонкэдзэр къэзыгъэувыIэфын, сыту жыпIэмэ зауэхэм ар нэхъ лъэщ ящIри, шырэ пщылIу яIэм я бжыгъэм къахохъуэри. Ауэ сыт щIаутIыпщар мыдрей мыхъумыбз къомри? Дыкъыщежьэм щыгъуэ апхуэдэ унафэ къыхуащIауэ пIэрэт ди дзэпщхэм? Ар апхуэдэу щытмэ, сыт Дадыху и гупыр щIыщIэпхъуэжар? Дзэпщыр щымыгъуазэу, ди шыпхъухэм ар яхуэщIэнутэкъым. Ахэр зэрыщIэпхъуэжым гу лъыттами, дэ абыхэм дакIэлъыжакъым. Ди дзэпщхэм, дауи, къагъуэтынщ езыхэм зэрызагъэзэхуэжын Iэмалхэр. Ауэ уд хасащхьэм хэтхэм я фIэщ хъуну пIэрэ абыхэм жаIэр?»

А псом егупсысу Алътуд телът кхъухь гущIыIум. Абы гу лъитэххакъым кхъухьыр гущэм хуэдэу щIэзыупскIэ толъкъунхэм адрей амазонкэхэр зэрагъэжеижам. Кхъухьым иджыри къинат уд хасащхьэм хэтхэм ящыщу «аргъуей зыгъэшхэну» хуэмейхэри. ЗэщIэдэIукIщ, жэщ кIыфIым хэплъэри Алътуд къилъэгъуащ IэфIауэ уд, джэду кIуэкIэ зищIауэ, къызэрыхуэкIуэр.

Алътуд и щхьэр къеIэт, фызыжьым зыкъригъэлъагъуну. IэфIауэ уд къоувыIэри Iэ къыхуещI, «си ужьым къиувэ» жыхуиIэу. Алътуд сакъыпэурэ кхъухьыкур къызэренэкIри фызыжьым и ужьым йоувэ. Ахэр Iэуэлъауэншэу нос уд нэхъыжьхэм я пэш кхъухьыкIэм итым. Макъ лъэпкъ ирамыгъэщIу пэш кIыфIым щыщIыхьэм, Алътуд зыхищIащ уд псори зэхуэсауэ тетIысхьэпIэхэм зытрагъэзэгъауэ хэплъэу зэрызэхэсым.

Япэу къэпсэлъащ абыхэм я нэхъыжьыр, Алътуд гъунэгъу дыдэу къыбгъэдэсыр:

– Си хъыджэбз цIыкIу! Хы Iуфэм IуащIыхьа пщыIэ къалэм етIуанэ сабий къыщалъхуащ, ауэ аргуэру дэ хъыбар дагъэщIакъым. Амазонкэ акъылыншэхэр тхьэмахуэ етIуанэ хъуауэ а щIалэжь цIыкIухэм ядоджэгури зэхэсщ. Иджыри зы тхьэмахуэкIэ сабий цIынэхэм ядэджэгужмэ, ахэр зэи къыпхутехьэжынукъым ди къэралыгъуэм и хабзэхэм. Уэ сыт хуэдэ псэущхьэми зэрызыпыпщIыжыфыр дощIэри, дызыщыгугъыну иджы диIэр уэ зыращ. Дызэрыпхуейри мыращ: мы чысэ цIыкIум илъ гыныр зэхуэдитI ищIыкIауэ, сабий цIынэхэр зыщIэлъ пщыIэхэм щIэкIутэн хуейщ, сабийхэм ялъэIэсын хуэдэу... – Iэ гъур щIыIэ гуэрым Алътуд и Iэгум кърелъхьэ фэ чысэ цIыкIу. – Ауэ сакъ, мыбы щыщ уэ зылъэбгъэIэсыж хъунукъым. ЗэрымыщIэкIэ къыплъэIэс хъужыкъуэмэ, псынщIэу хыпс шыугъэм зыкъыхэдзэж, къыплъэIэса гын сабэр пкIэрыкIыжын щхьэкIэ. Ди кхъухьхэм занщIэу къесылIэжи, зыми гу къыплъимытэу гъуэлъыж. ЗэгъащIэ, мы Iуэхур тэмэму зэфIэбгъэкIмэ, ди къэралыгъуэр гузэвэгъуэшхуэм къызэребгъэлынур!



Алътуд зы псалъи жимыIэу щIэкIщ, джэду кIуэкIэу кхъухьыбгъум Iухьэри и щыгъынхэр щихащ, и Iэпкълъэпкъыр зэщIикъузэу щыгъ шылэ фIыцIэ джанэ-гъуэншэджым фIэкIа къызыщимынэу. Чысэ цIыкIур и гуфIакIэм дилъхьэщ, блапцIэм хуэдэу Iэуэлъауэншэу псым зыхигъэлъадэри есу хуежьащ. Псы Iуфэм есылIэри зэщIэдэIукIащ. Зы пщыIэ гуэрым Iущащэ макъ къыщIэIукIырт. Сакъыпэурэ бгъэдэкIуатэри къилъэгъуащ сабий жейм щхьэщыс амазонкэхэр. Чысэм и щхьэпсыр итIатэри, илъым и ныкъуэр пщыIэ бгъэным хуищIа гъуанэмкIэ ирипхъыхащ. ЕтIуанэ пщыIэм и щхьэми напIэзыпIэм гъуанэ хуищIри, чысэм къинэжар щIиудащ. Жыг къуагъхэм закъуигъапщкIуэурэ тIэу пкIэгъуэм псы Iуфэм къыIухутэжащ. Жэщри кIыфIт, езыри фIыцIэ защIэу хуэпати, зэран къыхуэхъу щымыIэу Алътуд зэфIигъэкIащ и пщэ къралъхьа Iуэхур. Чысэ нэщIыр псым хидзэщ, псы щIагъым зыщIигъауэри, Iэуэлъауэншэу, мыпIащIэурэ кхъухьым къесылIэжащ. Абы дэкIуеижри, и пIэм изэгъэжащ.

Алътуд ищIэртэкъым сабийхэм ятриудар зищIысыр, ауэ шэч къытрихьэртэкъым ар зэрыщхъухь гуащIэм, абы сабийхэр зэриукIынум. Арыншамэ, удхэм а Iуэхур езы Щыблэ фIыцIэм и пщэ къралъхьэнутэкъым.

МыхъумыщIагъэ илэжьауэ ибжыртэкъым Алътуд. Ар щIапIар и къэралыгъуэм ифI зыхэлъ илэжьын хуейуэ арати, и къалэн игъэзащIэ къудейуэт къызэрыщыхъур. Абы игу къэкIыжащ зэгуэрым Алдыщ удрэ езымрэ мэзым зыхаудыгъуауэ дыгъужьхэм здеплъакIуэм ялъагъугъар: зи гъуэхэр зэпэмыжыжьэ дыгъужьыбзитI лъхуэри, зым шыриплI, адрейм ширитI къалъхуати, ширитI фIэкIа зимыIэр, нэхъ быныбэ дыгъужь анэр щакIуэ IукIауэ зыхуигъазэри, и гъунэгъум и гъуэм ихьэри шыриплIри иришхыхьат. Ар и гъэсэным щигъэщIагъуэм, Алдыщ уд жиIат: «Псори тэмэмщ, а дыгъужь анэр и бынхэм я къэкIуэнум егупсысауэ аркъудейщ. Абы и ширитIыр тыншу ягъэпсэунутэкъым, я гъунэгъуу дыгъужьиплI къыщызэдэхъумэ. Ар къэхъугъэм и хабзэщ – уэ укъелын щхьэкIэ нэгъуэщIхэр букIын хуейщ!»

А гупсысэхэм здыхэтым, Алътуд, гу лъимытэжурэ, жейм хилъэфащ. Нэхущым ар къызэщыуащ, псы IуфэмкIэ зэрыгъэкIиишхуэ къиIукIыу зэхихри. Кхъухь тедзапIэм деж щызэхэт кхъухьхэм укъиплъыкIмэ фIыуэ плъагъурт абдеж щекIуэкIыр. Язынықъуэ амазонкэхэм, башхэмрэ сэшхуэхэмрэ ягъэдалъэу, псы Iуфэм къыщажыхь, щIылъэм щызепщыпщэ гуэрхэм езауэ щIыкIэу. Адрейхэр, я Iэщи, я афи ныджэм традзэри хым хэлъэдауэ, кхъухьхэмкIэ къеIэу йос. Дзэпщ гуащэм и кхъухьри, хасащхьэм хэт удхэм я кхъухьри зэбгъурыту псы Iуфэм псынщIэу хуокIуэ, хым есу хэлъхэр кIуэрыкIуэм тету къащыпурэ. ЗэрекIуэлIэфкIэ нэхъ гъунэгъуу кхъухьхэр нэпкъым щыIухьэм, абы исхэм къалъагъу: амазонкэхэр, ялъэкI къамыгъанэу, йозауэ псынщIэ дыдэу зэхэзепщэ, лъэбакъуитI хуэдиз зи кIыхьагъ блэ фIыцIэхэм. Блэхэр куэдыкIейт, кIуэ пэтми нэхъыбэж зэрыгъэхъуу, дэнэкIи къыкъуэпщхэу.

Кхъухьым къелъэу, Хурсанэ пщыIэхэм щабгъэдэлъадэм, апхуэдиз зи нэгу щIэкIа гуащэм и гур къэскIащ: хьэдэхэр, бэгри уфIыцIыжауэ, Iуплъэгъуэджэт. ДэнэкIи щыплъагъур блапцIэщ. Хьэлэмэтыр ахэр кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъурт икIи сабийхэр щагъэпщкIуауэ щыта пщыIитIымкIэ зэрыпщхэрт.

А зэрызехьэшхуэм къыхэIукIыу, IэфIауэ уд и макъ гурымыхьыр къокIыргъ:

– ФемыIусэ абыхэм! Ахэр букIкIэ мыхьэнэ иIэнукъым, нэхъыбэж хъуну фIэкIа. Дунейм ехыжа ди шыпхъухэм я псэр яIутщ а блэ фIыцIэхэм. Дэ ди гугъу абыхэм къащIынукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ди къэралыгъуэм и хабзэр хэутэн зыщIхэм я псэхэр яхьыну къэкIуауэ араще! Ар ди анэжьхэм я нэлатщ! Блэхэм зыри иращIэнукъым хабзэм емыбэкъуахэм, ди япэ итахэм я гуэныхь къэзымыхьахэм. Абыхэм ящышынэн хуейр гуэныхь зи куэдхэращ! ФыкъыщIэпхъуи хым зыкъыхэвдзэ, ди къэралыгъуэм папщIэ зи псэ зытахэм фелъэIу фи гуэныхьхэр къыфхуагъэгъуну, псы шыугъэм фIыуэ зыхэвгъэпскIэжи зыкIэрывгъэкIыж фи гуэныхьхэр, арыншауэ факъелынукъым!

А къыхуеджэныгъэр зэрызэхахыу, удхэр, блэхэм езэуэн щагъэтри, хым холъадэ. Пщэдджыжь дыгъэ бзийхэр я тажхэм телыдыкIыу, псым зыщIагъэмбрыуэурэ, егугъуу загъэпскIыж. Макъ

кIэзызкIэ я анэжьхэм йолъэIу, я щыуагъэхэр къыхуагъэгъуну, гуэныхьу ятелъри япшыныжыну къагъэгугъэ.

Блэхэм къелахэр кхъухьхэм къыдэкIуеижа нэужь, IэфIауэ уд и унафэм къыпещэ:

– Иджы пэгунхэр къафщти пщыIэхэм деж вгъэзэж, вгъэзэжи абы щIэлъ хьэдэхэм хыпс шыугъэ тефкIэ. Я псэхэм тхьэ фахуелъэIуурэ, вгъэпскIыжмэ, я гуэныхьхэм хэщIынщ.

Зигухэр иудыпа амазонкэхэм псыр къапыжу ягъэзащIэ IэфIауэ уд и унафэр, кIэзызхэрэ я жьэр мыувыIэу тхьэхэм елъэIу зэпыту. Хыпс шыугъэ пэгунищэ текIуадэу пщыIэхэр къатхьэщIа нэужь гу лъатащ блэхэр хуэмурэ зэрызэбгырыпщыжым. Амазонкэхэр я пIэм ижыхьауэ хы Iуфэм къыIунащ, я нэгу щIэкIыр зэрагъэщIэгъуэныр къахуэмыщIэу. Зы зэман зэ тIэкIу зыкъащIэжу пщыIэхэм щабгъэдыхьэм, уеблэмэ куэд зи нэгу щIэкIа амазонкэхэри къэщтащ. УеплъынкIэ Iэмал зимыIэт блэхэм зэхашхыхьарэ бэгыжауэ щылъ хьэдэхэм, псом хуэмыдэу сабий лажьэншэхэм ейхэм.

– Пхъэ гъуркIэ мафIэшхуэ фщIыи, абы хьэдэхэр хэвдзэ! – жеIэ IэфIауэ уд. – БашкIэ фIэкIа, IэкIэ феIусэ хъунукъым абыхэм. Тажхэмрэ Iэщэхэмрэ, фысакъыурэ, псы шыугъэкIэ фтхьэщIыж.

Амазонкэхэм ягъэзэщIащ уд фызыжьым и унафэр.

ЗэныбжьэгъуищIыр, Iэнкун къэхъуауэ, щыму кIэлъоплъ апхуэдизу зыщыгугъа, зыхуэпэбгъа Iуэхур Iугъуэ фIыцIэм уэгум зэрырихьэжым.

– Пэжыр жысIэнщи, – ерагъыу къопсалъэ Адисэ, – удыжьхэм я Iэзагъэмрэ бзаджагъэмрэ хуэфащэ гулъытэ хуэтщIакъым.

Ар жиIэри, Адисэ иунэтIащ и пэшымкIэ. Уд хасащхьэм хэтхэм я нэгур гухэхъуэм зэрызэщIигъэнэхуам зэуэ гу лъызыта Хурсанэ къэтэджри абы и ужь иуващ.

– Сыт хуэдэ щхъухьпсыхьу пIэрэ абыхэм къагъэсэбэпар? – щIоупщIэ Дахэзилэ, кхъухьхэм, епIэщIэкIыу, псы Iуфэ шынагъуэр ябгынэу хы хуитым техьэжа нэужь.

– Сэ сызэреплъымкIэ, ар зы гын лIэужьыгъуэ гуэрщ, блэхэр жыжьэ щыIэми, абы и мэр зыхащIэрэ къигъэгубжьу икIи гъунэгъуу кърищалIэу. А гыныр тыншу псым хоткIухь, шыгъуми игъэкIуэдыфу къыщIэкIынщ абы хэлъ щхъухьыр, – жеIэ Адисэ.

– А уэ жыпIэхэр пэжу къыщIэкIынщ, – къыпещэ Хурсанэ. – НетIэ блэхэм саблэкIыу сабийхэр щаIыгъа пщыIитIыр къыщысплъыхьым, гу лъыстащ абыхэм я унащхьэхэм Iэр ихуэну гъуанэ зырыз зэраIэм. А гъуанэхэмкIэ жэщым зыгуэрым щхъухь щIиудауэ аращ. Ауэ хэт хъуну ар?

– Мис иджы сэ псори къызгурыIуащ! – къыхокIиикI Адисэ. – Абыхэм щIаудар блэ джэдыкIэ гъэгъуам къыхэщIыкIа хьэжыгъэщ! Аращ апхуэдиз блэр зэхуэзышэсар! Сыт-тIэ дэ къыщIытфIэмыIуэхуар ди уд нэхъыжьхэр IэмалкIэ зэрыIэзэри абыхэм я хьилагъэр здынэсри?!

– КъызэрыщIэкIымкIэ, абыхэм псори ящIэрт икIи я нэIэ къыттрамыгъэкIыу къыткIэлъыплъырт, – егъэщIагъуэ Дахэзилэ. – МыгурыIуэгъуэр зыщ: сыт иджыри къэс ахэр дэ къыщIыдэмыIусар?

– Ар къызыхэкIар дыкъыщежьэм щыгъуэ ди пщэ кърalъхьа къалэнхэм мызэкIэ дазэрыпэлъэщырщ, – фIэщхъуныгъэ хэлъу жеIэ Хурсанэ. – Ди быдапIэхэм дынэсыжыхукIэ ахэр къытхуэныкъуэ-

нущ. Абы нэмыщІкІэ, удхэм я гугъэщ къыдадза удыным и ужькІэ ди щхьэр зымащІэкІи къытхуэмыІэтыжыну, я гугъэщ щыми ди гур ираудауэ.

– Ауэ щыхъукІэ, дэ ди закъуэ дыдэу дыкъэнащ, дыхуей хъумэ, Іэщэ къыддищтэну, къыткъуэтыну зыри димыІэжу, – жеІэ Дахэзилэ. – Къыткъуэту, дыкъэзыгъэпэжу щыта амазонкэхэм я гур ираудри, япэм зэрыщыта дыдэм хуэдэу хъужахэщ.

– Хьэуэ, си ныбжьэгъуфІхэ! – жеІэ Хурсанэ. – Сэ си фІэщ мэхъу мы зекІуэм къыщыхъуахэр удхэм ягу зэи зэримыхужынур. Абыхэм мызэ-мытІэу ди шыпхъухэм жраІэжынущ амазонкэ тфІэкІуэдахэм я псэхэр а блэ фІыцІэжьхэм къазэрыІукІэжар. Ди къэралыгъуэм и хабзэм ебэкъуахэмрэ дунейм сабий къытрагъэхьэу «щІэпхъаджагъэ шынагъуэ» зылэжьахэмрэ а ящІар ди удыжьхэм къызэрыхуамыгъэгъуари жраІэжынущ. Апхуэдэу щыт пэтми, сэ си фІэщ мэхъу нэгъуэщІ гъащІэ зэгуэр къызэрыунэхунур. Амазонкэхэм къагуры-Іуэнщ удхэм сыт хуэдэ бзаджагъэ ялэжьами. Ди ужь къиувэни къалъхунщ. Дауэ мыхъуми, дэ ди напэр къабзэщ, дыщІэукІытэжыни ткІэрылъкъым. ТхузэфІэкІыр тщІащ, дышынэу дыкъимыкІуэтыжу. Амазонкэхэр мыпхуэдэу зэхэщІыкІыншэу, щІэныгъэншэу игъащІэкІэ щытынукъым. Удхэри ешынщи щІэпхъаджагъэ ямылэжьыж хъунщ.

– Пэжщ, Хурсанэ, жыпІэхэр! Ауэ абы щхьэкІэ ухуейщ нэгъуэщІ дин, нэгъуэщІ тхьэхэм, – жеІэ Дахэзилэ Іэдэбу.



– НэгъуэщІ цІыхухэми уахуейщ! – ядеІыгъ абыхэм жаІар Адиси.

КхъухьыбэрщІэсыкІыу хуоІэ амазонкэхэм я хы Іуфэм. Ауэ кхъухьхэм, япэхэм хуэдэу, къиІукІыжыркъым гуфІэгъуэ макъхэр, гушыІэхэр, уэрэдхэр. Удхэм я хабзэхэр тхьэхэм ткІийуэ зэрахъумэм, абы ебакъуэхэм тезыр хьэлъэ къазэрыпэплъэм, анэжьхэм я псэхэм теплъэ зэхуэмыдэхэр къащтэфынкІэ зэрыхъунум теухуа хъыбархэмкІэ амазонкэхэр нэхъри ягъэшынэрт. ИкІи а ягъэшына цІыхубзхэр, ІэщэкІэ сыт хуэдиз ямыгъэхъами, къызэрыгуэкІ бзылъхугъэхэти, къыхуаІуатэ хъыбархэм адэкІи щІэдэІухэрт, я нэгу щІэкІа гузэвэгъуэшхуэм иджыри зэщІиІыгъэу.



*УсакIуэ Къуныжь ХьэIишэт Шэджэм районым хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм 1948 гъэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэм и ужькIэ ар щеджащ Горький Максим и цIэр зэрихьэу Москва дэт литературэ институтым. А еджапIэр къиуха нэужь ХьэIишэт щылэжьащ ди къэралым и къалащхьэм дэт институтхэм ящыщ зым, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом, щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым.*

*70 гъэхэм ди литературэм къыхыхьащ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ усакIуэ гупышхуэ. Абыхэм яхэтащ ХьэIишэт. А зэманым къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым Къуныжьыр гуащIафIэу холэжьыхь литературэм. Ар хъуащ ди усакIуэ нэхъыфIхэм, пажэхэм ящыщ зы. Абы щыхьэт тохъуэ тхылъеджэхэри критиккхэри гуапэу зыIущIа и тхылъхэр. Нэгъабэ къыдэкIащ ХьэIишэт и тхыгъэ нэхъыфIхэр щызэхуэхьэса «Удзыпэ тхъэлъэIу» зыфIища еянэ тхылъыр. Ди гуапэу тыдодзэ абы иужьрей илъэсхэм и Iэдакъэ къыщIэкIахэм щыщ усэ гуп.*

*Усэхэр* КЪУНЫЖЬ ХьэIишэт



* * *

Зэ хъуамэ псыIэ пэшхьэку яжьэр,
Ущымылъыхъуэ абы дэп.
Ауэ а псыIэр жыгей лъабжьэм
ЗыщIифмэ, икъукIэ хуохъу сэбэп.

Мырауэ сфIощI и лъабжьэр гъащIэм:
Зым хуэхъур хущхъуэ зым и щхъухьщ.
ТIум яз хэмытмэ – гуапэр мащIэщ.
ТIум яз хэмытмэ – гуауэр кIыхьщ.

* * *

Сэ жьэгум сыдоплъэ,
Илъэсхэр си гъусэщ.
Пхъэ мафIэм пэрыздзэр
Дэп-яжьэ мэхъуж...
Аргуэру си деж
Къегъэзэжыр си усэм,
Мыл гъуджэ-гъурыджэ
ЗыIыгъыр мэткIуж.
Жьэгужьым сыдоплъэри
Си нэхэр плъызу,
Дэп мыблэм и бзийуэ
Сэ си псэр мэсыс.

УсэщIэр къолъэтри
Псалъэ зырызу,
Бзу кIапсэм епщIауэ,
Сатыру мэтIыс.
Хэт МузэкIэ йоджэр,
Хэт жеIэр Поэзие,
Езым сэ и макъ зэхызохыр:
– Си шыпхъу,
ГуфIэгъуэми гуауэми
ЩыIэкъым есэ,
Жьэгу хуабэм къыдэкIи,
Уи жыг щIым щыхэсэ.

СЫЩАЛЪХУА ЛЪАХЭ

ШыщIэм пщIэхэлъ дыжьын уэзджынэу,
Уи фIыщIэ жыгым мазэр фIэлъщ,
Уи тхыдэ гугъур сигъэджыну
КъызэIущащэу зэролъэлъ.

ЩIыналъэ дахэу Къэбэрдейми
Сэ япэ дыдэу сыщикIам,
Слъэгъуат мы щIышхуэм и пщэдейри,
Сигу фIыгъуэ защIэщ къыхуэкIар.

Уи акъужь къабзэм, схуэгуэпэну,
Губгъуэ джэдгыным и мэр хэтщ.
Мы щIы хъурейм уэ пхуэзгъэдэну
НэгъуэщI зы лъахи щызмыгъуэт.

УСАКIУЭ ГЪАЩIЭ

*Уэрэдусыр тIэу малIэ: езыр*
*щылIэмрэ и уэрэдыр щащыгъупщэжымрэ*

Си нэбгъузым щоджэгу уафэ нэзыр,
Уафэ щIэншэр нэ кугъуэм щоджэгу.
ЗэздзэкIа гукъэкIыжхэри мэзщи,
Сыхыхьэн сошынэжыр – мэз дэгущ.

Зы пшэ закъуи си нитIыр фIэмынэ,
Зы бзу закъуи а уэгум имыт.
Зы сурэти щищIыну гукъинэу
Сэ си гъащIэм абы зрепщыт.

Жыг сыхъуатэм е губгъуэ удзыпцIэ,
Уэшхым IэпэкIэ Iэ къыздилъэнт,
Си сурэтри схуэщIам сыкъэмыпцIэу,
Зэ фIэкIа, Къэбэрдей, сымылIэнт.

Сыхыхьащи мы гъащIэм – мы мэзым,
Жыжьэр къоджэ, гъунэгъур схуэдэгущ.

Си нэбгъузым щоджэгу уафэ нэзыр,
Уафэ щIэншэр нэ кугъуэм щоджэгу.

* * *

Гъатхэ ныбжьым сикIащ,
Бжьыхьэ ныбжьым сихьакъым.
ГъэмахуэкIэу мэлыд мы дунейр.
Си Iэжьэкъури ичащ.
Спшыныжа стелъа хьэкъыр?
СызэупщIыр уэ зырщ, Къэбэрдей.
УхъуэнщIауэ си лъэпкъ,
Хэт и деж ущыгъуащэр?
УпщIэ Iэджэ гурыщIэм къыпокIэ,
Iэджи икIыу уи бжэпкъ
Дзэл къудамэу хамэщIым
щыхокIэ...
ГукъэкIыжкIэ гулэз
Уэ зэгуэр къыплъысамэ,
Уохъу гу пцIанэ, пфIокIуэдыр уи жейр.
Сэри усэу согъэпс
Си гупсысэ Iэрамэ,
ЗыхуэкIуэнур сымыщIэу дунейр.



КЪЭБЭРДЕЙ

Си бзэ, си псэ, си щIыналъэ,
Си Къэбэрдей IэфI,
Пхуэгъэзамэ уэ си псалъэр,
Тыншу жызоIэф.
Уи уэрэдым и макъамэм
Си псэр сфIыдехьэх,
ФIыщIэ жыгым и къудамэм
СимыгъащIэ щхьэх.
Къуаргъ фIыцIэжьхэм уафэ нэзыр
Къауфэрэзыхь.
Уи дурэш пхуэдалъэу дэсым
Иумыгъэз уи дзыхь.

ЩХЬЭЛЫКЪУЭПС

Си нэкум и напIэу,
Си напIэм и нэку,
Си къежьапIэ, си къуэпс,
Си Щхьэлыкъуэпс.
Ухуэдэщ си гъащIэм –
УопIащIэ
Урожэ,
Урожэ си Хэку,
Щхьэлыкъуэпс.
ХамэщIым сыщыIэу
Сэ сигу щIэмыщтар

Нэхущым зэгуэр сыкъыщыкIуэу
Уи деж щыщытар
Гум илъти аращ,
Щхьэлыкъуэпс.

ТАУРЫХЪ

Пщыхьэщхьэ хъуам,
Таурыхъ къызжиIэу анэм,
Iейр, фIыр
ЗэхэсщIыкIыну къысщыгугът.
Iейм фIыр иукIрэ
ЗэрыIейуэ къанэм,
Сабий нэпс пIащэр згъэпщкIуу
Хуэму сыгът.
Анэ куэщI хуабэм
Илъу си щхьэ бацэр,
Хъууэ си фIэщ
Таурыхъхэм сыщIэдэIут...
Бажэм адакъэр
Iейуэ къигъэпцIати,
Си сабиигур
КъиузыкIыу щэIут.



Сысабиижкъым,
Iейри фIыри сощIэ,
ИтIани къохъу
ФIы зыщIэр щысщI Iэпэгъу.
Ауэ иджыри икъукIэ
Си гур хощIыр
Слъагъум нэгъуэщIым
И насып щадыгъу.

МАМЭ

ЩыIэбжыркъым пщIантIэм,
Хьэлъэм гур пэмылъэщ.
И щIалэгъуэм и натIэм
КъыфIилъхьами Iэлъэщ I,
Ар хунэст Iуэхуу щыIэм,
Иджы хъуащ пэщэщэх.
Щыгъэмахуэми щIыIэм
Гум щыхешыр лэдэх.
Iурихауэ щыжейкIи
ИмыщIэжу мэщэIу.
Си псэр дзапэкIэ сIыгъыу
Сэ абы сыщIодэIу.

* * *

ПщэфIапIэм сыщIыхьэм,
ЩIакхъуэмэ къыщIех.

Си анэм и макъыр
Мы си гум зэхех.
И макъ зэхызохыр –
Езыр симыIэж...
ЩIакхъуэмэ къысщIехьэ –
КъысфIощIыр къэкIуэж.

* * *

*Си шыпхъу ШэIимэт хузотх*

ГуфIэгъуэ махуэр сыту кIэщI,
Гукъеуэ махуэр сыту щIыIэ...
МэкIуэж ныбжьэгъухэр. Хъуакъэ нэщI
Си унэр,
Хуэдэу губгъуэ пщыIэм?

Сэ закъуэныгъэр хъунт си фIэщ,
Зэ зэхэсхам жызыIэ щыIэу:
«Гукъеуэ махуэр сыту кIэщI,
ГуфIэгъуэ махуэр
Сыту щIыIэ».

ДИ ГЪАЩIЭР

Ди гъащIэр хыщ, – жиIащ зыгуэрым, –
Къыхэшхэу уэшх, къыхэпсэу дыгъэ,
Хуахь нэхъ псы цIыкIухэм я зэгуэпыр,
Хуахь нэхъ псы инхэм лъагъуныгъэр.

Ди гъащIэр щIыщ, - жиIащ нэгъуэщIым –
Тшхы ерыскъыр абы къытокIыр,
ДыщэпсэхужрИ щIым и куэщIырщ,
ЩIым дрибынуи дыкъыщIокIыр.

Ди гъащIэр хыми щIыми сщIэркъым,
Хэт къиухута абы и лъащIэр?
Псом ищхьэр цIыхум дежкIэ аркъэ –
КъэбгъащIэр кIуэмэ, хуэдэу ГъащIэм!

* * *

Къыслъысар, къыслъысыр,
Къыслъымысу къэнар
Сэ сымыщIэу хъымпIар
Спэщылъ гъуэгум срокIуэ,
Си Iэмыр, си псэ тIэкIу
Бжэ зэхуаку къыдэнар
Къыдэсхыжу сшыхьыну изокур.

НэфIэщI гъащIэм сыхокI,
НаIуэ гъащIэм езмыку

ХуэсIуэтэну гурыщIэ гурыгъухэр.
Си нэм хуэсхьу си IэфIщ,
Си псэм хуэсхьу си цIыхущ
СызэлIалIэхэр сэ, сызэгугъухэр.

ФIыри Iейри зэхокI, ауэ тIури къыслъос,
КъыслъоIэс щIэбэмпIыхьу гурыщIэм,
ТIури, хъуми бэмпIэгъуэ, гъащIэщIэм сфIынос,
Къыслъымыстэм, зей хъунур сымыщIэт.

БЖЬЫХЬЭ

Къудамэр жьым хъыринэ ирегъащIэ,
КIэзызу тхьэмпэ псори ныпеуд,
Щытами гъатхэм ар игъэщIэращIэу,
Иджы жьы щIыIэм зэуэ егъэпуд.

КъыщIэпхьыр сыт уэ, гъащIэ, бжьыхьэу жьыгъэр,
Жьыгъейуэ щIэбгъэщащэр гъэхэр сыт?
СыхуэIэижьу щыщытам лэжьыгъэм,
Сигу пыкIыу, сэ зы махуи уэзмытынт.

Иджы уэ Iэджэ хъуащ къытхуэбгъэфащэ,
Ди гъащIэр зэм сэмэгуу зэм Iэ ижьщ,
ФэрыщIагъ псоми зыщахащ я фащэр,
Псэр къэзгъэпцIэнуи афIэкI хуэмеиж.

ПщIэ лъэпкъ щIэдмыту ди псэр уощI Iэдэби,
ПсыIуфэ задэ гъащIэр къытщыбощI,
Ди псэ жьэражьэр уогъэункIыфIри дэпу,
Ди гъащIэм пыпщэ тфIэщIурэ хогъэщI.

* * *

Мазэр пшэм щIимыгъанэу
Вагъуэр пшэм хэкIуэдащ.
Гъатхэ жэщхэр си къану
Сэ си ныбжь хэкIуэтащ.

Сэ си нитIыр хьэцыбанэм
Нэхущ пшэплъу доджэгу.
Си Iэблэхухэри банэм
Къритхъащ – сымыщэIу.

ЗэIузодзри щхьэгъубжэр,
ГъащIэм жэщу сыпхоплъ.
Си жагъуэгъухэм я губжьыр
Бжыхь зэхуакухэм къыдоплъ.

*   *   *

Зэша си нитIыр ягъэджылу
Еша уи нитIыр къызэплъынщ,
Адыгэ пшынэр уи уэчылу
Нэху щыху гухэлъыр къыупсэлъынщ.

Зэгуэр, укъысхуэгуфIэу мащIэу,
СыпфIэмыIуэхуу уежьэжынщ.
Гурылъ мыблэжри, хуэдэу яжьэм,
Зытепхъа щхьэцыр гуауэу зжьынщ.

*   *   *

Си гуауэр, си гуапэр – си тхыгъэр
Хуэмурэ зы тхылъ ирокъу.
Закъуэныгъэр гъащIэм и тыгъэ?
Сэ акъылкIэ абы соныкъуэкъу.

Бжьыхьэ жэпщ си щхьэцыр, Iэр теслъхьэмэ,
ГумкIэ ткIыбжьщи – къытызохыж.
Си ныбжьэгъухэр жагъуэгъу хъуа, хьэмэрэ
Хъуа я IэфIыр зэхэзмыхыж?

Iэ дызолъэ уэс щIыIэ гукъинэм,
Гугъэу сиIэр сыту пщтыра...
Губгъуэ щIыIэм сэри сыкъинэм,
Ар зи ягъэр уэ зыр ара?

*   *   *

Гупсысэ кIапэхэр соутхыпщI,
А сыутхыпщIар тхылъымпIэм тохуэ.
Зигу укъэмыкIхэм сащымыщ –
УэркIэ гупсысэхэр къыстокIуэ.

Къудамэ лантIэхэр мэщхъыщхъ,
ТкIуэпсхэр, щыгъэхуу, щIым къытоткIуэ.
Зигу укъэмыкIхэм сащымыщ –
УэркIэ гупсысэхэр къыстокIуэ.

Гуауэ къысхуэкIуэми сыщымщ,
Зеслъафэу си псэр жыжьэ сокIуэ.
Зигу укъэмыкIхэм сащымыщ –
УэркIэ гупсысэхэр къыстокIуэ.

*   *   *

Хышхуэ Iуфэм пшахъуэ унэр
Уэ уелIалIэурэ щыпщIащ,

Хышхуэр къиури, гущIэгъуншэу
Пшахъуэ унэр илъэщIащ.

* * *

ЩIымахуэ щIыIэ, умыдалъэ,
ТIэкIу зыщI нэхъ кIащхъэ, сынолъэIу,
Гъатхэ къыихьэнум и пшыналъэм
Зиущэхуауэ щIыр щIодэIу.

* * *

Еуфэбгъур губгъуэ нэщIыр бжьыхьэм,
Гуэншэрыкъыпхъэу егъэщIытэ,
Жьыр гъусэ ищIрэ мэзым хыхьэм,
Жыг лантIэ цIыкIухэр егъэукIытэ.

* * *

Тхьэмпэ цIыкIу Iущащэу тщхьэщытахэр
Иджы, еплъ, жыгышхуэм къыполъэлъ...
ДымыщIэж яфIощI зэрыщытахэр,
Зыгуэр тхуаIуэтэну зэролъэлъ.

* * *

Уэшх къешхауэ аращ.
Сэ си нэпсыр уэшхыпсым хоткIухь.
Уэ къызжеIэт, ар сытми бэлыхь –
Лъагъуныгъэ уиIар щебгъэжьэжкIэ.

Кхъуэlуфэ Хьэчим

# УСАКIУЭМ И ПЭЖ ПШЫНЭР

*(Эссе пэлъытэ)*

Къэбэрдей усэхэм ритмэр къызэрыщыкlуэр псом япэу зыгъэбелджылахэм ящыщщ Теунэ Хьэчим. Тэмэм дыдэу абы къыхигъэщат: «Къэбэрдей уэрэдыжьхэм пкъыуэ ящlэтыр, абыхэм къару езытыр уэрэд макъамэм хэлъ ритмэрщ». Дэ ди уэрэдхэр псынщlэ, жыlэгъуафlэ, шэщlыгъуафlэ зыщlыр ритмэ хьэлъэ, зэпылъэфа зэрахэмылъырщ, уэрэдыжьхэр узыхуей ритмэм (lэнэм пэрысу, гъуэгу тету, лlыбэ уэрэду щагъэзащlэм елъытауэ) ибгъэувэ зэрыхъурщ, абы щхьэкlэ адыгэбзэм къегъэсэбэп сюжетым щымыщ псалъэхэр — уаредэ, уей, сэрмахуэ, мыгъуэ, н., абыкlэ диlыгъщ ритмэм и псынщlагъыр — и темпыр, модусыр. «Уэрэдым и щlопщыр ежьущ» — щlыжаlари апхуэдэ зыгуэрщ. Теунэм зэритхамкlэ, адыгэ ритмэхэм жьажьэ яхэткъым, ар къызыхэкlыу къилъытэри адыгэм я дуней тетыкlэрщ. Абы и щыхьэт папщlэу къихьырт 1941 гъэм Москва къыщыдэкlа адыгей лъэпкъ уэрэдхэмрэ пшыналъэхэмрэ ятеухуа тхылъым хуащlауэ щыта пэхутэ псалъэм щыщхэр: «Зауэ-банэм къыхэкlауэ адыгэм зыщигъэпсэхум е и нэгу зыщригъэужьым, уэрэд жиlэм е къызэрыфэ пшыналъэ макъым ритмэу иритыр и гъащlэр зыпыщlа шы ущым ритмэ иlэрщ. Адыгэ уэрэд псоми а ритмэр яхэлъщ, аращ адыгэ уэрэд макъамэхэр щlэпсынщlэр: шы лъэхъум е шы ущым теухуащ абы и мелодиер. Цlыху лъэбакъуэм декlуу зэхэлъхьа хъуа уэрэду адыгэм яlэр мащlэщ...» (Еплъ.: Теунэ Хьэчим. Къэбэрдейм и литературэмрэ и тхакlуэхэмрэ. Н. 1959. н. 42). Дэ шы кlуэрым едгъэпщати Кlуащым и усэ нэхъыфlхэм я ритмэр. Дыхущlегъуэжыркъым. Шым и образыр хэмытмэ-тlэ, адыгэ гъащlэр щызу къэгъэлъэгъуа хъуркъым, макъамэращи — аргуэрыжщ: шы лъэ макъым хуэдэу адыгэм и гур къизыгъэлъэт сыт щыlэн? Абы тещlыхьауэ иусырт адыгэм и уэрэдхэри.

«Цlыху лъэбакъуэм декlуу зэхалъхьа уэрэдхэр» зэ узыхуеплъэкlыжыну игъуэ зыгуэрхэщ, темэм езым хуэфэщэж ритмэ къыхехыж, зэманым и бэкъуэкlэм тещlыхьауэ — щlыжытlар хэтыжу. Апхуэдэ уэрэдхэр нэхъ къыщежьар революцэмрэ граждан зауэмрэ я зэманырщ, цlыхухэр марш ритмикэм изагъэ уэрэд хуэныкъуэ щыхъуам щыгъуэщ. А ритмикэм итщ текlуахэм нэхъ иужькlэ ятхыжа уэрэдхэри, псалъэм папщlэ, Къэжэр Индрис иусахэр, цlэрыlуэ дыдэ хъуауэ щыта «Къэрэхьэлъкъри» хэту («Маржэ, маржэ, къэрэхьэлъкъ!»), нэгъуэщlыбзэм къыхахахэри езым я уэрэд мардэм ирагъэтlысхьэрт. Адыгэбзэкlэ зэрадзэкlауэ апхуэдэу жаlэрт «Интернационалыр», «Буденнэм и уэрэдыр», нэгъуэщlхэри.

Псоми зэращlэщи, Къурlэныр поэзие тхылъщ, сурэхэр ритмическэ прозэу зэхэлъщ, абыхэм шэщlауэ, зэпышу, речитатив щlыкlэу укъеджэн хуейщ, псоми зэхахыу укъеджэми, уи щхьэ укъыхуеджэжми. Адыгэм «макъкlэ къоджэ» жаlэ — ину, макъамэ щlэту укъеджэн зэрыхуейр кърагъэкlыу. Зэчырхэр, диным епха уэрэдхэр

* *Кlэухыр. Пэщlэдзэр 3-нэ номерым итщ.*

гъэзэщIэн зэрыхуейри апхуэдэут. Ауэ ари езым я уэрэд жыIэкIэм трашэрт адыгэхэм, нэхъ лъапIэ дыдэ зэчырыр — «Лаиллахьу иллалахь, Мухьэмэд расул аллахь» (къызэрапсэлъ дыдэм хуэдэу дотх) жыхуиIэри хэту. Ритмэ псынщIэм занщIэу ирагъэуващ адыгэбзэкIэ зэхалъхьэу (зэрадзэкIыу) щIадза зэчырхэр. ФыщIэдэIут: «Мухьэмэду бегъымбарыр дыгъэ-мазэу къыщIэкIат, ар дунейми щехыжари жэщ мазэхэу къытщыхъуат...»

«ИгъащIэкIэ гъэрибхэр» («Вечные странники») ди тхылъым къеджам ищIэжынкIэ хъунщ 1968 гъэм япэ дыдэу Сирием сыщыкIуам «Лаиллахьэ» зэчырыр абы зэрыщызэхэсхам теухуауэ стхыжахэр. Мы макъамэр муслъымэн лъэпкъ псоми я музыкэ фольклорым хыхьащ. Урыс, европэ композиторхэм езыхэм я лэжьыгъэхэм къыщагъэсэбэпащ. Дэ (музыкэм пыщIа щIэныгъи зимыIэм, «музыкальный слух» жыхуаIэми хуэхейм) къызэрытщыхъумкIэ, зэчырыр адыгэм зэрыжаIэ псынщIагъым нэхъ тохьэ Штраус и «Перс маршыр». Макъамэр къыщоIу Бородин и «Князь Игорь» оперэм, Аренскэм и пьесэхэм, абыхэм «Шэрджэс марш» зыфIищаи яхэтщ, Глинкэ и «Русланрэ Людмилэрэ» оперэм. Куэд щыгъуазэщ Глинкэ Михаил 1823 гъэм Псыхуабэ щыIэу адыгэхэм я уэрэдхэм, къафэхэм дахьэхауэ зэрыщытам, гъунэгъу адыгэ къуажэм хьэщIапIэ щыIэу абы щызэхиха уэрэд зэритхыжам. Уи фIэщу жыпIэ хъунущ: композиторым а къуажэм щызэхихар, итхыжар адыгэ уэрэдтэкъым, атIэ «Лаиллахьэ» зэчырырт, дихьэха хъунт ар зэдежьууэ зэрыжаIэм. Глинкэрэ и гъусэхэмрэ здрагъэблэгъар фызышэ хьэгъуэлIыгъуэтэкъым е нэгъуэщI дауэдапщэтэкъым, атIэ къурмэн хьидт, гурыIуэгъуэщ абы тхьэлъэIуу щаIэтамрэ «уэрэду» щыжаIамрэ зыхуэдэнур.



Зи гугъу тщIа псоми щIагъэхуэбжьэфынут КIуащым и ритмэхэр. Шэч дощI абы занщIэу уигу зыхуэмыжэ нэгъуэщI къарухэри «къецырхъауэ».

Поэзиер акъыл гъущэкIэ, «рациональнэ» гупсысэкIэкIэ зэрагъэзахуэр, зэхалъхьэ-зэхахыр аракъым, атIэ гурыгъуазэкIэ, «эмоциональнэ» щIыкIэкIэ цIыхум къыпкърыхьэрщ, «интуицие» жыхуаIэжымкIэ и гум къридзэрщ. «Еплъыт абы жиIэм!», — IупщIэ зыщIын зэрыщыIэнури дощIэ, ауэ куэд щIауэ дызэгупсыс гуэр дымыIуатэу хъунукъым. КIуащым и ритмэхэр генез къуэпс щэху гуэрхэмкIэ пымыщIауэ пIэрэт абы литературэм нэхъ зыщрита зэман дыдэм гъащIэр щIиупскIэу, зэщхьэщихуу къежьа, куэдыщи дэмыкIыу дуней псор зэщIэзыубыда, и пIэм изыхуа **«рок» музыкэ лIэужьыгъуэм,** макъамэр (мелодиер) мыхъуу, ритмэр зи лъабжьэм? Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, усакIуэр абы зыщIыпIэ щыхуэзэри, и гум къинат — щыушэу, щызэщIэжьыуэу, а гурыгъуазэмкIэ (интуициемкIэ), художникым Тхьэм кърит тхьэгурымагъуэ зэфIэкIымкIэ зыхищIат дунейм и кIуэтэкIэри, цIыхум и акъылым и зыужьыкIэри, и псэукIэри псынщIагъ лIэужьыгъуэщIэм зэрыхуэкIуэр, псалъэм и искусствэми абы зыдищIын, нэхъ псэ хэту, нэхъ жьы щIэту, экспрессие нэхъыбэ зыщIишэу щытын зэрыхуейр.

Иджы **«генеративная поэтика»** жаIэри литературэхутэ лIэужьыгъуэщIэ къежьащ. Мыр, къат-къатурэ къызэтекI щIакхъуэзэтеупIэщIыкIым хуэдэу, куэду зэтепщIыкI гуэрщ (структуры), занщIэу къыбгурыIуэнуи щыткъым. Дэтхэнэ къатми езым

и «бзэ» иIэжщ. ЗэрыжаIэмкIэ, зы метрикэ лIэужьыгъуэм, усэ гъэпсыкIэхэм я лъабжьэм и «бзэр», зэхуэдэу къыхэщынкIэ хъунущ усэ тхыгъэм, къафэм, тхыпхъэщIыпхъэм, нэгъуэщIхэми я «бзэхэм».

ТIэкIуи догузавэ: къащымыхъуащэрэт усакIуэр къытелъадэрэ, «рок-н-ролл» къафэу утыкум итауэ жытIэну дыхэт хуэдэу, дэри «рокым» итхьэкъуахэм дащыщу. Дитхьэкъун дэнэ къэна, тхуэшэчу щытакъым, ди щIалэгъуэр мы къэфэкIэр ди деж къыщысам техуа пэтми. «Рок-н-ролл» зыIуантIэ-зышантIэм и гугъу дымыщIыххэми, ди анэдэлъху адыгэ къафэ сыкъытехьэу игъащIэм «зыкъэзгъэзакъым», сыт пщIэн, сесакъым, адыгэм куэдрэ зыщIигъэщIагъуэ а лъэпкъ фащэм сыхуэхейщ. КIуащым и усэ жыгъырухэм ящIэт жыуэр «рокым» зэрыхуэтхьар сэ къэфэн Iуэхум сызэрыхущытым зыкIи тещIыхьакъым. Езы усакIуэр абы зэрыхущытар иджы пхузэхэгъэкIыжынкъым, «рок-н-ролл» къэфэкIэр «модэ» щыхъуари нэхъ иужьыIуэкIэщ, ди къэралым ар «къэрамыгъэхьэхххэу» куэдрэ екIуэкIащ. БетIал нэхъ зыщыгъуазэу щытагъэнур «рок-джаз» лIэужьыгъуэхэрщ. ГъащIэм и зыужьыкIэр, цIыхум и гупсысэкIэр щIэгъэхуэбжьэным музыкэр зэрещIылIэ щIыкIэр нэхъ сэтей къыщыхъуар XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэрщ. АбыкIэ нэхъ лъэщу къыщIэкIа музыкэр къыщежьари США-м щыпсэу афроамерикан лъэпкъхэм я дежщ, я къэфэкIэм, я уэрэд жыIэкIэм (негр «блюзым») къыхэкIат, КIуащым и Джонхэр зэрызэхигъэкIыр къэдгъэсэбэпынщи, «щIыфэ-вындхэм» я музыкэ фольклорымрэ «щIыфэ хужьхэм» я къафэ, уэрэдхэмрэ зэхыхьэжри. Куэд дэмыкIыу дунейм темыхуэж хъуащ «джаз» лIэужьыгъуэ музыкэр. Германием щыщыIам КIуащым ар щызэхих хъунт куэдрэ зылъыгъуазэ союзникхэм я деж. Патефон пластинкэхэм тету къыздэзыши щыIащ. 1920 гъэхэм ди къэралми къыщыунэхуат «авангард» искусствэм къыдалъхуа джаз-оркестрхэр. Апхуэдэт иджыри къэс ямыужэгъу «Весёлые ребята» кинофильмыр (1934 гъ.) макъамэ лIэужьыгъуэщIэмкIэ зыгъэбжьыфIа «Теа-джаз» оркестрыр, Утёсов Леонид зи унафэщIыр. Джазыр зи гупсэ сюитэхэр ятхат композиторхэу Шостакович, Дунаевский, нэгъуэщIхэми. Джаз музыкэр КIуащым и мыхьэрэму щытауэ урегъэгупсыс «ДжонитI» поэмэм а музыкэ теплъэгъуэхэм американхэм я псэукIэм щаIыгъ увыпIэр мызэ-мытIэу къызэрыхэщым — щIэнэкIагъэ хэлъу: а зэманым абы нэгъуэщIу утепсэлъыхьыну гугъут. А зэманым дэнэ къэна, Хрущёв Н. С. и тетыгъуэм и иужьрей илъэсхэм къэсащ апхуэдэ музыкэм нэмыплъ иратыныр. Никитэ Сергеичым хабзэ хуэхъуауэ культурэм и лэжьакIуэхэр пIалъэ-пIалъэкIэ зэхуишэсурэ, я тхьэкIумэр яхуиIуантIэрт, псом хуэмыдэу къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ нэхъ еплъэкIыу фэ зраплъахэм. 1963 гъэм апхуэдэ зэхуэсым къыщыпсалъэу джазым дежи нэсри, хьэл-щэн дахэкIэ цIыхум ягу къимынэжа къэрал тетым кIэщIу пигъэщхъуат: «Уи къэжьын къэзыгъакIуэ музыкэщ».

Хрущёв къухьэпIэр имыгъэкъуэншами хъунут рок-музыкэм щхьэкIэ. Иджы къызэрахутэмкIэ (иджы псори щIэрыщIэу къахутэжыркъэ!), рок-н-роллым и щэхур, и къежьапIэр къыщылъыхъуэн хуейр США-р аракъым — Совет Союзырщ. КъызэрыщIэкIымкIэ, мыбы 1920 гъэхэм щыщIэдзауэ къэхутэныгъэ щэхухэр щекIуэкIащ музыкэ лIэужьыгъуэщIэмкIэ, е шаманхэм я хьэжыгъафэ джэгухэм

хуэдэ гуэрхэмкIэ цIыхубэм я акъылыр зэблэпш, я зэхэщIыкIыр уэ узыхуейм тепшэ зэрыхъунум теухуауэ. Абы елэжьырт дунейпсом къыщацIыху академик Бехтерев Владимир зи директор щхьэкуцIым и институтымрэ, чекист хъыжьэ Бокий Глеб и пашэу НКВД-м щыIэ отдел щхьэхуэмрэ. 1930 гъэхэм я кIэхэм лэжьыгъэхэр зэхуащIыжын хуей хъуащ, ауэ музыкэр къэнащ, псом япэу композитор Дунаевскэм и сэбэпкIэ. 1940 гъэхэм рок-н-роллым и япэ къафэхэр США-м къыщыщIэрэщIэжащ. Американхэрщ япэу «музыкэ мыхъумыщIэм» къигъэхыщIар: ди щIалэгъуалэр егъэкIуэд, делэ ещI, америкэн лъапIэныгъэхэр — ахъшэ зэгъэпэщын, къулей зыгъэхъун, къулыкъушхуэ убыдын, сытхэр къафIэIуэхужыркъым. «Зауэ щIыIэм» и зэманти, псори Москва и хьэгъэщагъэу ягъэIуащ. Конгрессыр мазэ бжыгъэкIэ хэплъащ, ФБР-м программэ щхьэхуэ щызэхалъхьащ «Москва къахиутIыпщхьа вирусым» Америкэр къегъэла зэрыхъуну щIыкIэм теухуауэ. «Вирусым» иращIэфар арати — ди дежкIэ къаутIыпщыжащ.

Зауэм и гурым макъыр, и ритмэ чэтхъар, и музыкэ къуабэбжьабэр, быргу-сыргур «ДжонитIым» «къызэрыщыIур» джаз макъамэ гуэрым къыпыхъуреикIам, «рокым» ижь къыщIихуам хуэдэщ.

*Зэ а тIум я командирым*
*Джон хуищIащ къалэн:*
*— Плъэ ещанэ ориентирым,*
*Пабжьэм танк къуэлэн*
*Хэтым къещI, дыпэмылъэщуэ,*
*Ротэ псор хьэлэч,*
*ПсынщIэу кIуэи уемыпэщэщуэ*
*Уэныр зэпегъэч.*
*Ауэ кIуэ щэху дыдэу, плъэкIмэ,*
*Пщы, зыкъыумыIэт.*
*ЕужьэрэкI, сыхьэт дэдгъэкIмэ,*
*Къелкъым зы сэлэт.*
*ПсынщIэу! Куэду щтэ гранатэ,*
*Къыумыгъанэ плъэкI;*
*ГъунэгъуIуэу бгъэдэкIуатэ;*
*УкъызэмыплъэкI,*
*БгъэзэщIэхукIэ си приказыр! —*
*КъиIуэтэжри лIым*
*Командирым къита «уазыр»,*
*Хэгъуэлъхьащ ар щIым...*

Нобэрей щIалэгъуалэм я лъэ жаным хуэдэ уиIэмэ, я лъы пщтырым хуэдэ уи лъынтхуэхэм къыщыкъуалъэмэ, мы усэхэм я ритмэм укъыдэфэ хъунущ «рок» хабзэхэм утету, хуэфащэ музыкэ щIэплъхьэмэ, нэхъыфIыжщ.

* * *

Библиотекэ «пхыдзахэм» умыщIэххэу ущрихьэлIэ къохъу нэгъуэщIыпIэ щумыгъуэтыжыну тхылъхэм, зэрымыщIэкIэ къыщыхута щIыпIэхэм щIэупщIэ щамыIэу. Тэмэму зыте-

хуэ гъэр къысхуэщIэжыркъым — 1970-хэм я пэщIэдзэрт, тенджыз Iуфэм Iут зыгъэпсэхупIэ унэм сыкIуауэ, библиотекэ яIэу къыщIэкIри, занщIэу абыкIэ сунэтIат. Унэр езыгъэщIар Налшык щыщ IуэхущIапIэти, тхылъхэри мыбыкIэ ирашат. Дапхъэм телъхэр зэпызгъэкIуэтурэ сыздыхэплъэм, томышхуэхэм я зэхуакум дэзэрыхьауэ къысIэщIэлъэгъуащ IэгупIэ нэхърэ куэдкIэ мынэхъ ин тхылъ тыкъыр цIыкIур. Хьэрф тетхэм семыплъми, ар и жинтымкIэ къэсцIыхужынут, дэнэ щыIэми. ТхыпхъэщIыпхъэкIэ къэгъэтIылъыхьа морэ-фIыцIафэ IуплъапIэм хьэрфышхуэкIэ хэщIыхьат: «Си гъащIэм и гуащIэ», тIэкIу нэхъ лъагэу — «КIуащ БетIал». Ауэ сытми фIыуэ сщIэжрэт сэ а жинтым и теплъэр! СыIэбэри къэспхъуэтат. ЗанщIэу сигу къэкIыжат апхуэдэ тхылъ япэ дыдэу щыслъэгъуа ди школ библиотекэр. ЕджакIуэ зыбжанэм яIыгъа хуэдэт, псори зэхатхыхьу еса Iэпашхэ-лъэпашхэхэри яхэту. Зыгуэрми «КIуащ БетIал» жиIэу жинтым зытетым деж питхат: «Дэнэ здэкIуар?» Зэи зэхимыха унэцIэр глаголу къафIигъэщIыну гушыIа хъунт. Тхылъыр къеIысхри, урокым здыщIэсхьат. Абы щыгъуэ нэхъ дызыщыгъуазэр ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим сымэ я усэхэрт. ФIыуэ слъэгъуаи, гукIэ сщIэи яхэтт а усэхэм, иджы, урокым сыт щыжаIэми си тхьэкIумэ къимыхьэу, сыкъызэджэр абыхэм куэдкIэ къащхьэщыкIырт, занщIэу къыбгурымыIуэ псалъэ куэди ухуэзэрт. «ДжонитIым» сыщынэсым, псори сщыгъупщэжат, нэхъапэм усэу сызэджари, урок сызыщIэсри.

Поэзие тхыгъэхэм зэрахуэфащэкIэ пщIэ яхуэсщIын хуэдэу си щIэныгъэр абы нэсатэкъым, нэхъ сфIэгъэщIэгъуэныр ахэр зытепсэлъыхьырт, сюжет, содержание хъужхэрт, литературэ фащэу ящыгъыр къекIурэ-къемыкIурэкIэ зэхэзгъэкIыну сыхуэхьэзыртэкъым. Пэжщ, псалъэхэм я зэщIэжьыуэкIэмрэ абыхэм уи нэгу къыщIагъэхьэ теплъэгъуэхэмрэ абы щыгъуи си гур хуэмахэт, гъэми щIыми си щIэщыгъуэт: «Махуэр уейщи, жьы зэпихум...» Иджы сыкъызэджэхэм я къэIукIэм сагъэумэзэхат, игъащIэм зэхэзмыхауэ, сымылъэгъуауэ япкърылъхэр телъыджэлажьэ сщыхъуат. ИужькIэ мызэ-мытIэу сигу къэкIат: сэ схуэдэу поэзием и нэхъыфI-и нэхъыкIэ зэхигъэкIыфу иджыри емысар и пIэм изычыфа усэхэр дауэ къащыхъуауэ пIэрэт нэхъ хэзыщIыкIхэм, КIуащым и экспериментхэм я къарур япэу абыхэм щагъэунэхуам?

Апхуэдэу а зэманым «нэхъ хэзыщIыкIыу» щытахэм, дэ дяпэкIэ зыкъомкIэ иту литературэм къыхыхьа щIалэгъуалэ гупым ящыщ зы Тхьэгъэзит Зубер КIуащым и усэхэм япэу къыщеджам гушхуэныгъэу абыхэм къратам теухуауэ итхыжар щыIэщ. «КIуащ БетIал «Си гъащIэм и гуащIэ» и япэ тхылъыр къыщысIэрыхьам, гуфIэгъуэу сиIам щIэ щIэттэкъым, — игу къегъэкIыж Зубер. — Нобэ хуэдэу сощIэж а махуэр... Тхылъым тIэу-щэ сыкъеджэху тхыгъэхэм къызжаIахэм сегупсысыщакъым, зэи сызримыхьэлIа рифмэ гъуэзэджэхэм, псалъэ зэкIэлъыхьыкIэм, макъамэ жан зыщIэт ритмэм апхуэдизкIэ сатхьэкъуати. Ауэрэ гупсысэ куухэмрэ образ щIэщыгъуэхэмрэ зэщIэжьыуэжри, къызгурыIуащ сыпсэуху IэщIыб схуэмыщIыжын, си гум имыхужын тхылъ къызэрысIэрыхьар».

Адыгэ усэм дихьэх псоми гухэхъуэшхуэ къахилъхьат фэ щIагъуи зытемыт тхылъ цIыкIум. Поэзиер футбол матчкъым, зи топ дагъэкIа командэм къыдэщI псори, бжьэ къэпщIам хуэдэу, къызэщIиIэтэу.

КIуащым и тхылъым хьэжэпхъажэ яхилъхьат, жаIэ, классикэ усэм и Iумэтхэм. Шхыдэ-хъущIэхэри къахэкIат: «Бзэ IуэнтIар сыт мыр зищIысыр?» Ауэ усэм и толъкъун лъэщым зи гум зыдимыгъэза, образ, метафорэ, рифмэ хэплъыхьахэм гупсысэ хамыдза абыхэми яхэттэкъым.

«Си гъащIэм и гуащIэ» тхылъым псори къигъэуIэбжьат. Апхуэдэ зэи зыми илъэгъуатэкъым. Усэхэр, «ДжонитIым» и едзыгъуэхэр къызэрыгуэкI цIыхум къигупсыса гуэр мыхъуу, хьэзырыпсу Тхьэм и пащхьэм къикIащ жыпIэнт, бегъымбархэм къахуэкIуэ уэхьийхэм я уазу; сатырхэри, IэкIэ ямытхауэ, атIэ усакIуэм и гум зэпыгъэзауэ къилъэтыкIауэ фIэкIа пщIэнтэкъым, ди журналист гъащIэр зыдэтхьа линотипым газетхэм къытрадзэну псалъэхэр бдзапцIэм хэгъэжыхьа сатырхэу къызэрицIэфтым хуэдэу — я дзакIэхэр зыр зым еплъыжу, я кIыхьагъ-бгъуагъкIи зэхуэдэ защIэу. Адрей усэхэм я фIагъыр зыхэлъыр лантIэу, Iэпэм къепшэкIыным хуэдэу щабэу зэрышэщIар арамэ, мыхэр жыру ягъэжам ярейт, къэбуплIэнщIынкIэ Iэмал гуэр щымыIэу. Сатырхэр зыр зым къызэрыдэжэр, зэрызэрыубыдыжхэр-щэ? ЗэкIэщIэпч, зэгуэпч мыхъуну, плIырыплIурэ зэгъэкъуауэ зэкъуэувэжхэрт, зауэм ди сэлэтхэм щаIыгъа Iэщэ нэхъыщхьэм, тхуэрыуэ фочым, и гъущI шалъэм зэщыгуауэ дэгъэлъэда пIатIронхэм хуэдэу, поэзием и зы фоч уэгъуэ къэлыдын щхьэкIэ кIакхъур щIэчын нэхъ хуэмеижу.



КIуащым и лэжьыгъэр зыджхэм яхэт хъункъым усэбзэм зегъэузэщIын, Iуэхугъуэ нэхъ куухэм кIуэцIрыплъын, цIыхум и гущIэм иплъэн и лъэныкъуэкIэ адыгэбзэм хузэфIэкIынур здынэсыр къэгъэнэхуэным усакIуэм хищIыхьыфар лъагэу зымыIэт, абы къыдэкIуэуи — тхыгъэхэм я тIасхъапIэхэри къыхэзымыгъэщ. Критикэ шабзэр нэхъ зытрагъапсэри «ДжонитI» поэмэрщ, абы и сюжет гъэпсыкIэмрэ и идеологиемрэщ. Гу лъамытэу къэнами, нэгъуэщIми, зы къеплъыпIэ щхьэхуэ иIэщ мы тхыгъэм, иджыри къэс Iуэху ящIу, псалъэмакъ трамыухуауэ. И лъэныкъуэ псомкIи укъыздеплъуи дощIри, зы щэху гуэр хэлъщ поэмэм — зыкъуимыгъащIэу, нэрылъагъуу зыкъызэкъуимыхыу, дэтхэнэ зы щэхуми хуэдэу, плъэмыкIыу узыщIишэу, удишэхыу, «мистикэ» жыхуаIэм, е дыуэ щIатхым, Iэзэ щIагъаплъэм я хуэмэбжьымэу пIэрэ — жыпIэу. Лъэгу лей щIабзам, «шифр» гуэр и щIагъым щIауфам я лейщ, IункIыбзэр бгъэзэн щхьэкIэ усакIуэм и «кодыр», и щэхубзэр пщIэн хуейщ. Апхуэдэ «щэхур» щэхуу поэзием къыхонэж, цIыхум и бзэ къызэрыгуэкIкIэ къахуэмыIуатэу. Дэри абы ди Iэзэгъуэ-Iэзэпэ илъу тхужыIэнукъым. И щIэ дыдэм дыщIэмыплъэфынуми, тхузэфIэкI и пщалъэкIэ «къеплъыпIэ щхьэхуэр» къэтпщытэнут, поэмэм и художественнэ фIагъ-мыфIагъхэм дахэмыIэбащэу.

«ДжонитI» поэмэм усакIуэм щыдигъэлъагъу тхэкIэр зыхуэдэр зэхэгъэкIыным дэ дызэрыбгъэдыхьэр **герменевтикэ** къэхутэкIэ IэмалхэмкIэ художественнэ текстыр зэпкърыхыным зыкъомкIэ тохьэ, езы тхыгъэри, бзыпхъэ трахыу, **полифоние** тхыпхъэщIыпхъэхэмкIэ зэщIакъуэжам хуэдэу къыдоштэ. Мы терминхэр махуэ къэс къагъэсэбэпу щыткъым, ди бзэр абыхэм зэремысари хэлъхьэж. Кууущэ зедмыгъэщIу жытIэнщи, герменевтикэр художественнэ текстымрэ тхылъеджэмрэ «зэрызэрыубыд» нэщэнэхэр къызэрыщын хуей гъуджэщ, дыгъэм и бзийхэр

абы хуащIа абджкIэ къаубыдурэ, пхъэ зэрагъэлым ещхьу. Нэхъ гурыIуэгъуэу жытIэнщи, герменевтикэр ар текстыр джыным, «къэгъэпсэлъэным», абы къикIыр тэрмэш (зы бзэр нэгъуэщIыбзэкIэ щызэрадзэкIыр аркъым) щIыным, абы гъуазэ хэлъхьэным теухуа щIэныгъэщ. Мыр ди мыдрисэхэм КъурIэныр зэрыщаджым ещхьщ, Iустазыр хьэрыпыбзэкIэ «фIыцIагъэм» къоджэри, къикIыр езым и бзэкIэ къеIуэтэж — щхьэж къызэрыгурыIуэм хуэдэу: «Алыхьталэм и псалъэр бегъымбар лъапIэм къызэрыхуиIуэхуам тету...». Ефэндым уаз щиткIи аращ ищIэр. Езы терминыр къызытекIари «къаIуэхуам» и хъыбарыр зэраIуэтэж щIыкIэрщ. Грек мифологием хэт Гермес Олимп бгым тес тхьэхэм я хъыбарзехьэт, тхьэхэмрэ цIыхухэмрэ я дэлэлт, тхьэхэм я псалъэр цIыхухэм яхыхьэныр, абы и мыхьэнэр ягуригъэIуэныр и къалэну. Къалэну герменевтикэм литературэм щигъэувхэм ар ящыщ зыщ: тхыдэм и щхьэфэр трилъащIэу, занщIэу нэм къыIуидзэр къиIуэтэжкIэ зэфIимыгъэкIыу, псалъэм и лъабжьэм щIэлъыр къитIэщIынырщ, тхыгъэмрэ ар зи IэдакъэщIэкIымрэ псэкIэ зэрызэпыщIар, авторым жиIам имызакъуэу, щхьэусыгъуэ гуэрхэм тещIыхьауэ, жимыIэфу къэнар, е, ар нэхъ къищтэу, ибзыщIар, къыщIэгъэщынырщ.

**«Полифониер»** музыкэ щIэныгъэм щыщщ. Зэдежьууэ уэрэд щыжаIэкIэ макъамэу тIу е нэхъыбэ зэгъусэу къакIуэрэ, зэкIупсу зэгуэувэмэ, апхуэдэу йоджэ, контрапункт хъужри аращ. Мыр термину къезыгъэщта Бахтин М. М. къызэригъэувамкIэ, авторымрэ абы и героймрэ («лIыхъужьымрэ» жытIэкIэ дызыхуейр зэIуха хъуркъым) я зэхуаку зэпыщIэныгъэ наIуэхэр щызокIуэ. Авторым жиIэу хъуар геройм зэхихыу жэуап къритыжыным хуэдэщ. А тIур зэбгъурыту тхыгъэм кIуэцIрокI, зым и щэхур — зым и нахуэщ. Контрапунктырщ тIум я щэхури сэтей къэзыщIыр.

* * *

Шэч къызытумыхьэжынуращи, «ДжонитIыр» политикэ публицистикэм и Iэщэ-фащэхэмкIэ зэщIэузэда тхыгъэщ. Ар дунейм къыщытехьа зэманым апхуэдэ гуэр зымытха «хьэрф къизытхъэхэм» яхэта хъункъым. Усэрат нэхъыбэр зыхуэIэрыхуэри, империалистхэр щIагъэлъэлъырт (дауи къелат абыхэм я губжьым «атом Iэщэр ягъэдалъэу зэхэс» Трумэн сымэ?). Мыбдеж — поэмэшхуэ! Щапхъэхэр куэд хъуркъым, къэрал псом тещIыхьауэ къапщтэми. Къэбэрдей литературэращи, абы и автор дыдэри зыщыгуфIыкIыжу щымыта «Сомрэ долларрэ» тхыгъэм (КIыщокъуэ А.) нэмыщI нобэ зыгуэр къэбгубзыгъыжыну гугъущ.

Я нэхъ тхыгъэ пIащэри-тIэ умыщIэхэу зыгуэрым гукъэкI уигъэщIынкIэ мэхъу, тхакIуэм езым и нэгу щIэкIа е яIуэтэжу зэхихыу зыгъэпIейтеям къытехъеикIыу. Апхуэдэут поэмэм и дауэ-щхьэуэхэр КIуащым къызэрыпкърыхьари. Нало Заур зэритхыжамкIэ, газетым тету БетIал къеджат США-м щыщу зауэм хахуэу хэта негр гуэр ку-клус-кланхэм «Линч и судкIэ»* яукIауэ. Абы усакIуэм игу къигъэкIыжат бийм текIуауэ Германием щызэхуэза ди дзэлIхэмрэ США-м я дзэлIхэмрэ хьэщIэ-хьэщIэу щызэкIэлъыкIуэм щыгъуэ я частым къэкIуахэм яхэта негр сэлэт гуэр, «Iупэ IувитIрэ

* «Линч и суд» — XVIII лIэщIыгъуэм лъандэрэ США-м къыщекIуэкI хьэкIэкхъуэкIэ хабзэщ, законым тет суди, нэгъуэщIи хэмыту «хужьхэм» ягу зэбгъа негрыр, ар зэрынегр къудейм щхьэкIэ, яукIыу. Расист бзаджэнаджэ Ч. Линч и цIэм къытекIауэ апхуэдэу йоджэ.

сабий нэшхуитIрэ иIэу, къоплъ-къоплърэ къыпхуэгуфIэжу». Джонт сэлэтым и цIэр. Идеологие и лъэныкъуэкIэ поэмэм игъуэтын хуей унэтIыныгъэр хьэзырыпст: а илъэсхэм совет пропагандэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэм чэм имыIэу ириудэкIыр — къызыхэкIа расэ, лъэпкъ тещIыхьауэ, цIыхухэр зэхэгъэж а къэралым зэрыщащIыр. Адыгэ усакIуэм и къалэмыр убзэщхъуакъым апхуэдэ зэхэтыкIэм нэлат ехынкIэ. Абы щыгъуи поэмэм и сюжетыр, конфликтыр «схематичнэу» жызыIэхэм арэзы уадэмыхъуныр гугъущ. Негрхэр дакъузэри, сегрегацэри, ку-клус-кланри, дискриминацэри пэжынщ — езы США-м и къэрал кIуэцI псэукIэм тещIыхьауэ. Шэч къызытепхьэр сыт? США-м и армэу Европэм щызауэм поэмэм къыщыгъэлъэгъуа мыхъумыщIагъэхэм, зэхущытыкIэхэм хуэдэхэр хабзэу щызекIуэнырщ. Зауэм Iухьэхэр, уIэгъэ хъуахэр я фэ и плъыфэкIэ, поэмэм зэрыщытлъагъум хуэдэу, зэхэгъэж пщIымэ, зы текIуэныгъи къыпхуэхьынкъым. Ар къызыгурымыIуэ инэрал ахьмакъ яIагъэнкъым США-м. Адыгэм «Дзэм хамэ хэткъым» жыхуиIэр лъэпкъ псоми къадэгъуэгурыкIуэ губзыгъагъэщ. Союзникхэм я генералхэр хуабжьу хуэсакъырт я сэлэтхэм я гъащIэр хъумэным.

США-м я дзэр зауэм зэрыIутар къэгъэлъэгъуэжынымкIэ поэмэр зэрылъэщри зэрыпэжри нэгъуэщIщ. КIуащыр мыбы щелэжьа лъэхъэнэм совет тхакIуэхэм яхэтакъым а темэр къызэкIуэцIыхыным теIуантIэ-тешантIэ хэмылъу бгъэдыхьэф. Абы зезыпщытахэри закъуэтIакъуэщ. КIуащри хэхауэ тетхыхьакъым союзникхэм я зауэ IэнатIэхэм щекIуэкIа Iуэхухэм, ДжонитIым я хъыбарыр къыщиIуатэм «кIэдэдзэу» зыгуэрхэр къыхэщауэ аркъудейщ. Фашист Германием зэгъусэу пэщIэта СССР-мрэ къухьэпIэ къэралхэмрэ зэщыIеижати, ди дарэгъухэм ящIэшхуаи щымыIэу, сыт щыгъуи я лъакъуэ къытпэщIадзэу, етIуанэ фронтым дыщIагъэбэгам имызакъуэу, ар къызэIуаха нэужькIи зэуэн зыщIрагъэхыу екIуэкIауэ, IэштIым къытхуагъэдалъэу ди щIыб дэтауэ къэгъэлъэгъуэн хуейт. АбыкIи хьэкъ къытенакъым къэралым и политикэр димыIыгъыныр фIэигъуэдджэу дунейм тета усакIуэм, «Ди дзейхэр» усэмкIи пэджэжат совет правительствэм и къэрал щIыб политикэм. Мыбдежи иригъэлеищащ, ауэ дыгъуасэрей ныбжьэгъухэм я хьилагъэ гуэрхэри къызэрыщIигъэщыр тэмэму къыпщохъу.

Зауэ мафIэ лыгъейм и курыкупсэм хэта КIуащым гукъанэ иIэми емыкIу илътэкъым. Дэтхэнэ ди сэлэтми хуэдэу, ари щIэхъуэпс хъунт ди дзейхэр нэхъ псынщIэу зауэм къыIухьэу, ди армэм ишэч хьэлъэм щыщ гуэрхэр тщхьэщахыным. АрщхьэкIэ мохэр пIащIэртэкъым. Мыр нобэр къыздэсым зэныкъуэкъу ин къызэрыкI Iуэхущи, поэмэм и щIыбкIэ тIэкIу дыIэбэнщ. НыбжькIэ нэхъ щIалэхэм я нэхъыбэр зи гугъу тщIынум хуабжьу хуэгунэфщ, абыхэм къащIэхъуэж щIэблэращи — къухьэпIэмкIэ къикI пропагандэр нэхъ я щIасэщ. КъухьэпIэ пропагандэм хузэфIэкIащ зауэм и тхыдэр СССР-у щытари, РФ-уэ щытри фIыуэ зымылъагъухэр зэрыхуейм хуэдэу зэблишын. Американ, британ фильмхэм, документальнэхэри яхэту, уеплъмэ (щIалэгъуалэр зэплъыхэр аращ), фашист Германиери, абы и дамэгъухэри зэхэзыкъутар, текIуэныгъэр къазэуауэ, дунейм насып къыхуэзыхьыжар союзникхэм я дзэхэрщ. СССР-м зауэм хэщIыныгъэу къритамрэ текIуэныгъэр къэхьыным абы щхьэузыхь хуищIамрэ я нэр хуауфIыцI. Зэман Iэджэ дэкIыжа пэт-

ми, абы щхьэкIэ мыдзэлашхэу яхулъэкIыркъым, пIалъэ-пIалъэкIэрэ къызэщIорыуэж я пцIыIуэпцIышагъэр. Мис иджы Украинэм, Кърымым, Сирием щекIуэкIхэм хуэдэ къэхъуамэ, зыхьэкIуэ щыIэжыхэкъым. Арыншами, ди къэралыр зэрагъэулъиин, абы и тхыдэр зэрызэрахьэкIын ягъуэту къагъанэртэкъым. А мурадым хуэIуэхухуэщIэу къыдавыж «антисоветскэ пропагандэ» жыхуэтIэу щытам хузэхалъхьа псысэхэр. НэхъыкIэращи, ахэр зи фIэщ хъур щымащIэкъым «абыкIэ» дэнэ къэна, «мыбыкIи».

Дэ ди тхылъеджэм ягу къэдгъэкIыжынщи, иджы къызэрабжымкIэ, етIуанэ дунейпсо зауэм СССР-м и цIыхуу мелуан 27-м нэс хэкIуэдащ, къалэ, къуажэ минхэр зэтракъутащ, зэтрагъэсхьащ. США-м езым и щIыналъэм зы бомби техуакъым, зы топыши къыщыуакъым, дзэм хэмыт цIыхухэмкIи хэщIыныгъэ яIакъым, зауэ дыдэм хэту къаукIаращ яфIэкIуэдар, ари цIыху мин 300 нэмысыпэ. Ди дзэхэм хэщIыныгъэу яIам теухуауэ тхыдэтххэм къагъэлъагъуэ бжыгъэхэр уи щхьэфэцыр игъэтэджынщ жыхуаIэм хуэдэщ. Абыхэм шэч къытезыхьэ щыIэмэ, езы Черчилль дыдэм къихьу щыта бжыгъэхэр къэтщтэнщ. 1943 гъэм зауэ IэнатIэ псоми Iутащ, жиIат абы, Великобританием ейуэ дивизие 19—24-рэ хуэдиз, Америкэм ейуэ — дивизие 15—22-рэ, СССР-м и дзэу дивизие 425-м щыщIэдзауэ, 489-м нэс. Германием и дзэхэм зауэ IэнатIэ псоми хэщIыныгъэу щагъуэтащ цIыху мелуан 13,6-рэ, абы щыщу совет-герман фронтым — мелуани 10-м щIигъу, е хэщIыныгъэ псоми я процент 75-р.

Апхуэдэ зэщхьэщыкIыныгъэхэм щыгъуазэ, езыми и ныбжьэгъухэми зауэм щашэчамрэ щагъэвамрэ фIыуэ зыщIэж ди усакIуэм, дауи, жьэ иIэщ гушхуэныгъэ хэлъу къыхидзэн папщIэ:

*Дэракъэ дзейм и хьэлэлыгъэм*
*И щапхъэ лъэпкъхэм езытар,*
*Дунейр зысынуэ щIэна лыгъэм*
*Хэку псоми дэркъэ пэлъэщар!*
*Дэракъэ биймрэ и удын лъэщыр*
*Зи бгъэгу нэхъыбэуэ техуар*
*Европэм благъуэу тепщхьа жэщыр*
*Зи къару закъуэкIэ тезыхуар...*

Псори пэж дыдэщ, ауэ пхъашэIуэу емыхъурджауэу пIэрэ дыгъуасэрей и дарэгъухэм? «Къару закъуэм» апхуэдэ дыдэу тримыкъузами нэхъыфIат. Ари политик бзаджэхэмрэ езым хуэдэу шэр къытелъалъэу зауэм Iута сэлэтхэмрэ къуаншагъэкIэ зэрызэхуэмыдэр, фашизмэм и лъапсэр гъэгъущын щхьэкIэ зи псэр зыта америкэн, англичан, француз, нэгъуэщI къэралхэм ящыщ зауэлIхэми фIыщIэ зэрахуэфащэр къыхимыгъэщу. ДауикI, ар зи ягъэр усакIуэркъым — нэгъуэщIхэрщ.

ИщхьэкIэ жытIат: усакIуэ нэсым (поэтым), сыт итхми, сыт ищIэми, пэжыр къыфIыдоуей, и творчествэм пцIы плъыфэ къыщIэлъэдэныр и псэм къыхуидэркъым. УсакIуэм и пэж пшынэм макъамэр зэблишынущ итIанэ. Абы и закъуэкъым: сэлэтым сэлэтым пцIы хуиупсыфынукъым. Зауэр-зауэщ, окопэм ис дэтхэнэми игъэвыр зыщ, псори зыщIэхъуэпсри зыщ — псэууэ къэнэнырщ. КIуащыр дзейхэм дауэ яхущытми, абыхэм я зауэр къызэригъэлъагъуэм



9 Заказ №506

жыгъей еплъыкIэ хилъхьэркъым, шэр къызытелъалъэм дежкIэ зы зауэр адрейм зыкIи къыщхьэщыкIыркъым. Ди «зауэмрэ» модрейхэмрэ зэбгъэпщэн къудейр усакIуэм дежкIэ дзыхьщIыгъуэджэт. Абы совет цензурэр зэрыхуэсакъыIуэм и зэранкIэ ди деж щIагъуэу хэIущIыIу щыхъуакъым хамэ къэрал тхакIуэхэм я тхылъхэу союзникхэм ирагъэкIуэкIа зауэхэм ятеухуахэр. Ди тхакIуэхэми хуэдэу, абыхэм ящыщ куэд зауэм хэтат, я нэгу щIэкIарт нэхъыщхьэу ятхыжыр (Америкэр къапщтэмэ, Хемингуэй, Стейнбек, Хеллер, Мейлер), ауэ щыхъукIэ, пэжыгъэ зыхэлъхэт я тхылъхэр.

Къытедгъэзэжынщи: зауэр дэни щызауэщ. КIуащым и Джонхэр зыIут зауэ IэнатIэри, щIыпIэцIэхэр хэбгъэкIмэ, — зи Сталинградщ:

*Сэ зи гугъу ныфхуэсщI лъэхъэнэр*
*Зауэм щынэхъ гугъут,*
*Бэт псэ хейу лыгъейм къыхэнэр,*
*Зауэм мыгъуэр щIыгъут.*
*ЩIыр жьэражьэрт, хъыжьэрт лыгъэр,*
*Дуней псор хъеят,*
*Тетт щыхупIэм псэунygъэр,*
*ЦIыхухэр гужьеят...*

Джонхэрщи, «къатегъуагъуэу топхэр щыблэу», «мафIэ гъуэгум» тетхэт.



Зауэм и екIуэкIыкIэр дэнэ щIыпIи щызэхуэдэ щхьэкIэ, цIыхухэр абы щIыхэхуари щIыхэтри зэщхьэщокI. Москва, Ленинград, Сталинград, Кавказым, Украинэм щызауэхэм езым я хэкур бий бзаджэм щахъумэ, Европэм къыщитIысыкIа союзникхэм я Iуэхур тIэкIу нэгъуэщIщ. Арами, зауэм Iут цIыху псоми я гупсысэхэр, я гугъапIэхэр, я гугъуехьхэр зыщ: «Зыгъэвым гузэвэгъуэ// Зы дакъикъэр щохъу// Махуэ псо...»

Танкыр икъутэну ежьа Джон-вындым кIэлъыплъ американ сэлэтхэри зэрыгузавэр, псоми есэжа зауэлIхэр пхъашэ-пхъашэуи зэрыгушыIэр дэ ди окопхэм исахэм зэпадзыж псалъэ фIэкIа пщIэнкъым: «А тхьэмыщкIэм пыкI и гъащIэм, // Танкым пэлъэщын?» АрщхьэкIэ полъэщ. А нэмыцэ танкми и «зауэ гъуэгур» зэриухыр адрейхэм зэраухам хуэдэ гуэрущ: «... Лыгъейм къыхэщырт, // Iугъуэр нэсырт пшэм...»

УIэгъэ хьэлъэу губгъуэ нэщIым къина негр сэлэтыр ажалым зэрыпэщIэтыр, псэуным хуеIэу абы бэшэчыгъэу къызыкъуихыр сыт хуэдэ армэм и сэлэтхэми щапхъэу яхуэбгъэув хъунщ:

*Iу гъущIамкIэ жьым едзакъэу*
*Мэх щIидзат Джон-вынд...*
*... Зыкъуитын, ажал, зауэншэу*
*ПфIэщIмэ, ущыуэнщ,*
*Джон бэнэнщ зэрылъакъуэншэу,*
*ЛIыгъэр и лъакъуэнщ...*

Ди цIыхухэм зауэм щыгъуэ гугъуехьу яшэчам, хэщIынygъэу ягъуэтам елъытащ ТекIуэныгъэм гухэхъуэу, гушхуэныгъэу къахуихьар зыхуэдизыр. Ар зыми ебгъапщэ хъуну къыщIэкIынкъым.

ИтIани — фашист Германиер зэтракъутэу, текIуэныгъэр къэзыхьа псоми я гуфIэгъуэр инщ, псори абы и дыгъэрщ зыгъэуардэр, «бийм и щIыIу иплъа» псори лIыхъужьыгъэм и нуркIэ къэзыгъэпскIыр, псоми яхуэфащэри зэхуэдэ щIыхьщ, псоми я сэбэпкIэ:

*Мамырыгъэм и кхъухь лъэщыр*
*Толъкъун уейм къелащ.*
*Нэщхъеягъуэм ипIа жэщыр*
*Пшэплъ щIэнам къилащ.*
*ЦIыху хей бэшхуэм и нэлатыр*
*Бийм хуэхъуащ ажал,*
*ТекIуэныгъэм и сэлэтыр*
*Тетщ щIы — пьедестал...*

* * *

Поэмэр зытриухуэну Iуэхугъуэр занщIэу игъэбелджылат авторым: «Хы адрыщIым къыщыхъу куэдым ящыщ зы». Критикхэм къахэкIащ апхуэдэ географиер зыфIэмыкъабыл: сыт, абы нэс, зэи имылъэгъуа Америкэм, щIэIэбэр? «ЗэрыIэбэри» зыгуэрурэ хуашэчынут. Ямыдэр: «хужьхэмрэ» «фIыцIэхэмрэ» зэрызэгурымыIуэм нэмыщI нэгъуэщI проблемэ щыIэкъэ империалистхэм я пашэ къэралым? Капиталистхэмрэ лэжьакIуэбэмрэ яку дэлъ зэныкъуэкъум, классовэ бэнэныгъэм и нэр щхьэ хуиуфIыцIрэ? Апхуэдэ критикхэм зыщагъэгъупщэрт США-р класс бэнэныгъэ теорием и щапхъэу зэи зэрыщымытар, класс зэныкъуэкъуныгъэр мыбы сыт щыгъуи щынэхъ щабэт Европэм нэхърэ. Аращ Америкэм пролетар революцэ къыщIыщымыхъуар икIи къыщIыщымыхъунур. XX лIэщIыгъуэм ику илъэсхэм США-м нэхъ гузэвэгъуэу илъар расэ зэхуэмыгъэдэныгъэмрэ зауэщIэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ арати — тIуми япэщIэуващ КIуащыр, нэгъуэщI и тхыгъэ куэдми щигъэлъапIэ къалэным — мамырыгъэр хъумэным — нэхъри ткIийуэ бгъэдэтащ. Дауи, негрхэр зы къэмынэу щIалэфI защIэу, цIыху тэмэмхэу, хужьхэр псори бзаджэнаджэхэу, тхьэгъэпцIрэ пцIыупсхэу запимыгуэшамэ, художественнэ тхыгъэм нэхъ къыщекIурт.

Нэхъ гу зылъытапхъэу къытщыхъур нэгъуэщIщ. Тхыгъэм и географием ди нэр щыхузэIуихкIэ, «хы адрыщIым» дызэпришыным и пэкIэ, гъунэ кърелъэ и мурадым къызэщIиубыдэр: «ЦIыху цIыхугъэр зымыбгынэр...» цIыху насыпым и бэнакIуэу сыт щыгъуи щытынщ. Ар и зэфIэщIапIэщ поэмэм и джэлэс, и кумылэ гуманитар гупсысэ иным — дунейр ем къезыгъэлыну щыIэ закъуэр, цIыхугъэр, хъумэным пыщIа хъуэпсапIэм. Джон-вынд и закъуэкъым усакIуэр къызыщхьэщыжыр, уэчыл зыхуэхъур. Дэхуэха хъуа псоми я шэсыпIэу къоув, лей зылъыс дэтхэнэми щIогъу и гур. Зым и зэранкIэ адрейхэм бэлыхь ятехьэу къэгъуэгурыкIуэ мы дунеижьым щыгъунэжщ «вындыжьым» хуэдэ тхьэмыщкIэхэр, я плъыфэм зыкIи темыщIыхьауэ. ЩIыфэ хужьми, фIыцIэми, гъуэжьми, плъыжьми — дэтхэнэми и щхьэ хуихь хъунущ негрым и тхьэусыхэр:

*Уагъэпсэу вы лъэкI уиIэхукIэ,*
*Ар сыткIэ дуней,*
*Къытхуэмейхэм нобэ IуэхукIэ*
*ДаукIыр пщэдей.*

Негрхэм я закъуэ мыгъуэт зылъэкIхэм апхуэдэу ягъэпсэур, апхуэдэуи яукIыфыр?! РасэкIэ зэхэгъэж щIыным пыщIа къуаншагъэхэр дэнэ дежи нэхъ къыхигъэщми, усакIуэм гъунэ-нэз пIащIэ хуреч дэ ди къэралым щагъэнэхъ пажэхэм зыкIи емыщхь гупсысэкIэ гуэрхэм, «общечеловеческие ценности» жаIэу илъэс Iэджэ (лIэщIыгъуэ ныкъуэ нэс) дэкIыжауэ ди дежи къэсауэ щытахэм. «ГупсысэкIэ гуэрхэр» зытегъэпсар нэгъуэщIт, ахэр, къызыхэкIа лъэпкъкIэ, зыщыщ класскIэ цIыхухэр зэпэщIэзыгъэувэ къыхуеджэныгъэхэм къапыкIауэ, дунейпсо (глобальнэ) мыхьэнэ зиIэ мурадхэмкIэ лъэпкъхэри къэралхэри зэшэлIэным, зэгурыгъэIуэным нэхъ тегъэщIат. Хэт абы гу лъитэнт «ДжонитIыр» дунейм къыщытехьа зэманым? Гуманизм «къабзэм», социализмэм и «хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ» мыузэдам, пацифизмэм, экуменизмэм — зауэщIэ къэблагъэр цIыхуфIхэм я бзэ IэфIкIэ, дин лэжьакIуэхэм я тхьэлъэIукIэ къэбгъэувыIэным, абы къыхуезыджэхэм хьэпэщыпхэ яхуэпщIыфыным щыгугъхэм утыку щрамыт къэралт усакIуэр щыпсэур. Негр никъуэдыкъуэр, фашистхэм иращIылIа бэнэныгъэм и лIыхъужьыр, лажьэ имыIэу зыIэщIэкIуэда лIыукIхэр зыхуэфащэ жэуапым езышэлIэн къару демократием и лъапсэу зызылъытэж къэралым зэрыщымыIэр нэхъ гукъеуэ цIыкIутэкъым. А къэралым и гущIэгъу, и цIыхугъэщ усакIуэм къилъыхъуэр. Ауэ зыри къикIыркъым — уешыху кIэлъыджэ захуагъэм и хеящIэ Немизидэми, ухуеймы, ку-клус-кланхэм яфIэпхъуа нэкIуIупхъуэр, капюшоныр, гугъэ защIэурэ, и щхьэм фIэкъуэ езы къэралым: «Напэншагъэр капюшонкIэ щIахъумэнкъым США-м!» Псори бгым джэдыкIэкIэ уеуэм хуэдэщ.

УсакIуэм и къалэныр КIуащым къызэрыгурыIуэм нэхъ дэбгъэшэс хъунущ апхуэдэ гугъэхэр. УсакIуэр и щхьэ закъуэ и лъакъуитIу дунейм тет хъуркъым. Ар жылагъуэ лIыкIуэщ, бэм я уэчылщ, я гъуощ. Абы и пэж пшынэм и макъамэр цIыхубэм я гъуазэщ. Пэжыгъэм е лIыхъужьыгъэм пшыналъэ щыхузэфIищIэкIэ игу имылъ хужыIэкъым. Бэдынокъуэ хуэдэу, фIым и IэщакIуэщ, ем и дауэгъущ. («Уи щхьэ закъуэ ухуэусэм, // Удамэншэ бзущ, // Уи народым уригъусэм, // Ужыг лъапсэ куущ...»). Усэ зытхыр Тхьэм и щIасэщ. Аращ бегъымбархэр псори щIэусакIуэр. (КIыщокъуэ Алим, Гамзатов Расул зыхуигъазэу: «Уафэ унафэщ ди IэщIагъэр...») Ауэ сытми жаIэркъым: «Поэзиер тхьэр цIыхухэм къызэрепсалъэ бзэщ».

УсакIуэхэр тIууэ зэщхьэщедз. Япэхэр гъащIэр дахэрэ пщIыпщIу зэхэлъу къызыфIэщI защIэщ, абы хуоусэри зэхэсхэщ. Мыдрейхэм дунейм мыхъумыщIагъэу, цIыху цIыкIум и псэр игъэтхьэджэу, тетыр ялъагъу, абы ирогумэщI, дунейр зэтес ящIын, захуагъэмрэ пэжыгъэмрэ трагъэкIуэн хуейуэ Тхьэм къахуиухауэ я щхьэм илъщи, абы и бэлыхьым еукI. Аращ и гъыбзэри кIыхь зыщIыр КIуащусакIуэм и пэж пшынэм. ФIыгъуэр бзаджагъэм тригъэкIуэну иужь ихьащи — ар къыщемыхъулIэр и гукъеуэщ. Iуэхушхуэ дыдэщ зи гупкIэ уисым и уэрэдыр. КIыщокъуэ Алим къуэкIыпIэ философие

притчэхэм япкъ иткIэ итха усэ кIэщIхэм ящыщ зым фIыуэ къыхощ усакIуэмрэ Тетымрэ яку къихъуэ зэхущытыкIэхэр. Тетыр зыхуейр зыщ — усакIуэм и щытхъукIэ цIэрыIуэ зищIынырщ. Ауэ Тетыр цIэрыIуэ зыщIынур «сыт къыжьэдэлъэту, усэкIэ згъэбэтэнт» жиIэу абы и жьэм жьэдэплъэу щыс усакIуэ-хьэжыгъафэр аракъым, атIэ, сыт щхьэкIи къэмыдзыхэу, и зиусхьэным пэжыр жезыIэф, чэнджэщ тэмэм езытыф, езы тепщэми, ар къыгурыIуэу, хуэфащэ пщIэ зыхуищI усакIуэрщ. Апхуэдэ усакIуэхэр иджыри щыIэщ, куэд дыдэ мыхъуми; щымыIэжхэр апхуэдэ Тетхэрщ. Тетхэр нобэ усакIуи хуеижыщэкъым. Я накъырэр щIы гъунэм нэс мэIу — радиор, телевиденэр, газетхэр... Абыхэм елъытауэ сытым щыщ Махъэшокъуэм и джэгуакIуэ лIыжьым и шыкIэпшынэр?

Ар зэ еплъыгъуэкIэщ. Псалъэ зэрагъэIу Iэмэпсымэхэм дауэ замыужьами, псори зэлъытар езы псалъэмрэ ар зиIу къиIукIымрэщ, усакIуэм и къалэныр езым къызэрыгурыIуэжыр здынэсырщ. Мыр дунейпсо литературэм, искусствэм нэхъ Iуэхушхуэ дыдэу къыщыкIуэхэм ящыщщ. УсакIуэм, тхакIуэм, художникым, кинофильм, спектакль зыгъэувхэм къаIэт Iуэхугъуэхэм езыхэм хуаIэ еплъыкIэр къызэрыхэщым, ар наIуэу, Iэзэу къызэрызэкIуэцIахыфым тещIыхьащ псори. Искусствэм и ныбжьыр илъэс минкIэрэ къабж щхьэкIэ, мы Iуэхур нэхъ щабэ хъуркъым.

ЩоджэнцIыкIу Алий абы зэрегупсысыр и романым хэт джэгуакIуэ лIыжьым и образымкIэ къигъэлъэгъуат. Адыгэхэм я деж ину зыщиужьат жьэрыIуатэ усыгъэм. Ар зи фIыщIэр джэгуакIуэхэрт, импровизацэ искусствэм хуэIэзэ усакIуэхэрт. Ахэр псалъэм и къарур кууэ зэхэзыщIэ, лъэпкъыр фIым хуэузэщIыным тещIыхьауэ я пщэ къыдэхуэ къалэныр къызыгурыIуэж, апхуэдэ къалэн тхьэшхуэм къазэрыхуигъэфэщам зи щхьэр лъагэу дэзылъагъуж цIыху пэрытхэт.

«Къамботрэ Лацэрэ» романым и Iуэхугъуэхэр нэхъ зэман жыжьэ тохуэ. XIX лIэщIыгъуэм и кIэхэм хуэзэнущ Горький Максим и тхыгъэхэм ящыщ зым зи псалъэхэр хигъэува джэгуакIуэр щыпсэуар. Ауэ щыхъукIэ, джэгуакIуэхэм я IэщIагъэр «лъэхъэнэщIэми» къэсащ, тхылъымпIэм зи усэхэр техуа гупым — ПащIэ Бэчмырзэ, Агънокъуэ Лашэ сымэ хуэдэхэм — я гугъу умыщIми. М. Горькэм джэгуакIуэм теухуауэ жиIар урыс фольклорист Веселовский Александр итхыжахэм къахихат, и IэщIагъэм кърит гушхуэныгъэр, поэзием и пщIэр здынэсыр хьэлэмэтыщэу къэзыIуатэ, тхэкIи еджэкIи зымыщIэ адыгэ усакIуэм и гупсысэхэр зи къалэнхэм емыгугъуж урыс тхакIуэ зыкъизыххэм щапхъэу яхуигъэувын мурадкIэ. Ноби щыIэщ ахэр зигу къэгъэкIыжыпхъэ «зыкъизыххэр». Ари урыс тхакIуэхэм я деж унэмысу.

«Сэ, — жиIат Горькэм зи гугъу ищIыж джэгуакIуэм, — зы псалъэ закъуэкIэ къэрабгъэр хахуэ, и народым и щхьэщыжакIуэ сощIыф, дыгъуэгъуакIуэм тобэ къызогъэхьыж, тхьэгъэпцI-пцIыупсым хузэфIэкIыу сэ си нэгу зыкъыщIигъэхуэнукъым, сэ мыхъумыщIэу, икIагъэу дунейм тет псом срабийщ». Апхуэдэ дыдэущ зэрытлъагъур Махъэшокъуэм и джэгуакIуэр. ЖыпIэ хъунущ абы зэрихьа хабзэр арауэ усакIуэм и образу КIуащым къигъэщIым лъабжьэ хуэхъур. КIуащым и усакIуэр, дауи, нэгъуэщI художественнэ IэмалхэмкIэ зэгъэпэщащ. Ауэ а образхэр зы тхыпхъэщIыпхъэкIэ

хадыкIам хуэдэщ. МащIэкъым параллелхэр — художественнэ и лъэныкъуэкIи, япкърылъ гупсысэ и лъэныкъуэкIи. Образхэр, гурыIуэгъуэщ, ину зэщхьэщокI — здэщыIэ щIыпIэ, зыхэт зэман, нэгъуэщI IэджэкIи. ЗыхуэкIуэжыр зыщ: текIуэн хуейщ цIыхугъэр, захуагъэр, псом ящхьэжращи — цIыхухэр зэхуэдэу къыщигъэщIакIэ, зэхуэдэу (я хуитыныгъэкIэ) дунейм тетын хуейщ. КIуащым и «пэж пшынэм» хуэдэрщ лIыжь джэгуакIуэми и дзыхьыр зригъэзыр: «Псатхьэр игъэжейркъым си пшынэм...» Псатхьэр мажусий диным и адыгэ пантеоным щынэхъыщхьэрщ, лей зылъысхэм къащхьэщыжыр гущIэгъукIэ зыщыгугъырщ. Тхьэхэр уафэм тесми, щIылъэм зэхэгъэж щыIэн хуейкъым: «УнэIутми псатхьэ яIэщ...» Аращ къикIыр «ДжонитIым» и идее нэхъыщхьэми: «Негрри — цIыхущ». Джон-вынд уIэгъэ хьэлъэр «негрщ» жаIэри лазаретым къыщIадзыжащ. Абдеж хуэфащэ дыдэу сатыритI къыщокIуэ поэмэм: «Фэ хэмыдэщ медицинэр // Негрри христианщ...» Гиппократ и тхьэрыIуэр зи нэрыгъыу дунейм тетын хуей псоми я натIэм тептхэ хъунт а псалъэхэр, демократием и дамыгъэ папщIэу. ЩоджэнцIыкIум и романым нэхъ пхъашэу къыщоIу зэхуэдэныгъэм и щIэхъуэпсыпIэхэр. «Ехьэх Iэщэр, сыгъэпсалъэ, // Сэри цIыхум сыкъилъхуащ...» — жеIэ Къамбот, захуагъэм и щыхьэт наIуэу ар къилъытэу. Пщыри, пщылIри, уэркъри, лъхукъуэлIри — псори цIыхухэщ, дэтхэнэми и щхьэ пщIэ хуищIыжу псэупхъэщ. Къемызэгъщ «уэ пхуэдэлIым щхьэщэ хуэпщIу упудынырщ...» Уэрэдусыр хэзыгъаплъэри аращ:

*Сыт си усэр щIэмыгъыбзэр,*  
*Джатэрыбзэм я бэлыхьым*  
*Си пшыналъэр щIыщышынэр?*  
*Сэ си пэжым джатэ щIагъым*  
*Щхьэщэ щищIмэ, емыкIу хъункъэ...*

Адыгэм-тIэ, «емыкIу» жиIэм, псори кърегъэкI. ЕмыкIу къимыхьынырщ и къурIэнри, и чытапри.

А гупсысэхэм бгъурыту гъуэгу тетым хуэдэщ КIуащым поэзиер, абы и этикэр къызэрыгурыIуэр: «Напэр зыхъумэфым уэрэдыр хуаус...»

*Банэ хэпсэм къэкIкъым розэ,*  
*Псы хуэлIам къилъыхъукъым шыгъу,*  
*ФIым ухуэкIуэм — фIым ухуозэ,*  
*Гугъу пикIуэтыр — йохьыр гугъу.*  
*.............................................................*  
*Бэр зыщIэкъум гугъу дехьыфым*  
*УхыгъэфI дунейм щиIэнщ,*  
*Бэм я ныпыр ядэпхьыфым,*  
*«НасыпыфIэщ» — бэм жиIэнщ...*

Бэм абы щхьэкIэ сыт жиIэнуми, езыр хуитыжщ. «Бэм я ныпыр ядихьыфакъым» жиIэу КIуащ БетIал щхьэкIэ къэувын гъуэтыгъуей хъунт.

ФIыцIэрэ хужьуэ зэщхьэщыкIыныр къызыхуигъэщIар США-м и закъуэкъым. Дунейр зэрыщыту апхуэдэщ. Ар нартхэм фIыуэ ящIэрти, а антитезэр Ашэмэз и бжьамийм дамыгъэ хуащIат. Нартхэми хуэдэу, усакIуэми аращ и хъуэпсапIэр — бжьамийр и кIапэ кIэхумкIэ къыипхъуэтэнырщ, абыкIэ епщэмэ, щIылъэр фIыгъуэу зэщIэбэтэнущ, зэщIэгъэгъэнущ...

* * *

УсакIуэм и пэж пшынэр «ДжонитIым» зэрыщигъаджэмкIэ, абы и макъыр «хым адрыщIкIэт» щыIун хуейр. Аращ поэмэм и географиеми, и идее къалэнхэми къагъэувыр. ИтIани: мымыбдейуэ пIэрэ щIагъыбзэр? А джэ макъым къыдэушын, къыдежьуун щыIэт хы адрыщIым унэмысуи. ДевгъэдаIуэт зауэм и лIыхъужь, и лъакъуэр шэм пиудауэ и хэку зыгъэзэжа Джон-вынд, уни жьэгуи имыIэу, жьуджалэу жым зэрихьэу къэнам, къриш гъыбзэм:

*Гуауэщ куэдрэ укъэтауэ*
*Уихьэжау уи хэку,*
*Лъыр щIэптам нэмыплъ къуитауэ*
*ЗыкъыпхуищIым дэгу.*
*Мы ухыгъэра гъиплI мафIэм*
*Си гур щIилыгъуар?*
*ЩIэщхъур сыт щыгъуи тхуагъафIэм*
*Сыт дыззэгугъуар?!*
*Е иджыри зэтес дыдэ*
*Мыхъупа дунейр,*
*Демократиер лъабжьэ быдэ*
*Иджыкъэ щыхуейр?!*



Поэмэр псори абы щхьэкIэ зэтриублауэ пхужыIэнкъым, ауэ фIэщ щIыгъуейщ гум къыщIитхъ мы псалъэ ткIийхэр «къыщыдрисейм» усакIуэр емыгупсысауэ езым и хэкум щекIуэкIхэм, езым и щхьэм кърикIуам. Тхьэ тепIухьыну гугъущ, итIани: армырауэ пIэрэ поэмэм и «щэхур», и шифрыр, и код-IункIыбзэIухыр?

**«Поэмэм и щIыбкIэ тIэкIу дыIэбэнщ»** — жытIэри къыхэддзатэкъэ? Абдеж «дыздэIэбысам» къызэрагъэнаIуэщи, тхыгъэм хэмыту, ауэ абы укъеджэмэ, уи гур зыхуэжэ гъащIэ нэщэнэхэрщ псалъэр зытещIыхьар, тхыгъэм щекIуэкIхэмрэ апхуэдэ дыдэ Iуэхугъуэхэр гъащIэм зэрыщытлъагъумрэ зэгъэпщэнырщ. Мы бгъэдыхьэкIэм, «метод», «методологие» жыхуэтIэхэм, гъэзапIэ куэд иIэщ. Абыхэм ящыщщ литературэм жылагъуэ Iуэхухэм щигъэзащIэ къалэнхэр къэхутэныр, литературэм и социологие хъужыр, **«ассоциативное литературоведение»** щыжаIи къохъу. ЗэманыфI ипэкIэ дэ тхылъ щхьэхуи ттхауэ щытащ а хадэм щыулъэпхъэщэным дыдихьэхри («В зеркале социальной жизни», Нальчик, 1980). Пэж жыпIэм, тхылъым узыгъэгуфIэну къытхуихьар мащIэт. Япэрауэ, апхуэдэ Iуэху еплъыкIэм критикэ гуэри щIымыгъуу хъуркъым, критикэр езыр зыфIэмыфIыр нэхъыбэщ, псори «критикэ диIэкъым» жаIэу тхьэусыхэ щхьэкIэ; етIуанэрауэ, и пIэм ижыхьа литературоведе-

ниер, консервативнэ бгъэдыхьэкIэхэр нэхъ къыхэзыххэр куэдыIуэщ. Дауэ щытми, мы тхыгъэми «социологие» тIэкIу хэтлъхьэнут.

Европэми, Азиеми, Ищхъэрэ Африкэми США-м и дзэм хэщIыныгъэу щигъуэта бжыгъэ мащIэм хуэдэщ уIэгъэ хъуахэм я бжыгъэри. Джон-вынд хуэдэу фэбжь мыхъужын телъу я хэку кIуэжахэм я бжыгъэм жыжьэуи еплъыт хъункъым зауэм никъуэдыкъуэ хэхъухьауэ ди къэралым исар — Iэшэ-лъашэрэ, нэфрэдэгухэу. Хэт дэ тщыщу апхуэдэ гъунэгъуу, благъэу, Iыхьлыуэ зимыIар? Къэралым ахэр, куэд-мащIэми, диIыгът, яхузэфIэкIын лэжьапIэ къахузэригъэпэщырт. А Америкэ дыдэми щыIащ апхуэдэ системэ — дыдейм нэхърэ мынэхъыфIмэ, мынэхъыкIэу. Зауэм никъуэдыкъуэ хэхъухьахэм я Iуэху США-м зэрыщыхъуам нэхъ дызэрыщыгъуазэ литературэ тхыгъэр КIуащым и поэмэрщ. Дыдейхэм я гугъу пщIымэ, псом япэу къыжыIэн хуейщ абыхэм я нэхъыбапIэр, шынэ ямыщIэу фронтым зэрыIутам хуэдэу, я къару емыблэжу зэрыхэтар зауэм шэджэладжэ ищIа я хэкур зэтегъэувэжыным. Къахуиуха лажьэм псэмахэ ищIакъым, я щхьэ мыгъуагъэ хуахыыжу дунейр яхьакъым. КIуащым и Джон-вындым хуэдэу, «щыгугъ я щIасэу», «фIы къэсыгъуэм» Iэдэбу пэплъэу, я Iэр зэтедзауэ щысахэкъым, я бгыр щIакъуззэри, щхьэж зыхуэфIын IэнатIэ пэрыувахэщ. ПцIыр хьэрэмкъэ — псоми яхузэфIэкIакъым ар. Iэпкълъэпкъыр никъуэ, къуагуэ хъуамэ, сыт пщIэжын? Куэдыр зауэм къыхаха фэбжьым ихьыжащ. Куэдыр Урысейм (урысхэм я закъуэкъым) «бампIэдэхыу яIэ хущхъуэм» текIуэдэжащ.



Къулейсыз дыдэ хъуахэри яхэтащ. Усабийуэ плъэгъуар пщыгъупщэжыркъым. Иджыри си нэгу щIэтщ хьэгурыгъажэм ещхьу ящIа, шарик-подшипник шэрхъыу зыщIэт пхъэбгъу джафэм сэлэт бгырыпхкIэ тепхауэ, хэт и Iэ, хэт и лъэ пымытыжу Бахъсэн бэзэрым тесу щыта тхьэмыщкIэхэр, я пыIэм жыгъей тIэкIу ирадзамэ, ар ирафыжурэ, зауцIэпIыжа мыгъуэу. (Нэхъ жьэрэIурэхэм «самовар» фIащат апхуэдэхэм). Ахэр тесхэт уэрамыщхьэхэм, нэгъуэщI цIыху зэблэкIыпIэхэм. Хамэ къэрал къикI хьэщIэхэр къакIуэу щыщIадзам, насыпыншэхэр зыгуэрым Iуэху ищIащ: ди напэр трах... Псори зэщIакъуэри зыщIыпIэ яшащ. Веллер Михаил рассказ гукъинэ иIэщ Невскэ проспектым теса апхуэдэ «шарик-колясничникхэр» Ленинград зэрыдашам теухуауэ. Ахэр Соловецкэ островхэм ящыщ зым щыIэ НКВД лагерым ягъэIэпхъуауэ жаIэ, мыдрейхэр, Тхьэм ещIэ, лъэныкъуэ здрагъэза. Лагерри нэхъыфIу къыщIэкIынт абыхэм яIа псэукIэм нэхърэ, дауэ щытми, яшхын, щатIэгъэн, тепIэнщIэлъын щагъуэт хъунт.

А псоми дезыгъэгупсысыжаращи: дэ ди мащIэ мыгъуэт зауэм и лIыхъужьхэу, абы никъуэдыкъуэ хэхъухьахэу нэхъ зыхуэныкъуэ дыдэри зылъымысыжахэр? Езы усакIуэри яхэту. Орденыбгъэу фронтым къикIыжар, уIэгъэ хьэлъэм иужькIэ щIакъуэу къэнар, адыгэ усакIуэхэм ящыщу нэхъ телъыджэ дыдэр дахэ-дахэу зыщыпсэун имыIэу и гъащIэ тIэкIум и иужьрей илъэсхэр ихьауэ, унэжь пхашэ гуэрым зы пэш Iэзэвлъэзэв пщIэкIэ щиIыгъыу лIэжауэ жаIэ. И фэеплъ «зэрагъэлъапIэри» долъагъу. «Лъыр щIэптам нэмыплъ къуитауэ...» — и щхьэм хужиIэжами хъунут. ХужиIэжыпами тщIэркъым. Поэмэр езыр апхуэдэ жанрщ, метафорэ убгъуащ, «БжызоIэ, сипхъу, зэхэщIыкI, си нысэ», — жыхуиIэм хуэдэщ.

«Полифоние» литературэ гъэпсыкIэм и нэщэнэхэм ящыщщ авторым езым и гурыгъу-гурыщIэхэр и геройм «зэрыкIэщIитхэр».

Джон-вындыр нэгъуэщI къэрал цIыху щхьэкIэ, усакIуэм дежкIэ хамэкъым, фашизмэр щызэтракъута зауэм  и ветеранщ тIури, зауэм къыщахьа текIуэныгъэмкIэ зэшхэщ. И къуэш дыдэми хуэдэщ — апхуэдизкIэ игу щIэгъуу, псэкIэ дэхыщIэу е дэгуфIэу «вындым» гукъеуэ, е гукъыдэж къезытхэм тотхыхьри. Сытым хуэдиз гуапагъэрэ, гу щабагъэрэ хэлъ рестораным щIэт Iэнэзехьэ пщащэм Джон зэрегуэкIуам теухуа пычыгъуэм! УсакIуэм и инверсие сыт щыгъуи тIэкIу «быргуэ-сыргуэри» хэпщIыкIыу нэхъ мамыр щохъу мыбдеж, усэри хьэщыкъыгъэр къызыпкърыхьа Джон тхьэмыщкIэм и гум доIущащэ. Закъуэныгъэм и бдзапцIагъэр и щхьэкIэ зымыгъэунэхуам къыхуэгъуэтынкъым щхьэжагъуэ узыщI щытыкIэм къимыкI Джоным и гурыщIэ хьэлъэхэр КIуащым къызэригъэлъагъуэ псалъэхэр. УсакIуэм сытым щыгъуи и нэгум щIэтым хуэдэщ адэ пасэу Германием хьэщIэу къащыхуэкIуауэ щыта негр щIалэшхуэм и гуфIэкIэмрэ и нэшхуитIымрэ. Поэмэм и иужьрей дыдэ едзыгъуэхэрщ КIуащым абы и сурэтыр ныщитхысыр. ДауикI, а американ сэлэтым и шэрейрщ ку-клукс-кланхэм яукIа негрым и теплъэр зытрищIыкIыр.  Гуимыхуж мэхъу «Иисусу гъэпсауэ», пыл къупщхьэхум хуэдэу, «и дзэр къыIупсу» жыгыжьым фIадзэжа лIы фIыцIэр.

НэгъуэщIым жиIам тебгъэзэжыныр мыфIы дыдэми, апхуэди хабзэщ. Гу лъумытэу ублэкI хъункъым и геройм и кIуэдыкIэр КIуащым зэрыригъапщэм Иисус Христос псэууэ гъущI IунэкIэ жорым зэрытраIулIам. Христос и образыр фIыгъуэм хуэпабгъэ цIыху гупхэм ныбжьу къахыхьэу, ныбжьуи яхэкIыжу куэдым къагъэсэбэп, къапщтэмэ, Блок Александр и революционер 12-м япэ уащхъуэдэмыщхъуэу къызэрихутэм хуэдэу*. Апхуэдэ дыдэ «революционнэ» поэмэ итхат Белый Андрей — «Христос воскрес». Дунейр зэтес ящIын мурадкIэ къежьауэ я фочыр гъэпкIауэ къалэ уэрамым ирикIуэ гупым Блок пашэ яхуищIыр Иисус псэумэ, уахътыншэр арамэ, Джон-вындым и хьэдэр КIуащым зригъапщэр Иисус лIаращ:

*ФIэлъщ Иисусуэ еIулIауэ,*
*Жыгым тешэщIау,*
*Нэ пIащитIыр зэхуищIауэ,*
*Щхьэр бгъэм къыфIэщIау,*
*Нэжьгъ жэщыфэм тIымыщ щхьэцыр*
*Жьауэу телъщ кIыкъуау,*
*КIэгъуасафэу и нэбжьыцыр*
*Бжыхь щхьэкIэу щIэгъэкъуау.*
*Игъэхъахэм я щыхьэтуэ*
*Вагъуэу бгъэм щоцIу:*
*МедалиплI, жорищи хэтуэ,*
*Дыркъуэ инуи тIу...*

Къэнэжыр чристэн мифхэр уи фIэщ пщIыуэ, Христос къэтэджыжыным ущыгугъынырщ. «Библейскэ мифологием ипкъ иткIэ, Iиблис цIыхум я бий къарущ, Иисус цIыхум цIыхугъэ къахэзыхьэ, цIыхум щхьэкIэ хьэзаб зытезылъхьэж къарущ. Апхуэдэ мифологи-

* *Иужьрей илъэсхэм Блок А. и «Двенадцать» поэмэм куэд дыдэ топсэлъыхь, Христос и образым усакIуэм хилъхьа «щэхур» яхузэхэмыгъэкIыу. Еплъ, псалъэм щхьэкIэ: Д. Нечаенкэ «Двенадцать» как сновидческая мистерия», «Наш современник», 2011, №№8-9.*

ческэ макъамэ къызэрыхыхьэм поэмэм и гупсысэр нэхъ куу ещI, Америкэм щекIуэкI бэнэныгъэр цIыхугъэмрэ цIыхугъэм и бийхэмрэ я зэныкъуэкъуныгъэу ди нэгу къыщIегъэувэри. КIуащыр залымыгъэм, къуаншагъэм, щIэпхъаджагъэм япэщIэт бэнакIуэу къоув» (Нало Заур).

Совет атеизмэм и доктринэм ткIийуэ тета КIуащым дин мифхэм удезыгъэхьэх образхэр къигъэсэбэпыныр узыпэмыплъэн гуэрт. Блок А. и Христосри Iиман, дин щыхьэткъым — захуагъэм и дамыгъэщ, революцэм фIыкIэ зэрыпэплъэм и нэщэнэщ. Адыгэ усакIуэми фIыуэ къыгурыIуэрт искусствэм Iуэхур хуэкIуэмэ, Христосрэ «Антихристымрэ» щызэныкъуэкъу утыкум клерикальнэ щхьэтепхъуэр зэрытещэтыр. Джон-вындыр зи нэгур сыт щыгъуи зэIуха, цIыхугъэм и хьэтыркIэ зи псэр тыхь зыщI Иисусщ. Джонхужьыр шейтIан фэзэхъуэкIщ, жин фIыцIэщ, IеящIэ Iиблисщ. Ислъам фIэщыгъэцIэхэр авторым чристэн гъащIэм зэрыхихьэм ихъуэжыр мащIэщ.

Поэмэм и «щIыбкIэ дыIэбэурэ», иджыри зыгуэрым и гугъу тщIынщ КIуащым и геройм «кIэщIитхауэ» зыхуэдгъэфащэхэм ящыщу.

Зыми жаIэу зэхэтхакъым БетIал зауэм щызэрихьа лIыгъэхэм щхьэкIэ и щхьэ щытхъужын, зигъэщIэгъуэн и хабзауэ. Псоми закъыхигъэпIиикIын хьэл зэрыхэмылъам къикIыркъым зэуапIэ губгъуэм къыщихьа щIыхьым хуэфащэр къыгурымыIуэжу щытауэ. Езым и фронт гъащIэр лъабжьэ зыхуэхъу усэ Iэрамэхэр, Симонов Константин, КIыщокъуэ Алим сымэ я «лирикэ дневникхэм» хуэдэ абы иIакъым, иIами, кIуэдащ. Зауэ нэужьым итхахэм зэзэмызэххэ къахохуэ зауэм ехьэлIауэ езым и щхьэ теухуа гуэрхэр. («ЦIыхум и IитIыр», нэгъуэщI тхыгъэхэр.) Зэми тIэкIу къепэгэкI и «мыгъуэм» зыхуегъэгусэ абы и лирическэ геройм: «Къурмакъейм бийр къыщIэгъуалъхьэу // Гур хитхъынууэ щыхэтам, // КъуэфIхэм уанэ щытыралъхьэм // Хъунт псом япэ симытам...» Абы къыфIигъэкIыщэркъым, «мор сщIати», «мыр сщIати» жыхуэпIэнум хыхьэркъым, зауэр нэхъыбэу цIыхухэм ягу къыщIигъэкIыжри апхуэдэ дяпэкIэ къэмыгъэхъуным, зауэ зэщIэгъэстхэр тегъэкIуэтыным къыхуриджэн папщIэщ. Зауэм и дерсхэм щIытригъэзэжыр щхьэусыгъуэ куу дыдэщ, ари укъэуву уи жьэ къызэрихькIэ утепсэлъыхь мыхъуу. Жыжьэ къыщыплъыхъуэн хуей мэхъу ар къызыхэкIыр.

Тхыдэм и философиер зи губгъуэ вапIэхэм фIыуэ ящIэ: КЛИО и къэгъэшыпIэ задэхэр зы лъэхъэнэм къикIыурэ, адрейм кIуэуэ, къытригъэзэжурэ, аргуэру лъагапIэм дэкIыжу къохъу — иужьым деж нэгъуэщI лъагъуэкIэ зыкъищтэжурэ. Аращ зы лъэхъэнэм и тхыдэр щаджкIэ а зэманым къриубыдэу къэхъуа-къэщIахэр нэгъуэщI лъэхъэнэм екIуэкIа Iуэхугъуэхэм куэдрэ щIрагъапщэр, псом хуэмыдэу Iуэхугъуэ хэхахэм, къэхъукъащIэ зэщхьхэм щхьэусыгъуэ, хэкIыпIэ, къежьапIэ яхуэхъуар къыупщытэжыныр щымытыншым деж.

Декабристхэм я восстанием хуэдэ гуэр арыншами Урысейм къыщыхъуну къыщIэкIынт, къэралым и зыужьыкIэр зэхъуэкIыныгъэхэм хуэныкъуэ хъуати. Iуэхур щIэзыгъэхуэбжьар 1812 гъэм екIуэкIа Хэку зауэрщ. Абы и лIыхъужьхэрт зэщIэхъееныгъэм пашэ хуэхъуар. Абыхэм къагъэувырт къэралым

унафэ хуэщIыным хэтыну къалэжьауэ, Урысейр къызэрырагъэлар, абы и лъэщыгъэр зэрагъэбыдар пащтыхьым къилъытэн хуейуэ, Европэм щалъэгъуам хуэдэ жылагъуэ зэхэтыкIэ, къэрал ухуэкIэ — республикэ е конституцэм тет монархие — Урысейми щыгъэувын хуейуэ. «Сталиным и культыр» хэутэн зэращIам къигъэгушхуа тхыдэтххэр нэхъапэми щыщIихьэ щыIэт, хэку зауитIым кърикIуахэр зэрагъэпщэну хуежьэхэрт, ищхьэкIэ тетхэр абы хуейтэкъыми — ягъэупщIыIуrt.

Горбачев и «перестройкэр» къыщысым я жьэр утIыпща хъуахэти, ягъэIуу щIадзащ декабристхэр Сенат утым изышам хуэдэ щытыкIэ гуэр 1941 — 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм иужькIэ СССР-м щыIэ хъуауэ. Дзэм и пашэхэм, политикэм пыщIа языныкъуэхэм, интеллигенцэм ящыщхэм, пэж дыдэу, зэпхагъэIукIырт, жаIэ, декабристхэм ягъафIэу щыта гупсысэхэм ящхь гуэрхэр: текIуэныгъэр зи фIыщIэхэм пщIэ нэхъыбэ яхуэфащэщ, демократие зэхэтыкIэм ещхь гъащIэ дэри диIэн, власть ткIийр нэхъ къэтIэсхъэн хуейщ, н.къ. «Военнэхэм» «заговор» ягъэхьэзырыным Iуэхур нэблэгъауэ, Сталиныр абы щышынэу репрессиехэр щIигъэхуэбжьауэ жызыIэ иджыри щыIэщ. Шэч къызытумыхьэжыну мыби хэлъыр иужьрейрщ, «шынар» аркъым, ар фIэщ щIыгъуейщ, щIагъэхуэбжьар — пэжщ. Художественнэ интеллигенцэр «яухъуэнщIын» щIадзэжат, ягъэтIыс, яукIыр куэдт. ТекIуэныгъэр къэзыхьа лIыхъужьхэми щысхырабгъу хуаIэтэкъым, маршалхэр, генералхэр, Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр зыфIаща лIы хахуэхэри яхэту, ягъэкIуэдат, яукIат, пцIы кIэралъхьэурэ. Хуабжьу кърагъэлъэхъшэхат езы Жуков дыдэм и къулыкъури. ТхакIуэхэм ящыщу я насып къиихьу, Берие и Iэ щIыIэр зылъэмыIэсахэр, ягъэшынати, запIытI-захузу щхьэж и дурэш дэсыжт. Пэж пшынэм и Iэпэр щIэуат, нэхъыбэм кърагъэкIыр хамэ уэрэдт. АрщхьэкIэ псоми фIыуэ къагурыIуэрт «бийм и щIыIу иплъахэм», ТекIуэныгъэм и дыгъэ нурыр зытелыдэхэм, я щIыхьыр здынэсыр, фIым щыгугъыну абыхэм къызэралэжьар. Уи фIэщ пщIыну гугъукъым КIуащым и поэмэм хитха сатырхэр апхуэдэ гугъэхэм къызэрыдалъхуар, ахэр Америкэм щхьэкIэ ятхами:

*ФIым и лIыкIуэу «текIуэныгъэ»*
*Псалъэр зыIэпах,*
*Бэ мелуанхэм псоми гугъэ*
*Къабзэ ягу кърах...*
*А цIыху цIыкIухэм ящIыр гугъэ*
*ПщIэншэу мыкIуэдау*
*Хуэдиз гъащIэр, мамырыгъэ*
*Я Iэм къиубыдау.*
*Хуэдизылъым къахуихьауэ*
*ЦIыхур фIым щогугъ...*
*... Хуитуэ псэухэу, щIэн ягъуэтхэу,*
*Псори хъуау зы бын,*
*ЗэхуэдагъэкIэ зэкъуэтхэу*
*Хабзэр хуейщ увын.*
*Бэр щогугъыр зекIуэ хьэлъэм*
*Ар хуэхъуауэ жьэгу...*

Пэж дыдэу, щыгугъырт. Хым адрыщIкIэ нэхърэ, мыдрыщIкIэ нэхъыбэжу...

«Хабзэу хуейщ увын...» «Демократиер лъабжьэ быдэ...» Абы нэхъ хъуэпсапIэ сыт щыIэнт цIыхубэм я дежкIэ? «БжызоIэ, сипхъу, зэхэщIыкI, си нысэ». ЗэхищIыкIакъым, сыт пщIэн? Адыгэ усакIуэм и хъуэрыбзэхэм я закъуэ бэм зэхимыщIыкIар? Къэралым лейуэ щызэрахьэм хуэдэгуу, хуэгунэфу къэнащ. НэхъыфIынкIи хъунщ. 1825 гъэм и жэрдэмщIакIуэхэм хуэдэ 1945 гъэм утыку къихьэныр къэралкIуэцI зауэм занщIэу ухуэзышэн гъуэгу шынагъуэт. Хьэуэ, дэ жытIэну иужь диткъым КIуащым абы хуезыджэ прокломациехэр усэ теплъэу итхауэ, а зэманым и диссиденту, хьэмэ оппозиционер гуэру щытауэ. Абы ар икъукIэ пэжыжьэт. Усэхэр зыхуэпхь хъунум дытепсэлъыхьу аркъудейщ... Ар зыми къытпиубыдын хуейкъым. Поэзиер-тIэ, пщIыхьэпIэм хуэдэщ, зыхуэпхьынур къэщIэгъуафIэкъым. «Iэзэ бгъаплъэкIи» къикIын щыIэкъым. ХэубыдыкIауэ зыгуэрым тхьэ тепIухьыну дзыхьщIыгъуэджэщ. Езы усакIуэм игу къэмыкIа къыщрахи щыIэщ абы и псалъэм. Арати щIэгузавэр урыс усакIуэри: «Нам нелегко предугадать, как наше слово отзовётся». ПщIыхьэпIэр зылъэгъуам жрагъэIэжыртэкъым, жи, «апхуэдэукъым ар зэрыщытар» — жаIэри. Мыри япэм жытIам щыщщ: КIуащыр и гур хуиту утIыпщауэ дунейм тетти, пэжыр къыдрисейт.



* * *

Дунейм ехыжам и псэр щIым щызелъатэу тетыр пэжмэ, усакIуэм и псэм фIэхьэлэмэт хъунщ абы и поэмэм Iуэху зэфIэгъэнапIэу къищта сегрегацэм и лъэужь куэд нобэрей Америкэм зэрыщымыIэжыр.

Христос къэтэджыжыным, «етIуанэу къэкIуэным» («Второе пришествие») упэплъэныр гугъэ нэпцIу щымытынкIи мэхъу. Нэхъыщхьэр упэплъэныр, «етIуанэ къэкIуэгъуэр» уи фIэщ пщIынырщ. Диныр зи фIэщ хъухэм, Iиман къэзыхьахэм, зэрыжаIэмкIэ, Тхьэм и лIыкIуэр (чристэн динымкIэ — «Тхьэм и къуэр») нэгъуэщI суфэтым итуи, нэрымылъагъу дыдэуи, щIым къытехьэнкIэ хъунущ. Жыгым фIалъа Джон-вындыр Иисус лIам щригъапщэм усакIуэм ар, дауи, трищIыхьырт Инджылым ит хъыбархэм. Е ар къэтэджыжын, е хейуэ кIуэда Джон и псэр зи псэм хэлъэда цIыхухэм къалъыс лейм пыIэпIэ къезымыт нэгъуэщI гуэр къэунэхун хуейт, цIыхухэм «цIыхугъэр ямыбгынэу» псэуным и бэнакIуэу.

Мартин Лютер Кинг — арат негрхэм я бегъымбарым зэреджэр. «Бэм я насыпым» папщIэ къаIэт зэрышх-зэрылIхэм, революцэ хабзэкIэ, зауэ-банэкIэ, лъыгъажэкIэ, лей мыгъэгъу лъыщIэжкIэ къахь ефIэкIыныгъэхэм абы япигъэуващ Христос и уазхэу цIыхур гу щабэу, и псэр, и гур игъэсабырыфу, гущIэгъу, зышыIэ хэлъу псэуным хуэзыгъэпсхэр, хуэзыущийхэр. Революцэхэм, шэч хэлъкъым, политикэ, класс зэхущытыкIэхэр, техникэ прогрессыр я пIэм ирач, зыужьыныгъэщIэ ират. Псом нэхъыщхьэр цIыхум и псэр зыхуэдэрщ. Мис абы тещIыхьауэ дунейр зэзыдзэкIар бегъымбархэм я псалъэхэрщ, я псэукIэрщ. Пэжщ, абы тхыдэм илъэс минитI

нэс тригъэкIуэдащ, Христос къыщалъхуам укъыдэбжэмэ. Негрхэм граждан хуитыныгъэхэр, хужьхэм зэраIэм хуэдабзэу, яIэным щIэбэн зэщIэхъееныгъэм и пашэу уври, Лютер Кинг хузэфIэкIащ залымыгъэ зыхэмылъ IэмалхэмкIэ негрхэм я псэукIэр иригъэфIэкIуэн. Абыи текIуэдэжащ, расистхэм яукIащ (1968 гъэм).

Илъэс зы тIощIырыпщIым США-м лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIащ лъэпкъ мащIэхэм къахэкIа цIыхухэм я граждан хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ. Ар, дауикI, Мартин Кинг и закъуэкъым зи фIыщIэр. Куэду а Iуэхум хэтащ культурэм и лэжьакIуэхэр — хужьхэри, фIыцIэхэри, плъыжьхэри, — дин, политикэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр. Абы къурикIуар къэралым и гъащIэм и лъэныкъуэ псоми щынэрылъагъущ. Расэ зэхэгъэжыныгъэр хэкум щытепщэу зэгуэрым щытауэ зыщIэжыр ныбжькIэ нэхъыжьыIуэхэрщ. Хэт и гугъэнт Линч и судыр хабзэ бзаджэу къыщежьа къэралым президенту африкан щылъху щыхахыну, ари пIалъитIкIэ зэкIэлъыкIуэу.

Нэхъ насыпыншэу къыщIэкIар дэ ди къэралырщ.

УсакIуэм, зэрыжаIэщи, и щхьэр бэным ириудэкIынт, и уэрэдхэм я нэхъыфIхэр лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуныгъэм щыхуиуса езым и хэкум иджы щекIуэкIхэр ищIатэмэ. «Си псэ нэхъыфIщ» жимыIэу, зэзэуа фашистхэм я щIэблэу зызылъытэ щIалэгъуалэ мыбы къызэрыщыхъуар, нацистхэм я щIэин псалъэхэр къаIурылъэлъу стадионхэм щызэрыгъэкIий «фанатхэр», ку-клукс-кланхэм я пIэ иува скинхедхэр, «лица кавказской национальности» жаIэу ди лъэпкъэгъухэр зэрагъэпудыр, Москва, нэгъуэщI къалэшхуэхэм ахэр зэрыщахъунщIэр, лажьэншэу зэрыщаукIыр илъэгъуатэмэ.

Тхьэм и шыкурщ Интернет зэпыщIэныгъэхэр хьэдрыхэ иджыри зэрынэмысар!

* * *

Ежьур уэрэдым и щIопщмэ, **рифмэр** усэм и дамэщ. КIуащым и поэзиер адрейхэм къазэрыхэщым и фащэ дахэщ рифмэхэр. Адрей ди усакIуэшхуэм и зэгъэпщэныгъэ щIэращIэхэр къэдгъэсэбэпынщи, рифмэ екIур, щIэщыгъуэр усэм къыхохъуэпскIыкI къамэ Iэпщэм тес мыщIэ закъуэм хуэдэу. Пэжщ, езы усэми дыщэ плъыфэ гуэр щIэтын хуейщ. Абы щыгъуэщ псори зэкIурэ зэщхьу щызэрыубыдыр. Мис мыпхуэдэу:

*МыщIэр дыщэм дощIэращIэ,*
*Нур щIыху мащIэр къолыдыкI,*
*Сэшхуэ Iэпщэр дыщэу япкIмэ,*
*Щымышынэу щогуфIыкI...*

**(КIыщокъуэ А.)**

Адыгэ псалъэхэр нэгъуэщIыбзэ псалъэхэм тыншу гуэгъу зэрыхуищIми егъэдахэ КIуащым и усэр. Щигъэдахэр псалъэхэр ауэ сытми я фонетикэкIэ щызэтехуам дежкъым. «Поэтымрэ» «рифмоплёт»-кIэ зэджэмрэ зыкъым. Рифмэм я нэхъ жаныр тхьэкIумафIэ творчествэмкIэ усакIуэм къыщиубыдыфым дежщ щигъэдахэр.

1957 гъэм ехьэжьауэ ягъэлъэпIат «Къэбэрдейр езым фIэфIу

Урысейм зэрыгухьэрэ» илъэс 400 щрикъур. Культурэм и лэжьакIуэхэр пасэу пежьат а махуэшхуэм. А зэманым куэд дыдэ итхат КIуащми, жанр зэмылIэужьыгъуэхэу ари — кантатэ, либреттэ, частушкэхэри хэтыжу. Иужьрейр гушыIэ е IуэрыIуэдз жанрщ, ди къебжэкIхэм хуэдэу. КIуащым и частушкэхэм, къебжэкIхэм зэрыхэтым хуэдэу, щIалэмрэ хъыджэбзымрэ гушыIэхэр щызэпадзыж «илъэс щиплIыр щитху нэсыху зэхудипIалъэщ» — жаIэу кърагъэкIыу. Мис абы къыхохуэ зыми емыщхь рифмэм и щапхъэ:

*Пхуэдэ хьэсэм* ***жылэ тесэ, —***
*Пэплъэ фIыгъуэр къыхэкIыху,*
*ПхузиIэнкъым* ***интерес сэ***
*Илъэс щиплIыр щитху нэсыху.*

КIуащым и словарыр, лексикэр зэрыкъулей дыдэр псоми ялъагъу, куэдым игъащIэкIэ ягу къэмыкIын псалъэхэр и дэтхэнэ тхылъ напэми щикъухьащ. Абы къыщтэ хамэбзэ псалъэхэм я пIэкIэ адыгэ псалъэ къыхуэмыгъуэтыну аракъым. Хамэбзэ псалъэр хуэфащэпсу и пIэм зэритыр елъагъури аращ, псом хуэмыдэу зауэм теухуа терминхэр. Абыхэм ящыщ куэдыр зэбдзэкIыну иужь уихьэмэ, узытетхыхьым хэлъ пэжыгъэм и закъуэкъым — езы поэзиери щыкIуэд гъунэжщ. Абы и лъэныкъуэкIэ сэ зэрэ-тIорэ щапхъэу къэсхьауэ щытащ КIыщокъуэ Алим и зауэ лирикэм дзэм я фащэм, я щыIэкIэм, зауэм Iут сэлэтхэм я гъащIэм къыгуэхыпIэ имыIэу пыщIа терминхэр къызэрыщыкIуэр. Зы усэ цIыкIу закъуэ и гугъу тщIыжынт. Жэщым окопэм ис сэлэтхэр уафэм дэплъейурэ, Iэджэм йогупсыс. ИкIэм псоми заущэхуж. Гъатхэпэ жэщми хощI, мазэри «зигъэпщкIуу пшэхэм пхопщри, разведкэ кIуэуэ къыщIэкIынщ». «Разведкэм» адыгэбзэ къыхуигъуэтыфынт усакIуэ Iэзэм, ауэ ар зэридзэкIамэ, усэр кIуэдыжат. Поэзием и щэхур, уегупсысыжыпэмэ, псалъэ тэмэмыр къэбгъуэту и пIэ тэмэмым ибгъэувэнырщ, а тIэкIурщ, къэгъуэтыф, игъэувэф закъуэ! Зауэм къикIыжа къуэр и анэм зэрепсалъэр-щэ? «Сэлэт хабзэу, фляжкэм дегъэIуб». Мыри аращ — «фляжкэрщ» усэр усэ зыщIыр, зыгуэру тэрмэш ищIамэ, поэзиер щIэпхъуэжат, къыпхуэмыубыдыжыну.



РифмэмкIэ нэхъ IэкIуэлъакIуэ дыдэу, ерыщу абы зезыгъэлIалIэу щыта Маяковский Владимир жиIэрт: «Псалъэ нэхъ хэIэтыкIар сатырым и кIэм согъэуври, абы рифмэ Iэмал имыIэу къыхузогъуэт». Аращ ищIэр КIуащми. Рифмэ зэщIэжьыуэхэр, зэщIэпщIыпщIэхэр, зэщIэгуэуэжхэри яхэту къыхихьащ абы ди поэзием, кIэух рифмэр гъазэ имыIэжу адыгэ усыгъэм щигъэбыдащ. Адыгэ усэ псалъэкIэм къэкIуэкIэ зэмыфэгъу дыдэхэр игъуэтын, и зыужьыныгъэм ину зричын папщIэ абы иIа мыхьэнэр лъытэгъуейщ, щхьэфэтегъэжу убгъэдыхьэ мыхъуну. БетIал и рифмэхэм щытепсэлъыхькIэ нэхъыбэм ягу къэкIыжыр, уеплъыпамэ, пщIэгъуалэ дыдэу къыпщымыхъуж «Си ни си пи — Миссисипи» жыхуиIэрщ. ЗыкъизытIэн бгъуэтынщ: «Сыт абы и лажьэр?» Зыри и лажьэкъым, цIуугъэнэIуэщ жумыIэмэ. Ар зи фIэщ мыхъум зэ кърепщытэж рифмэ нэхъыфIымрэ мынэхъыфIымрэ усакIуэ пажэхэм зэрызэхагъэкIыр.

Зэ зэрыжытIащи, усэным зыщритам КIуащым хуабжьу сэбэп къыхуэхъужащ и щIэныгъэхутэ лэжьыгъэхэр, псом хуэмыдэу

адыгэ усэм и зэхэлъыкIэр джыным зэрелэжьар. Адыгэбзэм макъ дэкIуашэхэр, пычыгъуэ зэхуэщIахэр и нэхъыбэщ. Аращ абы сатыр кIуэцI рифмэхэр «нэхъ къищтэу» къыпщызыгъэхъур, макъ «зэдэпIэнкIхэр» и куэдщи, абыхэм ударенэр ятехуэу къакIуэмэ, рифмэ жыгъырухэр нэхъыбэ мэхъу. Пасэрей адыгэ усэ ухуэкIэм, — пычыгъуэ зэщIэжьыуэхэр сатырым и кум хэту, е япэ сатырым и кIэмрэ къыкIэлъыкIуэм и къыщIэдзапIэмрэ рифмэкIэ зэпхауэ къыщыкIуэм — тету къэгъуэгурыкIуа IуэрыIуатэ поэзием мыхьэнэшхуэ иIащ анэдэлъхубзэм зиужьын папщIэ. Адыгэ рифмэм усэ едзыгъуэхэр зэрепх, зэщIекъузэ, къупхъэм къигъэжыкIам хуэдэу егъэпс, дыжьын бгырыпхым плIабгъуэрэ бгы псыгъуэ адыгэлI щыпкъэм и цейр щIикъузыкIмэ, и фащэри дахэ, езыри лIы екIу зэрыщIэхъукIым хуэдэу. ИкIэрауэ зы сатыр кIуэцI рифмэ къыхэбдзмэ, едзыгъуэри къуагуэ, гупсысэри ныкъуэ мэхъу. Аллитерацие, ассонанс, диссонанс, консонанс зэщIэжьыуэхэр сэбэпышхуэ хуэхъурт сабийм и бзэр анэдэлъхубзэм «хуэкъутауэ» къэтэджыным. «Елбэздыкъуэ — Дыкъуэнагъ — Аргъеипэ — Шы пэнцIыв — ЦIыв гъажьэ — Яжьэ лъэгу — Лъэгурыдз — Едзыхыж...» Тхыгъэ хабзэхэм тет литературэ зимыIэ лъэпкъым и поэтическэ культурэр зэрихъумэр и гурыхуагъэр арати, апхуэдэ зэщIэжьыуэхэм я сэбэпкIэ усэр тыншу гум ираубыдэрт, къилъху-илъхужкIэ зэIэпахыу яхъумэрт. Рифмэм мыхьэнэуэ иратым и нэрылъагъущ зэщIэжьыуэм, зэпэшэчу щытыным и хьэтыркIэ усэм, псом хуэмыдэу уэрэдым, и композицэм Iуэхуми хъыбарми щымыщ сатырхэр зэрыхагъэувэр («Амебейная композиция»). Апхуэдэ защIэу жыпIэ хъунущ цIыхубэ уэрэдхэр. Щапхъэхэр: «Данэ топыр зэролъэлъ, си нэпситIыр къолъэлъэх», «Си шыпхъу нэхъыщIэм дэнлъэч зэфIещIэ, цIыхум сыкъамыщIэу сэ узыхэсщIакъэ...» А уэрэд усыкIэр ди зэманми къэсащ.

Къэсащ 1920—30 гъэхэм адыгэбзэм дежкIэ нэхъ щхьэпэ усэ зэхэлъхьэкIэм теухуауэ екIуэкIа зэныкъуэкъухэм я джэрпэджэж гуэрхэри. Иджыри щыжаIэ, щатх къохъу пасэрей хабзэхэм адыгэ усэр тетыжатэмэ, бзэми, литературэм дежкIи нэхъыфIауэ, кIэух рифмэм, силлабо-тоникэм ди усэр зэрыхуэкIуар ар урыс поэзием и жьауэм зэрыщIэхуам и закъуэ къыхэкIауэ. УсакIуэ, щIэныгъэлI Борыкъуей ТIутIэ ткIийуэ къэуву щытащ урыс усэм дэплъеймэ, адыгэ поэзиер кIуэдыжыпэну жиIэу. КIуэдыжа-мыкIуэдыжам ущIытепсэлъыхьын щыIэххэкъым — псори нэрылъагъущ. Лъэпкъ усэ зэхэлъхьэкIэр текIуэта щIэхъуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр здэщыIэр нэгъуэщIыпIэщ. Зи жьауэ щIэхуа Пушкинкъым къуаншэр, щIэхуар пэжми, псом япэу къуаншэр Иоган Гуттенбергщ — типограф станок къэзыгупсысарщ. Тхыгъэ имыIэу къэгъуэгурыкIуа дэтхэнэ бзэми хуэдэу, адыгэбзэр нобэр къыздэсым жьэрыIуатэ бзэм нэхъ тету къонэ, литературэ жыпхъэ тэмэм имыгъуэтауэ. Адыгэ псалъэм и зекIуэкIэ-щыIэкIэр иджыри IукIэ зэIэпахым нэхъ пэгъунэгъущ, тхылъымпIэкIэ зэхуатхым нэхърэ. Уритхэнуи (уреджэнуи) щIэнэхъ гугъури аращ, урипсэлъэну нэхърэ. Ди алфавит гугъусыгъу дыдэр абы щIыгъуж. Ди лъэпкъ усэ зэхэлъхьэкIэмрэ абы и рифмэмрэ къызыхуигъэщIар IуэрыIуатэ хабзэм тет бзэрщ. АбыкIэ зыри къуаншэкъым — урыси власти. Адыгэ усэр тхылъымпIэм тралъхьэу зэрыщIадзэу, лъэпкъ усэ зэхэлъхьэкIэр икIуэтащ. Фи фIэщ мыхъу-

мэ, къалэм къафщтэ, тхылъымпIэ фыбгъэдэтIысхьи, вгъэунэху мыпхуэдэ зыгуэр фхуэтхмэ: «Гуащэ къатинэ, Бэрэтинагъуэ, Данагъуэ Iупэ, Щхьэцыпэ дыкъуакъуэ...» Е мыпхуэдэ: «Нартхэ ди Бэдынокъуэ, И зы пкъыгъуэу пкъыгъуищэ, Хьэху-хуэгъу бэщI, Ябгэ щIыхьэху, Хьэхуншэ шу...»

Езы кIэух рифмэ, сатыриплI едзыгъуэ усэ зэхэлъхьэкIэр ди тхэкIэм къыщыхыхьар зэманкIэ зэхэгъэкIауэ щыткъым. Щапхъэ хъуари урыс поэзиер армырауэ, е абы имызакъуэу шэч уэзыгъэщI щыIэщ. Хьэрып хьэрфхэмкIэ ятха силлабо-тоническэ адыгэ усэхэр «Гъуазэ», «Адыгэ макъ» газетхэм куэду къытехуэу щытащ. Абыхэм япэжкIэ цIыхубэм яхэз хъуат кIэух рифмэ зиIэ зэчырхэр. («Дыгъэр занщIэу къепсэлъат, // Жыгым сэлам кърихат. // Мазэм «къакIуэ» щыжриIэм, // И гуфIакIэм къыдыхьат...» Мухьэмэд бегъымбарым хузэхалъхьахэм ящыщщ).

Сатыр кIуэцI рифмэм тыншу зитакъым. Дэ школым дыщыщIэтIысхьам (1946 гъ.) еджакIуэхэм хору уэрэд жегъэIэным гулъытэ хэха хуащIырт. Уэрэдхэм я нэхъыбэр зауэм и пэкIэ яусахэрт, адыгэ рифмэ защIэу. ФIыуэ сощIэж япэу гукIэ зэдгъэщIа уэрэдыр. Ар 1930 гъэхэм нэхъ цIэрыIуэ дыдэу хэкум иса пионер щIалэ цIыкIум — Хьэмгъуокъу Барэсбий теухуат. ШыщIэ сымаджэ цIыкIу колхозым къыIихри, ипIат Барэсбий, шы екIу къищIыкIар Дзэ Плъыжьым тыгъэ хуищIат. ЩIалэ цIыкIу зыбжанэ гуп зэрыгъэхъури, еджэным къыщыдэхуэм деж колхоз шы фермэм щылажьэу щIадзащ. Апхуэдэр гъунапкъэншэу щагъэву зэманти, «пионерым и жэрдэмыр» къэрал псом щызэлъащIысащ. Барэсбий орден кърататщ, кино трахащ, Iэщыхъуэ пашэхэм я зэхуэс Москва щекIуэкIти, абыи къыщагъэпсэлъащ. Адыгэ фащэ екIупсу зыщыгъ щIалэ лъагъугъуафIэ цIыкIур Сталиным епсалъэу, вождри гумащIэ къэхъуауэ (апхуэдэ хьэл игъащIэм зимыIар), гуфIэжу Iэгу къыхуеуэу, траха кинор иджыри ягъэлъагъуэ. Барэсбий щхьэкIэ дэ уэрэду жытIэу щытам хэта псалъэу сщIэжыр куэд хъуркъым:

*Барэсбий цIыкIуу, си тIасэ,*
*Вождышхуэр уэркIэ бгъэгуфIэщ...*
*... Шы пэху блэнащхьэм утесу,*
*Махуэшхуэр къэсым укъохьэ...*

Ди хорыр вокал и лъэныкъуэкIэ бэлыхь гуэру къыщIэкIынтэкъым, ауэ мы уэрэдым дыдихьэхыу жытIэрт, псоми ди нэр къикIырт ар зытеухуам хуэдэ пионер дыхъуну. ИгъащIэкIэ сигу къэкIынт абы щыгъуи, нэхъ иужькIи, Хьэмгъуокъу Барэсбий сригъусэу илъэситхукIэ зы лэжьапIэ кабинет сыщIэсыну. И ныбжь емылъытауэ, ар абы щыгъуи жант, езыр цIыху угъурлыт, гушыIэрейт, хьэлэлт. ЦIыхухэм ядэIэпыкъункIэ еш жыхуаIэр ищIэртэкъым, цIыхугъэ и куэдт, езыми и Iэ-и лъэ унафэ щащI унэхэм щызекIуэрти, хэти пхуелъэIунут. КъыщыхуамыщIэри зэзэмызэхэт. Абы щыгъуэ-тIэ, псом щхьэкIи улъэIуэн хуейт — кIэстум ебгъэдынуми, хущхъуэ узыхуейр умыгъуэтми, унащхьэм теплъхьэн кхъуэщын уимыIэми. ЗэрыцIэрыIуэм щхьэкIэ зигъэщIэгъуэн, зигъэпэгэн жыхуэпIэнум икъукIэ хуэхейт. Куэдрэ хуэсIуэтэжырт и уэрэдыр жытIэу, абы теухуа тхылъхэр зэIэпытхыу деджэу зэрыщытар. И гуапэ дыдэу къедаIуэрт, сабиигъуэм, щIалэгъуэм я зэман дахэр и нэгу къыщIыхьэж хъунт. И гъащIэр апхуэдэу дыгъэпс защIэу

екIуэкIатэкъым, балигъ мыхъупауэ зауэм езым фIэфIу кIуэри, абы и гугъусыгъури игъэват.

НэгъуэщI уэрэду зэпымыууэ ди хорым игъэзащIэр зытеухуам сэ игъащIэкIэ сыхуэзэну къыщIэкIынтэкъым. Мыр марш макъамэм тету жаIэрт, рифмэхэр апхуэдэу макъ дэкIуашэхэмкIэ «къачэу», «къызэгуэчу» щыткъым, ауэ сатырхэр зэщIожьыуэ, рифмэм и хьэтыркIэ ударенэр щагъэIэпхъуи къыхохуэ — ма́ршалым и пIэкIэ марша́л жыпIэн хуейт.

*Ди къэралым и хъумакIуэу*
*Бий зекIуапIэм япэув,*
*Ревсоветым я нэхъ пашэу*
*Ворошиловыр ди марша́лщ...*

Шэч сощI ди ныбжь итхэр арауэ адыгэ усэ зэхэлъхьэкIэм тету ятха уэрэдхэр ди школхэм иужьрей дыдэу щызыгъэзэщIар. Мыгувэу усакIуэщIэхэм уэрэдыщIэхэр ятхат. Къэжэр Индрис, ХьэхъупащIэ Амырхъан, Сыжажэ Къылъшыкъуэ, нэгъуэщI зытIущми я усэхэр, уэрэдхэр, гушыIэмрэ ауанхэмрэ адыгэ усэ гъэпсыкIэм и вакIуэихьэж санэхуафэт, адыгэ рифмэм и иужьрей джэгут, и нэхущ уджт. ВакIуэ щыIахэм я губгъуэм гъавэм и бэвыр къытекIат, адыгэ поэзиер зэи гъуэмылэншэ дэмыхъуну. Арат гъуэмылэу къыздищтар КIуащым и Музэр гъуэгу щытехьэми, ар абы дэмэжэлIакъым. Иджыри а гъуэмылэр Iэджэрэ ерыскъы лъапIэу яIэнщ усэм и гъуэгум техьэ дэтхэнэми.

«Строение кабардинского стиха» лэжьыгъэм и зы Iыхьэ рифмэм хухихат КIуащым, IуэрыIуатэ поэзием нэмыщI, ПащIэ Бэчмырзэ, ЩоджэнцIыкIу Алий, ХьэхъупащIэ Амырхъан, Сыжажэ Къылъшыкъуэ сымэ къагъэсэбэп рифмэ лIэужьыгъуэхэр щIипщытыкIа дэнэ къэна, щIибжыкIат. Нэхъыбэр ассонансхэрэ (процент 38,5-рэ), диссонансхэрэу (процент 41,6-рэ) къихутат. Ахэр адыгэ фоникэм, художественнэ псэлъэкIэм макъхэр зэрыхэгуэшам и Iыхьэ нэхъыщхьэщ, рифмэ «иримыкъухэщ» — макъзешэхэмрэ макъ дэкIуашэхэмрэ щызетехуэ-щызэтемыхуэ тещIыхьауэ. Адыгэ рифмэм и зыужьыныгъэр диссонансым (макъ дэкIуашэхэр зэтехуэу, макъ зешэ ударенэм щIэтхэр зэтемыхуэу) нэхъ епхауэ хуегъэфащэ. Адыгэ усакIуэхэм я къалэну щытын хуейр къызэрыгурыIуэр зэритха бзэмкIэ къыдохь: «Задачей кабардинских поэтов должно быть дальнейшее усовершенствование своей поэзии, и не только в виде подражания русским и западноевропейским образцам, но и в виде усовершенствования своих национальных форм поэзии».

Апхуэдэ къалэн зэфIэгъэкIыныр езым и пщэ къыдэхуэжат иужькIэ. Адыгэ поэзиер егъэфIэкIуэным пэрыува КIуащым ар иригъэфIэкIуа къудейтэкъым. Абы нэгъуэщI адыгэ поэзие, иджыри къэс щыIам хуэмыдэ, къигъэщIат.

* * *

Зы бзэкIэ тха усэхэр нэгъуэщIыбзэкIэ **тэрмэш** щIыным гугъусыгъуу пыщIар зыхуэдизыр псоми ящIэ. Урыс поэзиер къапщтэмэ, къыпфIэщIынущ нэхъ зэдзэкIыгъуей дыдэр Маяковскэм и тхы-



10 Заказ №506

гъэхэр арауэ. Ари тынш дыдэкъым, атIэми, зыгуэрурэ къебгъэзэгъ мэхъу. Тэрмэшхэр нэхъ зэлIалIэр Есениныр арауэ жаIэ: и бзэр урысыбзэ дыдэщ, усэхэми «урысыпсэ» куэдыIуэ хэлъщ. Ар нэсу къаубыдыфыркъым нэгъуэщIыбзэм щIапIыкIа, «нэгъуэщIыпсэ» зыIут зэдзэкIакIуэхэм. Тэрмэш ящIар оригиналым пэIэщIэу къонэ. Хамэ тхыгъэр зи бзэ иралъхьэ лъэпкъ литературэм къыдекIуэкI хабзэхэри зыщIыпIи пхуэхьынукъым. Апхуэди зэи къэхъуакъым — зы бзэкIэ тха усэр, и «анэ къызэрилъхуам хуэдэу», нэгъуэщIыбзэ литературэм хэувэу, «ещхь» хъуамэ, ари куэд и уасэщ.

ИгъащIэкIэ оригиналым «ещхь» хъуну уи фIэщ пхуэмыщIхэр КIуащым и усэу урысыбзэкIэ зэрадзэкIхэрщ. «Ярэби, зэрамыдзэкIыхами нэхъыфIти» — жыпIэнущ, плъэмыкIыу. Нэхъ иужькIэ Лиснянская Иннэ зэлэжьахэр тIэкIу нэхъ «ещхь» хуэдэщ. Ауэ абыхэми КIуащым и поэзием и псэми, ипкъми ящыщу къахэнар мащIэщ. УрысыбзэкIэ зэдзэкIауэ щыIэм зэуэ укъызэдеплъмэ, нэхъыщхьэр яIэпоху. Рифмэ зэдэпIэнкIхэм я закъуэ яIэпыхур! Усэм и асур, и маер щIокI, ритмэ къэукъубеикIэр, узыIэпишэу абы хэлъ щэхур, усэм и шы лъэ макъым щIэт жьыр мэужьых, зэщIэжьыуэ жыIэгъуэхэм я щхъыщхъ макъыр, ахэр Iэпэзэрызешэу къыщызэдеуджэкIкIэ къагъэщI макъамэр мэкIуэд, шы кIуэрым и щIэкIуэсыкI зекIуэкIэм и гугъу умыщIыххэ. Шыр «кIуэру» щыщIэкIыр и лъакъуэ ижьитIыр, е сэмэгуитIыр зэгъусэу зэдидзмэщ. Лъэхъу-лъэущ пхъашэкIэ фIэкIа земыкIуэ шым тесыр цымамэу уанэгум къонэ, языныкъуэ тэрмэшхэми аращ къащыщIыр. Псори абыхэм ямылэжьэнкIи хъунщ. Адыгэбзэм и къэIукIэр нэгъуэщIыбзэм иплъхьэну тынш цIыкIукъым. КIуащым и псэлъэкIэр, и образ гъэпсыкIэр, метафорэ зэщIэпщIыпщIэхэр зэрыадыгэ IэщIагъэм хуэдабзэу щхьэ къамыгъэлъагъуэрэ — жыпIэни уи дзэр мэш.

Усэм и зэхэлъыкIэм и закъуэкъым, абы пкъырылъ гупсысэми хэщIыныгъэ егъуэт тхыгъэр нэгъуэщIыбзэ иригъэтIэсэну иужь щихьэкIэ. КIуащым и поэтикэр зэрыщыту, и бзэр зыми хуэмыдэжщ, егъэлеяуэ лъэпкъыбзэщ. «Пшынэр егъагъ» жыхуаIэу щытам хуэдэ пшынауэ и адыгэ къафэр нотэхэм илъхьэ, фортепьянэм къигъэкIи, адыгэ къафэу къыхэнэжым еплъыт. КIуащым и усэхэр урысыбзэкIэ щызэрадзэкIкIэ поэзием и мардэхэм хуэзышэ плъыфэхэр, абыхэм эмоциональнэ къару езытхэр кIэрощэщри, ущие гъущэм, рациональнэ гупсысэ пцIанэм и кIапэлъапэхэрщ къанэр. Природэм и теплъэ дахэ дыдэхэми аращ къащыщIыр.

ИкъукIэ гухэхъуэу КIуащым къигъэлъэгъуэфырт фIыщэу илъагъу и хэкум и щIэрэщIагъэр, природэмрэ цIыхумрэ яку дэлъ Iыхьлыгъэр, благъагъэр. Дымыщхьэхыу, дэдгъэхушхуэ щымыIэу, дыкъеджэнти хэкум и пщэдджыжьыр къызэралъхур нэIурыт дыдэу дэзыгъэлъагъу усэм:

*Дыхьэрэн хьэвэм нэхущыр*
*Лъы из лэгъупуэ къыхоплъ,*
*Махуэ къэушым и дыщэр*
*Нур дахэ куэдкIэ зэблоплъ.*
*Махуэ жейбащхъуэм зеузэщIыр,*
*КъыпыгуфIыкIыу зеужь.*
*Къурш махъшэ сыджхэм затIэщIыр,*

*Уэм дыгъэм хедзэр лъэужь...*
*... Данагъуэ сокур иудэу*
*Дыгъэ джэрэзыр къыкъуоплъ...*
*... Іэхъуэ жьакІагъуэм бгы джабэм*
*Иныжь — ныбжь къуаншэр иредз,*
*Уэх жьауэ дыгъэр зи гуапэм*
*Пшащхъуэ шхыІэныр тредз.*
*... ЕджакІуэ цІыкІухэм уэзджынэм*
*И макъкІэ щІадзэ еджэн,*
*Къэбэрдей махуэр и пшынэм*
*Апхуэдэу хуожьэ еуэн.*

Дахэщ, екІущ КІуащым и **пейзаж лирикэр.** Дуней псом щынэхъ уардэхэм яхэбгъэувэми, узытемыукІытыхьын сатырхэри гъунэжщ. ЩІыгумрэ уэгумрэ я зэхуакум щыхэлъэт нэхубэхэр дыщэ зэрылэу къыщызэщІоблэ абыхэм. УсакІуэр иужь ихьэмэ, уафэхъуэпскІым и къудамэхэри къалэмыпэкІэ къыиубыдыфыну гукъэкІ къуат. ЩІым и бгъущІэм щыукъубей тенджызым, псы ежэхххэм я толъкъунхэм, гуэл щхъуантІэхэм я щхьэфэм уафэр щытеублэракІэкІэ, мазэри вагъуэхэри зи лъабжьэм къыщыпщІыпщІ «гъуджэр»-щэ? Пщэдджыжь пшэплъым и нурыр алэрыбгъуу псы щхьэфэм щызэІузыщэм и къарур, дауи, инщ, Есениным зы сатыр закъуэкІэ уи нэгум къыщІегъэпсэф а нурыр:

*Выткался на озере алый свет зари...*

Жэщ бзыгъэм тенджызым щхьэщыс мазэр псым къызэрыхэпсэм абы нэху уагъэ кусэ хидыкІыу, уафэ джабэм нурыбэ лъагъуэ дрищІейуэ къыпфІегъэщІ, «лунная дорожка» жаІэ абы щхьэкІэ урысхэм. Абы нэхъри, пщэдджыжь пшэплъым и «алэрыбгъум» нэхъри нэхъ фагъуэкъым дыгъэ къухьэр Индыл и псы губгъуэм зэриджэгухьым адыгэ усакІуэм и гум щызэщІиблэ теплъэгъуэр:

*Дыгъэ нэпсым, дыжьын бынжэу,*
*Уи сэтейр ешыхь...*

Лирик хьэлэмэтыщэу зиузэщІыну къыпэщытт КІуащым. Хунэсакъым, бетэмал! Уигу къемыуэу къанэркъым: усакІуэм и талант абрагъуэр «литературэшхуэм» пэжыжьэ темэхэм тригъэкІуадэу куэдрэ екІуэкІащ. Абыхэм яхохьэ «газет усэкІэ» зэджэхэм хуэдэ тхыгъэ къомри, «зы махуэ и усэ» жаІэу теІукІа щхьэкІэ (газетыр къыщыдэкІа махуэм пыщІа Іуэхугъуэ гуэрым зэрытеухуам къыхэкІыу), поэзием и хъуаскІэр къызыпыщэщ къалэмыпэ къыщІэкІащи, ахэри усыгъэм и жьэгур зымыгъэужьых дэп пщтырхэщ, зэманым и Іэужь-лъэужьхэр тхыдэм хэгъуэщэжыным щызыхъумэ литературэ нагъыщэхэщ. ЖытІар псом япэу зэхьэлІапхъэр дуней Іуэху щытыкІэхэм пэджэж усэхэрщ. Патриот нэсым, хэкулІым и гупсысэкІэщ абыхэмкІэ КІуащым къигъэлъагъуэр. Ари поэзие публицистикэм и хабзэ нэхъыфІ дыдэхэм тету, фельетон, памфлет, сатирэ лІэужьыгъуэхэр къыхыхьэу. Къэтщтэнщ «ТекІуащ ди насыпыр» зыфІищар. ГушыІэ хэплъхьэнкІэ Іэмал зимыІэ Іуэхущ

насыпу къилъытэр. Абы къикI псор зэпэплъытын щхьэкIэ а зэманым Iуэхур зыIутам иджыри зэ уриплъэжын хуейщ. США-м атом Iэщэ яIэти, дуней псор кIэзызу яIыгът, Совет Союзри хэту, я мурадт абыкIэ псори ягъэшынэу, псори лъэгуажьэмыщхьэу ягъэувыну. Ди цIыхухэри, фIы зигу илъу дунейм тет псори гузэвэгъуэм хадзат. КъухьэпIэ пропагандэм игъэIуртт СССР-м атом бомбэ имыIэу, щIэхыуи ар хуэмыщIыну, езыхэм ягу къыщихьэм деж я бомбэр къытхадзэну. Абы къригIуэнур ягъэлъагъуакIэт Японием и къалэхэу Хиросимэрэ Нагасакирэ иращIамкIэ. Уигу фIы щыщIэнт апхуэдэ щытыкIэ уихуауэ! Ауэрэ зыри зыпэмыплъа къэхъуащ: 1949 гъэм СССР-м атом бомбэ щагъэунэхуащ, дэри диIэ хъуащ Iэщэ шынагъуэр. «Российм щыуауэ жаIэр атом», // Гузавэу Трумэн къэпсэлъащ...»

Трумэныр Америкэм и президентырт.

Пэж жыпIэмэ, IурыIэбэпIэншэ Iэщэм зэрызиубгъум зыри фIыуэ хэлътэкъым. Ноби ар къонэ дуней псор гупсысэ хэзымыгъэкI бэлыхьлажьэу. Ауэ а зэманым СССР-м хэкIыпэу иIэр, пэж дыдэу «атом Iэщэр зыгъэдалъэхэр» къызэрыжьэдикъуэну щыIэр — а зы Iэмалырт. Аращ зи фIыщIэр СССР-мрэ абы къыпэщIэту щыта къэралхэмрэ Iэщэу яIэмкIэ зэпэшачэ, зэхуэдэ (паритет) хъуныр, атом (ядернэ) зауэм зыхуэгъэхьэзырыныр къызэтезыгъэувыIар, нобэр къыздэсми мамырыгъэ щытыкIэр зэтезыIыгъэр. Абы нэхъ насыпышхуи ди зэманым щыIэкъым. ЦIыху псоми, народ псоми я насыпыр текIуати арат усакIуэр щIэгуфIар. Трумэн сымэ я «атом щэхур къэлъэлъащ // ДимыIэу жаIэхэрт — щыуащ» — апхуэдэурэ тIэкIу (яхуэфащэу!) ящIэнакIэ щхьэкIэ, и Iэхэр зэригъэIуэтрэ и ныбафэм дилъэжрэ, щIэдыхьэшхыкIыжым ещхькъым усакIуэр. Къэрал Iуэху и пщэ зэрыдилъхьэжар къыгуроIуэжри, атом Iэщэр диIэ хъуа закъуэ жытIэу, ар дгъэдалъэу дыщысыну дигу зэримылъыр, ар мамырыгъэм и «плъыр сэлэт» зэрытхуэхъунур, езы атомым и къару лъэщри мамыр псэукIэм къыщыдгъэсэбэпыну дызэримурадыр къыхегъэбелджылыкI:

*Къаруухэ иIэр атом Iэщэм —*
*(Ди гугъэр нэкIэ дэ тлъагъунщ)*
*ЩIэтщIэфуэ выуэ гум, пхъэIэщэм,*
*Мылъкубэ дищIуэ къару тщIынщ...*

Псори апхуэдэу къыщIэкIащ, нэкIэ тлъэгъуащ, нэхъ лъапIэ дыдэр аращи — илъэс 70-м щIигъуащи къэралышхуэхэм я кум зауэшхуэ къыдэмыхъуауэ допсэу. КIуащыр апхуэдизу зыщыгуфIыкIа «мамырыгъэм и гъуэгу зыхъумэ плъыр сэлэтыми» и фIыщIэшхуи абы хэлъщ.

Абдеж щыбух хъунт «ТекIуащ ди насып» усэм и едзыгъуэр. Ауэ щIэуэ зыри къэхъуркъым, зэ къэхъуам къытрегъэзэж жыхуаIэр пэж дыдэу къыщIэкIынущ. Иджы къызытригъэзэжар КIуащым «димыIэу жаIэхэрт, щыуащ...» жыхуиIарщ. Абы ещхь дыдэ къригIуащ 2015 гъэм и бжьыхьэм Урысейм и космос-хьэуа къарухэр Сирием щекIуэкI зауэм зэрыхыхьам. Ди къэралым и жагъуэгъухэм ягъэIур — ди дзэхэм зыри яхузэфIэмыкIыжыну, Урысейр нэгъуэщIым и зауэ хэтын дэнэ къэна, и щхьэ зэрихъумэжын

къару имыIэу, къуэкIыпIэм зыхуигъэщхъын нэхъ къыхуэмынэжу жыхуаIэр — пцIы зэфэзэщу къыщIэкIащ. Иджырей дыдэ Iэщэ мыубзэщхъухэр, дэни нэсыфыну ракетэхэр, дэни лъэтэфыну кхъухьлъатэхэр, ахэр зыгъэIурыщIэф летчик Iэзэ дыдэхэр зэрыдиIэр псоми я нэгу щIэкIащ, псори абы къигъэуIэбжьащ, жагъуэгъухэр зригъэплъыжащ. Дуней унафэр езыхэм я закъуэ ящIыным хущIэкъу къарухэр «Российм щыуа атомым» зэрыригъэкIуэтыжар КIуащ БетIал зыхуихьа образыр «мамырыгъэм и сэлэтырт». Ар иджыри и постым щытщ. Си щхьэкIэ нэхъ къэсщтэнут ди къэралыр зауэ утыку нобэкIэ имыхьамэ. Ауэ сыт пщIэн — СССР-м атом бомбэ ищIын хуей щIэхъуари апхуэдэ зыгуэрт. Иджыри илъэс куэдкIэ зауэшхуэ къэмыхъуну, къыттегушхуэ къыкъуэкIыу бэлыхь дыхимыдзэну гугъэ щыIэ хъуащи, Тхьэм и шыкурщ!

Зэрытлъагъущи, пщIэнукъым «газет усэми» узэрыхуеижын, ар Iуэхушхуэхэм темэкIэ пыщIамэ, езым и тхыкIэкIи мыулъиймэ, мыупсапсэмэ.

* * *

Дыхуей-дыхуэмейми, щхьэхуэу дытепсэлъыхьыпхъэщ КIуащым диным теухуауэ итхахэм.

Къэралми обществэми диным хуаIэ щытыкIэм хуабжьу зыщихъуэжа мы зэманым гугъу дыдэ хъунт диным щIэнакIэу совет усакIуэ-атеистхэм ятхахэм пщIэ хуащIыным цIыхухэр хуебджэну. Нобэ хьэжыщI кIуэ-къэкIуэжу Iут ди хэкуэгъухэми КIуащым и тхыгъэхэу «КэбакIуэхэр», «Мадинэ», нэгъуэщIхэри зэхыумыгъэхмэ нэхъыфIынкIи хъунщ. Ауэ поэзиер зищIысыр къызыгурыIуэм ахэр хьэрэм пхуегъэщIынукъым. Литературэ къабзэм и лъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ, талантышхуэ IэщIагъэщ. Апхуэдэ тхыгъэхэр занщIэу къатщтэу ди поэзием щIыхэддзыни щыIэкъым. Мыхэр дин литературэкъым, «светскэ» литературэщ. Апхуэдэущ зэрыбгъэдыхьэн хуейри. Диным уи нэр къыщипхъуэныр, фанатизмэр яфIэмыдурыс щхьэкIэ, псори цIыхугъэм къыщхьэщыж, цIыху цIыкIум лей къытехьэныр зымыдэ тхыгъэхэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ КъурIэным е чытапым пэщIэувэркъым, абыхэм къызыхураджэр аращ усакIуэм и гъуазэри: пэжыгъэ, гущIэгъу, зылъэмыкIыр хэутэн ящIыныр мыдэн, тхьэмыщкIэм дэIэпыкъун, нэгъуэщIу жыпIэмэ, псапэ щIэным цIыхур хуэгъэушын. Езы КIуащ БетIал апхуэдэу дунейм зэрытетам, цIыху хьэлэлу, гущIэгъулыуэ, къыхуэныкъуэ хъуа дэтхэнэми къыщхьэщыжу зэрыпсэуам и хъыбар куэдыкIейщ. Апхуэдэу къимыгъэщIамэ, апхуэдэуи дунейм темытмэ, зыми усакIуэ (поэт) къыхэкIынукъым. Пастернак Борис зыгуэрым щхьэкIэ жиIауэ яIуэтэж: «Ар дауэ поэт хъун, апхуэдизу цIыху Iейр?»

Иджы ар зыщIэжыр мащIэщ: Агитпропым (агитацэмрэ пропагандэмрэ унафэ хуэзыщI парт органым) нэхъ щигуащIэгъуэ дыдэми мыпхуэдэ Iуэху еплъыкIэ щыIащ: «атеистымрэ» «безбожникымрэ» зыкъым. ИкIи пэжщ. Диныр зымыдэ пропагандэу СССР-м щекIуэкIар «научнэ атеизм» жыхуиIэрщ, щIэныгъэр зи лъабжьэ Iуэху еплъыкIэщ. «Алыхь щыIэкъым» жаIэу утыку итахэр политикэм зи акъыл зэблишахэрщ. Куэдым къащыхъуу щытащ диныр, тхьэр я фIэщ хъуныр зыханэныр цIыхухэм я дежкIэ щхьэпэу, цIыхум и

псэр хуит, утIыпща зыдэхъур, и щхьэ унафэ хуищIыжыфу езыгъэсэнур атеизм тэмэмыр арауэ. ДыщыуэнкIи хъунщ, ауэ къытфIощI мис а мэсхьэбым итауэ КIуащым хуэдэхэр. Я лъэпкъ мащIэм дежкIи ар нэхъ тэмэму къалъытэ хъунт абыхэм. Муслъымэн диным и фарзхэмрэ адыгэ хабзэхэмрэ зэхэгъэкIыным фIы хэзылъагъуэхэр абы щыгъуи щыIащ.

Совет властым нэхъ къалэн нэхъыщхьэ дыдэу игъэувахэм ящыщт лъэпкъ мащIэхэм щIэныгъэ етыныр, абыкIэ ахэр адрей лъэпкъхэм, щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ нэхъ зызыужьахэм, ялъэщIэгъэхьэжыныр. Лъэпкъхэм я зэран гуэрхэри къыдэкIуащ а политикэм. Арыншауи хъуну къыщIэкIынутэкъым, тхыдэм зэрищIэжрэ зы къэрали, зы парти, зы правительстви кърихьэжьатэкъым абы хуэдэ Iуэху. Псори къызэрыкIаращи, динымрэ щIэныгъэмрэ я кум сыт щыгъуи зэпэщIэувэныгъэ дэлъу къокIуэкI. Советхэм я политикэр IуэхущIэм, иджыри къэс зыми имыгъэунэхуам, тещIыхьати, щыуагъэ, егъэлеиныгъэ абы къызэрыдэкIуар тхыдэм и зыужьыкIэм щыщ гуэрщ, гуэныхь зыпылъым хейуэ зыри хэкIын хуэмейми. Зэи къэмыхъуам хыхьэрт щIэныгъэм и бжэр псом япэу зыхузэIуахыр: нэхъапэм ар пщы-уэркъхэм, лIакъуэлIэшхэм я бынхэр арауэ щытамэ, иджы лэжьакIуэжьхэм къахэкIахэрт. А псори къайгъэ къимыкIыу зыхуэгъэхъугъуафIэ хъунт? Хъуакъым. Абы и лъэныкъуэкIэ щIэныгъэ Iуэхур зытеувар тхыдэм и гъуэгущIэмэ, езы дунеижьым хуэдэу, жьы хъужа гуэрхэри хэлът — динымрэ щIэныгъэмрэ, властымрэ динымрэ я зэхущытыкIэхэр. БлэкIам и пэжыр зэблэшыныр уи гукъеуэу, ди лъэпкъхэм я къэкIуэнум уригузавэу щытмэ, тэмэму пхужыIэнкъым диным и тхыдэр, псом хуэмыдэу совет лъэхъэнэм хиубыдэр, зэхьэкIауэ щIалэгъуалэм и пащхьэм зэрыралъхьэр. Абы зэрану къиишэр езым я къэралым и тхыдэр Iумпэм ящIу, абы елъэпэуэну хьэзырхэу щIэблэр къызэрыдэкIуэтейм и закъуэкъым. Литературэ и лъэныкъуэкIэ хьэлэмэтыщэ тхыгъэхэр, къапщтэмэ, КIуащым и поэмэ «КэбакIуэхэм» хуэдэхэр, гъэпудынри абы къешэ.

Иджы идеологиер зи IэгущIэлъ хъуахэм къыдрагъэжей пэтми яхуэмыухращи, фIыуэ зэрылъэгъуакъым муслъымэн динымрэ совет властымрэ (граждан зауэм «шэрихьэтистхэр» зэрыхэта щIыкIэр зыми емыщхь, «типичнэу» щымыт гуэрщи, и гугъу тщIыркъым). Мыдрейуэ — псори пэжщ: зэхэзехуэн ящIащ диныр, динырылажьэ куэди ягъэкIуэдащ, яукIащ, мэжджытхэри зэхуащIащ. Ауэ зэхэгъэкIын, зэщхьэщыдзын хуей хэлъщ а пэжми. Социальнэ тхыдэм и пщалъэхэмкIэ бгъэдыхьэн хуейщ псоми. Репрессие удынхэр япэу зытехуар къэралыщIэм кърихьэжьа Iуэхухэм пэщIэувэхэрщ, советхэм я бийуэ лэжыгъэ езыгъэкIуэкI, цIыхухэр зыгъэжакъуэ дин лэжьакIуэхэрщ. Сыт хуэдэ удын лейри бгъэзэхуэнкIэ Iэмал зимыIэщ. ИтIани зыгуэр къызыгурыIуэм имыщIэнкIэ хъунукъым: дунейм зы къэрали тетакъым абы къыпэщIэувэм и щхьэфэм Iэ дилъэу. («Афэрым, афэрым, сыту фIыт, ярэби...»). Лъэхъэнэр пыIэзэфIэхьт езыр. Граждан зауэр иухауэ ялъытэ щхьэкIэ, ар кIэ зимыIэж гуэрт. Диныр къэралым къыгуахщ, жылагъуэ Iуэхухэми къыхагъэкIри, щхьэж и щхьэ Iуэхуу ягъэуват. Адыгэм зэрыжиIэщи, «имыIуэху зэримыхуэу», и унагъуэ исыжу, КъурIэн еджэ, нэмэз ищI щхьэкIэ зыми ар паубыдакъым, кIуэ, парт сытхэм хэмытмэ.

1920—30 гъэхэм нэхъ ткIиящ псори. Хэку зауэшхуэм и зэманым, абы иужькIэ нэхъыфIыIуэ хъужат. Сэ фIыуэ сощIэж ди хьэблэ лIыжьхэр, ефэндыхэр. Зыми зыри абыхэм ящыщу «нэмэзлыкъым къытрилъэфакъым», зыми зыри игъэтIысакъым икIи иукIакъым.

Динырылажьэхэр ягъэтIысынри, яукIынри большевикхэм къаубла хуэдэу ягъэвуурэ, цIыхухэм я щхьэр яудэгуащ, тхыдэм хамыщIыкIIауэ къагъэнащ. Нэхъ зызыгъэцивилизованнэ Европэм и тхыдэм лъыкъуалэр къыпоткIу къэрал унафэщIхэм, диным и пашэхэм, щIэныгъэ пэрыт зыдалъэгъуахэм лейуэ ирахар иджыри къэс мыгъуауэ. Нэхъри нэхъ жыжьэж, тхыдэм и пхащIэм, уIэбэ хъунущ, ауэ Сократ деж къыщыщIэддзэнщ. «ЩIалэгъуалэр егъэсэхъу» жаIэри, философхэм я тхьэмадэр щхъухьkIэ ягъэлIэну унафэ ящIат. Тетхэр зэлъэIу тхьэхэр къримыдзэжу трагъэIукIати. Сократ къикIуэтакъым, щхъуэ зыхэлъ фалъэр езым и IэхэмкIэ иIэтри ирифащ... ЩIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъхэу, акъылрэ талантkIэ Тхьэр зыхуэупсахэу Джордано Бруно, Ян Гус, нэгъуэщI куэди инквизицэ судым и унафэкIэ зэрыпсэууэ ягъэсащ; еджагъэшхуэхэу Николай Коперник, Галилео Галилей, Фрэнсис Бэкон, усакIуэ ин дыдэхэу Алигьери Данте, Торквато Тассо, нэгъуэщI Iэджэми я дунейр мыгъуэу ирагъэхьащ. Инквизицэр римско-католическэ члисэм и унафэкIэ къызэрагъэпэщат 1189 гъэм, 1835 гъэм нэс, илъэс 600-м щIигъукIэ, лэжьащ. Псом хуэмыдэу щыетат Испанием. Мыбы 1480-1499 гъэхэм судыщIэу щыIа Торквемадэ Томас жыхуаIэм и унафэкIэ цIыху мини 10-м щIигъу мафIэм пэрадзэурэ щагъэсат. Псори зэхэту инквизицэм зи псэ игъэнахэм я бжыгъэр цIыху мелуан 12-м нэсауэ къалъытэ.



Урыс православие диным и судыщIэхэр куэдкIэ нэхъ гущIэгъулыхэтэкъым. Езыхэм я дин зехьэкIэр къэзымыщтэм щысхьырабгъу хуаIакъым. Дин зэмылIэужьыгъуэхэр зэпэщIэувэным мащIэ ихьакъым. Аввакум протопопыр икIи тхакIуэ Iэзэр, «дэ жытIэм къыдежьукъым» жаIэри, адрей попхэм Iуэху ящIат. Хьэпс мащэ куум илъэс куэдкIэ щаIыгъащ, иужькIэ пхъэ унэ цIыкIум щIаубыдэри, абы щIагъэсхьащ. Аввакум и лъэужьыр зыIыгъхэр — «старообрядцы» жыхуаIэхэр — нобэр къыздэсым зэхэзехуэн ящIу къокIуэкI. Ди зэманми щыIэщ абыхэм ящыщу Сыбырым, мэз Iувым хэс къуажэ цIыкIухэм, гъэпщкIуауэ щыпсэухэр. Я диныр яхъумэн щхьэкIэ Урысейм нэхъыбэу цIыху щыкIуэдар Владимир пщым и унафэкIэ православием щихьам щыгъуэщ («Крещение Руси» жаIэу ягъэлъапIэрщ). Мин бжыгъэкIэ къабж динырщIэр залымыгъэкIэ къыщрагъащтэм ар ямыдэу зыкъезыгъэукIахэр.

Урыс пащтыхьхэмрэ православие диным и пашэхэмрэ (митрополитхэр, патриархххэр) щызэгурымыIуэм деж къэхъуа зэныкъуэкъухэр-щэ? Иван Грознэм Филарет патриархыр къыпэпсэлъэж щыхъум, куэдрэ елIэлIакъым — и щхьэр залымыгъэкIэ иригъэупсри, монахыу монастырым щIиубыдащ. Петр I абыхэми хэтакъым — Патриархатыр зэхуищIащ. ГъэщIэгъуэнщ: ар къызэIузыхыжар большевикхэрщ, 1918 гъэм, Ленинымрэ и унафэкIэ.

Муслъымэн диным зэи игъэгъуакъым, щIэныгъэм пыщIахэм КъурIэным итым темыхуэу ауэ зы псалъэ къажьэдэлъэтамэ. Абы и щапхъэу урикъунщ джадидхэм («новометоднэ егъэджэкIэ» жыхуаIэр къезыгъэжьахэрщ) лейуэ кIэлъызэрахьар. Джадид

узэщIакIуэхэм къыхалъхьар лъэпкъри хэкури зыхуэныкъуэ дыдэт: мыдрисэхэм, дин Iуэхухэм нэмыщI, «светскэ предметхэр», анэдэлъхубзэр, тхыдэр, географиер, арифметикэр щегъэджыныр. Абыхэм япэжкIэ апхуэдэ гукъэкI ищIат адыгэбзэм япэ алфавит, грамматикэ хузэхэзылъхьауэ ялъытэ ШэрэлIокъуэ Наутокъу. Абы и тхыгъэ псори игъэсыжат, дин лэжьакIуэхэм «Алыхьым деж нэмысын елэжь» жаIэри Iуэху ящIати. Псэууэ хьэдрыхэ щIахуам хуэдэт Цагъуэ Нурий. Сократ кIэралъхьа дыдэр («ЩIалэгъуалэр егъэсэхъу») паубыдри Бахъсэн еджапIэм къыIуахуат. ИужькIи зы махуэ тыншу ягъэпсэуакъым, хьэрып хьэрфхэм къытращIыкIа алыфбеймкIэ адыгэбзэр цIыхухэм зэрыригъэджым щхьэкIэ: «Тхьэм и пащхьэм къикIа фIыцIагъэм ироджэгу». Ар жызыIэхэм ящIэртэкъым, ящIэми, муслъымэн фанатикхэр къызэщIагъэстынут абыкIи, ябзыщIырт а хьэрфхэмкIэ усэхэр, романхэр зэратхыр, газетхэр зэрытрадзэр.

Иджы куэдым ягу къамыгъэкIыжмэ нэхъ къащтэ цIыхухэм щIэныгъэ етыныр советхэм ткIийуэ щагъэувам, молэхэр, нэгъуэщIхэу диным итхьэкъуахэр абы ерыщу зэрыпэщIэувар. ЕгъэджакIуэхэм хьэгъэщагъэ кIэлъызэрахьэрт, сабийхэр, псом хуэмыдэу хъыджэбз цIыкIухэр, школым кIуэуэ ядэртэкъым. Налшык школ-интернат къыщыщызэIуахам «Ди сабийхэр яукIыу, бочкэкIэ ягъэфIэIуу, Китайм ирагъэшэну арaщ, абы цIыхул яшхри» жаIэри жылэм хэз ящIат.



Советхэм щIэныгъэ Iуэхур зэраукъуэдия щIыкIэм нэхъри къигъэубэлэцат щIэныгъэмрэ динымрэ яку дэлъу къэгъуэгурыкIуэ зэпэщIэтыныгъэр. Ар хэпщIыкIыу нэхъ щыгуащIэт лъэпкъ мащIэхэм я деж. Апхуэдэу щымытамэ нэхъыфIт, ауэ хэдэн хуей хъурт: сыт нэхъапэр — диныра, хьэмэ щIэныгъэр ара? БгъэщIэгъуэну зыри хэлъкъым ЩоджэнцIыкIу Алий, КIуащ БетIал хуэдэхэм лъэпкъыр нэхъ зыхуэныкъуэр щIэныгъэр арауэ къызэралъытам, ахэр зи Iызын щIэт Агитпропым а зэманым лъэкIыныгъэу иIамрэ ткIиягъэу хэлъамрэ фIэмылIыкI щыIамэ, зыгуэрым ищIэжынт. Залымыгъэр щыхуабжьт культурэми, щIэныгъэ хабзэхэми. Лъэпкъ интеллигентхэм, нобэ зэрыжаIэм хуэдэу жытIэнщи, элитэм, ягу трагъахуэрт а политикэр — я нэхъыбапIэм тхэкIи еджэкIи ямыщIэу къэгъуэгурыкIуа я лъэпкъэгъухэр иджы щIэныгъэм и щыгу лъагэм зэрынэсым и хьэтыркIэ.

Къэралышхуэм щхьэкIэ сыт ищIэми илэжьми, езым и лъэпкъ тIэкIум фIыгъуэ къыхуилъыхъуэр зэхамыщIыкIмэ жери, абы иригулэзт КIуащ БетIал:

*ДыгъэфI махуи, жэщ мазэгъуи*
*Сызыщышынэр зыщ:*
*«ИщIэгъа щыIакъым щIагъуи,*
*ЛIащ, дыхуэарэзыщ», —*
*СхужыпIэнырщ, си лъэпкъ мащIэ...*

Диным пыщIахэм нэмыщIу, адрей тхыгъэхэми дахэплъэжмэ, долъагъу: усакIуэр тхьэншэкъым, джауркъым, езым и Тхьэ иIэжщ — Пэжыгъэр, ГущIэгъур, ЦIыхугъэр, Адыгагъэр... Ахэр абы и

Iиманым, и диным я псевдонимщ. Аращ абы игъэлъапIэр, щхьэщэ зыхуищIыр.

* * *

Сыт, жыIэт, нэгъуэщI емышу игъэлъапIэр?

Зыми пимыщI **и хэкурщ.** «Уэр мыхъуам сыбгъэ дамэншэт» усэм куэд хужаIащи, абы тедгъэзэжынкъым. КIуащым и политикэ лирикэм мы темэр къызэрыщыкIуэм и лъэныкъуэ щхьэхуэхэм нэхъ дыкIэлъыплъынт.

Иджыри зэ къыхэдмыгъэщу хъунукъым: зэманыфI хуэзатэкъым КIуащым и творчествэм нэхъ зыкъыщитIэта илъэсхэр. «Зауэ щIыIэм» дунейр зэпэщIэт, зэныкъуэкъу лъэныкъуитIу игуэшати, поэзиер я кум дэкIуадэрт. КIуащми аращ къыщыщIыр — езым и лъэныкъуэр езым и хэкуращи, ар сыт щыгъуи дахэу, щIэращIэу, ефIакIуэу къигъэлъэгъуэн хуейщ, адрей лъэныкъуэр (западыр) капитализмэм и дунейрщ, усэхэм тепщIыхьмэ, ар, дауи, кIуэцIрыхуа гуэрщ, къэкIуэн зимыIэщ, хьэбыршыбыр лъапсэщ, гуемыIуу «КъухьэпIэжь» фIищащи, уигу щIыкIэрыпщIэн лъэпкъ абы дилъагъуэркъым.

Къызыхихыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым — «хэку» псалъэ нэхъ дызэсам, поэзиеми нэхъ къыхэщым, и пIэкIэ КIуащым нэхъ къигъэсэбэпыр «лъахэ» псалъэрщ. Ахэр псалъэ-синонимхэщ, арами, «хэку»-м нэхъыбэ къиубыду къытфIощI. УщIызэдэуэн хэлъкъым — усакIуэр зэрыхуитщ.

*Сыт къэхъугъэм ищIа псом нэхъ дахэр,*
*ЖиIэу хэти сэ къызэупщIам,*
*Стынщ жэуап, хэдэншэу зыми: — Лъахэрщ!*
*Хьэкъ щырехъу ар япэм зымыщIам.*

Мыр хэхауэ абы хуитха, «Си лъахэр» жиIэу псалъащхьи зрита усэщ, абыи, нэгъуэщI тхыгъэу Лъахэм хуиIэ лъагъуныгъэр къызыхэщхэми щыгъуазэ зызыщIам «хьэкъ щымыхъуу» къэнэнкъым Лъахэр гущIагъщIэлъ нэхъ лъапIэ дыдэу усакIуэм зэригъафIэр. НэгъуэщI щIыналъэ зыщIыпIи щыIэкъым Лъахэм ебгъэпщэну, абы и удз гъэгъахэри псэм нэхъ и щIасэщ, дыгъэ бзийри щынэхъ уэрщ, ищIри щIыуэ щыIэм я нэхъ пшэрщ, и бгы Iэтахэри щIым и тахътэщ, пшэплъри щынэхъ дыхьэрэнщ мыбы, вагъуэхэри щынэхъ гуэрэнщ... Дахагъэм и закъуэ сытми Лъахэр усакIуэм и напщIэтелъ зыщIыр? Лъахэр абы дежкIэ и къэрал инырщ, хэкум и текIуэныгъэхэрщ, и цIыхухэрщ, и лъэщагъ мыкIуэщIырщ, и культурэри, политикэри хэтыжу. Апхуэдэ лъахэрщ усакIуэр икъраркIэ зыбгъэдэувэри: «... Узгъэплъакъуэм, сыщI хьэрэм, сыукI!» «Лъахэр» дуней псом и джэлэсщ, «Вселенная» хъужым и центрщ. Нартхэм тхьэхэм я тIысыпIэ пэлъытэу ягъэлъапIэ зы Iуащхьэшхуэ, (Хьэрэмэ Iуащхьэркъым — нэгъуэщIщ). Ар итщ «щIы хъуреишхуэм нэхъ зыщиIэтым ику дыдэм, ипщи ищхъэри щызэлъэIэсым». Апхуэдэ гуэрщ усакIуэм и «Лъахэри».

«КъухьэпIэжьым» географие тэмэм иIэкъым, абстрактнэ гурыIуэныгъэщ, «Лъахэм» нэмыщI нэгъуэщI дунейрщ. Мыбыи

«псалъэм къыдэкIуэу» адрей тхыгъэхэм щрипэсам нэмыщI, усэ щхьэхуэ хухех КIуащым. Усэм и сатыр нэхъыфIхэр ди «хэку къабзэм», зэнзэныпсу щIыхьым итхьэщIауэ, бийр щыхагъэщIа «КъухьэпIэм» къикIыжа ди сэлэтхэм я пагагъэм, я нэмысым, я хэкум папщIэ яхэлъ гушхуэныгъэм теухуащ. Мыр «Зауэр еух» усэм и гъусэу зэпкърыхыпхъэщ. Лирическэ геройм игу къэмыкIыжу къанэркъым, дэтхэнэми хуэдэу, и щIалэгъуэм ар щIэхъуэпсу зэрыщытар дуней зригъэлъагъуну, хэгъуэгу жыжьэхэм и лъэр нихусыну, Европэ къалэхэм я дахагъэм, я зэхэтыкIэм хъыбару яIэм дихьэхырти. КъэпцIауэ зелъытэж:

*Сихьэхуакъым сэ уи фэрыщI хабзэм,*
*КъухьэпIэжь, услъагъури сигу хэщIащ...*

КъухьэпIэм зэрыщыгугъыу щытамрэ ар къызэрыщIэкIамрэ зэхуакуу яIэр, абы и пщэдейр зыхилъагъуэр «антиутопие» тхыгъэ лIэужьыгъуэхэм я кIапэлъапэ тохьэ. Щатха зэманым и политикэм къелъху усэм хэлъ схематизмэр, гротесскхэр, памфлет егъэлеиныгъэхэр. УсакIуэм и нэм нэхъ къыфIэнэр масс-культурэм и хуэмэбжьымэхэрщ, щыкIа хьэбыршыбырхэм я дуней тетыкIэрщ. Дауи, уэри уи хэкум и патриоту ущыщыткIэ, псалъэ гуащIэхэм, «лIы и псалъэ» жыхуэпIэнухэм, уамыгъэгушхуэу, укъызэщIамыIэтэу къанэркъым, казинохэм, бархэм «нэкIэ щыджэгу къэхыпэхэм» зигу пэжыр ямыхьэхуфа адыгэ щIалэм пщIэшхуэ хуэфащэщ, ахъшэ мыхъумэ, напи тупи зимыIэжхэм ди хабзэхэр щапигъэувкIэ ухуэарэзыщ. («Лъагъуныгъэр марккIэ кабарехэм // Къыщытщэхукъым, пщащэм и нэмыс // Улъияуэ ядэркъым дэдейхэм, // ИлI гъуэлъыпIэ хейуэ щынэмыс»...). ИтIани псори зэуэ хьэм иримыгъэхьамэ нэхъыфIт. КъухьэпIэр, дауи щрети, культурэ лъагэм, демократием, щIэныгъэ зызыужьам, техникэ прогрессым, цIыху гъэсахэм, законым тет къэралхэм я хэкущ. Щапхъэ къызытехыпхъэ я куэдщ. «Пщащэм и нэмыс» щыулъийри а лъэныкъуэм и закъуэтэмэ, Iэджэ и уасэти!



Бархэм, зэрыгурыIуэгъуэщи, къыщыIур Бетховен и симфониекъым. ЕфапIэ-ешхапIэхэм я «репертуарыр» щхьэхуэщ. КIуащым и усэхэм я ритмэм, интонацием джаз музыкэм и къэIукIэм, и псынщIагъым щыщ гуэр хэлъу, езыми апхуэдэ макъамэхэр и мыхьэрэму зэ шэч тщIат. Мы усэм джазым щхьэкIэ щыжиIэмрэ хуигъэфащэ егъэпщэныгъэ мыдахэмрэ пропагандэм хуэлIыщIэным къыхэкIауэ, е рифмэм и хьэтыркIэ (джаз-баз) къыIэщIэтхыхьауэ армырауэ пIэрэ? Рифмэр хъарзынэ щхьэкIэ, егъэпщэныгъэр КIуащым хуэдэ усакIуэм дежкIэ къекIущэу, абы ар литературэ Iэзагъ и лъэныкъуэкIэ дэбжьыфIэу пхужыIэнкъым, зэгъунэгъу физитI зэфIэнамэ, зэрапэсхэм абы нэхърэ IэджэкIэ нэхъ псалъэ шэрыуэ къыхэхуэнкIэ хъунущ. Усэм пропагандэ къалэныр нэхъ гъэзэщIа щыхъуат. ГъэщIэгъуэнращи, 1948 гъэм итхар къыщытрадзар езыр дунейм ехыжа нэужьщ. Ар къызыхэкIар Тхьэм ещIэ. Апхуэдэу «КъухьэпIэр» изыкъухь тхыгъэр а зэманым газетхэми, журналхэми занщIэу япхъуатэрт.

Пропагандэм «хуэлIыщIэныр» абы щыгъуэ зыми пщхьэщихынутэкъым, ауэ усэри, ди гугъэмкIэ, мызэ-мытIэу къыхэд-

гъэщам тохьэж: езы усакIуэм акъыл гъущэкIэ сыт хуэдэ рациональнэ къалэн зыхуимыгъэувыжми, поэзием и къэхъукIэм, и эмоциональнэ зэхэлъыкIэм фэрыщIагъэр зыкIэредз, жэм лъхуам щIэжьейр зыкIуэцIылъа бзаджэр зэрызыкIэридзым хуэдэу. Пэжыр мыбзыщIын къалэныр езы поэзием пщэрылъу къещтэ, цIыхухэм абыкIэ уащIыщыгугъыщэн щымыIэу ди Щхьэщыгу итым къилъытэу арами, е нэгъуэщIми. Езы усэм и макъамэр, интонацием автор зыхуэшхыдэ джазым и ритмэм тетщ. Зэрытетыр нэхъ къызыхэщри а едзыгъуэ дыдэрщ:

*ГущыкIыгъуэу, жагъуэуэ и макъыр*
*Щагъэгъуахъуэр чэфхэм барым джаз,*
*Абы нэхъ си хэку хьэ банэ макъыр*
*Нэхъ гухыхьэу сихьэфынущ баз.*

Зэрытетыр езы авторым нэхъри белджылы къищIащ, ритмэ инверсиер щIикъузэщ, псалъэ хэIэтыкIахэр, логикэ ударенэр зытехуэхэр, сатырым и кIэ дыдэм ихьри. Абы ритмэм и схемэр уигъэчатхъэркъым, макъкIэ укъеджэмэ, зы мардэм утригъэкIыркъым. Уэр нэхъ псынщIэрыпсалъэ щымыIэми, етIуанэ сатырым и кIэм деж укъэувыIэу, убэуэн хуейщ. Ритмэ схемэм и точкэ нэхъ гъэщIэгъуэныр здэщыIэри абдежщ: зы аккордыр адрейм зыгуэрым къыпеуд, биг-бэнд джаз оркестр лIэужьыгъуэм хэс ударникыр «баргъ» жиIэу и жэз тебэм (цимбалхэм) уадэкIэ, е нэгъуэщI жэз тебэкIэ еуэу и «напэр» хущIихулыкIам хуэдэу.



Дэтхэнэ лъэпкъ поэзиеми щыхабзэр аращи, КIуащым и лирикэм лъагэ дыдэу зыщиIэтыр **лъагъуныгъэ** усэхэрщ. Иужь илъэсхэм итхауэ къыщIэнахэм наIуэу къатощ и хъэтIым нэхъ зиузэщIауэ, псалъэхэр нэхъ щабэ, нэхъ жыIэгъуафIэ, ритмикэм къыхэбжьахъуэ быркъ-шыркъри нэхъ мащIэ хъуауэ зэрыщытар. ЖыпIэ хъунущ лирикэ зэIухам, усакIуэ гу пцIанэ дыдэм, зи гурылъыр нахуэм, фэрыщIагъэрэ тхьэгъэпцIыгъэрэ зыхэмылъым, и гум къишхыдыкI, и псэм къыдэвыкI лирикэм и щапхъэхэр япэу адыгэ поэзием къыхэзыхьар КIуащ БетIалу. Лъагъуныгъэ насыпыфIэм хуэушэу е къемыхъулIам хуэшхыдэу утыкум итын адыгэлIым къызэремыкIум ди деж зыщригъэужьакъым апхуэдэ лирикэм. «Гухэлъ усэхэр» поэзие нэс щыхъур усакIуэм (поэтым) езыр зыкIи зыщымысхыжу зыщипхъэхым, и гум щыщIэр — гуфIэгъуэри, гукъеуэри — ар и щхьэ ирипэсу, сэтей къыщищIыфым дежщ. Абы щыгъуэщ адрейхэми усакIуэм къыщыщIар, ар зыгъэпIейтеяр езыхэм къащыщIам, ягу ежэлIам хуэдэу я щхьэ щыхуахьынур. Тхылъеджэр усакIуэ щIыхуейри апхуэдэ зыгуэрщ: «Мы сэ си гукъеуэр мыбы къищIэу, дауэ къыхуэIуэта, сигу къиплъам хуэдэу?» Есенин С., шэч къытумыхьэжыну, къигъэлъэгъуат усакIуэм ар къезыгъэхъулIэр: «Быть поэтом — это значит тоже, // Если правды жизни не нарушить, // Рубцевать себя по нежной коже, // Кровью чувств ласкать чужие души...»

Сэ си щхьэкIэ ди поэзием хэту сщIэркъым КIуащым и усэу «Къалэмыр стIолым сфIытохущхьэ» сатырымкIэ къыщIидзэр «зыпхъэхын» и лъэныкъуэкIэ зэбгъапщэ хъун. Мыр пIэщхьагъ зыдищIам щхьэкIэ шэч бзаджэ зи гум къридза щхьэгъусэм гур пиIуэнтIыкIыу

къыбгъэдэкI элегие гурыщхъуэ макъамэщ, «ПэплъэкIэр» лъагъуныгъэ пэжым и зэчырщ, псэм и щIасэр дэнэ щыIэми, сыт хуэдизкIэ къэтми, абы зэи емыпцIыжыну фIыуэ зылъэгъуам и тхьэлъанэщ, шэсыпIэ ихьэм и «псалъэ быдэ» е нэгъуэщI тэрэфарэ гуэр усэм хэмытми. (Мы усэм и тхыдэр тэмэму зэхэгъэкIа мыхъуауэ къэнащ. КIуащыр псэууэ къытрадзакъым, и архивым къыхахыжащ. Япэу печатым хуэзыгъэхьэзыра Нало З. хуигъэфэщауэ щытащ, 1958 гъэм, нэгъуэщI усакIуэ гуэрым и тхыгъэу КIуащым адыгэбзэкIэ зэридзэкIауэ. Абы и щыхьэт гуэр иджыри къэс къыкъуэкIакъым. ЗэридзэкIауэ арауи дощIри, адыгэ литературэм и произведенэ нэс зэрыхъуам шэч хэлъкъым).

* * *

КIуащым и тхыгъэхэм я пхъэ къыщимыкIыр тэрмэш щIыным и закъуэкъым. УсакIуэр псэуху и тхылъитIщ дунейм къытехьар — зыр адыгэбзэкIэ, мыдрейр урысыбзэкIэ. Адыгэбзэу иужькIэ къыдэкIахэм псомкIи **зэтехуэу тIу яхэткъым.** Тхылъхэр зэхэзыгъэувахэмрэ редакторхэмрэ щхьэзыфIэфIагъэ куэдыIуэ халъхьащ. Апхуэдэхэм деж зыгуэрхэми редактор къэрэндащкIэ щетхъунщIэуэж щыIэщ. Ауэ усэхэр ухуеймэ бгъэкIэщIу, ухуеймэ хэпшу, авторым къыщIэна сатырхэм нэмыщI уэ уигу къэпылъадэр хэбгъэувэу — ар дауэ хъун? Псом хуэмыдэу лей къылъысащ 1983 гъэм къыдэкIа «Усыгъэхэр» тхылъым. Дэ абы и ныкъусаныгъэхэр иджыпсту щIэдбжыкIынкъым. Ахэр фIы дыдэу зэпкърихыгъащ Тхьэгъэзит Зубери, щыгъуазэ зызыщIынур абы и статьям иреплъ («Зэныбжьэгъугъэм и гъуэгу» тхылъым иту къыдэкIащ 1987 гъэм).



УсакIуэр зэгуэрым псоми къыдэлъэIуауэ щытащ: «Стхар си макъкIэ вджы». Зи гугъу тщIам хуэдэ Iуэхутэкъым ар зытрижыIыхьар, ауэ мыбы занщIэу йокIуалIэ. Дунейм ехыжа тхакIуэм къыщIэнар нэгъуэщI макъкIэ «бджыныр» емыкIущ икIи гуэныхьщ. КъызэрыщIидзращи, КIуащыр дунейм зэрехыжрэ илъэс 60-м нэсами, абы и тхыгъэ нэхъыфIхэр щызэхуэхьэса тхылъ тэмэм иджыри къыздэсым диIэкъым. УсакIуэм хьэлэлу къилэжьар фэеплъ сыным и закъуэкъым, и усэхэри, поэмэхэри, научнэ статьяхэри, езым и гъащIэм, и творчествэм теухуа лэжьыгъэхэр, и биографием ехьэлIа документхэр щызэщIэкъуа тхылъхэри къилэжьащ. ДымыщIэххэу къэсынщ КIуащыр къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъури.

Иджы щыщIэдзауэ девгъэгупсыс абы дызэрыIущIэнум.

* * *

КIуащым «усэ зэхэлъхьэкIэр реформэ ищIащ щIыхужаIэм куэд къокI» — дыкъоджэж ищхьэкIэ щыттхам. ХуэщIыну къыщIэкIынут реформи, ауэ хунэсакъым. Абы хузэфIэкIар, здынэсар нэхъыбэщ. И усэр гъуэжькуий угъурлыуэ къыщIэуат ди поэзием. Абы и хадэм къилъадэри, жыги, удзи, гъави зэдыщIиупскIат, зэдигъэщхъыщхъат. И анэдэлъхубзэм и къарукIэ. Поэзием и хъугъуэфIыгъуэ щэху куэд иджыри къэс къамыгъэсэбэпауэ ди бзэм зэрыкъуэлъыр наIуэ къищIат. Ритмэхэм я макъамэщIэм, макъхэм я шурылъэсым тхылъ-

еджэр дахьэхакIэ зэфIэкIакъым. Усэ тхыкIэщIэм щIалэгъуалэм ящыщ куэд хуигъэушат езыхэми къалэмыр къащтэным. Абы куэдкIэ и фIыщIэщ 50 — 60 гъэхэм усакIуэ щIалэ гупыфI литературэм къызэрыхыхьар. Сэр дыдэми згъэунэхуащ усэ лIэужьыгъуэщIэм и къарур — урысыбзэкIэ тхэн щIэздзауэ ескъутэкIти, «Си гъащIэм и гуащIэ» тхылъыр згъэщIагъуэу щIэзджыкIыурэ, зэрыхъуар сымыщIэу, си гум щыхэлъэту щIадзащ адыгэбзэ усэхэм... Иджы кIуэ пэтми нэхъ кIащхъэ мэхъу литературэм щIэуэ къыхэлъадэ псыхьэлыгъуэхэр. Шынагъуэ щыIэщ адыгэбзэ литературэм и псынащхьэр жэщIыпэнкIэ. Абы щIэх нэсынкъым, Тхьэм жиIэмэ. ЗэкIэ щIалэгъуалэ поэзиер щIэрыщIэу къызэщIэрыуэн папщIэ зи чэзу гъуэжькуий угъурлы и жьы кIапэ аргуэру ди литературэ хадэм къилъэдэн хуейуэ къыщIэкIынущ.

Гугъэр хъарзынэщ. КIуащ БетIал хуэдэ усакIуэм и гъащIэм, и гуащIэм уащриплъэкIэ, гукъеуэу къыптезэрыгуэр нэхъыбэщ. УсакIуэр иужь ихьат Тхьэшхуэм Iэмыр ищIу, цIыху цIыкIур зыпэмылъэщын. Хьэжьажьэр къыIурихыу, щIэпхъуауэ жэ дунейм и псынщIагъым зыдищIу, и бзэкIэ абы епсэлъэну, къигъэувыIэу, и нэгум щIэплъэну. АрщхьэкIэ цIыхур — хъумпIэцIэджщ, пылым и лъабжьэм щIэхуауэ. Дунейри хьэжьэражьэ къудейкъым — нэжыгъущIыдзэм хуэдэу, мафIэр къыIуролъэлъ, атомым и хъуаскIэхэр абы хыхьэжауэ. Джон-вынд сэлэтыр, дауэ ищIми, танкым пэлъэща щхьэкIэ, щIихьауэ кIуэ дунейр Сосрыкъуэ къыщIэзыгъэIа шу емынэм хуэдэщ — ущIэгуауэкIи зэхихыркъым, укIэлъеIэкIи ущIыхьэркъым. Езыр екIэ къыплъыришэмэ, нарт шухэм я нэхъ ерыщым къыщыщIарщ къыпщыщIынур: бжэныцрэ хьэцыпэу уэгум урихьэжынущ...

ЛъэщIыхьакъым усакIуэр зыкIэлъежьам, пэлъэщакъым абы, и бзэри зыкIэлъыджам зэхищIыкIакъым. Уэздыгъэ пэнэфым телъэта хьэндырабгъуэу къилыпщIащ гъащIэм и мафIэ бзийм. Дэ къытхуэнар абы и гум и сахуэхэращи — зэщIыдокъуэж.

Щхьэж зэрыхузэфIэкIкIэ.

Тхыгъэр зейм хузэфIэкIар мыращ.

Журтхэм бегъымбар куэд яIащ, абыхэм я жыIэ едаIуэу зэрыщытар арагъэнщ щIэгубзыгъэ лъэпкъыр. Иужьрей зэманым ди деж нэхъ ягу къыщагъэкIыжыр «Екклесиаст, е бегъымбарым и тхылъым» щыщ жыIэгъуэхэрщ. «Сыт ищIысми езым и зэман, и пIалъэ иIэжщ, — игъэIущырт и лъэпкъэгъухэр Тхьэм и нэфI зыщыхуам, — Мывэхэр щызэбградз зэмани щыIэщ, мывэхэр къыщащыпыж зэмани щыIэщ».

Дэ псори къэщыпыжын, зэщIэткъуэжын щыхуей лъэхъэнэм дыхиубыдауэ къыщIэкIынущ.

ЛIэщIыгъуэкIэрэ зэбградза мывэхэр зы махуэм, зы махуэ дэнэ къэна, зы лIы ныбжьым къриубыдэу къызэщIикъуэжыфыну тегушхуэнур сыткIи зигурэ зи щхьэрэ зэтелъ гуэрхэрщ. Дэ апхуэдэхэм дащыщкъым. Дэ игъащIэм япэ къэсым ирикъухь мывэ джафэхэм ящыщу зы закъуэ къытхуэIэтыжмэ, ари куэд и уасэщи, КIуащ БетIал и фэеплъ сын уардэу зэгуэрым щIым къытехутэнум и зы къуапэ тегъэщIапIэ хуэхъумэ аращ мы тхыгъэм къыпэкIуэну фIыгъуэу дызыщыгугъыр.

**КIэух псалъэу**

Къытедгъэзэж-нытедгъэзэжурэ, абы и гугъу тщIащ: усэхэм щэху гуэр яхэлъщ, хэлъыр зищIысыр къыбгурыIуэркъым. Дапщэрэ укъеджами, «иджыри сыкъеджэжащэрэт» жыбоIэ. Поэзиеми, сыт хуэдэ искусствэ нэсми я хабзэр аращ езыр — укъеджэ пэтми, дапщэрэ уеплъми, уедаIуэми, зыщумыгъэнщIу. Лъагъуныгъэм хуэдэщ — зищIысыр къыпхуэщIэркъым, псалъэкIи къыпхуэIуэтэнукъым, гурэ псэкIэ зэхэпщIэфмэ, — уи пхъэр къикIауэ аращ.

Ущыгугъу хъунт мыпхуэдэ тхыгъэ кIыхьым убгъэдэсыху усакIуэм и щэхухэм я щIэм унэплъысыфыну. АрщхьэкIэ — дэнэт! Нэхъри нэхъ куу мыхъуауэ пIэрэ жызоIэ. Си закъуэкъым апхуэдэу къызыщыщIри. «ГъэщIэгъуэнщ: усакIуэм и тхыгъэхэм куэд щIауэ дыкъеджащ, иужькIэ зэрыщIэдджыкIыжари зэкъым, тIэукъым. БетIал тхыгъэу иIэр зырызу къедбжэкIыфыным хуэдизщ, аркъудейкъым, абы и усэ Iэджи гукIэ дощIэ, итIани фIыуэ дызыщыгъуазэ тхылъхэр щIэх-щIэхыурэ къыдощтэ, щIыдоджыкIыж... щIыдоджыкIыжри — Iэмал имыIэу нэхъапэм гу зылъыдмыта гупсысэ гуэр аргуэру къыхыдогъуатэ, гурыщIэ щIэщыгъуэ гуэрхэр къытпкърелъхьэ, тлъэмыкIыу дызоупщIыж: «Сыт мы цIыхур ди дежкIэ апхуэдизу щIэлъапIэр?» — жыдоIэри...

«Си гъащIэм и гуащIэ» тхылъым гухэхъуэу къритауэ щытар зэ къыджезыIэжа Тхьэгъэзит Зуберщ апхуэдэу зэупщIыжыр. Иджыри ди гупсысэр зэтехуащ КIуащым и тхыгъэхэм ехьэлIауэ. Игъэува упщIэм и жэуапыр Зубер зыхилъагъуэр езы усакIуэм и цIыху щIыкIэр, и дуней тетыкIэрщ: «Пэжыгъэ хэлъырщ!» — жеIэ абы. АдэкIи пещэ: «КIуащым и творчествэр щIэбджыкIа иужь гурэ псэкIэ зыхыбощIэ абы зэи псалъэпцI къызэрыжьэдэмыкIар, фэрыщIыгъэкIэ зэрыщымыту цIыхухэм закъыфIигъэщIыну зэрыхэмытар... БетIал зэпсалъэ тхылъеджэм и нэгур апхуэдизкIэ хузэIухащ, апхуэдизкIэ хуэпсэхьэлэлщи, тхылъеджэри абы емыдэIуэн лъэкIыркъым, къыжриIэм шэч лъэпкъи къытрихьэжыркъым».

Арагъэнщ псом нэхъыщхьэри — езы усакIуэм и пэжыгъэр, абы и творчествэм ущIызыIэпишэр, уи гур къимыутIыпщыжу щIыкIэрыпщIэр. Дэнэ къипхын абы и щхьэусыгъуэ закъуэр, и щэхур? Лъагъуныгъэм и малъхъэдисырщ аргуэру уи гур зыхуэжэр. КъегъэIуати еплъыт хьэщыкъ хъуа щIалэм: «Мы хъыджэбзыр фIыуэ щIэплъэгъуар сыт, модрейр умылъагъуу?»

Усэхэм я щэхур занщIэу къызыгурыIуи щыIэни. Сэращи, — къызэрысхуэмыщIауэ къонэ. Си насыпщ — дяпэкIи сызылъыхъуэн щыIэщ. КъикIыр аращи — сужэгъунукъым усыгъэр. Ауэ щыхъукIэ, иджыри Iэджэрэ седжэнущ КIуащ БетIал и тхыгъэхэм. Щэху псоми зы хэлъщ фIыуэ сыщыгъуазэу — сызэреджэнум и пIалъэр: сыпсэуху.

*2015*



*Джэрыджэ Арсен Хьэнэхъу и къуэр Советскэ (иджы Шэрэдж) районым щыщ Жэмтхьэлэ къуажэм 1947 гъэм сентябрым и 26-м къыщалъхуащ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щыщIэса илъэсхэм жану хэтащ литературэм, искусствэм теухуауэ студентхэм къызэрагъэпэщ кружокхэм, и япэ усэхэри газетхэм къытехуэу, радиокIэ къату хуежьащ. Апхуэдэу а зэманым абы и усэ зыбжанэ ихуащ тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса «ЩIалэгъуэ ауз» сборникым.*

*Джэрыджэм и япэ усэ тхылъыр, «Жэщ уэрамхэр» жыхуиIэр, 1970 гъэм къыдэкIащ. Абы къыкIэлъыкIуащ «Уэрамыщхьэ» зыфIищар, сабийхэм папщIэ итха усэхэр зэрыт «Сэ еджэкIэ зызогъащIэ», «Си шыпхъу цIыкIуу Дахэуэс» тхылъхэр. «Сэ еджэкIэ зызогъащIэ» тхылъым ихуа усэхэм композиторхэм макъамэ щIалъхьащ. Ахэр сабийхэм ямыужэгъуу, яфIэфIу сыт щыгъуи жаIэ.*

*Джэрыджэ Арсен сабийхэм нэхъ жыджэру, купщIафIэу яхуэтхэ ди усакIуэ нэхъыфIхэм, пажэхэм ящыщщ. Куэд щIакъым Налшыкрэ Москварэ адыгэбзэкIэ къызэрыщыдэкIрэ дахэ дыдэу сурэткIэ гъэщIэрэщIа «Жаннэрэ Нанэрэ», усэ къэскIэ сурэт зырыз Хьалилэ Миланэ зыхуищIыжа, картон Iувым тету къыдэкIа «Ажэжьым и жьакIэр» жыхуиIэ тхылъхэр. Ди щIэджыкIакIуэ нэхъ цIыкIу дыдэхэм яхуэгъэзауэ Джэрыджэм иужьрей илъэсхэм итха усэхэм ящыщ зыбжанэ ди гуапэу тыдодзэ.*



## *Усэхэр* ДЖЭРЫДЖЭ Арсен

### АДЫГЭБЗЭ

ЩIыхуу щыIэм яIэжщ я бзэ,
ЗэраIэжым хуэдэу я псэ.
Сэри сиIэщ апхуэдэбзэ,
Хэлъу дади нани я псэ.

А сэ си бзэр адыгэбзэщ
Пшынэ Iэпэу схуэбзэрабзэу,
Нарзаныпсым ещхьыркъабзэщ,
КъобыргъукIыр псынэ къабзэу.

Сэ къысфIощIыр адыгэбзэу
ЖэщкIэ мэзым къиIущэщыр,
Нэхущ бзухэм я уэрэду
Жыг къудамэм къапыщэщыр.

Адыгэбзэщ нанэ щабэу
Пщэдджыжь къэскIэ зэрылъаIуэр:

«Ухожаер, тэдж, си тIасэ,
БлэбгъэкIынущ насып къакIуэр...»

Адыгэбзэр щыбзэрабзэм
Адыгэпсэр щымыжей,
ЗымыщIэжыр анэм и бзэр
ГъащIэм куэдрэ щогужьей.

## СЭ ЕДЖЭКIЭ ЗЫЗОГЪАЩIЭ

Сэ пщэдджыжьым садым сашэ,
Жэщ мыхъупэу сыкъашэж,
Сыкъэсыжым, си шыпхъу цIыкIум
Слъэгъуа псори жызоIэж.

Ар сыухым, дади нани
Шыпсэу ящIэр жаIэм сфIэфIщ.
Сэ си закъуэ ар зыфIэфIыр:
Уэри сэри – псоми тфIэфIщ.

Ауэ дадэ йошри жеIэр:
«Хъунщ нызщхьэбэкIэ, сешащ»
Нанэ дежкIэ сыхуеплъэкIми,
Нани, сощIэр, езэшащ.

Сэ а псори къызгуроIуэ,
Сэ сыцIыкIуу зызмыбжыж,
Си букварыр зэгузохри,
Хьэрфу сцIыхур къызобжыж.

ЗызогъащIэ сымыцIыхухэр,
Семызэшу сыкIэрысщ,
Си шыпхъу цIыкIури къызэхъуапсэу
И нэр къиху къызбгъурысщ.

## ЖАННЭ ЕДЖАКIУЭЩ

Феплъыт, зигъэщIагъуэу
Жаннэ школым макIуэ.
И гуфIэгъуэщ нани –
Жаннэ хъуащ еджакIуэ!

ЖыпIэнщ езы нанэу
Япэ классым щIэсыр,
Жаннэ щIыгъуу нани
Жьыуэ школым носыр.

Махуэ къэс зэгъусэу
Хьэрфхэр зрагъащIэ,

Ауэ тхэным зэкIэ
ТIури къыхегъащIэ.

Жаннэ и сатырхэр
ФIохъур Iушэ защIэ.
Нанэ дэIэпыкъум,
Ари занщIэу къащIэ.

Ауэ нобэ Жаннэ
Къыдохьэж нэщхъыфIэу,
Къыпежьащи нанэ,
Мыр жреIэ гуфIэу:

«Нанэ, къэхь гуфIапщIэ,
Сэ сиIэжкъым тIу –
Ар сIахыжри нобэ,
Иратащ Хьэту».

ЗЫР ЗЭ КЪАПЩТЭМ

Дэ ди классым
ЦIыхуу щIэсыр
Классым щIэзми,
ЩIэскъым зы
Щымыгъуазэу
Зыр зэ къапщтэм
Зэрымыхъур
ЗанщIэу пщIы.

ПщIы щыхъунур
Зыр зэ къапщтэу
КъыщIэкIам
Хэплъэхьэжмэщ бгъу.

Ауэ дэнэ зыдэщыIэр
Зы къэтщтам
Хэтлъхьэну бгъур?
Ар диIарэ
Хэтлъхьэжамэ,
ДиIэ хъуат
ИтIанэ пщIыр.

ЗЭКЪУЭШИТI

«ЗэкъуэшитIрэ дзитI зыIутрэ
ЖиIэм къикIыр хэт жиIэн?» –
КъыдоупщIыр егъэджакIуэр,
ФIэфIщи Iэджэм щIэупщIэн.



11 Заказ №506

Сэ ар дадэ къызжиIауэ
СщIэрти, си Iэр къызоIэт:
«ЗэкъуэшитIыр зэрыIыгъым,
Къамэ дзитIу мэхъу зэкъуэт...»

Дэри дохъур тIу зэкъуэшу,
Дэри быдэу дызэкъуэтщ,
Ди шыпхъу цIыкIури емызэшу
Дигъэгушхуэу къыдбгъэдэтщ.

Дызэреджэр абы гуащэщ,
Пащтыхь гуащэуи къытщохъу.
Хъунущ ар хъыджэбз дахащэ,
Моуэ тIэкIу нэхъ ин зэ вгъэхъу!

## СЭ СИ НАНЭР КЪУАЖЭМ ДЭСЩ

Сэ си нанэр дэсщ ди къуажэм,
Къуажэм сэри сыкIуэрейщ.
ГъэщIэгъуэнкъэ, нани мами
Я зэхуэдэу сэ сарейщ.

Нанэ жеIэр сэрыншауэ
Мыпсэуфу тхьэмахуитI,
Джэди къази дэзгъэшхэну
Сэ ди нанэ сещIыр хуит.

Жэм къыщишкIи дызэгъусэщ,
Нанэ къешыр, сэ сыщытщ,
Ди шкIэ цIыкIури къызэбзейуэ
Пщэхъур илъу къызбгъурытщ.

Ди шкIэм и кIэр мэпIэжьажьэ,
Сэ си Iупэм сыщIофыж.
ШэтIэгъуэблыр нанэ къишым,
ШкIэми сэри зыдотIыж.

## ПIЫТIЭ ЩХЬЭХЫНЭ

Нэху зэрыщу ди унагъуэр
Бжьэ къэпщIауэ зэрызохьэ,
Унэм щIэсыр ПIытIэ и пIэм
Чэзуухэурэ щхьэщохьэ.

Хэт йошхыдэ, хэт йоубзэ,
Ауэ зыми емыдаIуэ.
Сывгъэжейркъым, фыIукI жиIэу,
Ар гъынанэурэ мэлъаIуэ.

Щымыхъужым, пIэм къыхахри,
ЗытхьэщIыпIэм жейуэ яшэ,
Зэрынэсу псыр и напэм,
ЩIыIэщ жиIэу, зызэхуешэ.

Къалъыхъуэжыр и лъэпэдхэр,
И вакъитIыр хуагъэкъабзэ,
И зэманым щIагъэкIыну,
ЗэралъэкIкIэ йоубзэрабзэ.

ХущатIагъэр и кIэстумыр,
И портфелыр хузэралъхьэ,
ТIэкIу едзакъэ жаIэу, шхыныр
Щыту и жьэм хужьэдалъхьэ.

Нэса хъунщ иджы щыжаIэм,
Къэсыжауэ мэгъынанэ:
«ЩIадзагъэнщ еджэн ди классым,
Нобэризэм сыкъэвгъанэ!»

## ДИ АМИНЭ

Ди Аминэ мыгъыринэ,
Ди Аминэ хъыджэбзыфIщ,
Мыгъыринэм къыщымынэ,
Iуэху ищIэнри хуабжьу фIэфIщ.

Мамэ пщафIэм, доIэпыкъур,
Унэ лъэгури къыхуолъэс,
ИтхьэщIамэ ди хьэкъущыкъур,
Мэхъу къабзабзэ, хуэдэу уэс.

Зыхуегъасэр Iэджэм пасэу,
Къафэу хуежьэм, хуэдэщ жьым,
Хуэшэрыуэщ и бзэр псоми,
КъыкIэрыхукъым тхэнкIи зым.

ЖаIэр цIыкIуу ар итIани,
ЦIыкIум зыри имыщIэф,
Мамэ жиIэм, ди Аминэ
Хадэ цIыкIури епщIэф.

## СЫТ БАРИНЭ ЩIЭЗГЪАГЪЫНУР?

Си шыпхъу цIыкIур щхьэ баринэщ,
И пыжьынэхэр мэлыд,
Ауэ, фщIэрэ, тIэкIу гъыринэщ,
Уеуэм – занщIэу къыщеуд.

Къыщеудри, нэ фIыцIитIым
Нэпс къабзабзэ къожэбзэх,
Ар ялъагъум, дади нани
Зэуэ мэхъур гузэвэх.

Сэ къызжаIэр сыщIалэфIу,
Дауи, сэри ар сощIэж.
ЩIэзгъагъынур сыт Баринэ –
СыщIалэфIу къренэж.

## СИ ДЭЛЪХУ ЦIЫКIУР

Си дэлъху цIыкIур зымыцIыху
Хьэблэ псом дэмыс зы цIыху.

Унэм щIэсым, ар къуейщIейщ,
ПщIантIэм дэкIым, фыщIэрейщ.

Зыпэлъэщхэр ещI ауан,
КъыхужаIэм фIэфIщ пелуан.

Ауэ нанэ «Уи пэр лъэщI», –
ЖиIэм, мэхъур тэмакъкIэщI.

«Сэращ псори зрагъащIэр» –
ЖиIэу щIедзэр гъыну занщIэу.

## ТIОПIЫРЭШ

Си къуэш цIыкIуу ТIопIырэш
Махуэ псом имыщIэ еш.

И кIий макъыр уафэм нос,
ЗемыкIуэфми, дэни нос.

Къапщтэм, IэплIэм щоджэрэз,
Мэхъу, бгъэтIысым, унэм щIэз.

И Iэ-и лъэр дамэу пфIощI,
УIукIам, лъэтэну зещI.

Си къуэш цIыкIуу делэжь цIыкIу,
Узыхэтыр сыт емыкIу –

Зэ лъэтэным упымылъ,
Япэ щIыкIэ зекIуи еплъ.

## ДИ ТЕМЫР

Феплъыт мыдэ мы Темыр,
И цIэм ещхьу хъуаи жыр.

Iумыт пэтми зы дзэ цIыкIу,
КъыпэщIэхуэр ещI цIыкIу-цIыкIу.

ТфIешх гъуэлъыпIэм и Iэдийр,
И жьэм хуехьыр дыгъэ бзийр.

Щхьэнтэ къуапэр ещI нэрыгъ,
Абдж тепщэчыр егъэдзыргъ.

Пылым и пэр хуещI нэхъ кIэщI,
И уанэшым игу хегъэщI...

И зэхуэдэщ къищтэу хъуар,
ЕгъэнысщкIу къыIэрыхьар.

КъыIукIамэ Темыр дзитI,
ИщIыжынут псори хуит.

## ШУУЕЙ

Инал хуэдэу
Зы шууей
Тету пIэрэ
Мы дунейм?
Щыхуей дыдэм деж
Мэшэс,
Къохъур нани щигъэкIэс.
Хуеймэ, и шыр егъэщыщ,
Ар иужэгъум – егъэущ.
Ауэ дадэ къохъу щезэш –
Хъун-тIэ дадэ пщIы уанэш?

## ДАДЭ И ФО

Нанэ жеIэр:
«Си нэху цIыкIу».
Дадэ жеIэр:
«Си фо цIыкIу».
Соплъри, ещхькъым
Фом зыцIыкIу,
Щхьэ баринэу
ФIыцIэжь цIыкIущ.
Ауэ жысIэркъым
ЗыцIыкIу –
Дауэ щытми,
Си шыпхъу цIыкIущ.

# Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр

**Бжэнлъакъуэ** – Оносма кавказская.

Илъэс бжыгъэкIэ къэкI, зи лъагагъыр *см* 30-50-м нэс къэкIыгъэщ. И тхьэмпэ бгъузэ кIыхьхэм, ипкъ гъумым цы пхъашэ ятетщ. Удзым ищI лъабжьэр инкъым, гъэгъа гъуэжьыфэхэр, *см* 1,5-2 зи инагъхэр, гъэмахуэм къыпедзэ. ДыгъафIэ джабэхэм, псы щымащIэ щIыпIэхэм, бгыщхьэхэм, хъупIэхэм къыщокI.

**Бжэнлъэгуажьэ** – Скабиоза кавказская.

Зи лъагагъыр *см* 50-60-м нэс, илъэс зыбжанэкIэ къэкI удз лIэужьыгъуэщ. И лъабжьэр гъумщ, занщIэу йокIых, ищIагъкIэ къыпидзэ тхьэмпэхэр бгъузэ-кIыхьщ, лэдэх яIэкъым, ищхьэкIэ тетхэм лэдэх яIэщ. И пкъым къудамэ куэд къыпидзэркъым. Къудамэ щхьэкIэхэм, щхьэ цIыкIуу зэкIэщIэсу, гъэгъа къащхъуафэхэр гъэмахуэм къыпедзэ. Жылэхэр бжьыхьэм ирихьэлIэу мэхъу. МэкъупIэхэм, хъупIэхэм къыщокI. Бжэнлъэгуажьэр мэкъум щыхэлъкIэ Iэщым, бжэнхэм, мэлхэм фIыуэ яшх.

**Бжэнудз** – Короставник горный.

ГъитIкIэ къэкI удзщ. И лъагагъыр *см* 90-120-м нос, и пкъым къудамэ куэд къытекIэркъым. И лъабжьэр гъумщ, занщIэу йокIых. Пкъым тет тхьэмпэхэр кIыхьщ, ибгъухэмкIэ лэдэх бгъузэ цIыкIу зыбжанэ яIэщ. Удз щхьэкIэхэм, щхьэ цIыкIуу зэкIэщIэсу, гъэгъа хужьыфэхэр гъэмахуэм къапедзэ.



МэкъупIэхэм къыщокI, мэз лъапэхэм, гъурцхэм яхэту, уащыхуозэ. Гъэгъахэм бжьэм фо къыпах. Мэкъум къыщыхэхуэкIэ мэлхэм, бжэнхэм фIыуэ яшх.

**Бжей** – Бук восточный.

Зи лъагагъыр *м* 40-50-м нэс жыг лIэужьыгъуэщ. И тхьэмпэхэр хуэкIыхь щIыкIэщ, цIанлъэщ, и пхъафэр щхъуэщ. Гъатхэм, тхьэмпэхэр къыщыпидзэм ирихьэлIэу, гъэгъа фагъуэхэр къещI. Бжьыхьэм, тхьэмпэхэр щыпыщэщыжым, бжейм и жылэхэр мэхъу. Абыхэм *см* 1,5-м нэс я кIыхьагъщ, я теплъэкIэ щимэщ, 2–4-уэ зэгъусэу фампIэм илъщ. Бжейм и жылэхэм адыгэхэр «пщIийкIэ» йоджэ. МафIэкIэ гъэгъуа пщIийр шхыныгъуэ хьэлэмэтщ, дагъэ куэду щIэтщ. Бжейр нэхъыбэу къыщокI Къуэщхьэхъу мэзхэм, Кърымым, Бэлъкъаным, Азие ЦIыкIум. Илъэс 500-м нэс къегъащIэ. Бжейм и пхъэр быдэщ, дахэщ, адыгэхэм псэуалъэ, гу шэрхъ, гупхъэтIэкIу, ужьгъэ, пхъэшку, хьэкхъуафэ, Iэнэ, Iэнлъэ, пхъэ шынакъ зэмылIэужьыгъуэхэр, бэлагъ, хьэлывэху, шыгъууб, н. къыхащIыкI.

**БжьахъуэпыIэ** – Смолевка.

ЛIэужьыгъуэ куэду гуэшыжа удз лъэпкъыгъуэщ. Ди щIыпIэм щыIэ бжьахъуэпыIэхэм яхэтщ зы гъэкIэ, гъитIкIэ, нэхъыбэкIи къэкIхэр. Губгъуэхэм, мэкъупIэхэм, мэз щIагъхэм, мэз лъапэхэм, мывалъэ джабэхэм къыщыкIыу урохьэлIэ. БжьахъуэпыIэхэм яхэтщ зи гъэгъахэр плъыжь, хужьыфэ, хужь, удзыфэ лIэужьыгъуэхэр.

**БжьэгъалIэ** – Ломонос.

ЛIэужьыгъуэ зыбжанэу гуэша гъурц лъэпкъыгъуэщ. Илъэс зыбжанэкIэ къэокIхэр, япкъ псыгъуэхэр, нэгъуэщI жыгхэм зыкIэращIэурэ, дожей. БжьэгъалIэхэм яхэтщ зи тхьэмпэхэр хуэхъурей

щIыкIэ, тхьэмпэ цIыкIуищу е нэхъыбэу зэхэтхэр. Гъэгъахэм я фэхэр зэмылIэужьыгъуэщ. КъэкIыгъэхэр фIыуэ къыщокI псылъэ щIыпIэхэм.

Ди къэралым езыр-езыру къэкIыу бжьэгъалIэ лIэужьыгъуэ 11-м ущрохьэлIэ. Абыхэм ящыщхэм Къущхьэхъу мэзхэм, Шапсыгъ хэгъуэгухэм уащыхуозэ. Паркхэм, унэ бжэIупэхэм къыщагъэкI.

**Бжьэхуц** – Хлопчатник.

Ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхухэм щIыпIэ хуабэхэм къыщагъэкI къэкIыгъэ лъэпкъыгъуэщ, лIэужьыгъуэ зыбжанэу гуэшащ. И лъагагъыр *см* 90-100-м нос, гъэгъахэр инщ, гъуэжьыфэщ, и тхьэмпэхэм лэдэх яIэщ. Бжьэхуцыр гъурцщ, илъэс зыбжанэкIэ мэпсэу, ауэ зы гъэкIэ фIэкI къагъэсэбэпыркъым. ЩIэныгъэлIхэм зы гъэкIэ фIэкI мыпсэу бжьэхуц лIэужьыгъуэхэр (сортхэр) Iэрысэу къагъэхъуащ.

ПсыIэрышэ здэщыIэ щIыпIэ хуабэхэм (Узбекистаным, Къыргъызым, Тыркумэным, Таджикистаным, Азербайджаным) бжьэхуцыр куэду къыщагъэкI. Бжьэхуц жылэм дагъэ къыщIаху.

**Бжьэхъунудз** – Вазель корончатый.

Илъэс зыбжанэкIэ къэкI удз лIэужьыгъуэщ. Ипкъ псыгъуэхэм *см* 30-100 я кIыхьагъщ, занщIэу дэкIеифыркъым, нэгъуэщI къэкIыгъэхэм еупсеяуэ е щIы щхьэфэм, зыкъыдриIэтей щIыкIэу, телъу къокI. Къабзийм ещхь и тхьэмпэхэр цIыкIу-цIыкIу куэду зэхэтщ. Мэ дахэ къызыпих гъэгъа шакъафэ е пшэплъыфэ къызыщIэлъадэхэр, Iэрамэ хъурейуэ, удз щхьэкIэм гъатхэкIэм, гъэмахуэм къыпедзэ.

И лъабжьэр быдэщ, занщIэу йокIых, и жылэхэр цIыкIущ, бжьыхьэм мэхъу.

Бжьэхъунудзым губгъуэхэм, мэкъупIэхэм куэду ущрохьэлIэ. Ар зыхэт удзыр, и чэзум пыбупщIмэ, мэкъу хьэлэмэт мэхъу. КъэкIыгъэм протеин, каротин куэду хэлъщ, Iэщым фIыуэ яшх, жэмым и шэр уэр ещI. Гъэгъахэм бжьэм фо къыпах.

**Бжьын** – Лук репчатый.

ХадэхэкI лIэужьыгъуэщ, ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхум къегъэкI. И лъагагъыр *см* 20-40-м нос, и тхьэмпэхэр хъурей кIыхьщ, ку нэщIщ. Гъэмахуэм кIыгу къыпедзэ, абы зызэкIуэцIехри мэгъагъэ, жылэхэр бжьыхьэм ирихьэлIэу мэхъу, я теплъэкIэ фIыцIэ цIыкIухэщ, *мм* 2 я инагъщ.

Бжьыным хущхъуэ, витамин зэмылIэужьыгъуэ куэд хэлъщ. Ди щIыпIэхэм ар хуабжьу щобагъуэ.

Бжьын лIэужьыгъуэ Iэджэ щыIэщ. Адыгэхэм ахэр хадэ цIыкIухэм куэду къыщагъэкI, шхыныгъуэхэм зэрыхалъхьэм нэмыщI, хущхъуэу къагъэсэбэп.

**Бжьынзэгуэж** – Лук репчатый.

Бжьын лIэужьыгъуэхэм ящыщщ. Бжьыныщхьэр дзищ-дзитхуу зэкIэщIэсщ, нэхъыбэм кIыгу ящIыркъым. Адыгэхэм бжьынзэгуэжыр куэд щIауэ къагъэкI. Ар уэшх куэд къыщешх щIыпIэхэми щобагъуэ, псы куэдым щымышынэу.

**Бжьынхужь** – Лук репчатый.

Бжьын лIэужьыгъуэщ. Адрей бжьынхэм къазэрыщхьэщыкIыр бжьыныщхьэм и фэр зэрыхужьырщ. Бжьыныщхьэр, бжьынзэгуэжым ещхьу, дзищ-дзитхуу зэкIэщIэсщ, зэ еплъыгъуэкIэ бжьыныху къыпфIэщIынущ. Адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къагъэкI.

**ХЬЭКЪУН Барэсбий**

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредители:**

Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5), общественная организация «Союз писателей КБР» (360051, КБР, г. Нальчик, ул. Адмирала Головко, 6).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков,
Хачим Кауфов, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00100 от 24.12.2014 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 02.09.16. Формат 70х108 $^{1}/_{16}$.
Бумага офсетная №1. Печать офсетная. Усл. п. л. 14,7.
Уч-изд. л. 12,0. Тираж 3325 экз. Заказ №506
Цена свободная.

Адрес редакции, издателя: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5

Отпечатано ООО «Печатный двор»
360000, КБР, г. Нальчик, ул. Калюжного, 1

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленных диапозитивов